

YON LEKÒL TÈT ANBA
NAN YON PEYI TÈT ANBA

Iv Dejan

pou

Michlèn	ak	Deninsonn
Frislèn	ak	Wali
Dada	ak	Mito
Nòlin	ak	Bili
Mistala	ak	Djonni
Marikati	ak	Lato
Choupèt	ak	Chèlbi
Mirèy	ak	Titaman
Pelin	ak	Rikadi
Milannda	ak	Gari
Natali	ak	Frannzi
Doudou	ak	Malouk

Pou tout timoun lekòl ap kraze
ki fè mwen chonje yon pawòl Edmond Rostand:

*Bann ti nosan timoun ki pa konnen
Sa Bondye bay menm valè ak pwofèt
Tout ti anfan prese pran wout jennen
Chemen soufrans kòm si yo pral nan fèt*

ISBN: 99935-7-002-8

SA KI NAN LIV LA

Chapit 1	<i>Fèy pistach ak fèy kanpèch.....</i>	2
Chapit 2	<i>Lide plizyè edikatè sou lekòl ak lang.....</i>	6
Chapit 3	<i>Konprann sa w aprann oubyen aprann sa w pa konprann</i>	25
Chapit 4	<i>Elèv ayisyen se moun vini nan pwòp peyi pa yo.....</i>	27
Chapit 5	<i>Ki moun ki pale franse.....</i>	35
Chapit 6	<i>Pale angle.....</i>	36
Chapit 7	<i>Timalis nan wout peyi pa konnen.....</i>	46
Chapit 8	<i>Bouch pou pe.....</i>	63
Chapit 9	<i>Èske Jacques Stephen Alexis (1922-1961) te kwè nan mirak?</i>	69
Chapit 10	<i>De towò pa kòmande nan menm savann.....</i>	79
Chapit 11	<i>7 ane.....</i>	91
Chapit 12	<i>Èske ou konn li?.....</i>	94
Chapit 13	<i>Èske Ayiti chita pou kont li nan yon kwen, lè li benyen Nan lang kreyòl li a?.....</i>	102
Chapit 14	<i>Edikasyon nòmal yon mas plizyè milyon timoun.....</i>	121
Chapit 15	<i>Kòm si yo pral nan fèt.....</i>	128
Chapit 16	<i>Pàn wout ak mikwòb feblès lespri.....</i>	132
Chapit 17	<i>Viatte di gen chwa, Chomsky di pa gen chwa.....</i>	140
Chapit 18	<i>Remèd kle, metsin anmè.....</i>	150
Chapit 19	<i>Pale franse pa lespri.....</i>	158
Chapit 20	<i>Lè yon lang rele moun chè mèt chè metrès.....</i>	169
Chapit 21	<i>Se kondisyon ki bat kòk (òtograf).....</i>	178
Chapit 22	<i>Malè pandye nimewo 213.....</i>	184
Chapit 23	<i>Konkòday Legliz ak Lekòl.....</i>	187
Chapit 24	<i>Èske Ayiti gen yon pè lang?.....</i>	205
Chapit 25	<i>Lèt ak sitwon Teyori egalego se revè teyori esepite..</i>	220
Chapit 26	<i>Nan yon peyi tèt anba.....</i>	223
	<i>NÒT.....</i>	228
	<i>DEGI kèk dokiman.....</i>	243
	<i>Lis non moun ki ekri sou edikasyon, lang ak lekòl.....</i>	2
	<i>Yon lis pawòl ki pale nan liv la ak pwoblèm mwen bòde, mwen poze, m egzamine, m etidye, m esplike.....</i>	2
	<i>Bibliyografi Lis lòt liv ki bay divès enfòmasyon ki nan Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba.....</i>	2

Premye chapit

Fèy pistach ak fèy kanpèch

«Èske ou konprann sa w [ap] li a?» (Travay apot yo, chap.8, v. 30)

Tout pwofesè lekòl ann Ayiti ta dwe poze chak elèv keksyon sa a. E yo ta dwe kontwòle repons lan pou yo wè sa li vo. Sa pa kont si yon timoun di: Wi l konprann. Se pou pawòl li ak espikasyon li bay yo, montre li konprann sa li li a.

Èske tout pwofesè lekòl tout kote sou latè bezwen poze chak elèv menm keksyon sa a? M pa kwè sa, paske nan sistèm lekòl ki pa tèt anba yo, reskonsab edikasyon nasyonal, direktè lekòl, paran elèv, gran elèv, ti elèv deja rekonèt yon prensip klè: li san konprann, se pa li toutbon.

Èske pi fò pwofesè ayisyen ta mal dekwa pou yo ta kwè: li san konprann, se li toutbon? M pa panse sa. Men, yon sitiyasyon dwòl lekòl tèt anba gen dwa touble tèt yo. N ap wè sa si nou kalkile pawòl 2 pwofesè oubyen 2 jounalis, 2 doktè, 2 avoka, 2 agwonòm, 2 enjenyè, yon Ayisyen, yon Dominiken, kit se 2 medam, kit se 2 mesye. Dominiken an rive sou tèt yon mòn an Dominikani. Ayisyen an rive sou yon tèt mòn ann Ayiti. Kèk timoun vin di yo bonjou.

(1) Dominiken an mande 2 nan timoun yo non yo. Dapre wotè yo ak gwosè yo, sanble yo te kapab gen uit an kon sa. Non tifi a se Izabela. Yo rele tigason an Domingo. Alèkile, li poze yo chak yon keksyon:

Èske ou konn li?

Repons la se te: wi.

Li rale yon bèl ti liv istwa pou timoun nan valiz li, li fè 2 timoun yo gade desen ki nan liv la epi li di yo li yon paj ladan n.

(2) Ayisyen an mande 2 timoun, uit an kon sa, non yo. Se te Doudoun avèk Jojo. Alèkile, li poze yo chak menm keksyon an:

Èske ou konn li?

Repons la se te: wi.

Li rale yon bèl ti liv istwa pou timoun nan valiz li, li fè 2 timoun yo gade desen ki nan liv la epi li di yo li yon paj ladan n.

Panyòl pou ti Dominiken uit an

Èske koze nimewo (1) an ak koze nimewo (2) a se 2 koze marasa, youn ki pase an Dominikani an jiyè 2002, lòt la ann Ayiti nan menm semenn jiyè 2002 a?

Atansyon: Pengwen pa anana. Dlo manyòk pa lèt. Fèy pistach ak fèy kanpèch sanble anpil, men, yo pa menm.

Dapre mwen, pou Dominiken (elèv kou pwofesè), gen yon mo, nan 2 koze yo, ki pa gen sans, pi fò elèv ak pwofesè ayisyen ba li a.

Pou *Dominiken*, li se fè lèt remèt sans, kit yo pouse son, kit yo pa pouse son.

Pou pi fò pwofesè ak elèv *ayisyen*,
li se fè lèt pouse son, kit yo remèt sans, kit yo pa remèt sans.

Gen yon manman diferans la a. Gen li ak li. Tout madigra se madigra. Tout madigra pa menm madigra.

Lè yon timoun uit an, ki nan pwòp peyi l, tandè yon granmoun, nan menm peyi a, mande l si li konn li, si timoun nan se yon ti Brezilyen Brazilya,

se yon ti Chinwa Peken,

se yon ti Ejipsyen Okè,

se yon ti Franse Pari,

se yon ti Japonè Tokyo,

se yon ti Ris Moskou,

timoun uit an sa a pa fouti konprann li annafè ak yon moun tèt varye ki vle mande l:

Timoun Brezil, èske ou konn li woumen?

Timoun Lachin, èske ou konn li indi?

Timoun Ejip, èske ou konn li ebre?

Timoun Etyopi, èske ou konn li arab?

Timoun Lafrans, èske ou konn li italyen?

Timoun Japon, èske ou konn li koreyen?

Timoun Risi, èske ou konn li polonè?

E vrèman vre, se pa okenn moun fou k ap pale ak li. Li gen rezon kwè, sa granmoun nan vle mande a se si menm lang m ap pale avè w la a, sèl lang sa a ou konn pale a, pandan ou se yon timoun piti uit grenn ane, èske ou konn li l, depi se pawòl pou timoun piti ki ekri ladan n?

Alèkile, lè Dominiken an montre Domingo ak Izabela ti liv istwa pou timoun nan, se yon ti liv ki ekri an panyòl pou timoun piti ki pa konn lòt lang pase panyòl. E pou ki sa se panyòl sèlman yo konnen, yo konprann, yo pale? Se paske, depi uit an, kote yo fèt la, kote yo leve a, kote yo rete a, se panyòl granmoun aje pale, se panyòl mesye dam ant dezaj pale, se panyòl jennjan ak jennfi pale, se panyòl papa ak manman, frè ak sè, tantin ak tonton pale. Se panyòl vwazinaj pale. Se panyòl moun k ap jwe bizbòl pale. Se panyòl moun

k ap joure pale. Se panyòl moun k ap bay odyans pale. Se panyòl moun ki nan lapenn pale. Se panyòl moun pale, lè kè yo kontan. Se nan panyòl tout moun benyen chak jou Bondye kreye, chak èdtan nan chak jou, chak minit nan chak èdtan, chak segonn nan chak minit.

Franse pou ti Ayisyen uit an

Ki liv istwa pou timoun nou kwè ki te nan valiz nèg Pòtoprens la oubyen nègès Jakmèl la ki te rive Segen sou tèt mòn Lasèl la? Sa ki te ekri nan paj li tap mande Jojo ak Doudoun li pou li a? Men pawòl yo:

«Qui craint le grand méchant loup? Ce n'est pas moi. C'est peut-être vous. Si jamais nous le rencontrons, foi de millions de petits cochons, à sa barbe nous ricanerons: Ah! Ah! Ah! Ah! Ah!... Mais le numéro trois garda le sang-froid, le leur dit: Venez, chez moi. Et les petits cochons ne firent qu'un bond à la maison... Il était trois petits cochons à la queue en tire-bouchon...»

Reflechi sou koze Ayisyen gran konnen k ap pale ak 2 timoun uit an, Segen, sou tèt mòn Lasèl la. Si li te tonbe pale franse ak yo, nou ta gen rezon di tèt li pa fin drèt. Men, moun nan byen nan tèt li. Se poutèt sa li pale kreyòl ak timoun yo. Se pa an franse li mande yo non yo. Se pa an franse li pran nouvèl fanmi yo, li fè ti blag avèk yo, li ofri yo sirèt. Se pa an franse li mande yo si yo konn li. Pou ki sa se kreyòl sèlman li pale ak Doudoun ak Jojo? Konnen li konnen se kreyòl sèlman yo konnen, yo konprann, yo pale. E li byen konnen pou ki sa tou. Se paske, depi uit an, kote yo fèt la, kote yo leve a, kote yo rete a, se kreyòl granmoun aje pale. Se kreyòl mesye dam ant dezaj pale. Se kreyòl jennjan ak jennfi pale. Se kreyòl papa ak manman, frè ak sè, tantin ak tonton pale. Se kreyòl vwazinaj pale. Se kreyòl moun k ap jwe foutbòl pale. Se kreyòl moun k ap joure pale. Se kreyòl moun k ap bay odyans pale. Se kreyòl moun ki nan lapenn pale. Se kreyòl moun pale, lè kè yo kontan. Se nan kreyòl tout moun benyen chak jou Bondye kreye, chak èdtan nan chak jou, chak minit nan chak èdtan, chak segonn nan chak minit.

Ayisyen gran konnen an konn sa klè. Ak tou sa li gen kè pou li mande ti Doudoun, ki gen uit an, ti Jojo, ki gen uit an, li kèk liy yon istwa ki ekri an franse. Lè mwen di: sitiasyon lekòl tèt anba a kapab vire lòlòj anpil moun save ann Ayiti, èske se egzajere m ap egzajere, èske se depale m ap depale?

Kote nou janm tande moun ki gen gran konnesans nan edikasyon ak sikoloji e ki ta vle konnen nan ki pwèn yon timoun uit an rive nan lekti (egal nan konn li), ta fè l li yon ti koze nan yon lang timoun nan pa konn pale?

Se sèten Barbara Biber, Jerome Bruner, John Dewey, Jonathan Kozol, Steven Pinker pa ta fè ti Ameriken 8 an mechanste fè yo li yon koze ann alman.

Se sèten Selestén Freinet Célestin ak Jean Piaget pa ta pase yon ti Franse ak yon ti Suis Woman 8 an nan betiz ak yon pawòl li moso yon fab Ezòp an laten.

Paulo Freire pa ta avili tèt li nan mande yon ti Brezilyen 8 an oubyen yon ti Pòtigè 8 an li yon ti koze an woumen.

Caleb Gattegno, ki te rive konn pale 45 lang, e ki te vizite Ayiti an janvye 1987, pa ta fè foli mande yon ti Ejipsyen vin li yon ti pwezi pou timoun an japonè.

Ivan Illich pa ta pini yon ti Otrichyen 8 an nan eseye fè l li an ris nan yon liv pou timoun.

Lev Vygotsky pa ta pèsekite yon ti Ris 8 an nan fè l fè yon ti lekti an tik.

Men, n ap jwenn «gran» edikatè ayisyen nan 9 depatman peyi a, ak yon malis kache nan kè yo, k ap fè ti malere 8 an abi ak «lekti» pwezi franse ak lòt koze ki maske Timalis an akademisyen franse mawon. Sa pa fatigue tèt konbyen mil pwofesè lekòl primè ann Ayiti. Sa pa choke yo.

Nan yon atik jounal Le Nouvelliste (1996: 9-12) Emmanuel Buto ki te minis edikasyon nasyonal (1994-1995) ekri: plis pase 90 % elèv lekòl ann Ayiti pa konprann franse. Sou 45 mil pwofesè lekòl primè ak lekòl segondè, 80 % pa pale franse vrèman vre.

Lide ak opinyon plizyè edikatè etranje kapab ede nou wè pi klè paske yo chak fouye keksyon edikasyon ak lekòl, keksyon li, konnen, aprann, etidye, ansèyman, nan liv yo ekri. Epitou yo leve nan yon sistèm lekòl yo kritike oubyen yo rejte, kwak se pa te yon sistèm lekòl tèt anba nan menm degre ak pa nou an.

Na chonje, an 2002, plis pase yon milyon elèv, ki enskri nan lekòl, ki fèt an franse ak liv an franse, pa te konprann franse ditou premye jou yo te antre nan yon jaden danfan oswa nan yon ti lekòl primè. Men tou, reflechi sou keksyon lang ekri sa yo te konn pale lè yo te timoun 3 an, 7 an, 8 an, 10 an. Se nan yon lang ki te rele yo chè mètrès, yo te aprann li, aprann ekri, aprann fè adisyon ak soustraksyon ak lòt pwoblèm matematik, aprann jewografi ak tou sa timoun etidye nan yon sistèm lekòl ki pa tèt anba nèt. Lang pa yo, lang fanmi yo, se te youn nan 7 lang yo rele: alman, arab, angle, espayòl, franse, pòtigè, ris. Lè y ap pale de sa timoun konnen, sa timoun pa konnen, jan timoun aprann, jan entelijans yo fonksyone, jan konesans yo devlope, sa ki kapab kontrarye

devlopman konesans yo, sa ki kapab ede devlopman konesans yo, ede yo reflechi, ede yo poze tèt yo keksyon, ede yo konprann tou sa yo wè, tou sa yo tandè, tou sa yo santi, pi byen, eksetera, gen kichòy ki deja klè: tout aktivite etidye, reflechi, mennen diskisyon, poze keksyon, chèche repons, li ak ekri, yon timoun sèt an, uit an, nev an, diz an, ki pa depeyize, fèt nan yon lang timoun nan atrap nan lavi tou le jou a lakay li, nan zòn kote li rete a. Se pa nan yon lang li pa konnen. Se pa nan yon lang li pa tandè nan zòrèy li, li pa tandè lòt timoun parèy li ap pale, li pa tandè nan bouch granmoun li renmen, granmoun k ap okipe l, granmoun k ap fè elevasyon l, granmoun k ap ba l edikasyon d fanmi.

Chapit 2

Lide plizyè edikatè sou lekòl ak lang

Nan chapit sa a m ap egzamine sa yon seri moun ki pwofonde nan edikasyon, ekri sou pwoblèm: lekòl ak lang, konnen, aprann (egzanp: aprann li) ak montre.

Barbara Biber (1903-1993). Se te yon potomitan lekòl pwogresis yon kolèj edikasyon yo rele Bank Strit, nan vil Nouyòk. Etan m te pwofesè la, an 1981-1986, li potko mouri, e m te konn wè l souvan, lè li te kontinye ap vizite biwo rechèch sou edikasyon timoun, lekòl nòmal sa a.

Biber (1984:130) poze yon keksyon ki vo pou Ayiti: *"Ann admèt nou pa pral chanje defo ki nan rasin sistèm lekòl primè nou an ni nan yon jou, ni nan yon ane. Èske nou kapab sitire defo li yo, san konsyans nou pa repwoche n anyen, nan asepte prensip li suiv pou edikasyon reyisi, kwak yo merite anpil kritik, epi nou fè kòm si prensip sa yo trase bon chemen edikasyon timoun piti?"*

Lide Biber (1984:4-5) klè sou edikasyon lekòl: yon ti elèv pa chanje jan li ye lakay li kòm timoun, lè l antre nan pòt lekòl la. Ni li pa chanje jan li ye lekòl kòm timoun lè l tounen lakay li. Se ak kè kontan pou li kontre bab pou bab ak pwoblèm toutbon ki nan lavi a. Lekòl dwe degaje l pou chak timoun jwi dwa yo genyen pou yo kenbe pwòp valè pa yo.

Nou tou wè pou gran edikatis sa a, ki pase plis ke senkant an nan vi l, ap fòme pwofesè pou timoun piti, espesyalman ant 1928 ak 1973, se yon sistèm tèt anba ki ta kapab mande ti Ayisyen wete po kreyòl yo sou yo lè yo pile baryè lekòl, tankou yo di lougawou wete po yo anvan y al vole gwo minuit.

Kwak Biber (1984:105-106, 125), li menm, te fèt Bwouklin, e se angle ki te lang prensipal li depi li piti, li te konn mizè pitit Juif te pase nan lekòl ann angle Nouyòk, lè yo te soti nan zòn lès Ewòp, pandan lang manman yo se te yidich, ris

oubyen polonè. Men, li te chonje yon malonèt yon anplwaye yon bibliyotèk piblik Bwouklin te fè l, lè li te gen 5 an. Li te deja aprann li lakay li anvan l al lekòl. Ansanm ak yon gran sè l, l al chèche yon kat bibliyotèk pou li kapab prete liv lekti pou timoun. Anplwaye a poze ti bout tifi a keksyon sou laj li, sou adrès kay li, epi li fè l konpliman pou repons li. Men, lè li mande ti pitit la non papa l epi repons lan se te *Wilèm*, li di l: Ou pa bon. Al lakay ou. Al aprann di non papa w ann angle. Lè sa a petèt, m a ba w yon kat bibliyotèk. Kòm si yon moun ki rele *Wilèm ta* oblije tounen *Wilyam* (William) ann angle epi *Giyòm* (Guillaume) an franse! Sa fè m chonje yon ti elèv, fanmi l te rele *Joanèm*, yon pè te vle fè non l tounen *Joànès* paske fòm èm se akizatif an laten (sa vle di mak konpleman dirèk), men, fòm ès se nominatif (sa vle di mak sijè yon vèb).

Biber (1984:74) dakò ak sa ki pi enpòtan nan pozisyon ni Piaget, ni Dewey “*ki te diferan nèt ak mòd edikasyon tradisyonèl la. Yo wè timoun kòm kretyen vivan ki mennen pwòp aktivite yo nan tout nivo devlopman yo.*” Se pa foute pwofesè foute konesans nan tèt yon timoun. Se timoun nan menm ki santi sa ki nan kò l, nan kè li, nan lespri l. Se timoun nan menm ki pale pawòl ki sot nan sèvo l epi nan bouch li. Se pa repete l ap repete son ki antre nan zòrèy li. Si se kon sa vre, èske lide timoun nan, santiman l, sa li anvi, sa li kwè, sa li renmen, sa li konnen, èske tout bagay sa yo kapab pase nan yon lang li pa konprann, li pa pale, li pa kontwòle?

Biber (1984:49-50, 51-53, 63-65) te suiv sa ki tap pase nan sistèm edikasyon Inyon Sovyetik (Risi) ak Lachin. Li te etidye antwopoloji, epòk 1920, ak Franz Boas (1858-1942), yon gran savan, li te admire anpil. Travay Boas sou lang Endyen Amerik yo ak sistèm kiltirèl yo, te louvri lespri l sou lòt lang. Men, sa pa te mennen l nan gwo rechèch sou lasyans lang. An 1967, Biber (1984:66, 68, 71, 73, 87-90, 108, 270) pa te depase prejije pi fò moun ki pa te espesyalis lasyans lang, espesyalman sou fòm ak valè lang malere, moun ki pa fè gwo etid, oubyen moun lòt ras, tankou Nwa ameriken. Nan chèche remèd pou ti pitit moun pòv ki te gen pwoblèm ak sistèm lekòl o Zetazini, li te repete pawòl «*mank devlopman lang*» yo «*mank ladrès yo nan pale yo epi nan panse yo*», koze «*lang yo ki ta pòv anpil*», «*pawòl lang ki ta lou* ».

Se nan pran kontak ak liv lengwis tankou Labov, Dell Hymes, Cazden, li vin chanje lide l sou mòd pale Nwa ameriken epi li vin konprann sa l te rele «*mank*» ak «*reta nan devlopman lang*», se pa sa menm. Se «*diferans*» (p.101). Men, Baybè pa te gen tan rive nan degre distenge *apran yon lang* (egzanp: nan granmoun) ak *atrap yon lang* (egzanp: nan timoun). Youn nan remèd Biber(1984:247)te rekòmande pwofesè, li tap fòme yo, se *kreye yon anbyans kote lang vlope* (timoun yo) *nèt*. Se sa mwen rele benyen (ann angle: exposure). Men, èske pawòl mwen menm ak remèd Biber a? Se pa menm afè. Nou tou le de n ap pale de timoun ki fèt, ki leve, ki grandi, yon kote kèlkonk ki chaje ak lòt

kretyen vivan, kit manman, kit papa, kit frè ak sè, kit kouzin ak kouzen, kit vwazinaj, kit moun k ap pase nan lari. Nan kondisyon sa a, pou yon timoun ki pa soud nèt, ki pa bèbè, ki pa fou nèt, menm si li potovi, menm si li egare, menm si li moka, menm si li yon jan ebete, nanpwen pa benyen nan lang kolonn moun sa yo pale a. Menm jan tou, yon timoun ki pa avèg, depi li fèt jis li rive sou 5 an, nanpwen mwayen pou li pa wè divès kalite koulè ak divès kalite fòm, ki nan fè mouvman oswa ki pa nan fè mouvman. Menm jan nou benyen nan koulè, nou benyen nan fòm, se kon sa, vle pa vle, nou benyen nan son vwa, nou benyen nan mo, nou benyen nan bwi pawòl, nou benyen nan koze lang ki soti ni nan sèvo lòt moun, ni nan bouch yo.

Men, sa nou dwe rekonèt, sa ki mande pou nou bat bravo pou Babara Biber, se bèl entelijans li, se seryozite li, se kouraj li, se respè li genyen pou laverite, ki fè apre karant ane anseyman, ak gwo non kòm edikatis, kòm pwofesè, kòm sikològ, li rekonèt li te twonpe nan espikasyon l, dapre li te pran yon fòm angle diferan yon gwoup plizyè milyon Nwa ameriken pou yon mank nan devlopman lang yo.

Lide yon lòt Amerikèn

Menm jou mwen t achte liv Biber a, m te chwazi yon lòt sou preparasyon timoun piti anvan yo aprann li, yon manm ekip edikatè Kolèj edikasyon Bank Strit la te ekri. Youn nan premye pawòl nou jwenn nan Betty Boegehold (1984:1) se: «*Reyisi lekòl - reyisi pi ta nan lavi - jiskensi, sa depann de bon jan konesans lekti. Timoun dwe vin bòs nan lekti anvan pou yo byen konprann matematik, syans sosyal, lang etranje, syans, oubyen teknik òdinatè.*» Si aprann li, jan pawòl sa a di, se yon kondisyon pou tout lòt konesans timoun ap jwenn lekòl, sa montre nou enpòtans Boegehold bay lang manman timoun yo, piske dapre li, tout aktivite pou prepare timoun piti pou yo aprann li chita sou sa yo deja abitye wè, sa yo deja abitye tande, sa yo kapab konprann fasil, sa ki kapab enterese yo. Ni laten, ni angle, ni franse pa kapab chemen pou ti Dominiken 3, 4, 5, 6 an, suiv pou yo rive aprann li, an Dominikani.

Pou Boegehold (1984:170, 190-191), «*Li toutbon vle di konprann toutbon. Se pa annik eple oubyen rekonèt mo ak lèt.*»

Lide Boegehold menm ak lide yon pwofesè an Frans, Lionel Bellenger, menm ak lide 5 espesyalis lekti o Zetazini: Walcutt, Lamport, Mc Cracken epi Gibson ak Levin.

Lide yon Franse, 4 Ameriken, yon Amerikèn

Dapre Bellenger (1989: 91): Montre timoun eple, san yo pa konprann, se menm bagay ak montre timoun fè tout mouvman pou yo fè, lè y ap mete manje nan bouch yo ak yon kiyè. Si kiyè a vid, si pa gen manje ladan n, se mouvman nil nou fè timoun yo fè. Se pèdi tan. Se mechanste menm si nou fè timoun yo filalang pandan yo grangou, si nou fè yo met kiyè nan bouch yo, san nou pa ba yo manje.

Walcutt, Lamport, Mc Cracken (1974: 4-315) repete pawòl « *li pou konprann* » la omwen 40 fwa. E sa ki enteresan tou, yo di : « *pa gen konprann lekti si pa gen konprann lang lan* » (p. 87). « *Nan tout liv la nou repete yon prensip kòmkiwa: li pou konprann sipoze konprann lang lan.* » (p. 108) Gibson ak Levin (1976: 227) di nou: « *Aprann san konprann se yon egzèsis initil ki pa enterese nou menm.* » Men yon lòt pawòl enpòtan Gibsoun ak Levin (1976 : 227) ekri : « *Kòm li se yon ladrès lang, sanble gen yon bagay ki sèten nèt : lè yon timoun pral kòmanse li ak ekri lang manman l, fòk li deja bòs nan konn lang lan byen.* »

Lide mare li ak konprann epi konprann ak lang timoun k ap li yo, ki nan liv sèt edikatè sa yo, fè gwo chòk ak yon move abitud nenpòt ki moun kapab konstate nan prèske tout lekòl primè ak lekòl segondè ann Ayiti. Se abitud elèv ki fè lèt pouse son an franse san yo pa konprann sans pawòl ki ekri an franse yo.

Prensipal mwayen Bogeol rekòmande pou prepare timoun piti, anvan yo aprann li, manyè sanble ak remèd Biber a pou ti elèv, li te kwè ki an reta nan devlopman lang yo. Men, angiz Boegehold pale sèlman de «*benyen nan lang*», li sèvi ak yon pawòl «*benyen nan mo*» tou. (Ann angle, Boegehold 1984:4 = 107, «*a child who has been 'bathed' in language*» = «*they have been 'bathed' in words.*»)

Remak m pral fè yo, se sou 2 pwen nan liv la. Premye a, mwen dakò ak yon mesaj ki enpòtan anpil pou edikatè ayisyen: Nanpwen li san konprann. Pou timoun piti aprann li toutbon, se pou yo sèvi ak pawòl yo abitye tande, yo abitye di, yo abitye konprann byen konprann. Se yon verite Boegehold repete souvan nan 234 paj liv li ekri a pou manman, papa ak lòt moun ki reskonsab tibebe ak timoun piti ki deja benyen nan lang angle a, jis yo rive nan premye ane lekòl primè. Kòm se pa pou Ayisyen li te ekri liv la, li pa te chonje sitiyasyon kèk grenn zòn sou latè a kote tout moun pale yon lang (tankou kreyòl ann Ayiti) epi kote lekòl fèt nan yon lòt lang pi fò moun nan peyi a pa ni konprann ni pale (tankou franse ann Ayiti). Kòm li pa ta kapab sipoze gen yon seri moun sou latè a ki rive kwè: gen li toutbon san konprann, sa pa te vini l a lide pou li di yo: montre timoun yo li an kreyòl. Sezisman ta anpare l si l te rankontre ak pwofesè jaden danfan oubyen premye, dezyèm, twazyèm ane fondamantal ki panse: depi timoun fè lèt pouse son, se li yo li toutbon. Depi timoun rekonèt fòm mo

mange et boit

pa fin menm ak fòm mo *manger pois* se li yo li toutbon, menm si yo kwè yon pawòl yo jwenn nan katechis ap pale de *manje pwa*, pandan se pa lòt bagay pase kopi yon moso vèsè 29, chapit 11 premye lèt Pòl ekri moun Korent yo.

Dezyèm remak mwen, se kèk espplikasyon sou sèten erè sou keksyon lang ki nan liv la tou. M pa ta vle edikatè fè menm erè sa yo. Boegehold se yon espesyalis lekti ak liv lekti pou timoun. Se yon espesyalis nan preparasyon ki ta dwe itil timoun anvan yo bòde pwoblèm aprann li a. Li gen rezon di: konn li se fondasyon anpil lòt konesans moun ap devlope lekòl epi nan lavi a. Aprann li mare ak konesans lang. Kòm Boegehold enterese espesyalman nan edikasyon tibebe ak timoun piti o Zetazini, li pa bezwen di ak konesans ki lang pwoblèm aprann li a makònen. Sa deja klè pou lektè ameriken li yo: sitiyasyon lang ti Ameriken 2 an jis 8 an ki pa depeyize, se sitiyasyon timoun ki pa benyen nan lòt lang pase angle. Men, lè Boegehold d(1984:18) deklare «*Nan tout espès vivan, se sèl moun ki bezwen montre pitit yo kouman pou yo pale*», se yon erè anpil edikatè, anpil moun gran konnen fè. Remake mo montre a byen. Pi devan n a wè: paran ak lòt moun PA MONTRE tibebe pale ni yo PA KAPAB MONTRE yo pale. Si nou vle konnen ki jan otè a kwè paran montre ti pitit yo pale, repons lan nan plizyè paj liv la (107-111, 113, 114, 117). Se yon afè VOKABILÈ, yon koze ki vin souvan nan liv la. E vokabilè vle di yon lis MO degrennen (mo, ann angle word, se youn nan mo nou jwenn pi souvan nan liv la). Dapre Boegehold, fè timoun piti aprann mo, se ta kle pou fè yo devlope lang yo epi pou yo pare pou aprann li. Timoun ta rich nan vokabilè lè yo konn anpil mo. Timoun ta pòv nan vokabilè, lè yo manke esperyans tandè moun pale ak esperyans pale. Boegehold (1984) gen lè. pa te okouran rechèch ki fèt nan lengwistik modèn. Se regretan li pa te konnen yon chapit Suzanne Carey (1978:264-293): «*Yon timoun siz an nòmal fin aprann plis pase katòz mil mo.*» Walcutt, Lamport, Mc Cracken (1974: 6-7, 55, 111-112) pito kwè se 10 mil mo timoun siz an deja konnen. Yo te okouran yon rechèch 1933 ki te deklare, an mwayèn, se 24 mil mo ki nan vokabilè, timoun premye ane lekòl primè kenbe nan tèt yo. Walcutt, Lamport, Mc Cracken konpare gwo kantite konbyen mil mo ti elèv k ap aprann li deja konnen ak 235 grenn mo angle sèlman ki nan liv lekti sèten pwogram premye ane. Nan dezyèm ane, gen 350 lòt mo = 585. Nan twazyèm ane, yo ajoute 760 lòt, sa fè 1345. Lè kon sa, timoun 9 an deja gen 15 mil mo angle nan tèt yo. Sa yo bay timoun 3 premye ane li, an franse an Frans, oubyen ann angle o Zetazini, gen gran reta sou sa yo pale, sa yo tandè, sa yo konprann, nan lang manman yo. Men, sa yo bay ti Ayisyen li, an franse, nan premye, dezyèm ak twazyèm ane lekòl fondamantal, gen anpil ane avans sou sa 99 % nan yo, ki pale kreyòl sèlman, konn tandè an franse, kapab pale an franse, kapab konprann an franse.

Jerome Bruner, ki fèt an 1915, se youn nan espè ameriken nan edikasyon yo pi konsidere depi Dewey. N ap wè rapò kèk lide li prezante nan yon liv 1968 ak

pwoblèm konnen ak aprann. Dapre Bruner (1968: 44), «*Nenpòt ki lide, nenpòt ki pwoblèm, nenpòt ki sistèm konesans, gen mwayen prezante yo yon fason ki senp dekwa pou nenpòt ki timoun oubyen nenpòt ki granmoun k ap aprann kapab konprann li yon jan pou yo rekonèt li.*» Mwen souliyen mo konprann nan paske dapre Bruner (1968: 29, 38), nan afè edikasyon, wòl sikològ ak lòt savan epi travay yo, se «*jwenn yon jwen pou yo fè jèn moun konprann sa yo menm yo deja konprann.*» Natirèlman sa mande sèvi ak yon lang timoun ak jèn moun deja konnen fen, paske chemen nòmal konesans nenpòt ki moun se lang yo deja konnen fen e byen. Bruner (1968: 109, 112) deklare: «*montre yon moun nan lang manman l... sa kapab montre l sèvi ak zouti pou li panse tou.*» Epi: «*2 manman zouti panse moun, se matematik ak yon devlopman fòm ekriti lang manman yo moun konnen k ap fèt. Se 2 gwo mwayen pou yo mete lòd nan lide yo genyen ni sou lòt bagay ni sou pwòp lide yo.*»

Nou tou wè pou ki sa Bruner pa ta janm teste konesans lekti yon ti Ameriken uit an ki fèt o Zetazini, ki leve la, ki rete nan peyi l, nan yon lòt lang pase angle. Alevwa pou li ta sitire pwofesè premye ane lekòl primè, dezyèm ane, twazyèm ane, suit an suit, montre ti Ameriken li ak ekri an franse, montre yo kalkil, syans esperimantal, istwa, eksetera, an franse.

Msye konnen sistèm lekòl nan peyi l sou mank, men, li pa tèt anba nèt dekwa pou tout ti Ameriken set an jis dizuit an ta oblije etidye tout bagay nan yon lang kèlkonk ki pa angle. Men nan Bruner (1968: 32), nou wè gen yon pwoblèm li di ki tap fatigue tèt li: se «*distans efreyan ant konesans espesyalis nan teknoloji ak konesans piblik an jeneral.*» Sa l ta di pou distans ki genyen ant konesans lasyans ak teknik, ann di, di mil moun save ann Ayiti ak konesans wòwòt, pou nou pa di zewo bare, rès sèt milyon lòt moun nan branch sa yo?

Pwason Mayami

M ap bay yon egzanp ki ta dwe fè kèk savan ayisyen etone anpil, epi reflechi tou, si yo pèdi kontak ak sèten kwayans popilè. An desanm 2002, yo te sèvi m pwason, pandan mwen te ak kèk moun ki konn peche nan lanmè nan zòn Tigwav. Mwen mande yo ki pwason m ap manje. Yo reponn mwen: *pwason Mayami*, yon pawòl mwen tande depi kèk tan, paske yo vann *pwason Mayami* nan mache Vyalè depi siz an kon sa. Gen youn ki di m «*Non, mèsi*», paske li pa manje *pwason Mayami*, se *pwason lanmè li manje*. Mwen mande: «*Pwason Mayami, se pa pwason lanmè?*» Tout reponn mwen non. Tout te pase lekòl. Twa nan yo nan segonn ak senkyèm segondè. Yo esplike m: *pwason Mayami*, se yon poud, Blan simen nan basen dlo dous. Poud la kale pwason.

Samdi 14 desanm 2002, mwen vin sou koze *pwason Mayami* an ak 8 jèn moun Fòwayal ki nan plizyè lekòl primè nan vil Tigwav. Men laj yo: 13, 14, 16, 17,

18, 19, 19, 20 an. Tout kwè pawòl poud ki kale pwason yo. E dapre sa plizyè moun di m, se yon kwayans ki gaye depi Tigwav jouk Miragwàn ak anpil lòt kote ann Ayiti.

Pou edikatè ayisyen, pou tout kalite edikatè sou latè, tankou pou Bruner(1968: 104, 105), «*lang se yon manman zouti pou panse*», epi lè yon timoun piti vin konn pale «*se pa sèlman yon mwayen pou l di kichòy, li vin genyen, men, se yon kokennchenn zouti pou li òganize lide li genyen sou tout bagay.*» Malkonprann anpil edikatè nan yon peyi tankou Etazini kote bon valè timoun soti nan peyi etranje ak lang pa yo pou yo antre nan lekòl ki fèt ann angle, men, espesyalman malkonprann pi fò edikatè ayisyen nan sistèm lekòl tèt anba Ayiti a, fè yo bay mo lang nan bèl vag angiz yo konprann li kòm tèl lang. Lè yo di: manje fwi, manje legim, manje pwason bon pou lasante, se vre. Men, pawòl la pa dwe ret anlè. Se Choumounou, se Inelis, se Dyebon, se Ameli ki manje mango, ki manje chou, ki manje balbaren. Menm jan tou, lang tout timoun an Dominikani, se panyòl. Lang tout timoun ann Ayiti, se kreyòl.

Youn nan rezilta sistèm lekòl nou an, se montre yon valè moun, ki pase anpil ane ladan n, ekri tenten an franse pase pou yo ta ekri bon bagay an kreyòl. Gen yon lide kon sa nan Bruner (1968: 102). Natirèlman, se pa ni de Ayiti ni de kreyòl li tap pale menm. Men, li di: anpil fwa gen yon lide ki vin nan tèt li kòmkiwa pase pou li ta montre etidyan l yo pwòp branch pa l, sa vle di sikoloji, pito li ta montre yo ekri ann angle epi reflechi ann angle. Pou ki rezon? Se paske: ekri tenten klè, ekri tenten kareman, san sa pa parèt kòm tenten, se kichòy ki difisil anpil anpil. Se dwe pou sa, nan ekri pawòl ki pa fin klè pou yo an franse, gen moun ki ekri anpil tenten ann Ayiti.

Bruner (1968: 111) mande «*Pou ki sa ekri si tèlman difisil pou elèv lekòl? Anpil fwa jan yo ekri a gen sis a uit ane reta sou jan yo pale a.*» . Èske nou konprann pou ki sa yon lekòl tèt anba lakòz ekri an franse tounen yon penitans, yon pinisyon, yon metzin anmè kon fyèl pou milyon ven ti Ayisyen ki pale kreyòl sèlman?

Lide yon Ameriken ki pitit Italyen

Leo Buscalia, ki mouri an 1994, se yon edikatè ameriken ki te pwofesè nan depatman edikasyon inivèsite Sid Kalifòni, lè li te pibliye yon liv sou pwoblèm renmen, an 1972. Buscalia(1972: 68-69) kritike edikasyon lekòl ki pa kapab montre yon timoun renmen tèt li, respekte tèt li, renmen lòt moun, respekte lòt moun, devlope pèsonalite l. Se mirak si lekòl pa toufe kiryozye yon timoun nan chèche konnen. Sa edikasyon yon timoun ta dwe ye? Repons Buscalia (1972: 20, 137):

«Wòl edikasyon yon timoun vrèman vre se ta dwe yon aktivite ki pou ede l rekonèt jan li ye a, se li sèl grenn ki kon sa, ede l devlope pwòp jan li ye a epi montre li kouman pou li separe sa ki pwòp pa l ak lòt moun.»

Men, kòman aktivite sa a ap fèt? «Lang se mwayen prensipal nou genyen pou nou transmèt konesans, mòd aji, prejije, santiman ak sa ki fè tèl pèsonalite se yon sèl grenn ki kon sa, tèl sistèm kiltirèl se yon sèl grenn ki kon sa..... Nenpòt ki timoun ki nòmal..... distans pou li gen 3 an oubyen 4 an, l ap pale lang sistèm kiltirèl li, yon jan klè.» (Buscalia, 1972: 65). Se pa nenpòt ki lang. Se lang li. Se lang sistèm kiltirèl li. Èske se li ki chwazi l? Non. Timoun pa chwazi non yo, alevwa pou lang yo. Se nan lejann, se nan istwa tankou istwa Loran Damye ki fèt ak yon ti bout fèman nan men li, kou l soti nan vant manman l ak ti manchèt la nan men l, li di manman l rele l Loran Damye. (Al wè Dejean ak lòt moun 2002: 44).

Matmwazèl la di tifi a: «Lonje men w.» Li ba l twa kout rigwaz nan pla men l. Tifi a se yon timoun 7 an, yon ti kriminel 7 an. Ki krim li fè? Ti malonèt la kole nan magouy lèlmi Kristòf Kolon tap fè Sanntodomingo epi ann Espay pou yo avili amiral la. Konprann sa byen. Yo bay tifi a yon leson istwa d Ayiti an franse pou li aprann pa kè nan tèl liv, nan tèl paj, ak tèl pawòl. Se 2 grenn nimewo. Tifi a pa bon menm. Se dwe paske manman l pa konn pale franse menm. Epi ata papa, sa, si, manman an pa kapab li. Papa l kapab li mo sa yo ak anpil lòt ak anpil ti fraz franse wòwòt, ak kèk gwo fraz franse, Bondye sèl ki konnen ki sa li konprann ladan yo. Men, pase pou yo ta mande l pale franse pandan 3 minit, pito yo ta mande prezidan Etazini an al mennen yon diskisyon an mandaren ak premye minis Lachin. Granpapa tifi a, ni sou bò manman, ni sou bò papa, pa konprann franse, pa pale franse menm menm menm. Nanpwen youn nan matant ti cheri a, nanpwen youn nan tonton l ki konn pale menm yon ti franse wòwòt. Matmwazèl lekòl jako repèt la fè sa l abitye fè ak trant, karant lòt elèv ki nan klas premye ane fondamantal li a, li bay ti lezanj sa a, ti nonsan sa a, twa kout rigwaz nan pla men poutèt li kole nan mo franse *intrigues* 2 liy li tap eseye resite pa kè a. Ann mande Bouskalya, sa li ta di nan sa. Buscalia (1972: 190) reponn ak yon pawòl yon lòt ekriven: *Se moun ki fèb, ki mekan. Se nan moun ki gen fyèl sèlman, yo jwenn bon kè.* Men ki jan m konprann pawòl la: Se moun ki lach ki maltrete timoun. Se moun ki gen kouraj ki pran pasyans ak yo.

Lè Fifi ak Fanfan, 2 jèn pwofesè ki te etidye nan yon lekòl nòmal, fin li pawòl sa yo, youn di lòt: «*Gwo verite ki la* ». Men, menm semenn nan, pandan yo chak ap kale swa ti Toto, swa ti Mama, nan klas premye ak dezyèm ane fondamantal, pou yo bay tèt yo kouraj, yo tuipe epi yo di: « *Lekòl pa konn pa bat timoun* »

Lide yon gran edikatè an Frans

Célestin Freinet (1896-1966) se te yon edikatè franse. Li prezante yon teyori ki chita sou esperyans timoun fè nan lavi yo etan y ap tatonnen. Li byen konnen esperyans timoun gen limit, ki fè yon pwen enpòtan nan teyori l se wòl fopa, erè ak mank. Se enpòtans chèche wout, twonpe wout, avanse, fè bak, rekòmanse, eseye san w pa reyisi, mache ti pa ti pa jouk ou rive jwenn bon rezilta. Se sa Freinet (1977: 26, 27, 30, 44, 64) rele tatonnen nan fè esperyans oubyen esperyans ki fèt nan tatonnen.

Ann Ayiti, lekòl kontinye esklav pi move abitud lekòl lontan an Frans. Sa l ap pi okipe se ki matyè ki nan pwogram nan ak ki pwogram pou yo suiv. Dapre Freinet (1977: 19): lekòl fèt pou timoun, se pa timoun ki fèt pou lekòl. Pou ki sa lekòl la? Se pou li bay timoun sa yo pi bezwen kòm moun epi kòm manm yon sosyete. Afè pawòl vèbal, leson pa kè yo resite, egzèsis ak egzijans bèl ekriti nan tan enprimri, sa soti nan 100 ane reta lekòl genyen. Lè Freinet (1977: 6, 22) tap travay sou prensip ak pratik yon nouvo lekòl, ant 1923 ak 1939, televizyon, òdinatè ak entènèt potko prèt pou fè pati sosyete modèn nan. Sa l ta di jodi a?

Natirèlman, Freinet (1977: 38, 44, 48) byen konnen timoun rive nan jaden danfan epi nan premye ane lekòl primè tou konn pale. Se poutèt sa li mande pou matmwazèl la «*koute yo pale*». Si gen kichòy ki klè pou li tankou dlo kokoye, se rapò lekti ak konprann. Nanpwen aprann li san konprann. Freinet ta sezi tande ti elèv ann Ayiti k ap pouse son franse ak yon ti vwa yenyen, timoun ki sanble vle chante, san yo pa konprann anyen nan pawòl liv an franse yo kenbe nan men yo, pandan yon pwofesè ap veye si yo pap sote yon mo, yon gwoup mo, oubyen si yo pap li *latè è wonn kòm in poul*, nan plas *latè è wonn kòm in boul*. (= *la terre est ronde comme une boule*).

Gen 2 remak Freinet fè sou lekòl. Mwen ta mèt rele yo 2 repwòch oubyen 2 kritik. Premye a (Freinet 1977: 78): «*Sa pa gen lontan pase sa, yon timoun ki rive nan papòt lekòl la te lage tou sa ki pi enterese l, tou sa li pi sansiv pou yo, tou sa ki pi bon nan sous lavi ki anndan l.*» Men dezyèm nan (Freinet 1977: 92): lekòl «*te pran prekosyon fèmen pòt li pou lavi ki antoure l pa rantrè. Li bloke bezwen yon timoun santi pou li pale sa ki nan kè l. Li pa kite l mennen okenn aktivite ak men l oubyen ak sèvo l anwetan kèk eskelèt pwoblèm ki deja gen yon solisyon tou pare.*» 2 repwòch sa yo, sou mòd lekòl lontan an Frans la, ta kont pou montre nou: Freinet pa ta kapab konprann ki jan, nan yon peyi tankou Ayiti, yon sistèm lekòl ta rive nan yon pozisyon tèt anba dekwa pou li mande milyon timoun wete rad kreyòl yo sou yo nan baryè lekòl la, pou y al benyen toutouni nan yon mwatye gode franse mawon.

Epi lè nou li Freinet (1977: 33, 58, 63, 67-72), nou wè jan li ta choke anpil si l te konstate youn nan rezilta sistèm lekòl Ayiti a ki lakòz pi fò elèv ki fin klas primè

oubyen klas segondè, pa enterese travay ak men yo. Prensip lekòl Freinet mande: pou travay men ak travay tèt mache ansanm, youn ak lòt.

Lide yon gran edikatè brezilyen

Paulo Freire (1921 - 2 me 1997) fèt Resife lan nòdès Brezil. Se la li kòmanse devlope lide l sou alfabetizasyon granmoun ki pa t lekòl, sou edikasyon, sou aprann li ak ekri. An 1963, li vin reskonsab alfabetizasyon nan peyi l. Men, yon koudeta lame an 1964 jete prezidan Goula. Militè yo bloke kanpay nasyonal alfabetizasyon an. Yo arete Freire. Msye pase swasanndis jou nan yon ti kacho prizon. Epi yo pimpe l ann egzil. Li fè senk an nan peyi Chili. Apre sa, li pase plizyè ane Jenèv, an Suis. Apre 16 ane egzil, li retounen o Brezil an jen 1980. An 1989-1991, li asepte plas direktè depatman edikasyon vil Sao Paulo, pi gran vil Brezil. Dapre sa Freire (1993: 50, 53, 161) di te «*gen yon milyon tigason ak tifi ki rete nan lari*», nan vil sa a ki te gen 654 lekòl leta ak 35 mil 131 pwofesè. Popilasyon vil la, an 1991, se te 9 milyon 393 mil 753 moun (dapre Collins Concise Dictionary 2001).

Mwen rankontre Freire, nan vil Nouyòk, nan yon kongrè sou edikasyon (ann angle *Strategic Learning Systems Conference on Education*), vandredi 18 me ak samdi 19 me 1984. Mwen remèt li yon lèt direktè egzekitif Federasyon Sant Kominotè Ayisyen, J. Etienne, te ekri l o non Federasyon an pandan li tap ba l yon kopi liv mwen an Aprann li (1983) ak Kouman pou nou montre granmoun li.

Se nan kongrè sa a, mwen jwenn repons yon keksyon ki te nan tèt mwen depi fen septanm 1978: *Ki sa Freire te di prezidan Lwis Kabral ak lòt otorite Ginen Bisao sou lang edikasyon ak alfabetizasyon nan peyi yo a, ki te fèk rive pran endepandans li, apre 500 ane anba pat Pòtigal?* Nan Freire (1978: 97-98), mwen te li gen yon keksyon «*ki fatigue tèt nou anpil. Se keksyon lang lan.*» Liv la pa te di plis.

Men, nan kongrè Nouyòk la, se ak tristès, Freire rakonte move esperyans ekip li a ansanm avè l fè, ak desepsyon yo dwe pran, nan bòde yon pwoblèm ki te klè pou tout moun: «*Pòtigè pa lang pèp Ginen Bisao a.*» (Frere & Faundez 1989: 112, 117), men, «*kreyòl... se lang nasyonal la*» (paj 113). Jou sa a, gen yon bagay mwen te deja konnen depi 25 ane, mwen vin konprann pi byen: Yon mwayen enpòtan yon pèp etranje genyen pou li touye yon lòt pèp, li kolonize, anba manti, se foure lang li fon nan tèt yon swadizan ti «*lelit*» tyoul, li defòme nan yon sistèm lekòl, yon jan pou ti «*lelit*» la gaye manti, li ranmase nan bouch ansyen mèt li yo, pandan li vin rekonèt se yon bon fason pou li kenbe mas pèp la anba, etan konesans, pouvwa ak lajan rete nan men l sèlman. Se pa pèp ayisyen sèlman ki pran nan pèlen sa a.

Se sa k fè yon pawòl Freire (1972: 22) ekri pou sitiyasyon lekòl sou tan lakoloni, nan peyi Ginen Bisao ann Afrik, w a di se pou Ayiti venteyinyèm syèk la menm li te ekri l: «*lekòl primè, lise ak lekòl pwofesyonèl... ki kont demokrasi nan sa y ap chèche, nan sa yo montre, nan jan yo montre, ki pa mele ak reyalite peyi a, pou tout rezon sa yo, se lekòl yon ti pòsyon moun, pou yon ti pòsyon moun, kont pi fò moun nan pèp la.*»

E menm sitiyasyon sosyal sistèm lekòl ki sèvi ak lang kolon an, yon ti gwoup sèlman rive konnen an, Freire (1989: 110, 113, 114) te jwenn li nan ansyen koloni Pòtigal ann Afrik yo. Lè se lang kolon an ki lang lekòl la, lang pou elèv ta aprann matematik, jewografi, istwa, syans, distans ant klas sosyal yo, se ogmante li ogmante angiz se diminye li diminye. Fòk yon moun ta avèg nèt pou li pa wè sistèm lekòl Ayiti a travay pou konesans ak teknik modèn rive nan wo degre devlopman nan tèt yon ti gwoup moun tou piti epi pou li bay majorite popilasyon an baryè pou konesans ak teknik modèn rete nan yon kanpe lwen pou mas pèp la.

Lide yon gran edikatè ejipsyen

Caleb Gattegno fèt Aleksandri, ann Ejip, an 1911. Li mouri a Pari, an Frans, 28 jiyè 1988. Mwen te rankontre l, Nouyòk, 4 desanm 1979, epi Petyonvil, lendi 5 janvyè 1987 ak madi 6, lè li te vin fè yon seri seminè sou aprann li an kreyòl ak òdinatè, nan sant edikasyon legliz Metodis Frè a. M pa janm jwenn non Gattegno nan tout kalite liv sou edikasyon mwen li. Men, non tankou Bruner, Dewey, Freinet, Freire, Illich, Piaget, parèt souvan. Kwak sa, nan youn nan pi gran lekòl nòmal siperyè sou latè a, Titchè Kolèj (*Teachers College, Columbia University*, New York), an 1981, te gen yon kou sou metòd ansèyman lang etranje Gattegno a: *The Silent Way* (Wout silans).

Nannan teyori edikasyon Gattegno a (1970), se mete montre sou zòd aprann. Nou tou wè se revè sa ki pase nan pi fò lekòl ann Ayiti kote: elèv dwe aprann sou zòd pwofesè k ap montre yo. Nou annik sèvi ak revè plizyè pawòl Gattegno ekri pou nou prezante sa pwofesè fè nan lekòl ann Ayiti. Ann rele yon reprezantan lide ak mòd aji pi fò pwofesè lekòl ann Ayiti: mèt Rapoto.

Gattegno (1970: ii) di: «*pati ki pi enpòtan nan edikasyon, se moun k ap aprann nan menm.*»

Mèt Rapoto panse: *Pati ki pi enpòtan nan edikasyon, se moun k ap montre a menm.*

Gattegno (1970, sou po liv la pa dèyè epi 1976: 10, 11) kont aprann pa kè. Mèt Rapoto boure timoun ak leson pou yo aprann pa kè.

Gattegno (1970: 17, 63) kont repete, kont fè jako repèt.
Mèt Rapoto kole nan repete ak fè elèv repete.

Gattegno (1970: 17) sèten: anvan yon moun rive pale yon lang, fòk li deja rive konprann li.

Mèt Rapoto panse: elèv dwe repete pawòl an franse pa kè, menm si yo pa konprann anyen ladan yo.

Dapre Gattegno (1970: 14): timoun dwe gen tèt yo konfyans poutèt tou sa yo deja konnen.

Dapre mèt Rapoto: timoun pa konn anyen, se pwofesè yo dwe fè konfyans.

Dapre Gattegno (1970: 10, 12, 23, 24, - 1976: 50, - 1978: 9): Piske timoun konn pale, sa montre yo fò nan sèvi ni ak mo ni ak lide abstrè. Se tout tan yo sèvi ak pouvwa abstraksyon yo a.

Dapre mèt Rapoto: pwofesè pral sèvi ak matematik pou yo montre gran timoun, douz an kon sa, koze abstraksyon.

Dapre Gattegno (1970: 6, 7, 17): pou timoun chonje sa yo aprann se pou yo konprann li.

Dapre mèt Rapoto: pou timoun aprann kichòy se pou yo chonje sa yo te aprann pa kè.

Dapre Gattegno (1970: 18): se pou timoun konn sa yon bagay ye anvan yo aprann non l.

Dapre mèt Rapoto: se pou timoun aprann non yon bagay anvan yo konn sa li ye. Se poutèt sa, kwak mèt Rapoto byen konnen tifi ak tigason 7, 8 an, dezyèm ane fondamantal pa konn pale franse - menm jan li menm, li pa konn pale alman - li pap santi l jennen, lè li ba yo leson jewografi nan yon liv *Frè Enstriksyon Kreyèn (= F.I.C.)*. Jedi, leson an se nimewo 4, 5, paj 3. Vandredi dezyèm leson an se nimewo 6, 7, paj 3, paj 4. Lendi twazyèm leson an se nimewo 8, 9, paj 4. Gen mo teknik franse ladan. Gade wè: « (p. 8, no 8: *Quelle est la durée du mouvement de révolution?* - no 9: *Que produit l'inclination?*

L'inclination produit à la fois le changement des saisons et l'inégalité des jours et des nuits. C'est le contraire de translation ; dans la translation les lignes restent parallèles.» (Premières notions de géographie d'Haïti)

Se pou elèv yo vonmi mo sa yo ansanm ak lòt mo etranje tankou *dure, produit, succession, à la fois, inégalité, parallèles*.

Èske mèt Rapoto rive pete tèt li vre jistan li ta kwè timoun 7, 8, 9 an nou yo, ki pa konprann franse, trouve leson yo chaje ak lavi? Yo enteresan. Yo pote edikasyon ak konesans, jan nou li nan avètisman liv la? Èske li kwè anbisyon avètisman an tounen yon reyalite: timoun yo aprann jewografi vre ak ti leson sa yo epi an menm tan, yo aprann franse, yo devlope estil yo? Si se sa, li bay

Gattegno (1970: 99) rezon nèt: «*Listwa chaje ak egzanp sosyete ak enstitisyon ki goumen kont laverite, pou pi gran malè ni sosyete a, ni enstitisyon an.*»

Dapre Gattegno (1970: 18, 20, 70, 87, 88): timoun k ap aprann li, deja konn pale. Se poutèt sa moun k ap montre yo li, gen pou yo sèvi ak gwo pouvwa pawòl timoun yo deja genyen an epi se pou yo soti nan sa timoun pale pou timoun rive nan sa y ap ekri.

Dapre mèt Rapoto: pwofesè pa bezwen sèvi ak pouvwa pale kreyòl tout ti Ayisyen deja genyen an.

Dapre Gattegno (1970: 20, 21, 22 - 1978: 8): se pou nou sèvi ak pouvwa ti elèv genyen pou yo fè lèt pouse son ki fòme mo ki soti nan bouch yo, nan lang yo konn pale a, kòm pawòl pwòp lang yo ansanm ak pwononsiyasyon ak ton mizik lang pa yo a. Epi se pou nou sèvi ak pouvwa ti elèv genyen pou yo mare sans ak pwononsiyasyon ki sot nan bouch yo.

Dapre mèt Rapoto: pwofesè dwe sèvi ak pouvwa pi fò ti Ayisyen pa genyen pou yo mare sans mo franse, yo pa konnen, ak pwononsiyasyon mo franse yo kòche.

Kon sa, Gattegno pa ta ezite panse ti Ayisyen dwe sèvi ak lèt ki fè yo rekonèt pwononsiyasyon yon egzanp tankou:

Chat la renmen dòmi nan kabann mwen

Epi sans kreyòl la vini otomatik nan tèt yo.

Mèt Rapoto egzije pi fò ti Ayisyen pwononse

Le (eu) chat) aime (èm) dormir dan(s) mon li(t)

san sèvo / lespri yo pa rekonèt sans ak analiz mo yo (an kreyòl)

= (*chat la*) (*renmen dòmi*) (*nan kabann mwen*)

Gattegno (1978: prefas) konnen gen anpil gwo diferans ant aprann yon lang etranje ak «apran» yon premye lang.

Mèt Rapoto gen lè pa janm reflechi sou pawòl kon sa.

Gattegno (1978: 20) konprann enpòtans benyen nan yon sitiyasyon kote moun ap plede sèvi ak lang lan. Li sèvi ak mo angle *soak*, ki vle di *tranpe byen tranpe*.

Mèt Rapoto sanble pa wè diferans ant sitiyasyon ti Ayisyen ki benyen nan lanmè kreyòl depi yo fèt ak ka menm timoun sa yo ki jwenn yon ti seren lapli franse yon lè kon sa.

Esperyans montre Gattegno (1978: 23): aprann yon lang ki sanble ak lang pa w pa pi fasil pase aprann yon lang ki pa sanble ak lang pa w.

Mèt Rapoto asepte yon ilizyon Dorin (1973), Iv Dejean (1975: 29, 38, 47) denonse, kòmka sot nan kreyòl pou janbe nan franse se bagay fasil.

Gattegno (1978: 34) distenge lang ak vokabilè lang lan. Se poutèt sa non chapit 3 a se: *Gwo moso lang ak ti moso vokabilè* .

Mèt Rapoto dwe kontan grennen mo franse degrennen sou ti elèv li yo.

Pou fini, men yon prensip Gattegno (1978: 31, 34, 79, 91) ki pap manke kontrarye abitud mèt Rapoto: Pa kouri korije erè elèv yo fè, sa pwofesè renmen rele: *fòt*. Kite elèv yo korije tèt yo yo menm, piti piti.

Lide yon gran edikatè otrichyen

Ivan Illich fèt a Vyèn, ann Otrich, an 1926. Kòm timoun, se nan peyi l, li leve, ann alman. Li janbe Nouyòk, o Zetazini, an 1950. Illich (1972: iv) di nou se an 1958 li kòmanse rekonèt: sistèm ki fòse tout timoun al lekòl, kontrarye dwa tout moun genyen pou yo aprann.

Tankou tout lòt gran tèt ki etidye pwoblèm edikasyon fon, Illich (1972: 18) rekonèt: «*Timoun ki nòmal aprann premye lang yo san fason.*» Gen yon bagay ki frape m: moun tankou Illich (1971, 1972, 1980), plizyè lòt moun, tankou Freinet, Gattegno, Piaget (*Jean Piaget* 1896-1980), Vygotsky, Biber, Bruner, Dewey (*John Dewey* 1859-1952), Gopnik, Kozòl, Mc Cracklaflin, Moulton, Pinker, Raymond, Franck Smith, Neil Smith, Tchomski, nan sa mwen li yo ekri sou edikasyon, pa janm bòde yon pwoblèm lang lekòl ki si tèlman enpòtan pou Ayiti.

Nan reflechi sou sa, mwen kwè m konn pou ki sa, m konprann pou ki sa. Se yon pwoblèm ki pa te dwe yon pwoblèm pou yo nan peyi yo. Ann pran douz non mwen fèk nonmen yo depi Biber jis Chomsky. Se ann angle yo te aprann li, yo te aprann ekri, yo te etidye, tankou pwofesè yo, tankou kondisip klas yo. M te mèt pa konnen okenn detay sou vi pèsònèl yo, lè yo te timoun, mwen sèten yo pa te rankontre okenn moun fou, kòm direktè lekòl yo, kòm pwofesè lekòl yo, kòm Ameriken enstwi oswa Angle parèy yo, ni nan fanmi yo, ni nan vwazinaj yo, ni nan zanmi manman yo ak papa yo, ki te konn di yo: *Se pa ann angle yo te dwe montre nou li, ekri, fè kalkil, etidye liv syans, jewografi, eksetera. Se an chinwa sa te dwe fèt.*

Moun ki abitye ak istwa, tankou istwa Bouki ak Malis, konpè chen ak konpè chat, granmoun, timoun, jèn moun rakonte ann Ayiti, pa konn jwenn koze lanèj ladan yo. Moun ki abitye ak kwayans mas pèp ayisyen, konn tande pawòl tankou: *Nan lougawou, Ayisyen vole pase toutrèl - Moun konn tounen bèf, kochon, kodenn, frize - Lougawou wete po yo mete dèyè yon kannari anvan yo soti al vole - Lakansyèl konn bwè dlo larivyè, nan sous, nan letan - Si moun jwenn bonèt lakansyèl, y ap vin rich - Lè gen lanmò nan yon kay, yo jete tout dlo ki nan kannari, nan krich, nan bokit, nan veso, pou mò a pa al benyen ladan n -*

Lè ou pral janbe yon kòd bèt ki mare, se pou w krache sou kòd la - pa di bèl tonm, di joli tonm - Si papa yon timoun mouri, pa di timoun nan sanble ak papa l, san ou pa di: san konparezon – « Tout bourik gen bouch blanch, men, se pa tout bourik ki manje farin. » Lè m te mande Jwasen esplike m pwovèb bourik la ki te soti nan bouch li, li di m: Yon sèl moun mal aji, men, sa li fè a lakòz tout fanmi l pote move non, oubyen tout ras li, oubyen tout gwoup pa l. Men, se yon sèl bourik ki t al manje farin. Mwen wè pwovèb la soti nan lejann yon bourik visye ki foure bouch li nan farin ki pa pou li. Bouch li vin tout blanch ak farin epi depi lè a tout bourik fèt ak bouch yo blanch. - ak anpil lòt koze toujou. Men, moun ki abitye ak kwayans pèp ayisyen, pap tandè pawòl tankou Nimewo trèz pote malè e yo gen dwa etone wè sèten gwo otèl pa gen chanm nimewo 13 o Zetazini paske anpil Ameriken pè lwe yon chanm nimewo 13. Se kon sa anpil gran edikatè etranje, tankou Illich, pa kalkile si gen peyi, kouwè Ayiti, kote yo rive fè lekòl nan yon lang 99 % timoun 6 an pa konprann, pa pale, 95 % paran yo pa konprann, pa pale.

Lè Illich kritike sistèm lekòl nan tout kalite peyi sou latè, kritik li yo vo plis toujou pou sistèm lekòl Ayiti a, lè nou wè rezon l nan pla men l, se pa pawòl anlè l ap pale. Nou merite kalkile yon seri lide li genyen sou lekòl, etan nou chonje sitiasyon Ayiti.

Dapre Illich (1971: 38) gen 3 prensip moun asepte je fèmèn, san prèv

1. *«Plas timoun se lekòl.»*
2. *«Timoun ki lekòl, aprann.»*
3. *«Se lekòl sèlman, yo kab montre timoun» (sèten bagay).*

Pandan konbyen syèk, mòd lekòl nou konnen yo, ki soti nan lide dwòl yon achevèk Tchekoslovak, Jean Amos Comenius (1592-1670), pa te egziste. Nou konn twòp timoun ki pase plizyè ane nan lekòl nou yo, san yo pa aprann anyen ki sanble ak konesans modèn lasyans, san yo pa aprann anyen ki itil yo nan lavi a, oubyen ki ta itil zòn yo ak peyi yo.

Pi fò sa moun konnen ki gen valè, se pa nan bouch pwofesè lekòl yo jwenn yo, ni nan klas lekòl, ni nan liv lekòl, ni nan egzamen lekòl. Dapre Illich (1971: 42, 43), pi fò moun ranmase vye lide lekòl, kwak yo pa janm al lekòl.

Men kèk egzanp manti kon sa nan tèt anpil Ayisyen.

Moun ki konn li, avoka, notè, apantè pa pete yo fasil.

Moun ki fin fè klas segondè yo, jwenn bon plas leta, gwo dyòb labank oubyen nan komès oubyen nan endistri.

Moun ki pa jwenn travay se paske yo pa pase lekòl oubyen yo pa rive nan sètifika, oubyen nan twazyèm segondè, oubyen nan klas filozofi, oubyen nan inivèsite.

«Y ap plede di moun si yo aprann li ak ekri y ap jwenn travay.» Pawòl kon sa, nou kapab tandè ann Ayiti, gen moun ki te konn repete yo o Zetazini tou. Mwen jwenn pawòl sa yo nan Òtonn ak Frere (1990: 92) ak repons Òtonn bay moun k ap di sa: «*Nenpòt ki moun ki bèt dekwa pou l kwè sa, twò bèt pou l aprann li.*»

Dapre Illich (1971: 9-10), lekòl montre timoun anpil peyi Amerik Latin «*panse tankou moun rich etan yo viv tankou pòv.*»

Illich (1971: 16) ede nou wè

Aprann se devlope yon nouvo ladrès, yon nouvo konprann, yon nouvo konesans, men, enstwi moun se ta dwe chwazi mwayen ak sikonstans ki rann aprann pi fasil, paske se vre, anpil fwa, aprann se rezilta vin enstwi ak konkou lòt moun.

Dapre Illich (1971: 18) se sou «*yon manman ilizyon sistèm lekòl chita: kòmkwa sa pi fò moun aprann ta soti nan montre, kwak pi fò moun devlope pi fò konesans yo andeyò lekòl.*»

An pasan, Illich (1971: 41) sèvi ak yon pawòl ki vle di: «*sa ki an rapò ak lekòl, se chare li chare reyalite a,*» An menm tan, mo angle mock la mache ak lide fè makak, fè fent, pase nan betiz. Pawòl la fè m chonje foli voye timoun 2 an, 3 an, 4 an lekòl pou yo *aprann leson*, pou yo *etidye*, pou yo mete inifòm, pou yo kwoke yon valiz lekòl nan do yo, tankou yon lame zonbi dousman. Epi yo rele sa kindègadenn. Yo ekri mo alman an kindergarten, epi yo ba l yon non franse ki pa kadre ak reyalite timoun, yo kòmanse fè pase mizè depi yo sot nan vant manman yo. Ak swadizan jaden danfan, yo kapab kòmanse jwe nan tèt ti krebete bonè. Kon sa travay sistèm lekòl la vle fè a, derape san reta: se dejwe, detounen, desounen. Fè ti krebete tounen ti ebete. Detwi entelijans yo. Fè yo repete pawòl yo pa konprann. Pase reyalite yon pèp ki pale kreyòl, nan betiz, èske se pa sa jaden danfan kòmanse fè, lè sa klè: kolonn ti lezanj ki nan jaden danfan yo, depi Grangwav jis Matisan pa konpran anyen nan non ki afiche sou lari, an franse, lè se pa ann angle oubyen an panyòl? Men yon seri non jaden danfan sa yo, mwen kopye ant Grangwav ak Matisan, ak kèk ti konmantè:

Au beau jardin de Laurie

Aux pépinières de Jean Paul II Kindergarten

Espace Vert Kindergarten et Garderie

Fleur de mon jardin

Jacquot Bleu

Juth Kindergarten

Kindergarten Micky Mouse

Kindergarten Nido

Kindergarten Petit Chaperon rouge

La Joie des Petits Kindergarten

Luchy Kindergarten

Maison d'enfants Kindergarten

Pocahontas Kindergarten

Valentine Kindergarten

Ann sipoze: kenz edikatriis ak edikatè ayisyen, ki konpetan, ki konsyan, ki gen esperyans travay nan mòn ak nan plenn, ak anpil respè pou tout moun ki abite nan zòn sa yo, ta rankontre 10 timoun nan chak jaden danfan sa yo, grenn pa grenn, kay manman yo ak papa yo. Ann sipoze: granmoun sa yo, ki abitye okipe timoun piti, pase yon bon ti moman ak chak tifi, chak tigason. Nan fè ti pale ak yo, yo ta mande chak timoun non yo, non frè yo ak sè yo, non jaden danfan kote y ale a ak ti espikasyon sou non an. Ki sa timoun piti sa yo kapab konprann nan koze franse sa yo? Anyen.

beau remèt son /bo/, ti bo, ti ba timoun konn fè pou moun yo renmen. Se pa bèl, adjektif kreyòl la.

jardin ak pwononsiyasyon kreyòl jaden, se ti tè fanmi timoun zòn depi Grangwav toutolon wout nasyonal nimewo 2 jis Kafou, jis Bizoton, kiltive. Yo plante pwa, mayi, pitimi, manyòk, patat, kalalou gonbo, kann, eksetera. Timoun piti sa yo pa abitye ak ti jaden flè nan lakou lakay yo.

Jako se yon mo, yon valè timoun kapab tandè nan bouch granmoun espesyalman nan koze jako repèt, sa jaden danfan ap chèche fè ti Ayisyen tounen.

Si se nan betiz mwen tap pase granmoun ki reskonsab 150 oswa 300 timoun piti ki nan 15 jaden danfan ki sou lis la, mwen ta mande paran yo al chèche non Pocahontas nan yon gwo diksyonè angle, mwen sèten yo pa gen lakay yo. M pa kwè y ap jwenn li nan yon diksyonè Lawous, yo dwe pa genyen nan bibliyotèk

lakay yo, paske nanpwen bibliyotèk lakay yo, dapre sa m sipoze, konesan m konnen reyalite peyi a.

Ebyen! sa yo ta jwenn nan 3 diksyonè angle nan bibliyotèk pa m? Nan The American Heritage Dictionary of the English Language, 1969, nan Webster's New Twentieth Century Dictionary of the English Language Unabridged, 1979, nan Collins Concise Dictionary, Reprinted 2001, sa blan an di?

Pokawontas, ki tounen madan *Rebeka Wòf* (1595-1617), se te pitit yon chèf endyen Vijini, yo te rele *Powatann* (?1550-1618). Yo di se jenn ti dam endyen an ki fè yo pa touye yon kapten batiman angle, *John Smith* (1580-1631). Atò si m bay paran tilezanj yo espikasyon sa yo ak bon non fi a, ki te *Matoaka*, èske yo pa ta bezwen mande m sa ki Vijini an? Fò m ta esplike yo se yon eta ameriken - pito m ta di yo se yon kote o Zetazini - ki bò menm lanmè sa a anpil Ayisyen janbe pou y al Mayami nan kanntè oubyen se anwo lanmè sa a yo pase lè yo pran avyon rive Mayami oubyen Nouyòk.

Ala yon non jaden danfan ki lwen reyalite peyi a, reyalite lavi a, pou ti Ayisyen ki pale kreyòl sèlman, ki dwe pa gen televizyon lakay yo, lè yo antre nan gadri a epi lè yo rive nan klas sètifika. Se ta yon bon komedi, si se pa te yon gwo lapenn.

Malgre sa, m oblije chonje yon konvèsasyon ak yon pwofesè lekòl primè Pòtoprens, an 1986. Sa te fè dam nan 40 an depi li tap fè klas primè pou timoun lamas. Natirèlman, nou pale de move rezilta egzamen ki fè pwofesè ap plenyen: *Elèv pa etidye. Elèv pa reyisi. Elèv pa enterese. Elèv pa remèt anyen. Pwofesè ap touye tèt yo travay pou gremesi.*

Mwen vini ak keksyon lang lekòl la, franse, ki pa menm ak lang peyi a, kreyòl. Se pa anyen sa. Manmzèl te gen yon solisyon tou pare, byen senp. Se mete jaden danfan tout kote nan peyi a. Epi montre timoun yo pale franse depi nan jaden danfan. Nan kèk ane, move sitiasyon lekòl yo ap korije.

Solisyon edikatis la mande jaden danfan pou tout timoun 4, 5 an, ann Ayiti. Epi li sipoze ap gen kont pwofesè lang franse pou yo tout. Men, m pa kwè pwofesè a panse ane jaden danfan ap sifi pou tout timoun rive konn franse. Fòk li sipoze yon lòt bagay tou: se tout ane lekòl primè ki nesèsè pou sa pou tout timoun nan peyi a. Dapre yon dokiman *Inesko* (1989) F. Latòti (1993: 94) site: «*pou yon elèv li franse fasil, lè franse pa lang manman l, an mwayèn, se pou li te etidye l regilyè pandan si (6) an, 4 oubyen 5 fwa pa semenn, pandan 40 semenn kon sa chak ane*». Mèt Franswa Latòti te minis jistis premye gouvènman pwovizwa 1986 la.

Gen yon lòt sipozisyon toujou: depi yo montre yon moun kichòy, sa yo montre l la, li konnen l. Kouman yon moun ki pran san l, ta kapab kwè tou sa yo montre l pandan li te timoun, li konnen l? Kouman yon pwofesè konpetan, ki gen esperyans nan fè lekòl, ta kapab kwè tou sa li te montre elèv li yo, elèv yo konnen l? Gen lè se pou moun ki kwè rans kon sa Chomsky (2002: 234) di: *«Mwen sèten nou chak suiv yon valè kou lekòl. Nou fè travay nou. Nou etidye lakay nou pou sa. Nou bon nan egzamen. Byen petèt yo ban n pi bèl nòt A. Yon semenn apre sa, nou pa t menm kab chonje sou ki sa kou a te ye.»*

Dapre sa lasyans lang ak rechèch sou òganizasyon ak aktivite sèvo, montre nou depi 50 ane, nou pa kapab vale gwosè ilizyon ki ta fè nou kwè: kòmanse montre plizyè milyon timoun yon lang etranje nan jaden danfan epi pandan kèk ane, san yo pa benyen ladan n, ap ba yo pouvwa devlope tout kalite konesans nan lang sa a.

Men, gen yon lòt fason nou kapab egzamine solisyon edikatis la wè pou fè tout Ayisyen aprann franse toutbon. Se reflechi sou rezon Illich (1971 : 102-103) prezante pou li montre: lekòl pou tout moun enposib. Atansyon: Illich pa di edikasyon ak bon jan konesans pou tout moun enposib. Okontrè, li panse se lekòl pou tout moun ki bare wout edikasyon pou tout moun. Illich byen konnen: *«Rejte lekòl, kòm yon sistèm, difisil kounye a paske nou si tèlman abitye ak li.»* Depi anpil tan nou fè edikasyon depann de yon mas lekòl. Men, peyi rich ki peyi rich pa reyisi rezoud pwoblèm tout moun egalego nan mete lekòl pou tout moun. Okontrè, jou an jou, se plis distans ki vin genyen ant yon ti lelit ki kenbe lajan, pouvwa ak konnen pou yo ak yon mas moun ki anba.

Epi chak ane se plis lajan sistèm lekòl peyi rich yo devore, san yo pa fè plis pwogrès nan bon jan edikasyon pou tout moun. Ata 10-12 ane lekòl pa te posib pou 85 pou san popilasyon tout moun ventyèm syèk la, anwètan ti gwoup ki boure ak lajan.

Ann Amerik Latin, lè Illich tap ekri liv li a, sa gen 32 an, pa te gen 27 pou san moun nenpòt ki laj ki te depase 6 an lekòl e se yon grenn moun sou chak san moun ki te jwenn yon diplòm inivèsite. Ak tou sa, chak gouvènman te depanse 18 pou san oubyen menm 30 pou san bidjè yo pou lekòl. Pa te gen mwayen pou yo rive nan lekòl inivèsèl.

Yon grenn sitwayen ameriken, ant 12 an ak 24 an, sa li te depanse pou lekòl chak ane, se menm valè ak lajan pi fò moun Amerik Latin reyisi fè pandan 2 oubyen 3 an. E chak ane depans lekòl ap ogmante. Si pa gen gran chanjman ann Ayiti nan jere ti mwayen piti peyi a genyen, nan evite tout kalite gaspiyay, nan koupe depans initil ra tè, nou tou wè afè lekòl pou tout ti Ayisyen nèt anvan 2015, dapre anbisyon *Inesko*, se rèv, se manti. Amartya Sen (2002), ki resevwa yon pri Nobèl ann ekonomi an 1998, apiye pwojè *Inesko* a pou « *edikasyon*

primè inivèsèl distans 2015 ». Li montre nou kote yon refòm serye depi 1872 mennen tout ti Japonè nan wo degre edikasyon depi 1910, jistan Japon te rive pibliye 2 fwa plis liv pase Etazini epi plis liv pase Angletè an 1913. Annapre, Lachin, Taywann, Kore di Sid suiv menm tras. Lekòl inivèsèl enposib nan eta Ayiti ye a. Alevwa yon lekòl ki fèt an franse pou yon mas elèv ki deja gen yon lòt lang, yon sèl grenn lang yo rele : kreyòl. *Kabrit di se sa ki nan vant li ki pou li.*

Pi gwo sèvis Ilich rann nou, se lè li montre: lekòl pou tout moun, lekòl inivèsèl , se pa menm afè ak edikasyon pou tout moun, edikasyon inivèsèl.

Nan yon konferans Chomsky (2003: 171) te fè ann avril 1971, li te di li pap antre nan batay pou li bimen lekòl ak kout pwèn. - Remake se pa de lekòl ann Ayiti li tap pale. - Li pa te fin dakò ak lide Ilich pou yo ta elimine lekòl. Men, li panse moun pa kapab neglije bon valè nan sa Ilich di.

Chapit 3

Konprann sa w aprann oubyen aprann sa w pa konprann?

An 1974, pi gwo tribinal ki genyen o Zetazini rekonèt: *«yon elèv ki pa konprann lang angle a e ki pa jwenn kou espesyal se bare yo bare wout li pou li pa kapab jwenn edikasyon ki rele edikasyon.»* (Nan Reuter 1994: 169)

Sa ki te mennen pawòl pi gwo tribinal o Zetazini an, se yon plent reprezantan 2800 elèv chinwa, nan zòn Sannfransisko, Kalifòni, te fè. Dapre plent la, elèv sa yo ki potko konn angle, pa te resevwa ase èd nan lekòl yo pou yo te kapab konprann sa pwofesè te vle montre yo. Pi gwo otorite nan afè jistis o Zetazini rekonèt se dwa tout elèv lekòl pou yo konprann sa y ap aprann, menm si se moun vini yo ye nan peyi a, ki fè yo poko konn angle dekwa pou yo konprann koze lekòl ann angle.

Ann Ayiti, yon milyon de san mil timoun ki enskri nan tou sa ki pote non lekòl nan peyi a, se pa moun vini ki deja konn yon lang etranje, men, ki pa konn lang peyi a. Se moun peyi a natifnatal ki konn lang peyi a, sa vle di kreyòl, ki pale lang peyi a, sa vle di kreyòl, ki pitit moun ki pale lang peyi a, sa vle di kreyòl, ki nan yon klas kote tout elèv parèy yo pale lang peyi a, sa vle di kreyòl, ki nan yon klas avèk yon matmwazèl oswa yon mèt ki fè pati 45 mil pwofesè lekòl primè ak lekòl segondè, kit prive, kit leta, ki pale lang peyi a, sa vle di kreyòl. Èske pa gen Tribinal Kasasyon, èske pa gen okenn otorite reskonsab ann Ayiti ki ta kapab rekonèt: yon elèv lekòl, mil elèv lekòl, san mil elèv lekòl, yon milyon elèv lekòl, plis pase yon milyon elèv lekòl, san konte plis pase yon milyon lòt

timoun ki pa enskri lekòl ki pa konprann lang franse a, se bare yo bare wout yo pou yo pa kapab jwenn edikasyon ki rele edikasyon toutbon vre, paske edikasyon toutbon vre chita sou KONPRANN ? Konprann depann dirèk de lang yon moun deja konnen. Pou plis pase sèt milyon Ayisyen konnen pa gen lòt chemen prensipal pase kreyòl. Aprann pou konnen pa gen lòt chemen prensipal pase kreyòl.

Aprann pa kè san ou pa konprann, se travay jako repèt, se pa aktivite moun ki gen lespri. Fòse timoun al lekòl pou y aprann sa yo pa kapab konprann, chak jou Bondye kreye, se krim kont entelijans Bondye ba yo a. Se kòm si yo ta pase lòd pou tout elèv lekòl mache pa do sèlman pandan yo lekòl.

Chapit 4

Elèv ayisyen se moun vini nan pwòp peyi pa yo

An 2002, nan tout peyi ki gen plis pase san ane depi yo endepandan, Ayiti se sèl grenn peyi sou latè kote sistèm edikasyon an sèvi regilyè **ak yon** lekòl ak yon lang pi fò moun pa ni pale ni konprann, ni nan kapital li a, ni nan nèt depatman li yo. Pawòl la vle di, Ayiti pote premye pri kòm sèl grenn peyi ki vanse gen 200 ane depi li endepandan, kote timoun ki gen laj pou y al lekòl oblije etidye lekòl nan yon lang etranje. Yo oblije enskri nan lekòl kote se an franse sèlman lekòl fèt, se ak liv an franse sèlman, lekòl sèvi, oubyen se prèske an franse sèlman tout aktivite aprann fèt. Leson an franse, dikte an franse, analiz gramatikal an franse, redaksyon an franse, vokabilè an franse, pwezi an franse, chante an franse, syans sosyal an franse, istwa d Ayiti an franse, jewografi d Ayiti an franse, syans esperimantal an franse, ijyèn an franse, lapriyè an franse.

Bonswa, matmwazèl

Ann oktòb 1995, yon timoun ki te batize nan katolik, te abitye fè yon ti lapriyè chak swa anvan dòmi vòlò l. Apre li fin di:

Papa nou ki nan syèl la, se pou yo respekte non wou. Se pou yo rekonèt se wou ki wa. Se pou volonte wou fèt sou tè a tankou nan syèl la. Pen nou bezwen chak jou a, ban nou li jodi a. Padonnen sa nou fè wou tankou nou padonnen moun ki fè nou kichòy. Pa kite nou pran nan pyèj men delivre nou ak sa ki mal

li te konn di: *Papa Bondye, pwoteje tout moun mwen yo alawonn badè. Li te nonmen non moun li vle: papa l, manman l, frè l, ti zanmi l, eksetera. Novanm 1995 te fè l yon mwa nan premye ane fondamantal yon lekòl prive pwotestan Petyonvil. Yon jou swa, li di moun lakay li, li pa lapriyè menm jan ankò.*

- Ebyen, ki jan ou lapriyè?

- *Au nom de Dieu le Père, au nom de Dieu le Fils, au nom de Dieu le Saint Esprit. Bonsoir, mademoiselle.*

Bonsoir, mademoiselle! te fè pati nouvo fòmil lapriyè an franse li pa konprann nan. Epoutan, yon jou swa, se te menm timoun 7 an sa a, ki te di Bondye:

- *Pwoteje papa m, ki konn kale m, pwoteje manman m, ki konn kale m, pwoteje entèl entèl ki pa konn kale m!*

Se te youn nan plis pase yon milyon elèv lekòl ki konn pale kreyòl sèlman.

Papa l ak manman l tou, tout fanmi li, tout vwazinaj fanmi li, fè pati plis pase 90 % popilasyon peyi d Ayiti ki pa konn pale franse, men, ki konn pale kreyòl sèlman.

Si se 100 lang Ayisyen te pale ann Ayiti...

Sa ki pi veksan: sou latè a, pa gen anpil peyi tankou Ayiti, kote nou pa jwenn okenn gwoup moun ki fèt nan peyi a e ki leve la, men, ki pa pale menm lang ak tout mas popilasyon an depi yo tou piti. O Zetazini, nou jwenn bon valè Endyen, ki pa pale angle depi yo piti, plizyè milyon moun ki pale panyòl, ki pa pale angle depi yo piti. O Kanada, menm sitiyaasyon pou plizyè gwoup Endyen ak Eskimo (yo pi pito rele yo Inuit). Menm jan pou anpil Endyen o Meksik, Gwatemala, Bolivi, Pewou, Ekwatè, Brezil. An Bèljik anpil moun ki pale franse, pa pale flaman ditou, anpil moun ki pale flaman pa pale franse depi yo piti. Menm jan pou yon valè moun ki pale alman.

Ann Ayiti, nan 27 mil 700 kilomèt kare peyi a, ni nan kapital la, ni nan vil pwovens yo, ni nan plenn, ni nan mòn, ni bò lanmè, ni nan fen fon peyi a, pa gen okenn gwoup Ayisyen ki sèvi ak lang pa yo sèlman, san lang sa a pa kreyòl. Nanpwen okenn gwoup Ayisyen ki bezwen entèprèt pou yo pale ak Ayisyen ki ta fè pati yon lòt gwoup.

Konpare sitiyaasyon Ayiti a ak sitiyaasyon 8 lòt peyi (prèske tout se ansyen koloni Angletè oubyen Lafrans), Nadine Dutcher (1995) nonmen nan yon liv sou keksyon edikasyon swa nan premye lang elèv lekòl, swa nan yon dezyèm lang. O Zetazini, dapre Dutcher (1995: 29, 35, 190), gen 155 lang endyen diferan, e gen gwoup plizyè milye moun ki sèvi anpil ak plis pase 100 lòt lang tankou: alman, arab, chinwa, espayòl, franse, italyen, japonè, koreyen, kreyòl ayisyen, polonè, pòtigè, vyetnamyen, yidich, eksetera.

Nijerya, ann Afrik, sitwayen peyi a pale plis pase 400 lang diferan. O Filipin se 160 kon sa, yo pale. Vànwatou gen plis pase 100 lang nan peyi a. Il Salomon depase 60 lang. O Kanada gen 50. Gwatemala gen 25. Il Fidji gen plizyè lang, moun ki la depi syèk pale, ak sèt lang ki sot o Zenn.

Franse bare wout Pouchon ki gen uit an

Ann tounen ann Ayiti, 27 septanm 2000, nan klas elemantè 1 yon lekòl Kafou. Kounye a yo rele klas sa a premye ane fondamantal, lè yo pa kontinye pale de dizyèm nan sèten lekòl, de sizyèm primè nan lòt lekòl. Larantrè te fèt ofisyèl nan kòmansman mwa septanm nan. Pouchon, yon tigason uit an, te gen pou l aprann leson l pa kè pou landemen. Se te nimewo 1, paj 4, yon ti liv an franse (san dat) mesye Moris ekri.

“I. Qu’appelle-t-on Antilles?”

On appelle Antilles la réunion d'un groupe d'îles. On distingue les Grandes Antilles, les Petits [yon erè nan enprimri a] Antilles et les Bahamas ou Lucayes."

Pouchon pa te reyisi fè lèt pouse son. Alevwa pou li ta fè yo remèt sans. Landemen, manman l esplike m, li te fèk pèdi yon ane lekòl. Yon gran frè l, 14 an, ki te nan klas sètifika, sèten Pouchon pa kab kenbe anyen nan tèt li. Kwak sa, Pouchon konn non tout gwo jwè foutbòl Brezil ak Ajantin. Tigason an pa pi konprann franse pase mwen menm mwen ta konprann *islennka*, lang 272 mil 512 moun ki abite ann Islann yo. Men, Pouchon yon ti Ayisyen uit an ki konn pale kreyòl sèlman pa nan menm ka avè m. Pandan m abitye ak alfabè laten, pandan mwen konn li plizyè lang ki sèvi avèk li, ata alman ki nan menm gwoup lang ak *islennka*, mwen kapab rekonèt plizyè mo ak kèk pawòl ki ekri nan lang sa a. Men, mande yon ti Ayisyen, uit an, ki kòm yon ti zile nan lanmè kreyòl, manman l pale, papa l pale, 3 gran sè l pale, 2 gran frè l pale, tout vwazinaj li pale, kenbe twa fraz franse li pa konprann, nan ti tèt li, èske se pa enbesilite, èske se pa mechanste?

M ap mete nimewo leson Pouchon tap aprann nan an kreyòl. Mwen prèske sèten pwofesè l la pa te fè sa. E si l te fè sa, li pa te ekri pawòl yo an kreyòl. E si l te ekri yo an kreyòl, ni li, ni pèsonn pa te montre Pouchon li an kreyòl.

Sa yo rele Antiy?

Sa yo rele Antiy se yon gwoup zile ki ansanm. Gen gran Antiy ak ti Antiy. Gen Baamas, yo rele Likay tou.

Koze a gen twa non peyi, yon ti elèv premye ane fondamantal, ki pale kreyòl sèlman, poko janm tande nan vi l. Liv li a pa gen okenn kat ladan n. Siman pa te gen okenn kat nan klas li. Ni yo pa janm montre timoun yo yon kat ak fason pou yo gade yon kat. Ann Ayiti, kèk moun, espesyalman nan zòn Latòti, Nòdwès, Pòdepè, konn tande pale de Baamas. Yon valè timoun bò la gen fanmi nan zile sa yo. Nan zòn Pòtoprens, Kafou, Lwès, Sid, Sidès, nou mal pou jwenn timoun uit an ki janm tande non Baamas. Afè Likay la, se bliye sa. Antiy, menmman parèyman. Ki fè la a, se pa kon sa pou yo annik bay timoun laj sa a aprann yon koze ki gen non sa yo, pa kè. Remake mo franse 3 grenn liy sa yo, ki pa fanmi pre ak mo kreyòl:

Qu' + vwayèl - appelle - on - un -

Ti mo kreyòl ak fòm pawòl tou le jou, tou senp, tankou

yo - sa yo rele - gen - ak - ti

make yon gwo diferans ant mòd pale yon ti Ayisyen uit an, ki pa gen lòt lang pase kreyòl, ak lang franse leson yo ba l aprann pa kè a.

N. Smith (1999: 176), yon angle ki espesyalis lasyans lang, gen yon pawòl ki fèt pou sistèm lekòl tèt anba k ap kraze milyon timoun tankou Pouchon nan peyi nou an:

chèche desann sa moun konnen nan nivo sa moun pa konnen se yon mannèv alanvè pou gate yon kòz.

Ann Ayiti, lekòl fè pi mal pase sa toujou. Sa li chèche fè ak timoun ki pale kreyòl sèlman, sa vle di ak 99 % timoun ki enskri nan premye ane fondamantal, se mennen yo soti nan sa yo pa konnen pou yo rive nan sa yo pi pa konnen toujou.

Pale pou timoun pa konprann

Depi 140 ane, men sa pi fò pwofesè lekòl ap fè, ann Ayiti, kit yo fè l espere, kit yo pa fè l espere, sa vle di lè yo fè l san yo pa konnen: Yo pale ak pi fò elèv yon jan pou elèv yo pa konprann sa y ap di yo. Si se espere yo fè, sa pa ta gen lòt non pase malveyans ak lenkonduit pedagogik, malveyans ak lenkonduit moral. Si se pa espere, si yo enkonsyan, sa pa gen lòt non pase koripsyon entelijans yo, ki mele ak ajisman moun lespri devan dèyè. Ki jan nou vle granmoun ki nòmal ap pale ak timoun, senk èdtan pa jou pandan 150 jou lekòl pou pi piti, pandan nèf ane lekòl fondamantal, san yo pa rann yo kont pi fò elèv pa konprann anyen nan pawòl franse yo grennen sou yo?

Menm pwofesè sa yo, si yo pa konprann ni angle ni panyòl, epi yo rankontre ak yon etranje ann Ayiti, ki vle pale angle oubyen panyòl ak yo, y ap fè yon siy oubyen y ap di yon mo pou yo montre yo pa konn lang sa yo. Genyen menm k ap byen vekse wè touris sa yo oubyen vizitè sa yo ki konn pale angle oubyen panyòl, pa t degaje yo aprann yon ti franse anvan yo debake ann Ayiti. Men, pwofesè ayisyen sa yo menm, ki konn pale kreyòl depi yo gen 2 ane, sa k fè se pa an kreyòl yo pale ak elèv yo, lè yo byen konnen: tout konn pale kreyòl depi yo gen 2 an, epi pi fò nan yo pa konn pale lòt lang pase kreyòl? Pou di se konnen yo pa ta konnen, sou tout lajè peyi a, depi lan Nò jis nan Sid, *se menm lang kreyòl la sèl ki mete tout Ayisyen ansanm*, selon pawòl nimewo 5 konstitisyon 1987 la?

Pwofesè, depi klas primè jis dènye ane inivèsite, annik sèvi ak bon sans yo, san yo pa bezwen etidye lasyans lang pou yo konprann kèk verite tou senp. Yon sistèm lang kèlkonk grandi nan sèvo/lespri timoun 2 an-4an yon kominote moun tèl zòn. Egzanp: eskimo, nan Nò Kanada (Amerik), albanè ann Albani (Ewòp), lingala, Kongo Kinchasa (Afrik), Tamoul, Sri Lanka (Azi), kreyòl, Ayiti. Sistèm sa a, se mwayen prensipal moun zòn sa yo genyen pou yo brase lide nan tèt yo, pou yo devlope konesans nan tout branch, kilti latè, limen dife, kwit

manje, fè rad, moute kay, pou yo pale ak moun kominote yo, di yo sa ki nan tèt yo, sa yo santi, sa yo wè, sa yo kwè, sa yo renmen, sa yo pa renmen, sa yo swete, sa yo anvi, ki rèv yo fè, sa ki fè kè yo kontan, pou ki sa yo nan lapenn, sa ki fè yo ri, sa ki fè yo kriye, eksepera. Ak sistèm sa a, se chak jou yo gen dwa vin konnen yon bagay yo pa te konnen anvan. Sistèm sa a, lang sa a, pa kapab lakòz yo pa gen tèl konesans. Se pa lang grèk ki te lakòz Aristòt ki Aristòt pa te konnen si se latè ki fè wonn solèy la. Se pa laten ki te lakòz Toma d Aken, Galile, Bakonn pa te konnen si malpwòte pa kale ni vè ni mouch. Kwayans yo te menm ak pa anpil kiltivatè ann Ayiti jodi a, ki pa gen konesans lasyans modèn. E chemen konesans nòmal lasyans modèn pou ti Chinwa, se lang yo pale tou le jou a, pou ti Japonè, se lang yo pale tou le jou a, pou ti Suedwa se lang yo pale tou le jou a, pou ti Ayisyen se lang yo pale tou le jou a. M pa ta oblije di: se kreyòl, si sistèm lekòl tèt anba nou an pa te domaje sèvo anpil moun save k ap li liv mwen an e ki san lè pou yo mande:èske kreyòl se yon lang, èske se pa yon dyalèk?

Li pa te konnen si yon grimèl se yon moun

Koute repons mwen te bay yon ti jennjan ki te poze menm keksyon sa a, nan yon konferans mwen tap fè. Yon ti jennjan tankou w te renmen ak yon ti jennfi. Men, zanmi l pa te konn sa. Yon ti jouda vin di yo sa. Yon zanmi l mande l: Ak ki moun ou renmen? Li reponn: Se pa yon moun non, se yon grimèl. Yon grimèl se yon moun, se yon fi tèl koulè po, tèl kalite cheve. Mòd pale tèl lang yon gwoup moun, a Pari, Masèy, Lyon, a Lonn, Nouyòk, Ottawa, Miyami, Sannto Domingo, Karakas, Madrid, se yon dyalèk lang franse, lang angle, lang panyòl. Mòd pale lang kreyòl gwoup moun Latòti, Gwo Mòn, Pòdpe, Latibonit, Okap, Fòlibète, Lakayè, Pòtoprens, Jakmèl, Premye Plenn Tigwav, Pòsali, se yon dyalèk lang kreyòl Ayiti a.

Sa vle di se youn nan fòm kreyòl nou jwenn nan bouch Ayisyen ak kèk diferans nan pwononsiyasyon sèten mo, nan sans sèten mo, nan lòd ak rapò sèten mo. Chak kreyen vivan sou latè pale youn oswa plizyè fòm yon lang, egal youn oubyen plizyè dyalèk yon lang.

Natirèlman, jennjan ki te mande m si kreyòl se yon dyalèk, ki fè se pa ta yon lang, pa te envante pawòl la pou kont li. Koze a dwe soti nan tèt lòt moun li panse ki pi konnen pase l. Pwofesè lekòl konn repete erè kon sa je chèch. Gen yon liv pou elèv klas segondè etidye laten ki parèt ann Ayiti an 1985 ak yon fraz kwochi depi premye paj : « *O kòmansman, laten te yon dyalèk sankoutya... Se te yon lang abitan.* » Yo kapab tradui sa yon lòt jan toujou : « *Lè laten kòmanse, se te yon dyalèk gwo soulye... Se te yon lang moun andeyò.* » Men 2 fraz franse yo te mete nan liv la pou ti mesye dam ki tapral aprann yon ti laten : « *Le latin était,*

à l'origine, un dialecte grossier...C'était une langue de paysans. » (Srs de St Joseph de Cluny, 1985, Mon premier livre de latin).

Plizyè ane apre devlopman lasyans ak teknik te deja fè moun debake sou lalin epi retounen sou latè, 2 senp ti fraz ap foure manti nan tèt elèv. Nan sèvi mal ak mo *abitan*, *dyalèk*, *lang*, liv la montre li gen 60 ane, 30 ane, 20 ane reta sou konnesans lang ak bon espikasyon nou jwenn nan men savan tankou Sosi (1857-1913) nan kou li te fè ant 1906 ak 1911. Ansyen etidyan Saussure reyisi pibliye nòt li yo an fòm yon liv (Saussure 1969 : 278-280) kote li pale de dyalèk. Gen lòt espikasyon nan Perot (1953, 1963 : 24), nan Matinet (1960, 1963 : 156-160).

Lang kretyen vivan pale, se sistèm ki kale sistèm respirasyon, sistèm dijesyon, sistèm nève. Angiz yo ede elèv sizyèm, senkyèm, katriyèm segondè dekouvri mèvèy yon sistèm estwòdinè ki nan sèvo tout moun, yon sistèm yo rele yon lang, kit se franse, kit se kreyòl, kit se laten, ki lakòz moun kapab brase lide san limit nan tèt yo, moun kapab pale sa yo wè, sa yo santi, sa yo kwè, sa yo renmen, sa yo rayi, eksetera, yo fè yo vale manti kòmkiwa tout moun pa gen menm òganizasyon sèvo.

Yo fè lide dwòl kon sa antre nan tèt elèv an paviyon maske, ann ipokrit. Si lang kiltivatè lontan ki tap travay tè nan zòn Lazyo, ann Itali, pa yon sistèm konplè ki regle son, lòd son, lòd mo son fòm, lòd fraz mo fòm, sans mo ak fraz, sa l ye? Si nou ta kwè se yon sistèm ki pi enferyè pase sistèm laten Sisewon te ekri a, pou ki sa nou kanpe nan wout? Ann kontinye ak menm lojik la. Sistèm respirasyon abitan lontan nan menm zòn nan, pi enferyè pase pa moun tankou Sisewon, ki fè moun sa yo pa te respire byen. Sistèm ki te fè kiltivatè sa yo wè ak je yo, te pi enferyè pase pa moun tankou Sisewon. Byen petèt kiltivatè sa yo te kapab distenge fènwa gwo minuit ak klète solèy gwo midi, men, yo pa te kapab rekonèt figi yon bèl tibebe ennan pa menm ak yon bouke flè woz. Sistèm ki te fè *moun andeyò* sa yo, tandè ak zòrèy yo, te pi enferyè pase pa gran nèg tankou Sisewon. Byen petèt moun gwo soulye sa yo, te kapab tandè loray gwonde, men, yo pa te kapab tandè chen jape, bourik ranni, zwazo chante.

Pawòl kon sa, nan yon liv, atake bon sans elèv yo. Si gen gwo lang ak ti lang, lang siperyè ak lang enferyè, dwe gen lang ankè, moso lang, ka lang, mwatye lang, twaka lang tou. Si pawòl abitan, *moun andeyò*, kiltivatè pale, pa bon pawòl ak bon jan son, ak bon jan lòd, ak bon jan sans, mesye dam sa yo kab pa bon jan moun tou. Nou mèt meprize yo, nou mèt fè yo abi, nou mèt fè yo tounen esklav tou. Èske y ap chonje di elèv ki kòmanse etidye laten, sa yo pa t konn di elèv parèy mwen an 1939-1944: gran nèg tankou Sisewon te gen esklav? Nou wè ki jan erè mennen erè, manti mennen manti, tankou ti rim mennen gwo rim, gwo rim mennen maladi touse, maladi touse mennen lanmò.

Aprè 200 ane endepandans politik, ti elèv ann Ayiti, sa vle di prèske mwatye timoun nan peyi a ki gen laj pou yo ta nan yon lekòl, viktim abi gouvènman franse te fè depi sou tan yon koloni ki te viv sou travay esklav. Yo viktim prejije yon ti gwoup moun, ki eritye byen, mès ak zak kolon yo, e ki asepte vye lide ak vye manti anndan kè yo ak sèvo yo. Kòm kwa gen moun ki ta gen plis valè pase lòt moun. Gen moun ki ta fèt pou yo anwo, gen lòt ta ki fèt pou yo anba. Gen moun ki ta fèt pou gen byen, gen lòt ki ta fèt pou yo nan mizè. Gen lang ki ta plis pase lòt lang. Gen lang ki ta baryè konesans. Gen lang ki ta chemen konesans.

7 twòkèt lafimen pou Ayisyen pote lang franse sou tèt

Lontan, lè te gen lagè, ant 2 gwoup moun oubyen 2 lame, lame ki te genyen lagè a te piye byen lenmi an. Byen lenmi an te tounen byen moun ki te genyen batay la. Jean Fouchard (1972: 96) vin ak yon pawòl kòm kwa Ayisyen ki goumen nan lagè endepandans lan e ki kale lame Bonapat la, ranmase lang ak eritaj kiltirèl Lafrans, kòm byen pèsònèl pa yo, kòm yon richès ki vin rele yo chè mèt chè mètrès. Se ta yon bon rezilta trèz an batay lagè endepandans lan.

Sanble se nan R. Dérose (1956: 5-6), Fouchard jwenn lide sa a « *une conquête, un véritable butin arraché à l'ennemi sur le champ de bataille.* » (mwenn kopye pawòl sa a nan Fleischman, 1984: 117, nòt 13). Gen lòt entelektyèl ayisyen ki aplodi ak pawòl la. Men, èske se verite? Se pa yon lagè endepandans ki fè lang franse ak yon pòsyon eritaj kiltirèl Lafrans gaye tout kote an Matinik epi an Gwadeloup. Se yon lòt senkant an esklavaj ki fini an 1848 (esklav te deja kaba nèt Sendomeng an 1798), ak san ane sistèm koloni (1848-1948), plis senkant an sistèm depatman Lafrans, ki mennen rezilta ki la an 2002. Lòt rezon toujou: sèvis militè tout jenn gason zòn sa yo, moun zile yo ki mouri pou Lafrans pandan lagè 1914-1918 ak lagè 1940-1945, bon valè Matinik ak Gwadeloupeyen ki al travay an Frans, yon valè Franse an Frans ki dirije sèvis gouvènman franse nan zile yo, yon ti pòsyon popilasyon peyi a ki pitit pitit Blan franse depi sou tan lakoloni, e ki mèt pi gwo tè, endistri ak komès, san ane lekòl sou modèl ak chanjman sistèm lekòl ak yon majorite pwofesè ki sot an Frans (anvan moun ki fèt nan zòn nan ranplase yo), yon politik vann tou sa zile yo pwodui an Frans, achte tout pwodui zile yo bezwen an Frans, yon sistèm wout, kannal, elektisite, dlo potab, lajan ki sot an Frans bati epi kenbe anfòm (men, lajan sa a reprezante ti moso nan lajan esklav zile yo te rapòte Lafrans pandan 200 ane).

Lagè endepandans Sendomeng, ki touye plis pase 200 mil nèg, dapre Ros (1994: 197), ki detwi anpil jaden, kannal dlo, moulen kann, gildiv, kay, pa te fè mas ansyen esklav yo vin konn pale franse, ni mas pitit, pitit, pitit yo. Li pa fè mas ansyen esklav yo ranmase yon eritaj kiltirèl franse nan mòd manje yo, chante yo, danse yo, bati kay yo, lapriye Bondye, chèche pwoteksyon lwa yo, okipe mò yo,

swen maladi yo, travay jaden yo, eksetera, ni pitit pitit pitit yo. Li pa fè mas ansyen esklav yo konprann se Franse koulè nwa yo ye, ni pitit pitit pitit yo. Se pitit pitit pitit nèg lib depi sou tan lakoloni, ni moun nwa, ni moulat, (chonje sèten nan yo te etidye an Frans, bon valè nan yo te gen esklav tou), ki kenbe lang franse gran gran gran paran yo te konn pale ansanm ak lang kreyòl la, ki kenbe sèten mès ak abitye franse, ki pa fin menm ak pa Blan franse an Frans. Kote Franse an Frans abitye manje diri ak pwa, bannann peze ak bannann mi fri, patat, pen patat, mayi moulèn, mayi griye, mayi bouyi, griyo kochon, soup jòmou, mango, kenèp, akasan, manba, kann, kokoye, bwè wonm, bwè kremas, eksetera? Sistèm lekòl franse a, se kopye yo kopye l apre konkòda 1860 la. E yo pa swiv chanjman ki fèt ladan n an Frans pye pou pye nan pi fò lekòl.

Chapit 5

Ki moun ki pale franse?

Lang franse te rive Sendomeng ak kèk Blan franse ki te sot an Frans, ki te pase nan zile Sen Kristòf, ki te debake Latòti an 1625. Lang franse vin gen plis moun ki pale l Sendomeng, pandan plis Franse pran pye nan koloni an. Lang franse antre dri nan dokiman ki regle afè Sendomeng, etan administrasyon zòn nan pase anba kontwòl gouvènman franse a ak reprezantan li voye yo, espesyalman apre 1697. Ki jan gwo chanjman vin fèt nan sitiyaasyon lang franse nan peyi a yon san ane kon sa pi ta? Èske gen yon devlopman ki fèt poutèt Ayisyen ki pran pouvwa a nèt apre batay Vètyè a an novanm 1803, tou pran lang franse a pou yo, dapre pawòl Foucha a? Moun ki konn yon liv Demesvar Delorme (1870: 182-183) ta kapab kwè sa, dapre yon pawòl ekriyen ayisyen an ekri ladan n: «*Peyi sa a pale franse.*»

Se menm kalite blòf ak aksyon vòlò lang franse a. Sòlda Vètyè yo ki pa te pè boulèt kanno ak bayonèt lame Wochanbo yo, se an kreyòl yo tap chante: *Grenadye a laso, sa ki mouri zafè a yo*. Byen petèt, se pa te pawòl sa yo menm, yo tap chante. Men batay Vètyè a, tankou tout lòt ki fèt depi 1791, se ak gwo rèl, gwo jouman, anpil chante, anpil pawòl ki pale, anpil lòd ki pase an kreyòl, ak bwi vwa nèg ki pa pale franse, yo fè mòn nou yo tranble.

An 1870, sou 2 milyon edmi moun kon sa ki te genyen ann Ayiti, kilès ki konnen si te gen di mil Ayisyen nan tout peyi a ki te konn pale franse, ki te konprann franse?

Anvan esklav plenn di Nò yo revolte an 1791, se karant mil moun ki te pale franse tou le jou Sendomeng kòm lang prensipal yo oubyen kòm sèl lang yo. E yon valè nèg lib ak esklav domestik ki te an kontak avèk yo de trè souvan te pale franse tou. Moun kapab konprann keksyon kontak Ayisyen Sendomeng ak Blan franse pi byen lè yo reflechi sou yon chif Fontus (2001: 34) prete nan yon liv Lebèn, yon chèchè ameriken: Se 700 bato franse ak 80 mil maren franse ki te antre nan pò Sendomeng chak ane. Al wè Pamphile (1988: 24) tou. E se pa te touche tounen tankou bato komès alèkile yo.

Chapit 6

Pale angle

Pou ki sa tout ti Ayisyen, ki fèt ant 1986 ak 1996 e ki janbe o Zetazini ant 1992 ak 1996, konn pale angle fen an 2002, san yo pa gen okenn aksan etranje? Konprann sans pawòl pale angle fen an. Nou kab pa jwenn pawòl kon sa nan bouch anpil pwofesè literati angle, nan bouch bon valè ekriyen ameriken, nan bouch prèske tout pwofesè lekòl primè, lekòl segondè, lekòl siperyè, inivèsite, o Zetazini, o Kanada ann Angletè, ann Ostrali. Pou ki sa? Paske moun ki fè gwo etid nan divès kalite peyi sou latè, konprann se yo menm ki konn pale lang peyi a vrèman vre. Dapre yo, lòt moun pale mal. Men sa, se pa pawòl lasyans. Pi devan nan liv la, n a wè sa lasyans montre nou sou kalite mèvèy sistèm nenpòt ki lang ki nan sèvo yon timoun twaz an ye. Ki lakòz Edouard Sapir (1927: 219), youn nan premye gran savan nan lasyans lang ventyèm syèk la, te deklare: nan keksyon lang Platon menm wotè ak yon gadyen kochon an Grès, Konfisyis pa pi siperyè pase yon sovaj zòn Asam lan nòdès peyi Enn. (Mo sovaj la soti nan prejije ki te nan tèt ata yon gran savan tankou Sapir).

Pou ki sa Janfrann, ki fèt 23 novanm 1986, nan Premye Plenn Tigwav, e ki rive o Zetazini ansanm ak papa l ak manman l an fevriye 1992, konn pale angle fen? Angle rele l chè mèt chè metrès an 2002. Pou ki sa papa Janfrann ak manman l, ki rantrè o Zetazini menm jou ak timoun nan e ki te fin sizyèm segondè Tigwav epi ki te fè lekòl pandan 3 an, pa pale angle fasil tankou premye pitit yo a? Men dat nesans onz moun menm zòn ak Janfrann, ki rive o Zetazini menm epòk ak li:

jou	mwa	ane	premye lèt non ak siyati yo
24	02	65	S. I.
01	05	65	F. T.
27	12	67	S. T.
17	01	68	L. N.
		68	W. O.
22	04	69	T. T.
		70	I. J.
28	12	74	S.M.
01	02	76	G. T.
03	03	76	W.T.
01	02	78	N.T

Sa ki pi granmoun nan onz yo poko gen 40 ane. Sa ki pi piti a prèske gen 25 an. Angle pa rele youn nan mesye dam sa yo chè mèt chè metrès. Nan 7 mesye yo, 2 te fin fè sizyèm segondè ann Ayii. Senk lòt yo pa te rive nan klas sètifika,

men, yo te pase 6, 7 an lekòl. Nan 4 medam yo, youn te fè sizyèm segondè. Twa lòt yo te fè ti klas primè, men, yo te konn li kreyòl byen. Pou ki sa tout Ayisyen ki rive o Zetazini, ant 1992 ak 1996, apre laj yo te plis pase 16 ane, gen yon aksan etranje, lè yo pale angle? Epi nou mèt di, an 2002, se pa pi fò nan yo angle rele chè mètrès.

Angle se pa yo

Nan ka Janfrann ak lòt timoun menm laj ak li (16 an kon sa), èske angle a se pa yo poutèt yo pase plizyè ane lekòl o Zetazini? Èske se aprann yo aprann angle lekòl nan men bon pwofesè kon sa depi yo gen 4 an (si yo te nan jaden danfan), 5 an, 6 an? Nan ka mesye dam ki te deja gen plis pase 16 ane lè yo te debake nan batiman oubyen lè yo te desann avyon, èske se paske yo pa te etidye angle lekòl o Zetazini oubyen yo pa te pase kont tan ap etidye angle etan yo o Zetazini?

Nou jwenn kèk eleman repons keksyon an nan avètisman Moultonn (1970:ix):«Aprann yon lang etranje mande tan, efò, pasyans epi antrènman, antrènman, antrènman».Sitiyasyon mesye dam n ap egzamine la a pa menm ak sitiyaasyon Moulton sipoze nan liv li a. Sa Moulton sipoze se sitiyaasyon yon moun ki nan pwòp peyi pa l, ak moun peyi pa l, k ap pale lang peyi pa l (egzanp: angle o Zetazini, franse an Frans, panyòl an Dominikani), epi moun nan ap aprann yon lang etranje pou kont li oubyen ak konkou lòt moun. Se pa sitiyaasyon Ayisyen lavi mennen o Zetazini, Ayisyen ki te konn pale kreyòl sèlman epi ki oblije degaje yo ann angle. Kontak Ayisyen sa yo genyen ak angle, moun k ap aprann angle, ann Ayiti, nan liv,tankou elèv klas segondè, pa genyen l. Lè travayè ayisyen nan travay, yo tande moun ap pale angle. Yo oblije eseye di kèk mo angle ak moun ki reskonsab travay yo jwenn nan. Men, pinga nou kwè kontak kon sa fèt nan bon kondisyon. Anpil Ayisyen ap travay nan izin, nan faktori jan yo pi konn di o Zetazini.Se kote machin fè anpil bri. Lòt moun mèt pale fò, tande sa y ap di a pa fasil. Epi se pa kote moun kapab rete nan gran koze, nan bay odyans.Met sou sa, pi fò moun ki fèk rive nan peyi a, se kontak ak Ayisyen parèy yo, yo genyen. Ti espikasyon yo bezwen nan travay yo, nan lari, nan magazen, yo chèche yo nan bouch kèk Ayisyen yo rankontre. Lè yo oblije pale ak moun peyi a, se atò yo wè jan sa difisil. Tande pawòl moun k ap pale yon lang etranje, se pa bagay ki fasil. Sanble moun yo pale vit. Epi di yon moun ou pa konprann sa l di a epi mande l repete pawòl la, se yon sitiyaasyon ki dezagreyab ni pou wou, ni pou li. Sa kapab fè tou 2 moun yo depasyante, kaze yon kite sa.

Lang etranje se baryè:granmoun kanpe,timoun pase

Sa nou wè nan egzanp onz mesye dam ki rive o Zetazini menm ane 1992 la, menm dat ak Janfrann e ki vo pou tout kalite lòt etranje, kit Ayisyen, Dominiken, Chinwa, Vyetnamyen, Afriken, Ewopeyen? 10 an pase sou yo. Ak tou sa, angle a kontinye ba yo pwoblèm. Yo pa fouti sèvi lib ak angle a tankou yo pale tou sa yo konnen fasil an kreyòl oubyen an panyòl, oubyen nan lòt lang pa yo.

Men, pitit yo, sa ki te tou piti, sa ki te gen 10 an, sa ki potko gen 13 an e ki rantre o Zetazini ansanm avèk yo, tou sa yo konnen, tou sa ki nan tèt yo, tou sa ki nan kè yo, byen kou mal, yo kapab pale yo lib ann angle.

Ala mal konprann moun ta mal konprann, si yo te kwè se bon jan pwofesè yo te genyen nan lekòl ameriken, ann angle, pandan 10 an, pandan 9 an, 8 an, 7 an, 6 an, 5 an, 4 an, 3 an, 2 an, ki lakòz. Oubyen si yo te kwè se pi mwens tèt chaje, aktivite travay, fatig redi nan travay, pase paran yo ki fè yo pase plis tan ap etidye angle. Yo te pi enterese pase granmoun yo. Epitou gen yon pawòl ki di: *Jako rèk pa kab aprann*. Tèt granmoun pi di pase tèt timoun. Tou sa se move esplikasyon ki pa esplike anyen.

Gen etranje gran konnen ki soti nan peyi yo kote yo te etidye angle nan liv. Yo te li jounal ak liv ann angle ak bon jan konprann. Yo pati al abite ann Angletè oubyen o Zetazini ansanm ak pitit fi yo, pitit gason yo ki te gen 4, 5, 6 an kon sa. Sou 2 an timoun yo pale angle w a di se ti Ameriken, ti Angle. Papa yo ak manman yo li tout kalite koze nan jounal, nan liv ann angle, selon branch yo, si yo doktè, si yo enfimyè, si yo pwofesè inivèsite. Timoun yo menm ki vin gen 6 an, 7 an, 8 an, ak ti konesans wòwòt timoun laj sa genyen, kòmanse kab li ti koze ann angle pou timoun, men, yo pa ta konprann anyen nan gwo koze lasyans, ann angle, paran yo ap li.

An 1970, m t al nan yon konferans Roman Jakobson tap fè nan yon oditoryòm inivèsite Indiyana. Se te youn nan pi gran lengwis, espesyalis fonoloji ak fonetik, ki vle di sistèm son lang, sou latè a. Se te yon Ris. Depi an 1941, li te o Zetazini.

Lè mwen wè jan m te gen pwoblèm pou m konprann sa l ap di ann angle, mwen mande Mak, yon kòlèg ameriken ki te bò kote m, si se angle m ki kout kon sa ki fè m mal pou konprann konferansye a. Li reponn mwen: Se pwononsiyasyon msye ki pa anfòm. Se poutèt sa, li menm Mak ki ameriken, li pa t suiv koze a fasil. Pi devan, m vin konn yon blag yo te fè sou Jakobson. Yo di li te konn pale *konz* lang diferan *an ris*. Sa montre nou difikilte sistèm son yon lang etranje bay moun ki pa te benyen nan lang sa a lè yo te timoun ki poko fòme. Lè nou reflechi sou pawòl sa yo, nou wè:

Aprann yon lang etranje, kòm moun ki depase 16 ane, se pa menm bagay ak atrap yon lang etranje, kòm timoun ki poko gen 13, 14 an.

Aprann yon lang etranje, kòm moun ki depase 16 ane, mande anpil tan, anpil efò, anpil etid, anpil konkou lòt moun ki mèt lang lan. Rezilta moun k ap aprann nan jwenn, depann de yon pakèt kondisyon moun nan gen dwa pa kapab chwazi. Yo pap menm pou chak moun. Gen moun ki rive pi lwen, pi vit, pase lòt moun, san yo pa pi entelijan pou sa, san yo pa travay pi di pase lòt pou sa. Ki fè, konesans jeneral yo genyen, konesans espesyal yo bezwen, pa dwe depann de yon lang etranje y ap aprann. Moun ki kwè fòk tout Ayisyen ta konn franse, kòm yon kondisyon pou yo ta kapab devlope bon jan konesans, se tankou moun ki ta kwè fòk tout Ayisyen ta manje menm kalite manje ak Fenlandè peyi Fenlann oubyen ak Japonè vil Tokyo pou yo ta viv an sante. Yo bliye pwovèb la: *Baton ou gen nan menm w, se avè l ou pare kou*. Kòmkiwa: lang ou deja gen nan tèt ou, se avè l ou devlope konesans ou bezwen pou ou regle pwoblèm lavi a mete devan w.

Granmoun jodi a se timoun ayè. Ti kochon di manman l:

- Manman, manman, kòman dyòl ou long kon sa?
- Pitit, apa vini w ap vini.

Aparèy pou atrap lang

Tout timoun fèt ak yon sistèm espesyal pou lang nan sèvo yo. Yo fèt ak yon gramè inivèsèl nan tèt yo ki baz pouvwa ni pale yon lang, ni konprann yon lang. O komansman, jan sistèm nan ye a, nou mèt gade l kòm yon mekanik pou atrap lang, kòm yon aparèy pou fè lang devlope nan sèvo timoun. Ann angle, Chomsky (2001:135) ba l yon ti non *LAD (Language Acquisition Device)*. Lè sèvo a rive nan dat devlopman nòmal li pou lang, koze ki frape zòrèy timoun yo, deklannche mekanik la. Selon prensip fiks ki nan sèvo tout kretyen vivan, ak kèk lòt prensip, sava rele paramèt, ki gen 2 bò, yon bò + ak yon bò - tankou elekrisite, aparèy pou atrap lang lan chwazi direksyon + oubyen direksyon -, dapre analiz li fè sou done timoun yo tande. Done tèl lang se eleman ki fè pati sistèm lang lan. Se tèl kalite son. Se tèl lòd ak tèl konbinezon son yo genyen. Se kòman yo mache youn dèyè lòt. Se ki rapò youn genyen ak lòt ki fè se tèl kalite mo yo remèt. Se ki rapò yon mo genyen ak yon lòt mo ki fè se tèl sans yo remèt. Se ki rapò yon seri mo genyen ak yon lòt seri mo ki fè se tèl sans plizyè pawòl ansanm suit an suit genyen.

Kèk egzànpl pawòl timoun tande

Ann chèche wè pi klè ak kèk egzanp. Timoun piti ann Ayiti, bò Wanament, bò Bwadlorens, bò Beladè, bò Malpas, lòt kote pa lwen fontyè a, tandè pawòl tankou:

(1) *Manman w mete bak la a tè.*

Nan lang panyòl timoun piti tandè nan zòrèy yo, lòt bò fontyè a, an Dominikani, nanpwen son /an/ ti Ayisyen tandè nan:

(2) *ban, dan, chan, gangan, jan, kan, manman, nan, pantan, ran*

Nanpwen son /e/ ki distenge ak son /è/ tankou nan:

(3) *te-tè, tibebe-ti bèbè, mache-machè, bade-badè, lage-lagè*

Nanpwen son /o/ ki distenge ak son /ò/, an panyòl tankou an kreyòl nan:

(4) *Fè yon ti bo pou mwen. Ki bò lajan an ye?*

Nan lang ti Dominiken tandè a, nanpwen son /o/ ki distenge ak son /ò/.

(5) *bo-bò, fo-fò, ko-kò, lo-lò, mo-mò, po-pò, so-sò*

Premye son, premye konsòn ki nan /bo/ Dominiken pa distenge l ak sa ki nan /vo/.

(6) *bo-vo, ba-va, Labe-lave, bè-vè, bonbon-vonvon, bòl-vòl, abi-a vi*

Ti Dominiken pa tandè son /en/ ki nan *mwen*, ni son /on/ ki nan *bonbon*.

(7) *bon-bòn, Ivon-Ivòn, kon-kòn, Timon-ti mòn, son-sò n*

(8) *chen-chenn-chèn, ben-benn-bè n, pafen-pafen n-pa fè n*

Egzanp (7) ak (8) pou Dominiken, se tankou bwi lang chinwa nan zòrèy Ayisyen.

Nou tou wè lè yon tibebe benyen nan yon lang, aparèy pou atrap lang ki nan sèvo l la, gen tan rekonèt sistèm son lang yo pale kote li leve a, depi li gen 2 an kon sa rive sou 3, 4 an. Se pa aprann l aprann lang lan, nan fè efò, nan repete, nan suiv pawòl moun ki ta korije l, ki ta esplike l kouman pou l pale. Aparèy pou atrap lang lan gen tan fè bon analiz sistèm lòd mo ak rapò lòd mo, yo rele

sentaks la. Menm jan pou sistèm sans mo ki regle rapò sans tèl mo ak konbyen lòt nan vokabilè yon lang. Se kon sa ti Ayisyen rive konn kreyòl. Yo konprann kreyòl. Yo pale kreyòl. E nanpwen bout nan kantite pawòl ak kalite pawòl yo kapab konprann, yo kapab pale an kreyòl depi yo gen 2 an, 3 an, 4 an, 5 an, 6 an, 10 an jis yo mouri a 101 an tankou defen Manman Titant, a 110 an tankou defen Taten, mwen te rekonèt Fòwayal, Premye Plenn Tigwav, depi mas 1986 jis ane 1998.

Se kon sa ti Dominiken rive konn panyòl. Yo konprann panyòl. Yo pale panyòl. Pawòl yo san bout an panyòl. Se kon sa tou pou ti Chinwa an Chin, an chinwa, pou ti Ameriken o Zetazini, ann angle, pou tout timoun nòmal ki sou latè a, nan 6 mil lang diferan, pou tout timoun nòmal ki te sou latè depi 60 mil ane (dapre anons yon konferans nan Akademi Syans Nouyòk la, nan revyi akademi an, nimewo mas 2003:16) oubyen pi plis (nou pa sèten, ni nou pa konn nan konbyen lang).

Ti moso verite nan « Jako rèk pa kab aprann »

E granmoun atò? Èske yo pa gen aparèy pou atrap lang lan tou? Kote l pase, piske li te fè pati sèvo yo lè yo te piti? Fè tèt nou travay. Chonje yon tibebe ki te peze 5 liv. Kounye a 18 ane pase sou li. Li peze 125 liv. Wotè l se 1 mè 66 santimèt = 5 pye 66 pous. Li rive tout wotè l. Li fin grandi. Pouvwa grandi a te nan jèn li, selon mòd pale lasyans, sa vle di, nan yon eleman Asid Dezoksiribo Nikleyik (ADN) ki nan 23 pè kwomozòm chak selil nan kò moun genyen (Jones, Chenberg, Bier, 1978: 105, 370, 401, 414,). Se yon jèn ki make ki koulè je yon moun ap genyen, ki wotè l ap rive (Pinker, 1995 : 476, - Uriagereka, 1998 : 599). Rive yon laj, pouvwa grandi a rete.

Gade yon jennfi ki kòmanse gen règ li. Alèkile, kò li rive gen yon nouvo pouvwa li pa te genyen anvan sa. Kounye a li kapab pote yon pitit nan vant pandan nèf mwa. Li kab tounen yon manman ki akouche, ki bay yon tibebe tete, ki sevre l. Epi yon lè, lòt chanjman fèt nan kò l toujou, lè li tounen yon granmoun 47 an kon sa. Li pa gen règ li ankò. Li vin arete. Li pa kab fè pitit ankò. (Jones, Chenbèg, Bier, 1978: 415)

Gade yon tigason ki fèk fèt. Ti po manton l dous tankou po mango fransis. Li vin gen 18, 20 ane. Chouk bab nan figi l tankou graj. Yon tigason k ap fòme, vwa l vin chanje. Li gen dwa gen gwo vwa, lè li gen 16-17 an. Kon sa gen chanjman ki fèt nan kò moun, nan sèvo moun tou.

Aparèy pou atrap lang gen yon travay prensipal li fè dekwa pou tout timoun nòmal ki pa domaje grav nan sèvo, devlope yon sistèm lang konplè ant 2 an ak 3 an, epi pou yo kontinye atrap lòt lang fasil, depi yo benyen ladan yo, jis gran chanjman fèt nan tout kò yo, lè yo tounen gran jennjan, gran jennfi. Men, lòt branch nan sèvo/lespri yo devlope pou yo kapab aprann lòt lang, tankou yo aprann mizik, desen, penti, syans sosyal, syans egzak, matematik, eksetera. Gen anpil anpil anpil lòt konesans kretyen vivan genyen, se aprann yo aprann yo nan fè jefò. Se poutèt sa gen yon pwovèb pèsan ki di : *Rasin konnen anmè, men, fwi konnen dous.*

Tibebe menm menm pa aprann respire, yo pa aprann wè, yo pa aprann dòmi, ni tete, ni vale, ni chita, ni rale, ni kanpe, ni mache, ni kouri, ni souri, ni ri, ni manje... ni pale. Se yon mòd konnen san aprann.

Moun vin konn pale angle nan 2 kondisyon

1. Gen moun ki fèt nan peyi kote se angle ki lang zòn nan. Moun ki benyen nan angle depi yo fèt oubyen anvan yo fin fòme, atrap lang angle a. Lang angle a grandi nan sèvo/lespri yo. Se pa lekòl ki lakòz yo pale angle, yo panse ann angle, yo reve ann angle, yo babye ann angle, yo joure ann angle, yo bougonnen ann angle, yo bay bag ann angle. Angle anwayi tout aktivite yo, tout santiman yo, tout vi yo. Dapre Chomsky1964 : 562-563: «*Men yon remak ki fèt souvan. Yon jenn timoun ki janbe nan yon lòt peyi ak paran l, kab aprann yon dezyèm lang nan lari nan bouch lòt timoun tout boulin yon fason ki fè moun sezi. Li pale lib, li pale anfòm nèt, ata nan pwononse ti detay. Ti pèlen nan lang tounen jwèt pou li, pandan se kale yo kale paran l, kwak granmoun yo enterese anpil epi yo fè anpil efò ak lang lan.*» (Epi 2003 : 45, 47, 48).
2. Gen moun ki pa te fèt ni ki pa te leve nan yon zòn kote tout lòt moun oubyen pi fò lòt moun pale angle. Yo vin abite nan yon peyi ki pale angle, pandan yo deja fòme. Yo gen dwa aprann angle nan kontak ak moun ki pale angle e ki konn pale yon lòt lang moun k ap aprann angle a, konnen. Y ap aprann angle nan pèdi tan pou sa, nan fè anpil efò, nan fè fopa. Anwetan 2, 3 grenn moun, yo pap rive pale lang lan tankou moun peyi a natifnatal. Etidye ak konkou bon pwofesè, ak konkou anpil lekti, ap ede yo fè gran pwogrè. Men, konesans angle a pap antre sou yo nan 2 tan, 3 mouvman. *Chemen long, gonbo di.*

Gen yon lengwis ameriken, Mc Laughlin (1978 : 47-59) ki eseye esplike pou ki sa pitit etranje ki janbe nan yon lòt peyi, vin konn lang nouvo peyi a pi rapid epi pi byen pase paran yo. Dapre li, se paske yo gen plis kontak ak lang lan. Kòmkiwa lang lan vlope yo plis. Kòmkiwa yo pi byen benyen nan nouvo lang lan

pase paran yo ak lòt granmoun ki soti menm kote ak yo. Gen moso verite nan sa li di a pou pi fò timoun ki rive nan yon lòt peyi ansanm ak lòt granmoun nan fanmi yo.

Men, ann egzamine sitiasyon an pre pou nou pa kite aparans mennen nou nan move rezon, nan espikasyon ki sou mank. Dabò konparezon benyen an montre nou kichòy ki enteresan. Si 2 moun ki te tonbe nan labou, benyen nan yon bon dlo rivyè ak menm kalite savon santi bon, epi youn savonnen kò l 3 fwa, li tranpe tout kò l nan dlo a pandan yon demiyèdtan. Lòt la savonnen kò l byen savonnen 2 fwa, epi li fè yon kadè ap benyen, ap fwote kò l. Nou mèt di tou 2 pwòp nèt. Youn pa pi pwòp pase lòt.

Lè nou pale de kontak ak yon lang kòm yon kondisyon pou sistèm lang lan tounen yon konesans nan sèvo/lespri moun, nou gen rezon sipoze gen yon degre kontak ki kont e gen yon degre kontak ki pa kont. Dapre devlopman lasyans kounye a, nou pa an mezi konnen ki longè kontak ki kont, ki nesesè pou sa mennen tèt rezilta. Men, nan sèvi ak bon sans nou, ak entelijans nou, nou kapab panse : nan distans 2 an, pi fò granmoun (ki gen plis pase 16 an)ak pi fò timoun (depi 6 an jis 15 an) gen kont kontak ak sistèm son ak divès lòt sistèm lang angle, nan aktivite lekòl, nan aktivite travay, nan tout kalite lòt aktivite o Zetazini, pou aparèy pou atrap lang oubyen lòt branch sèvo/lespri yo vin chaje ak done pou yo analize sistèm sa yo. E sa sanble pi vre toujou apre moun fin pase 3 an, 4 an, 5 an, 10 an nan lòt peyi a.

Paran ki janbe aletranje ak timoun piti

Gen kichòy Mc Laughlin pa chonje oubyen li pa kalkile: anpil manman pitit, anpil papa pitit janbe o Zetazini sot ann Ayiti oubyen lòt kote. Yo travay di pandan ennan, 2 an, 3 an, 10 an menm, anvan yo an mezi regle viza ak papyè imigrasyon pou pitit yo vin jwenn yo. Lè timoun sa yo rantre o Zetazini, pou ki sa, apre 2 an nan nouvo peyi a, yo depase paran yo nan konesans angle, espesyalman nan pwononsiyasyon? Yo gen 2 an kontak ak angle. Paran yo gen dwa gen 4 an, 5 an, 12 an. Lè yo rive sou 5 an kontak ak angle, paran yo gen dwa gen 7 an, 8 an, 15 an kontak. Lè kon sa tout ti Ayisyen ki poko gen 13, 14 an pale angle yon jan ki fè Ameriken, ni granmoun, ni timoun, ta gen dwa konprann se ak ti Ameriken natifnatal y ap pale.

Menm Ameriken sa yo, ni granmoun, ni timoun, fasil rekonèt se pa yon Ameriken natifnatal k ap pale avè yo, lè yo annafè ak yon Ayisyen ki te rive tou granmoun o Zetazini. Kwak yo kapab rekonèt se yon save ki li gwo liv angle, ki lage gwo kout angle lasyans sou yo, gwo kout pawòl literati angle, k ap pale. Tankou egzanp savan ris yo rele Jakobson nan, m te bay la.

Mac Laughlin pa distenge 2 pwoblèm diferan, 2 keksyon ki pa menm. Youn se pandan konbyen ane yon timoun atrap yon lang etranje lè li vin benyen ladan n? Lòt la se *peryòd kritik* sa a, jan savan rele l la, sa li ye vrèman vre, sa ki lakòz li? Nou poko reyisi gen bon jan repons pou dezyèm pwoblèm sa a. (Al wè Pinker 1995: 290-296, - Uriagereka 1998 : 124, 126, 455, 524, 539, 553, - Gopnik, Mèlzòf, Koul, 1999 : 190-194, - Otewo, nan Chomsky 2003 :19, nòt 6).

Mc Laughlin (1978: ix) vin enterese nan pwoblèm devlopman konesans yon lang nan sèvo/lespri timoun piti pandan 3 an li pase ann Almay ak madanm li ansanm ak 3 ti pitit yo. Li okouran anpil etid ki parèt sou pwoblèm sa a. Se sèten li pa te janm gen okazyon pase kèk tan nan mitan yon kominote *etranje* ki soti nan peyi yo e ki janbe o Zetazini. Yon esperyans kon sa, tankou trèz ane m pase Bwouklin, Nouyòk, nan katye travayè ayisyen, ta ede l konprann fòs ak valè yon egzanp Tchomski li prezante trè byen: «*timoun vini an, pa gen pwoblèm atrap lang nouvo peyi a, kwak, malgre paran timoun nan anvi aprann lang lan serye, enterese aprann li anpil – se goumen yo goumen ak li pou gremesi.*» (Maklaflin 1978 : 47). Sa parèt pi klè toujou lè nou annafè ak yon valè granmoun ki pa konn li, ki pa konn ekri oubyen ki pa te rive lwen lekòl.

Mc Laughlin (1978 : 55, 58, 68, 69, 73, 77) kwè : pawòl timoun vini ki atrap yon nouvo lang pi vit pase granmoun, pi fasil pase yo, san aksan etranje, manke prèv. Li menm rive doute si gen aksan etranje poutèt prèske « *tout moun gen yon aksan dapre zòn kote yo soti nan peyi a* » (p.58), epi poutèt nanpwen bon jan definisyon pou « *sa pale ak yon aksan vle di* » . Sa dwòl, lè nou chonje pa gen bon jan definisyon pou anpil bagay nou distenge fasil: moun ak bèt, pyebwa, kò, entelijans, eksetera.

Ki prèv nou bezwen tann pou nou rekonèt diferans anpil moun wè ant 2 sitiyasyon tankou (1) ak (2)?

1. - Anpil timoun 5 an rive o Zetazini. Ni fanmi yo, ni vwazinaj yo, ni lòt moun ki wè yo 2, 3 grenn fwa sèlman, te rekonèt se kreyòl sèlman yo te konn pale. E pou pale a, yo te pale. Pou blabla, yo te blabla. Pou pale anpil yo te pale anpil. Apre 2 an, yo vin konn pale angle. Gade yo ak lòt timoun ki pale angle sèlman. Se menm pale anpil la. Se menm pale san rete a. Men, ann angle.
2. - Anpil ti medam ak ti mesye te sot ann Ayiti, lè yo te gen plis pase 20 ane. Moun ki te rekonèt yo te konnen se kreyòl sèlman yo te konn pale epi bouch yo pa t gen dimanch. Apre 2 an, yo degaje yo malman ann angle. Yo suiv kou angle nan lekòl di swa. An kreyòl, bouch yo kontinye pa gen dimanch. Ann angle, se pa menm afè. Yo yon ti jan mare nan mitan moun ki pale angle sèlman. Yo pa rive konprann bon valè pawòl Ameriken ap di yo. Yo mal pou yo reponn. Fè inèdtan ap pale angle difisil anpil pou yo. E yo renmen pale. E

yo ta renmen pale. Pa mande si yo lage yon kolonn timoun ki pale angle sèlman ak yo. Yo mele.

Se esperyans tout kalite Ayisyen, se esperyans milyon etranje tout peyi, tout ras, fè sou latè a, pandan yo rive nan yon lòt peyi anvan pou yo pale lang lan fasil. E anpil savan rekonèt pwoblèm sa yo. Pinker (1994 : 290) pale pawòl la fen : « *Tout moun konnen aprann yon dezyèm lang pi difisil lontan nan granmoun pase aprann yon premye lang nan timoun. Pi fò granmoun pa janm fin bòs nan yon lang etranje, espesyalman nan fonoloji (= sistèm son) – poutèt sa aksan etranje la toupatou. »*

Chapit 7

Timalis nan wout peyi pa konnen

Nan chapit sa a m ap reflechi ansanm ak moun k ap li liv la sou pwoblèm rapò ki genyen ant lang an jeneral, lang kreyòl Ayiti a espesyalman, avèk konnen, aprann, montre, etidye. Nan reflechi n ap reflechi a, n ap rete nan kad yon sistèm edikasyon fòmèl ki fèt pou tout Ayisyen. Nou pa asepte yon sistèm ki ta satisfè jwenn bon rezilta pou 20 mil moun oubyen pou 100 mil moun menm, pandan li vire do ba 7 milyon lòt Ayisyen ann Ayiti.

Yon moun pa bezwen kontinye li chapit la, si li pa dakò ak yon pawòl Jewòm Bwounè (1968:104) ki gen 7 grenn mo angle mwen tradui ak 7 grenn mo kreyòl tou:
«*Language is a major instrument of thought.*»
«*Lang se yon manman zouti pou panse.*»

M pa kwè okenn moun pa ta dakò ak deklarasyon sa a. M pa wè ki jan yon moun ta ezite di yon pawòl kon sa san li pa ezite di yon lòt pawòl tankou:
Nen se yon manman zouti pou respire.

Men, m ap mete kèk presizyon sou pawòl Bruner te ekri depi an 1965 la (sa gen 37 an), san l pa te konnen ni san l pa te chonje sa ta kapab enterese Ayiti ak Ayisyen.

Premye presizyon ki pa nan liv Bwounè a: *Nanpwen yon sistèm lang an jeneral entèl entèl pale.*

Dezyèm presizyon Bruner pa te bay ni li pa te bezwen bay nan liv li a, se: *Pou moun ki konn angle, angle se yon manman zouti pou yo panse.*

Mwen menm atò, m envite nou kalkile yon pawòl m ap di:
Pou moun ki konn kreyòl, kreyòl se yon manman zouti pou yo panse.

Si nou pa rejte pawòl sa a tousuit, mwen kwè, anvan m fin prezante lide m sou pwoblèm lang ak konnen ann Ayiti pou tout Ayisyen, n ap nan chemen rekonèt:

Pou 7 milyon Ayisyen, konnen pa gen lòt chemen prensipal pase kreyòl.

- Konpè Malis, apa m wè w ap chèche yon wout. Kote w vle ale?
- Konpè, èske ou kab montre m wout peyi pa konnen? Peyi sa a dwe lwen.
- Men non, konpè Malis, wout peyi pa konnen an tou pre. Gen douz mil lekòl kon sa ann Ayiti. Anwetan ven lekòl, antre nan nenpòt nan onz mil 980 lòt

yo, w ap fè vòl dirèk pou peyi pa konnen, ki gen yon lòt non toujou: peyi iyorans.

Kounye a, kite m pase Franck Smith (1983: 8, 9, 30) lapawòl: «*Revè iyorans se pa: konnen.... Revè iyorans se konprann... Revè iyorans se lè ou pa janm satisfè fè yon bagay ou pa konprann.*»

Ann antre nan youn nan onz mil 980 lekòl, an pwovens, Pòtoprens, nenpòt ki kote ann Ayiti, pandan elèv depi 6 an jis 18 an ap resite leson, an franse, san yo pa konprann. Nou deja rive nan peyi iyorans, nan peyi pa konprann, nan peyi pa panse, nan peyi pa reflechi, nan peyi jako repèt, nan lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba.

Se pa pawòl sa yo ki dwe boulvèse n. Se sitiyasyon an ki dwe boulvèse n. Pi devan n a jwenn sitiyasyon ki kapab ankouraje n. Ann vire gade tibebe ak timoun piti nan plenn ak nan mòn peyi d Ayiti ak 3 keksyon:

1. - Sa timoun aprann?
2. - Sa timoun atrap?
3. - Sa timoun tou genyen lè yo fèt? = Nan ki sans nou kapab di:
Timoun fèt tou konnen?

Sa aprann vle di?

N ap kòmanse ak koze aprann nan. Nan mòd pale kreyòl majorite pèp ayisyen an vèb aprann distenge klè ak vèb montre. Egzanp:

- (1) Se bòs Sanon ki montre Dyelfèt mekanik. =
- (2) Se nan men bòs Sanon Dyelfèt aprann mekanik.

Gen yon ti esepasyon ki parèt nan egzanp (3) ak (4), kote nou wè nan (3) aprann = vin konnen,

- (3) Se nan semenn nan m aprann lanmò yon timoun yo te rele Wesnè.

Nan (4) aprann = fè m konnen.

- (4) Se yon zanmi m ki aprann mwen lanmò Wesnè.

Si nou egzamine sans vèb aprann genyen tou le jou, tout kote nan peyi a, nan bouch tout kalite moun, nou wè gen 4 pwen nan aktivite ki pase nan tèt moun k ap aprann.

Premye pwen 1. - Moun nan konnen li pa konnen tèl bagay oubyen li poko konnen tèl bagay. Egzanp, Dyelfèt te konnen li pa te konn ranje motè machin.

Dezyèm pwen 2. - Moun nan konnen aktivite a pa otomatik. Se pa nan 2 tan, 3 mouvman, Dyelfèt te kwè l ap konn sa k nan vant yon motè machin, l ap rekonèt sa ki fè l pa mache byen, l ap konn sa pou l fè pou l repare l, l ap kapab kontwòl si motè a mache byen apre li fin repare l.

Twazyèm pwen 3. - Yon moun konnen fò l gen èd: yon lòt moun ap ede l, yon bòs mekanisyen, konsèy lòt moun ki abitye ranje machin, modèl li kapab imite. Oubyen li jwenn konkou liv, revyi, espikasyon ekri, espikasyon sou mekanik nan òdinatè, nan entènèt...

Nou jwenn 3 eleman sa yo nan aktivite timoun 6, 7, 8 an k ap aprann *li*, k ap aprann *ekri*. Dapre dezyèm eleman an, aprann mande tan, espesyalman lè nou ann afè ak yon teknik ki konplike oubyen ak yon sistèm ki konplike. Dezyèm eleman sa a mache ak lide efò. Moun pa aprann youn nan 5 metye tankou daktilograf, ebenis, kòdonye, koutiryèz, mekanik, san yo pa fè efò ak tèt yo. Epi an Dominikani, an Frans, an Risi, o Zetazini, timoun pa aprann li ak ekri dous dous dous tankou yo aprann souse yon kòne krèm alaglas.

Dapre twazyèm eleman an, moun k ap aprann nan, jwenn èd nan men lòt moun (yon sekretè biwo ki abitye tape vit alamachin, yon bòs ebenis, yon bòs kòdonye, yon gran koutiryèz, yon bòs mekanik), nan liv, nan pwogram òdinatè, nan videyo, ekseptera.

Katriyèm pwen 4. Gen yon katriyèm eleman nan sa nou abitye rele aprann. Se rezilta aktivite a ki pa menm pou tout moun. 2 frè m aprann jwe pyano. Yo pa menm avè m, pandan mwen pa depase ladrès monte gam ak 2 men. Yo menm yo se gran pyanis. Tout pwofesè premye ane, dezyèm ane, twazyèm ane lekòl primè, kit o Kanada, kit an Bèljik, kit an Suis, konnen: degre lekòl ak ekriti elèv menm klas, menm lekòl, menm pwofesè, pa menm nan fen menm ane a.

Sa tibebe konnen?

Men, ann rive sou tibebe ak timoun piti nan peyi nou.

Lè Michlèn ki vin gen 3 an, 24 desanm 2002 a, te pi piti, gran plezi l, lè fènwa rive, se te pile limyè flach mwen, etan m klere a tè a. Epi lè m vle etenn flach la, li vin souffle l tankou yo souffle yon balenn oubyen yon lanp gaz. Pou m fè l plezi, menm moman an, m touye flach la.

Lè li vin gen 2 an 7 mwa, li jwenn flach la. Li jwe avè l. Ti dwèt li pase sou bouton an. Flach la limen. Li pa souffle l. Li pase ti men l sou bouton an jistan li etenn flach la. Apre sa, li limen l, li etenn li plizyè fwa. Se aprann l aprann limen

flach la, etenn li. Li pa te konn fè sa anvan. Li pa te kapab fè sa anvan. Pa prese di se yon devlopman sistèm sansorimotè li ki lakòz. Sistèm nan te deja depase mwayen pouse bouton yon flach. Se jodi li konn bwè nan gode oubyen nan vè pou kont li. Se jodi li konn kenbe yon kiyè lè lide l di l mete manje nan bouch li ak kiyè a (Al wè chapit 13, nimewo 6)

Se yon egzanp aprann. Li wè moun pouse bouton flach la, tankou li wè moun pouse yon bouton elektrik monte pou yon anpoul limen. Yo pouse l desann pou etenn limyè a. Men, nou wè: se pa fin menm aprann ak sa nou sot pale a. Nou pa oblije kwè Michlèn te konnen li pa t konn limen yon flach, jan Dyelfèt te konsyan li pa t konn repare motè.

Nou pa oblije di li tap fè kont efò l pou l rive konn limen yon flach.

Nou pa kapab di li te chèche konkou yon moun pou ede l. Gran sè l ki manke 2 mwa pou l gen 8 an, gen dwa mande m montre l kòman yo mete pil nan flach la. Se poko sitiasyon Michlèn, kwak li mande m sirèt e li konn di m

(5) *M pa byen avè w*

lè li wè figi m mare paske li mòde yon lòt timoun oubyen li vle bay gran sè l kou.

Gopnik, Mèlzòf, Koul (1999: 14, 22, 24, 34, 100, 102, 120, 154) esplike anpil bagay Michlèn ak tout lòt tibebe ak timoun piti aprann. Pandan 30 dènye ane sa yo, nou vin konn plis sou entelijans, sou sèvo, sou fason tibebe ak timoun aprann pase sa moun te konnen depi 2500 ane anvan sa. Pawòl nou merite souliyen se: san yo pa fè efò epi san yo pa konsyan y ap aprann. Frank Smit (1983: 30) te deja byen wè kouman mòd aprann sa a fèt otomatik, fèt san timoun pa konsyan y ap aprann epi san lòt moun pa enstwi yo.

Sa tibebe konn nan lang se bèl mèvèy

Tout remak sa yo vo espesyalman pou lang timoun deja konnen distans pou yo kòmanse premye ane lekòl primè. Ant fen 19èm syèk ak mwatye 20èm syèk, pi fò espesyalis lang (lengwis) pa te wè enpòtans yon keksyon tankou: *Kouman fè yon tibebe 1 an edmi ki pa konn pale okenn lang, gen tan tounen yon timoun ki pale anpil, lè li gen 3, 4 an? An pasan, yo te di: Se repete li repete pawòl li tandè. Se imite li imite pi gran pase l. Se korije li korije tèt li, lè li vin rekonèt jan l di tèl pawòl, se pa kon sa lòt moun di l. Oubyen se korije lòt moun korije l.*

Chomsky (1965: 200, 201, 14) poze tèt li keksyon sou pwoblèm tout timoun nòmal nan tout peyi sou latè, ki pa te konn pale lè yo te gen ennan edmi epi ki rive konn pale lib, pale anpil, sou 3 an, 3 an edmi, 4 an. Men yon fraz mwèn li premye fwa nan vi m an 1970:

«Sanble sa klè: anpil timoun atrap yon premye lang oubyen yon dezyèm lang byen anfòm kwak yo pa jwenn okenn swen espesyal (moun) k ap montre yo (yon lang) epi kwak (pèsonn) pa fè atansyon si y ap fè pwogrè.»

Menm moman m fin li fraz Tchomski sa a, mwen reflechi sou yon sitiyasyon lang mwen viv pèsònèl kòm twazyèm pitit yon fanmi boujwa 10 pitit, ki te gen 30 kouzen ak kouzin sou bò papa m ak sou bò manman m, ki te nan menm ka avè m. Pouvwa timoun piti genyen pou yo reyisi atrap yon lang anfòm, parèt klè nan sitiyasyon yon ti ponyen Ayisyen, pitit boujwazi a, sa ki konn rele tèt yo lelit la. Depi 1970, Chomski ede m kòmanse wè klè nan yon pwoblèm lang ki te anba je m depi 43 an. Mwen di l sa lè m rankontre l nan biwo l, 14 jiyè 2000.

Kòman fè timoun ti gwoup piti popilasyon peyi d Ayiti sa a, rive pale ni franse, ni kreyòl depi yo gen 2-3 an? Genyen nan yo, paran yo pa ta vle yo pale kreyòl menm. Sèten paran konn di yo: Se moun ki malelve ki pale kreyòl. Paran yo konn choke si yon moun enstwi pale kreyòl ak pitit yo. Ak tou sa, timoun sa yo pale kreyòl nèt. M pa bezwen di nou: pèsonn pa okipe montre yo lang kreyòl la. Pèsonn pa korije erè yo fè lè yo kòmanse pale kreyòl, tankou tout timoun 2 an, 3 an fè fopa, lè yo kòmanse pale angle o Zetazini, japonè o Japon, chinwa an Chin, panyòl an Dominikani. M pa bezwen di nou: pèsonn pa enterese fèt atansyon pou yo suiv si timoun sa yo fè pwogrè nan pale kreyòl. Ak tou sa, timoun sa yo pale kreyòl nèt.

Yon lengwis ayisyen, Gérard Férère (1974: 204), te fè menm kalite remak la: *«Paran pa okipe ki jan timoun yo pale kreyòl. Mwen menm pèsònèl, se yon temwayaj mwen kab bay: pandan tout ane nan vi m, mwen pase ak Ayisyen, m pa janm tande yon grenn moun ap korije yon timoun oubyen ap esplike l ki jan pou li pale lang lan anfòm.»*

Paran konprann yo pwofesè lang. Podyab!

Gade jan anpil nan paran ki konn pale franse ann Ayiti, cho pou korije timoun yo. M chonje m t al achte kichòy nan yon makèt Bwouklin, Nouyòk, an 1978 kon sa. Yon dam ki te pwofesè lekòl, te ak yon ti pitit fi l, 7, 8 an kon sa. Timoun nan gen lè te fèk sot ann Ayiti. M tande ti cheri a di manman l:

(6) Manman, je veux (ji)sier

Tousuit, manman an di l:

(7) On ne dit pas 'gisier', mais gésier.

Tifi a di:

(8) *Manman, je veux gésier.*

M ap suiv. Mwen remake: yon manman k ap korije franse pitit fi l la. Sa l korije: vwayèl /i/ ki te nan plas vwayèl /e/. Men, li pa wè si se vwayèl /an/ ki nan plas vwayèl /a/, ki ta bay /maman/. Epi li pa rann li kont «*je veux gésier*» suiv fòm sentaks kreyòl la: *mwen vle jizye - mwen vle pen - mwen vle mango*. An franse estanda: *Je veux des gésiers - du pain - des mangues*. Kòmkiwa paran pa menm gen pouvwa korije tout detay pwononsiyasyon, sentaks ak sans mo yon lang timoun konn pale, malgre tout règ dwòl liv gramè franse yo te aprann pa kè lekòl. Alevwa premye pawòl kreyòl timoun piti. Nan ka sa a, se pa paran ki konn pale franse (yon ti ponyen moun nan popilasyon 7 milyon Ayisyen an) ki ta anvi korije pawòl kreyòl ti pitit yo. Gras a Dye!

Men, kouman fè timoun yo pale kreyòl fen? Sa k pase yo? Yo benyen nan kreyòl tankou yo benyen nan franse. Se pa okenn paran, se pa okenn fanmi yo ki pwofesè kreyòl yo.

Esplikasyon yo te konn bay lontan pou fason timoun piti vin konn pale pa esplike anyen. Ata mo aprann nan pa gen valè pou sitiyasyon sa a, sòf si yo sèvi avè l poutèt abitud, tankou moun enstwi kontinye di *solèy leve, solèy kouche*, kwak yo konnen se latè k ap vire tankou topi ki lakòz yon bò l bay solèy la fas pandan lòt bò l ba l do. Esplikasyon granmoun pa ta janm kab fè tibebe ak timoun piti rive konn pale yon lang.

Esperyans wòwòt tibebe ak lang, depi yo sot nan vant manman yo, jis yo gen 2-3 an pa ta janm kapab fè yo sèvi alèz ak yon kalite sistèm konplike ki regle fòm, lòd, konbinezon son yon lang, alevwa fòm, lòd, rapò mo youn ak lòt nan fraz yon lang. Pa mande pou sans mo ak fraz yon lang. Epi afè papa, manman, frè, sè, kouzen, kouzin, tonton, tantin, vwazinaj, zanmi, ki ta sèvi timoun pwofesè lang, se bobin. Ki koze pwofesè ki pa konn yo pwofesè a? Ki travay pwofesè kab fè lè yo menm ki yo menm, yo pa konprann sistèm konplike lang yo pale a plis pase tibebe ki poko pale lang lan ditou?

Yon seri egzanp pral montre nou: timoun piti pa konsyan y ap aprann pale kreyòl e anpil bagay yo konnen nan sistèm lang kreyòl la, se pa aprann yo aprann yo tankou yo te aprann di *mèsi* lè yon moun rann yo yon sèvis, lè yon moun fè yo kado yon sirèt, yon moso gato, yon mango, yon fig, yon fresko, eksetera.

Sistèm son

Mwen di nou: Michlèn konn fè ti boude sou granpapa adoptif li, li renmen anpil la. Li konn rive di: «*M pa byen avè w.*» Sa m pa te di nou, gen de lè li pwononse pawòl la kon sa:

(9) *M pa byen avò w.*

Sa vle di yon tifi 2 an 10 mwa te deja konn sèvi ak yon detay sibtil sistèm fonolojik-fonetik kreyòl Ayiti a pi fò Ayisyen gran konnen pa janm remake, ki fè yo pa janm analize l. Yo pa remake l sa vle di: Ata pi fò Ayisyen gran konnen pa konnen yo konn sèvi ak detay sa a depi yo tou piti.

Esplikason detay sa a vle di: sèvo moun k ap pale kreyòl (kit timoun 2 an 10 mwa, kit granmoun 75 an), analize rapò dis vwayèl yo youn ak lòt. Nan yon sans yo konnen:

(10)	i	ou	mache ansanm
	e	o	mache ansanm
	en	on	mache ansanm
	è	ò	mache ansanm
	a	(ò)	mache ansanm
	an	(on)	mache ansanm

(11) Yo konnen sa ki vwayèl ki won: ou o on ò

(12) ak sa ki vwayèl ki pa won: i e en è a an

Se pa jwèt. Sèvo yo konnen lè sèvo pase bouch lòd lonje 2 po bouch yo, kòm si y ap boude, egzanp,

pou dènye son ti mo:

(13) po pò pon pou

se menm afè ak lòd sèvo yo pase pou premye son ti mo wi a = demi vwayèl nou ekri ak lèt w a. Sèvo yo konnen: sa ki pral fèt lè yon moun lonje 2 po bouch li pou demi vwayèl /w/ ki a dwat yon vwayèl ki pa won nan fen yon mo, se 2 mouvman diferan, ki san lè pou youn goumen ak lòt. Ki 2 mouvman sa yo?.

(14) Gen yon mouvman ouvri bouch pou vwayèl i e è en a an (pa won)

(15) ak yon ti mouvman fèmen bouch rapid pou demi vwayèl /w/ (won)

Detay sibtil sèvo Michlèn deja analize a, se ò nan plas è, ki mande menm analiz ak egzanp (16)-(21) yo:

(16) a. *Lavi w an danje*

b. *Lavou w an danje*

- | | |
|-------------------------------|--------------------------|
| (17) a. <i>Lave lave w</i> | b. <i>Lave lavo w</i> |
| (18) a. <i>Bwè ti diven w</i> | b. <i>Bwè ti divon w</i> |
| (19) a. <i>Papa w la</i> | b. <i>Papò w la</i> |
| (20) a. <i>Manman w la</i> | b. <i>Manmon w la</i> |
| (21) a. <i>Vè w piti</i> | b. <i>Vò w piti</i> |

Nou deja ap kalkile si se kon sa sa konplike, anverite, pèsonn pa kapab montre ti Michlèn 2 an 10 mwa yon mèvèy kon sa. Ebyen, sa pi rèd toujou. Nou remake fòm kout /w/ pwonon dezyèm pèsonn sengilye nan egzanp (16) - (21) yo. Sèvo Michlèn, tankou sèvo Ayisyen ant 3 an ak 110 an, analize grenn konsòn sa a kòm pwonon epi li analize menm grenn konsòn sa a kòm yon eleman ki pa pwonon, kòm yon grenn son ki fini yon mo nan (22), men, ki kòmanse yon mo nan (23).

- (22) *kalakataw fè taw nan Ginen tande* (loray) - *kaw* (kònèy) - *pekaw* (pwason)
 (23) *manman Wili, manman Wawa, manman Wowo, papa Wili, papa Wawa*

Nanpwen yon grenn Ayisyen ki fèt ann Ayiti e ki leve la, ki ta ranplase fòm ki nan (22) yo ak:

- (24) **kalakatòw* - **kòw* - **pekòw*

Ti etwal la (*) make fòm ki pa fè pati sistèm lang lan. Ni yo pap di:

- (25) **manmon* Wili - **manmon* Wawa - **papò* Wili - **papò* Wawa

Pandan nou pale de ti pwonon nou ekri ak lèt w a, ann remake ti Michlèn sèvi avè l menm jan ak tout moun ki pale kreyòl nan zòn depi Pòtoprens jis Miragwàn. Li pap di (26)a. ak (27)a. men, l ap di (26)b. ak (27)b.

- (26)a. *se w b. se wou - li wo pase w
(27)a. *sirèt la se pou w b. sirèt la se pou wou

Michlèn distenge 3 fòm pwonon dezyèm pèsonn:

- (28) ou wou w
- (29) sirèt la se pou wou

(30) se pou ou souse l

(31) se pou w souse l

Li distenge fòm kout ak fòm long lòt pwonon yo epi ki jan pou nou sèvi ak yo:

(32) a. *se m - *se l - *se n b. se mwen - se li - se nou

Sistèm sentaks

Kote nou rive la a, si yon moun ta derefize rekonèt lang kreyòl ki nan sèvo yon timoun 3 an nan peyi nou, se yon mèvèy, se paske moun sa a sèvi yon lòt jan ak mo tankou: mèvèy, lang, pale, koute, konprann. Kèk grenn egzanp sentaks ap pote plis limyè toujou.

Premye a se fason nou sèvi ak mo wi epi ak mo non nan fen fraz kreyòl. Depi yon fraz kreyòl deklare kichòy ki fèt, ki kapab fèt, ki pral fèt, oubyen nou imajine ki pral fèt, oubyen ki la, nou gen dwa kore l ak ti mo wi a. Egzanp:

(33)a. M wè liv la = M wè l = b. M wè liv la wi = M wè l wi

Depi yon fraz kreyòl deklare kichòy ki pa fèt, ki pa kapab fèt, ki pa pral fèt, oubyen nou imajine ki pa pral fèt, oubyen ki pa la, nou gen dwa kore l ak ti mo non an. Egzanp:

(34)a. M pa wè liv la = M pa wè l = b. M pa wè liv la non = M pa wè l non

Lè Frislèn, gran sè Michlèn, te gen 3 an, m ba l yon ti moso pen. Papa l ki te la, di l:

(35). Ou pa di mèsì non.

Menm moman, ti pitit la di m:

(36) Mèsì, wi.

Si se repete li tap repete sèlman, mo wi pa ta kab tounen yon eko pou mo non. Se yon kondisyon sentaks, ti sèvo l te gen tan analize. E sa ta frape n plis toujou si nou reflechi gen yon lòt mo non, ki gen yon lòt wòl, nan pase moun lòd.

(37) Ale non - Mache vit non - Di moun nan vini non

Tout moun ki gen sistèm kreyòl la nan tèt yo, timoun piti kou granmoun aje, moun ki pa janm al lekòl tankou gwo ekriven ayisyen, sèvi ak 2 fòm non anfòm san yo pa bezwen konnen youn soti nan franse non, lòt la soti nan franse donc.

Timoun 3 an konnen lè yon vèb gen 2 konpleman

Dezyèm egzanp lan, se plas konpleman endirèk plis konpleman dirèk. Jan timoun piti sèvi ak sa fasil an kreyòl ak jan etranje, ki fè anpil efò pou yo aprann kreyòl, mele nan keksyon sa a, se yon bagay ki enteresan.

(38) Bay *elèv la* liv la - Di *madanm* bonjou - Di *manman w* mèsi

(39) Michlè gen espwa l ap degaje l yon jou.

2 pwonon kout l yo (= li) ranplase Michlè, dapre yon sans fraz la.

(40) Michlè gen espwa Michlèn ap degaje l yon jou.

Michlèn se dezyèm tifi Michlè a ki gen 3 an 3 mwa. Kwak li piti kon sa, li degajan anpil. Sa bay papa a kouraj, kè kontan ak espwa, ki fè, nan reve je klè, tankou tout moun ki sansiv pou yon ti pitit yo renmen, papa a kwè : yon jou, Michlèn va tounen yon gran jènfi e l a degaje l nan lavi a. Nan plas *gen espwa*, nou kapab mete vèb tankou *kwè, swete, panse*, nan egzanp yo.

(41) Michlè gen espwa l ap degaje l yon jou.

Gade egzanp (41) ak (39) byen. Se menm mo, menm lòd, menm pwononsiyasyon. Men, fraz la gen dwa gen yon lòt sans, paske 2 pwonon kout l yo (= li) ranplase Michlèn fwa sa a. Yo pa ranplase Michlè, papa a, men, ti pitit fi l la.

(42) Ki moun Michlè gen espwa k ap degaje l yon jou?

Repons 1. l (= li) se Michlè. k (= ki) se Michlè.

Repons 2. l (= li) se tifi a, Michlèn. k (= ki) se tifi a.

Prèske tout mo ki nan egzanp (42), anwetan ki moun ak k, nan (39), (40), (41) tou, ak menm lòd. Tout egzanp yo se pawòl nou ta kab tande tou senp nan bouch nenpòt ki jèn moun, nenpòt ki granmoun ki pale kreyòl Ayiti a depi nan piti. Tout moun ki pale kreyòl fen depi nan piti, kit yo pa janm al lekòl, kit yo gran ekriven, gran savan, gen pouvwa rekonèt diferan sans pawòl sa yo genyen. E poutan koze sa yo, ki parèt tou senp, mennen yon kokennchenn keksyon.

Manman tilezanj lan pa konnen si l konn tou sa

Ki kote nou jwenn enfòmasyon ki fè nou kapab konprann divès sans 4 ti fraz sa yo? Ki sa nou deja konnen ki lakòz nou an mezi konprann diferans sa yo byen fasil? Menm si se pase n ap pase yon kote epi nou tande yon moun k ap pale, yon moun nou pa rekonèt ditou, ki di pawòl sa yo, nou kenbe pawòl yo nan tèt nou. Nou kalkile yo epi nou wè yo kapab remèt plizyè sans. Epi fason nou konprann yo se menm fason 7 milyon lòt Ayisyen konprann yo tou. Enfòmasyon an pa nan koze a menm. E nou pa okouran ka sikonstans moun k ap pale a oubyen moun k ap pale yo.

Mande yon moun ki tande 4 pawòl yo sou kasèt oubyen ki li yo:

- Ki moun ki pral degaje l, èske se Michlè? Èske se Michlèn?

Sèten lektè deja wè: plizyè egzanp sistèm son nou bay, mele ak koze sentaks tou piske analiz lespri/sèvo nou fè a oblije rekonèt tèl konsòn pou kont li reprezante yon pwonon, sa vle di yon eleman ki pa depann de sistèm son. Men egzanp fòm pwonon ki mache pa pè nan sitiasyon yon dam yo rele Kam, ki pèdi mari l. Fanmi ak zanmi remake li vin yon ti jan *akaryat*, apre lanmò mesye a. Kam santi sa tou. Men kèk pawòl sou sa :

(43) a. Se vre, m *akaryat*. = b. Se vre, mwen *akaryat*.

(44) a. Se vre, w *akaryat*. = b. Se vre, ou *akaryat*.

(45) a. Se vre, l *akaryat*. = b. Se vre, li *akaryat*.

(46) a. Se vre, n *akaryat*. = b. Se vre, nou *akaryat*.

Egzanp (43)-(46) montre nou : fòm kout pwonon yo kapab parèt a gòch yon mo ki kòmanse ak yon vwayèl, menm jan ak fòm long yo. Se yon keksyon sistèm son. Men, egzamine egzanp (47)-(50):

(43) a. Lanmò a fè m *akaryat*. = b. Lanmò a fè mwen *akaryat*.

(44) a. Lanmò a fè w *akaryat*. = b. Lanmò a fè wou *akaryat*.

(45) a. Lanmò a fè l *akaryat*. = b. Lanmò a fè li *akaryat*.

(46) a. Lanmò a fè n *akaryat*. = b. Lanmò a fè nou *akaryat*.

Menm jan ak egzantp (39)-(42), egzantp (43)-(46) montre nou :kit nou ann afè ak pwonon sijè (seri *a*), kit nou ann afè ak pwonon objè (seri *b*), nou kapab genyen ni fòm kout, ni fòm long. Kounye a, reflechi sou egzantp (47)-(50), jan yon kolèg ayisyen, mwen remèsye pou sa, Dimitri Iltonn, te envite m fè a.

(47) a. *Lanmò a rann *m *akaryat* b. Lanmò a rann mwen *akaryat*.

(48) a. *Lanmò a rann *w *akaryat* b. Lanmò a rann ou *akaryat*.

(49) a. *Lanmò a rann *l *akaryat* b. Lanmò a rann li *akaryat*.

(50) a. *Lanmò a rann *n *akaryat* b. Lanmò a rann nou *akaryat*.

Sa ta sanble se ti detay piti ki la. Men, se gwo zafè. Kòm kwa pi piti pi rès. Nan egzantp (47)-(50) *a*. nou wè ti etwal la. Ebyen ti etwal la pa vle di: Pinga nou di pawòl la kon sa. Li vle di: Nou *pa konn sèvi ak fòm sa yo lè n ap pale*. Nou sa a, se tout moun kreyòl la rele chè mètrès, depi yo gen 3 an jis yo mouri. Sa vle di : sistèm lang kreyòl Ayiti a, yo pa te chwazi a, antre nan tèt yo lè yo te piti (= yo atrap li) ak tout prensip li ki depann de tout prensip gramè inivèsèl ki nan tèt tout kretyen vivan. Nou konnen yo, san nou pa aprann yo. Nou konnen yo, menm si nou pa konnen nou konnen yo. E nou sèvi avèk yo otomatik, swa, alèz, tankou nou rale lè nan poumon nou, ata nan fon somèy, tankou nou dijere manje ki bon pou kò nou, san nou pa santi sa. Gade egzantp (51)-(55):

(51) a. Tann m ale (anvan w fache). b. Tann mwen ale (anvan w fache).

(52) a. Tann w ale b. Tann ou ale

(53) a. Tann l ale b. Tann li ale

(54) a. Tann n ale b. Tann nou ale

(55) a. Tann y ale b. Tann yo ale

Men, si yon moun te fè m tann, epi kounye a li pare, li vle pou m prese, kòm kwa li pa kapab tann mwen, mwen pap di l (56)-(60)a. M ap di l (56)-(60) b.

(56) a. *Tann m atò b. Tann mwen atò

(57) a. *Tann w atò b. l ap tann ou atò

(58) a. *Tann l atò b. Tann li atò

(59) a. *Tann n atò

b. Tann nou atò

(60) a. *Tann y atò

b. Tann yo atò

Gade egzanp (61) an, lè mwen rankontre ak entèl entèl, men tèt li te vire lòt bò, pandan li tap gade moun ki tap kouri dèyè yon vòlè. Li vire tèt li,

(61) a. Li wè m atò

b. Li wè mwen atò

Ann sipoze, yon granmoun ki gen yon pitit li o Zetazini, vin byen malad. L ap plenyen poutèt moun k ap okipe l yo potko voye avèti pitit li:

(62) Yo kite maladi a mete m a tè. Se pandan m a tè a yo voye pale pitit la.

Sa tout egzanp sa yo montre nou, kit nou rive konprann pwoblèm yo poze a, kit nou rive esplike pwoblèm nan, kit nou wè gen yon pwoblèm, san nou pa kapab al pi lwen? Yo montre: sistèm konplike son yon lang, plis sistèm konplike sentaks yon lang, plis sistèm konplike sans yon lang, se pa aprann ni timoun ni granmoun aprann yo, tankou yo aprann jwe domino. Pou ki sa fòm kout menm pwonon /m/ ki sijè nan (51), ki konpleman nan (56) ak (61), remèt yon fraz nou asepte nan (61) ak (62) epi yon fraz nou rejte nan (56)? Nou pa konnen esplikasyon an, men nou sèvi ak sistèm nan anfòm.

Sistèm sans oubyen vokabilè

Nou te wè erè yon espesyalis lekti tankou Bogeol (1984) sou vokabilè, li trete kòm yon lis mo degrennen. Vokabilè yon lang se yon sistèm konplike rapò sans ak wòl konbyen mil mo ki sanble nan fòm oubyen ki pa sanble nan fòm. Nanpwen timoun piti 7, 8, 9, 10 an ki ta gen kont devlopman konesans yo ak entelijans yo pou yo ta konprann esplikasyon kèk gran espesyalis keksyon sa yo ta rive ba yo ak anpil pasyans, ak anpil pawòl senp, ak anpil foto, eksepa . Nanpwen timoun piti 7, 8, 9, 10 an ki ta gen kont esperyans nan lavi yo pou yo ta konprann rapò sa yo pou kont yo oubyen ak konkou moun ki pi gran pase yo. Sa ta dwe deja klè: se pa aprann timoun piti aprann konbyen mil mo yo konprann.

Nou pap sèvi ak yon ti pòsyon vokabilè teknik maren ayisyen ki travay a bò batiman vwal sou mannèv ki fèt a bò, tankou *bay lòf, naje zaviwon (chaviwon, Sid)*, sou van tankou *nòde, siwa, siswèt, nòwa, vannsi*, sou non pati ak pyès batiman tankou *zoban, zoren, ma din, etanbòt*. Se vokabilè espesyal, se vokabilè teknik.

N ap sèvi ak yon 20 - 25 mo ak pawòl, pi fò timoun 7, 8, 9, 10 an ki fèt e ki leve nan plenn nou yo, nan mòn nou yo, tout kote ki gen jaden, ki gen gadinaj bèt, nan peyi nou, abitye tande, konprann, pale, byen fasil, san yo pa ezite, san yo pa fè erè. Reflechi sou yo. N a wè jan se yon ti moso sistèm ki konplike anpil e ki kapab fè nenpòt ki savan ki serye e ki sensè bese tèt yo byen ba devan mèvèy ki anba je nou tou le jou nan bouch timoun, pwofesè lekòl ann Ayiti konn di ki pa konn anyen.

Se yon pwomnad a pye matmwazèl Ivòn ak mèt Ivon, ki sot Pòtoprens, tap fè nan Premye Plenn Tigwav, nan mwa d jiyè 2002 a. Etan y ap pase devan yon kay, yo wè Woniz, yon tifi 8 an, ak Bèto, yon tigason 6 an, ki di yo:

- *Bonjou, matant, bonjou tonton.*
- *Bonjou, timoun, kòman nou ye? Kòman manman n ye?*
- (63) *Manman m byen wi, manman m ansent , wi* (Se sa tifi a di)
- (64) *Manman m gwo vant. Manman m gwòs, wi* (Se sa tigason an repete)
- *Gade yon bèl kabrit.* (Pawòl Ivon ak Ivòn)
- (65) *Kabrit manman n nan plenn.* (Repons Woniz ak Bèto)

Yon mwa pi ta, menm moun yo, menm kote a:

- *Timoun, kòman manman n ye?*
- (66) *Manman n akouche, wi.* (Pawòl Woniz ak Bèto)
- (67) *Kabrit manman m nan miba (= mèlba = metba)* (pawòl Woniz)
- (68) *Manman m fè yon ti pitit fi (= yon tifi)* (pawòl Bèto)
- (69) *Kabrit la fè yon ti pitit* (pawòl Bèto)
- (70) *Kabrit la fè yon ti femèl* (presizyon Woniz)
- *Gade yon manman bèf ak yon ti pitit* (Ivòn)
- (71) *Vach bèf manman m nan te plenn, li fè yon ti gazèl* (Woniz)
- (72) *Li te deja fè yon ti towò. Gade l bò gwo towò a* (Bèto)
- *Nou gen lòt bèt. Mwen wè chen, kochon, chwal.* (Ivon)
- (73) *Nou gen 2 koure kochon, yon gwo barak ak yon piti* (Woniz)

- (74) *Nou gen 2 tiri tou.*

(Bèto)

- (75) *Nou gen yon chwal, yon jiman, yon poulich, yon poulen* (Woniz)

Remake erè timoun yo egzante:

(76) * mal bèf - *femèl bèf - *mal kochon - *femèl kochon -
* mal chwal - *femèl chwal

Kwak yo pap ezite di:

(77) mal chen - femèl chen - mal kabrit - femèl kabrit - mal bourik -
femèl bourik

Si se pa mèvèy, sa k mèvèy? Egzanp: pawòl timoun piti envante san yo pa gen modèl granmoun pou sa, kreyasyon pawòl yo pa te janm tande nan bouch okenn moun. Se te mèkredi 17 jiyè 1991, a 7 è 35 di swa. Lato, ki fèt 19 mas 1988, te gen yon ti fil ki te lage nan ti eslip li a. Li vin montre m li pou m wete l pou li. Mwen pran ti tayzong mwen an, m koupe ti bout fil la. Lato di m:

(78) *Papa Ich, apa ou fè zong fil la!*

M te abitye taye ti zong Lato pou li. Lè sa a, li te gen 3 an 4 mwa.

Femèl kabrit fè pitit ki tou konn kouri

Anpil nan egzant mwen bay yo, se koze kreyòl timoun vin konnen selon yon mòd espesyal aprann, san efò, san konkou, ak yon vitès estwòdinè. Gen lòt pawòl yo konnen san aprann. Annou kalkile sa k pase nan tèt timoun piti ann Ayiti, (tankou nan tèt milya timoun tout kote sou latè depi konbyen mil ane), lè yo vin rekonèt koulè yon kay, yon lekòl, yon legliz, yon mal, yon bwat, yon balon foutbòl, yon melon dlo, yon kokoye, eksetera.

(79) a. *Kay Lamèsi a wouj.*

b. *Kay Kleman an jòn.*

ch. *Kay Arilya a blan.*

Se premye fwa, Woniz ak Bèto antre anndan kay Lamèsi a. Yo vizite 3 pyès kay la. Premye pyès la pentire tout an blan, dezyèm nan jòn, twazyèm nan krèm. Menm jou a, Kleman fè yo vizite 3 pyès kay li a. Yon pyès woz, yon pyès blan, yon pyès wouj. Epi Arilya ki pa te lwen, rele yo antre lakay li tou. Premye pyès la te wouj, dezyèm nan te blan, twazyèm nan te jòn. Lè timoun yo ap rakonte vizit yo fè a, gen yon moun ki mande yo:

Ki koulè kay Lamèsi? (Repons) wouj

Ki koulè kay Kleman? (Repons) jòn

Ki koulè kay Arilya? (Repons) blan

Tout timoun, tout granmoun dakò ak repons Bèto ak Woniz . Pawòl la pale nan lakou Yape. Kay Yape a mawon. Men, tout anndan l nèt, 3 pyès yo, pentire tout an blan. Kouman fè ann Ayiti, an Dominikani, o Zetazini, an Chin, o Japon, nan nenpòt ki lòt peyi, lè yo mande moun koulè yon kay, yon lekòl, yon legliz, yon mal, yon bwat, yon balon foutbòl, yon melon dlo, yon kokoye, eksetera, non koulè yo ba wou a gen dwa diferan anpil nan zòrèy ou tankou kreyòl, jòn, panyòl, *amarillo*, angle, *yellow*, men repons yo ba wou a se sou koulè deyò bagay la? Prensip sistèm sans ki alabaz repons sa a, menm pou tout kretyen vivan sou latè a depi 50 mil ane pou pi piti sèvo moun òganize jan l òganize a. Se pa aprann pyès moun aprann prensip sa a. Se yon egzanp konnen san aprann.

Erè fèy papyè blan san trase a

Yon filozòf tankou John Locke (1632-1704), ann Angletè, lontan, yon sikològ modèn tankou B.F. Skinner (1904-1990), o Zetazini, epòk 1960, te panse sèvo-entelijans tibebe ki fèk fèt, se tankou yon fèy papyè blan san trase ki pa gen anyen ki ekri sou li. (Al wè Gopnik, Mèlzòf, Koul 1999: 12, 13, 19, 68, 69).

Chomsky (1959: 26-58 = 1964: 547-578) montre se yon erè e si se te vre, nou pa ta janm kapab pale yon lang, espesyalman kòm timoun piti ant 2 an ak 4 an. Dapre esperyans mwen, erè sa a nan tèt 99 % moun k ap fè lekòl ann Ayiti. Se erè sa a ki sèvi sistèm lekòl nou an fondasyon.

Gopnik, Mèlzòf, Koul (1999: 101) gen yon pawòl sou premye lang timoun:

«An prensip fòk (tibebe) k ap pale vin bòs nan youn nan nenpòt ki lang nan konbyen mil lang diferan (moun pale). Ak tou sa, lè timoun gen 4, 5 an, se ak presizyon, yo rekonèt ki lang moun nan kominote pa yo, pale...»

Erè fèy papyè blan san trase ki nan tèt anpil pwofesè nan peyi nou, fè yo konprann premye fraz pawòl Gopnik ak lòt otè yo mal. Kòm tibebe kapab vin bòs nan nenpòt ki lang, yo sanble kwè: yon moun, yon paran, yon minis edikasyon nasyonal, yon gouvènman, annik chwazi youn nan 6 mil lang moun pale sou latè a. Epi yo di tibebe ki fèt ann Ayiti, lè yo tounen timoun 3, 4, 5, 6 an: *Sou fèy papyè blan san trase entelijans nou ye a, n ap annik make franse, paske nou vle franse tounen lang prensipal kominote nou, sa vle di chemen prensipal konesans pou nou.*

Moun ki panse kon sa, oubyen ki fè sanblan panse kon sa, kapab konnen, si yo pa deja konnen, selon lang yon kominote moun pa chwazi:

Pou yon milya Chinwa, konnen pa gen lòt chemen prensipal pase chinwa.

Pou yon milya Endyen, konnen pa gen lòt chemen prensipal pase indi, malayalam, bengali, tamoul.

Pou 500 milyon moun ann Angletè, o Zetazini, o Kanada, ann Ilann, ann Ostrali, an Nouvèl Zelann, konnen pa gen lòt chemen prensipal pase angle.

Pou 7 milyon Ayisyen ann Ayiti, konnen pa gen lòt chemen prensipal pase kreyòl.

Menm si pwofesè lekòl ann Ayiti, kouwè nan lòt peyi, pa etidye lasyans lang, bon sans yo ba yo pouvwa reflechi sou pawòl tankou (Gopnik, Mèlzòf, Koul, 1999: 100):

«Anvan timoun antre nan jaden danfan yo vin mèl prèske tout bann bagay konplike ki nan lang pa yo", "san yo pa fè efò epi san moun pa enstwi yo.»

Anwetan ansyen koloni angle, franse, pòtigè, nan pi fò peyi sou latè, depi 5 mil ane kon sa, lè kretyen vivan vin sèvi ak ekriti epi ak lekti, timoun k ap aprann teknik sa yo, tankou granmoun k ap montre yo teknik sa yo, sèvi tou senp ak lang kominote a: chinwa an Chin, ejipsyen ann Ejip lontan, ougaritik Ougarit. Sa se non yon vil ki te bò lanmè lan nò peyi Siri. Nan ane 1929 epi apre sa, nan fouye, fouye, fouye, nan zòn Ras Chamra, savan yo rele akeyològ, jwenn rès yon vil yo te kraze an 1200 anvan Jezi Kri kon sa. Youn nan bagay ki pi enteresan yo jwenn la, se yon bibliyotèk sou brik ak ekriti yon lang ki te yon fòm ebre ansyen. Moun te ekri dokiman sa yo ant ane 1600 ak ane 1200 anvan Jezi Kri (Al wè Matinet 1968: 542, 1288, 1294, epi Diksyonè Achèt ansiklopedik ilistre). Tibebe Ougarit te vin konn ougaritik, kote yo te leve a, e sa ki vin save lalekti nan gran, aprann li lang sa a mwens pase 100 mil moun te konn pale.

Tibebe ayisyen vin konn angle si yo leve o Zetazini, men, se kreyòl yo vin konnen si yo leve ann Ayiti. Kilès ki vle bare pwòp wout konesans pa yo, nan lang kreyòl yo a ? E pou ki sa?

Chapit 8

Bouch pou pe

Dapre Chomsky (2000: 16), depi depi, «*lekòl se òganizasyon ki la pou fè bouch moun epi pou fòse yo obeyi.*» Travay yo se ede yon sistèm ki kontwole moun epi ki fòse yo mache sou zòd. Youn nan pi bon teknik pou sa, se pa pale sèten verite ki enpòtan. «*Lekòl kabre verite ki enpòtan*», jan Chomsky (2000: 20) di a. Al wè Chomsky (2002: 111-112, 234-236, 250) tou. Gen yon pawòl nan peyi nou ki di: *Je pou wè, zòrèy pou tande, bouch pou pe*. Se yon konsèy pou moun pa foute bouch yo nan sa ki pa gade yo. Nan chapit sa a, mwen pran non an kòm yon abitud pa pale sèten verite moun te dwe gen kouraj repete.

Ann Ayiti, nou ta mal pou nou jwenn 10 direktis ak direktè lekòl ak 10 pwofesè lekòl primè ak lekòl segondè ki ta kanpe devan yon klas 30 elèv katyèm ane fondamantal pou yo di yo:

- Nou tout nou konprann kreyòl, nou pale kreyòl.
- Se pa nou tout ki konprann franse, ki pale franse.
- Papa n ak manman n konprann kreyòl. Yo pale kreyòl.
- Pi fò sa yo konnen, se an kreyòl yo aprann yo.
- Pi fò sa yo montre nou, se an kreyòl yo montre nou yo.
- Ni fanmi nou, ni nou menm, se an kreyòl nou pale tou sa ki nan tèt nou, tou sa ki nan kè nou. Pawòl yo konn vin fasil. Pawòl yo soti lib.
- Se dwa nou pou nou ekri an kreyòl.
- Se dwa nou pou nou ta kapab ekri tou sa nou konnen, an kreyòl.
- Pèsonn pa gen dwa defann nou sèvi ak dwa sa a, ni leta, ni lekòl, ni fanmi nou.

Depi 29 mas 1987, konbyen elèv lekòl ki tande yo li nimewo 40 konstitisyon nan klas yo? *Leta dwe sèvi ak radyo, ak jounal, ak televizyon pou li gaye bon enfòmasyon, an kreyòl ak an franse, sou tou sa ki an rapò ak vi peyi a. Anwetan sa ki ta yon danje pou peyi a, leta dwe bay enfòmasyon sou lwa, sou dekrè ak sou regleman li mete deyò. Menm jan tou, pou antant, kontra ak papyè li siyen ak lòt peyi* (Konstitisyon Repiblik d Ayiti 1987, Paul Dejean mete an kreyòl ak konkou Yves Dejean, Pòtoprens, Ayiti 31 me 1987).

Nan kabre verite, nan pa di verite, nan pa pale sèten pawòl, anpil moun ki nan sistèm lekòl la, vin pwofonde nan kondi tèt yo selon pawòl pwovèb la: *Ipokrit se lizay*. Nou kapab wè sa nan liv yo pibliye nan peyi a, espesyalman pou ti elèv premye, dezyèm, twazyèm ane lekòl primè. Yo ekri ti pawòl dous, ti pawòl swa, an franse: bèl pawòl yo pran nan liv pedagoji modèn. Ak bon ti koze sa yo, yo pete tèt yo, yo simen manti sou paran timoun, yo pase ti elèv nan rizib.

Gen yon liv ki deklare: jan ti istwa li rakonte yo gen lavi anndan yo, etid Istwa d Ayiti ap fè timoun yo kontan. Y ap mache nan san yo. Ti anfan yo ap imajine bèl bagay tankou nan rèv. Avèk sa, pwofesè pap bezwen fè timoun aprann pa kè. Okontrè, timoun nan annik rakonte sa ki nan leson an franse l la, nan pwòp pawòl franse pa l. Laj sa a, kenbe pawòl nan tèt yo kon sa pi bon pase repete yo pa kè. Nou jwenn bon ti konsèy sa yo nan paj 3 «Eveil à l'Histoire d'Haiti» (1985, Édition Henri Deschamps).

Sa yo pa di? Yo pa di nou ak ki senp, ak ki pawòl majik pou nou sèvi pou 99 % ti Ayisyen dezyèm ane lekòl primè tonbe pale franse ak pwòp mo franse pa yo, apre grenn je yo fin kouri sou liy ki ekri an franse, yon lang yo pa pi konprann pase laten. Otè liv la pa di nou si menm liv la pa ta bon tou pou ti Dominiken dezyèm ane lekòl primè Sanntodomingo.

Ki diferans ki genyen ant ti Dominiken ki pale panyòl sèlman ak ti Ayisyen ki pale kreyòl sèlman, lè yo mande yo li leson 1 (paj 4), *Au pays de Guacanagaric* epi repete l ak pwòp pawòl pa yo AN FRANSE? Gen yon diferans. Diferans lan, men li: Ti Dominiken konnen se moun fou ki ta mande yo etidye yon leson nan yon lang ki pa panyòl. Ti Ayisyen konnen se pwofesè lekòl ki mande yo etidye yon leson nan yon lang ki pa kreyòl.

Ki diferans ki genyen ant ti Dominiken ki pale panyòl sèlman ak ti Woumen ki pale woumen sèlman, si yo ta mande yo koute bèl istwa Jozèf, premye minis Farawon, lè li fè frè l yo rekonèt li (Jenèz 45, 1-28), AN LATEN? Lè fini pou yo ta rakonte istwa Jozèf la, an laten, ak pwòp mo laten pa yo? Pa gen diferans. Oubyen ti Woumen ak ti Dominiken ap kwè yo ann afè ak kèk granmoun ki fou bon fou. Oubyen y ap panse se yon jwèt yo vle fè yo jwe. Men, jwèt la byen raz. Sa pa enterese yo.

Ti Ayisyen yo menm ap santi bagay sa a yon ti jan dwòl. Piti piti gen yon lide k ap devlope nan tèt yo kòmka etidye leson pandan yo lekòl, se yon dezagreman yo dwe asepte. Lè yo pap lekòl ankò, dezagreman an va fini. Antouka, etidye leson pa mele ak chèche konprann. Sa pa mele ak aprann kichòy ki itil oubyen ki enteresan. Sa pa gen anyen pou wè ak devlope plis konesans. Dabò, okenn pwofesè lekòl pa janm di yo kalkile yon bèl pawòl Aristòt, yon filozòf grèk tan lontan: *Tout moun ap chèche konnen. Se kichòy ki natirèl pou moun*. Epitou si yo ta repete pawòl Aristòt sa a devan ti elèv lekòl ann Ayiti, yo ta di l an franse, pou yo pa konprann li, oubyen an grèk si yo konn ti moso grèk.

Nan afè pale panyòl ak ti Dominiken, pale woumen ak ti Woumen, men, pale franse ak ti elèv lekòl ann Ayiti, nou kapab jwenn plizyè pwofesè lekòl nan peyi a ki ta di: «Se pa menm afè.» Pou ki sa se pa menm afè? Genyen ki pral reponn: «Ti Ayisyen 7, 8 ane ta dwe konn pale franse.» Antouka, y ap di sa nan

kè yo. Epi, dapre sa ki nan lide yo: Ti Dominiken 7, 8 ane, pa oblije konn okenn lòt lang pase panyòl. Ti Woumen 7, 8 ane, pa oblije konn okenn lòt lang pase woumen. Si gen moun ki panse sa vrèman vre, nou pa kapab di anyen pase: yo anraje.

Sa kèk liv pou ti elèv pa di

Ann gade Ma première grammaire (1989). Se yon metòd ki nouvo, yo «*prezante elèv tout lekòl nou yo*». Metòd la mande pou «*yo chèche fè elèv yo pale pawòl ki sot nan tèt yo dirèk*» Pèsonn pa ta gen kouraj di: *Se yon liv ki fèt pou timoun dezyèm ane lekòl fondamantal, depi yo DEJA konn pale franse. Liv la pa fèt pou 99 % lòt ti Ayisyen premye ak dezyèm ane fondamantal, paske nou byen konnen se kreyòl sèlman yo konn pale.* Pèsonn pa ta gen kouraj di: *Si yo sèvi ak liv sa a pou ti Ayisyen ki konn pale kreyòl sèlman, yo mèt sèvi ak li tou pou ti Dominiken ki konn pale panyòl sèlman. Kon sa liv la a vann pi byen. N a fè plis lajan. Nou annik di ti Dominiken ki gen menm laj ak timoun pa nou yo: «Eseye pale franse tou senp, pou pwòp plezi nou, ak mo franse k ap soti dirèk nan tèt nou.».*

Ann gade Réussir les mathématiques (1990: 120, 184), pou dezyèm ane lekòl fondamantal. Lè liv la mande pou yo fè pwoblèm yo aloral, sa pa vle di an kreyòl. Si yo ta mande pou travay la fèt an kreyòl, menm moman an, yon moun ta kapab di: pou ki sa liv la ekri an franse? Yo pa mande sa. Liv la ekri an franse paske tout ti Ayisyen 7, 8 ane, ta dwe pale franse. Zafè yo si yo pa konn pale franse. Tout jan tout mannyè, se 99 % nan yo sèlman ki pa konprann franse, ki pa pale franse. Kòm se yon liv matematik modèn, petèt, si yon moun rete nan rèv, pase pou li foute pye l nan labou wout Kafou depi Maryani jis pòtay Leyogàn, apre yon gwo lapli, li kapab kwè, nan dènye degre matematik modèn sa a, rive a, 99 % ak zewo se senkant kòb ak 2 gouden. Ki fè tout ti elèv dezyèm ane lekòl fondamantal, kit Kafou, kit Pòtoprens, kit Pwent Rakèt Lagonav, kit Lil a vach, kit Karis, franse rele yo chè mèt chè metrès. Kounye a atò, nou konprann ki jan «*Katriyèm mouvman sa a mete elèv la nan kondisyon ki tou kole ak kondisyon toutbon lavi a*». Epi l ap suiv metòd modèn. Se pa resite pa kè, san konprann. Se pa chante «en e en de - de e de kat - twa e twa sis», tankou lontan. Non. Elèv la ap met men nan aktivite a. Se li k ap mennen. L ap fè ti erè. L ap fè fopa. L ap tatonnen. Ou pa ta di se Selestén Frenè an pèsòn k ap pale (Al wè chapit 2 pi wo a). Sèlman, Freinet tap pale franse ak ti Franse an Frans. Li te pran tan koute ti Franse an Frans pale mòd franse pa yo, selon konsèy li bay matmwazèl k ap fè lekòl la (Freinet 1977: 38).

Pwofesè dezyèm ane lekòl fondamantal, tout kote ann Ayiti, ap grennen franse sou pi fò ti Ayisyen ki konn pale kreyòl sèlman. Si timoun yo dakò pou yo pe bouch yo an franse pwofesè va fè sanblan koute yo. Kote yo ta kapab pèdi tan yo koute pawòl kreyòl tifi 8 ane k ap regle kòb pou manman yo nan mache

Vyalè oubyen nan mache Kwa Bosal? Ki tan yo ta genyen pou yo ret ap koute sis tigason, sis ti vakabon, ki nan gwo diskisyon pou dizuit mab Odivèl fèk genyen nan jwèt la. Chak timoun te mete twa mab nan wonn nan. Se pa matematik sa. Se jwèt epav, vakabon, bann ti aryennafè. Kote yo ta pèdi tan yo koute defen madan Sovè, yon madansara, ap regle lajan konbyen sak diri ak konbyen mamit pwa nan yon gran lakou bò mache Petyonvil? Se pa matematik sa, se vye koze kreyòl, se vye pawòl moun ki konn pale kreyòl sèlman.

Sa pwofesè lekòl pa di ti elèv

Men, pi fò pwofesè dezyèm ane lekòl fondamantal pito fè menm jan ak moun ki prepare liv matematik an franse pou timoun piti ann Ayiti. Yo fè sanblan kwè timoun yo konprann franse byen pwòp, timoun yo pale franse kou rat. Ala granmoun ki pwofonde nan pawòl *Ipokrit se lizay* la. Yo san lè pou yo tounen rat mòde souffle.

Kapab genyen yon lòt espplikasyon pou sa tou. Ti Dominiken ak ti Woumen nou tap pale yo, se pa toutbon yo janm rankontre granmoun k ap fòse yo koute pawòl nan yon lang yo pa konprann. Yo pa janm eseye swadizan «li» liv ki ekri nan yon lang yo pa konprann. Yo pa janm chita chèche repons pwoblèm kalkil ki ekri nan yon lang yo pa konprann. Epi, si yo mele, si yo twonpe, si yo pèdi fil, si yo pa byen reponn, si pwofesè move sou yo, se pa poutèt yon lang yo pa konprann. Se pa janm poutèt lekòl fèt nan yon lang yo pa konprann e ki pa lang peyi yo, pwofesè rele sou yo. Ti Ayisyen menm, pwofesè joure yo: kreten, enbesil. Pwofesè voye yo nan direksyon pou yon bouwo yo bay pou direktè met kout rigwaz sou yo oubyen kout sentiwon. Mete yo a jenou. Vekse yo devan lòt timoun parèy yo. Voye rele paran yo, pou paran yo pase yo yon kal, paske y ap fè yo depanse lajan yo pou anyen. Bann ti kriminel. Mal kou lekòl ta mal an Dominikani oubyen an Woumani, lang timoun yo pa konnen nan peyi sa yo pa lakòz yo pase anpil move moman lekòl oubyen lakay yo apre lekòl. Men, pi fò ti Ayisyen pase mizè lekòl poutèt yon lang franse yo pa konprann, yo pa pale. Timoun sansib pou lenjistis. Granmoun ki fè lòt moun abi, vin avèg sou abi yo fè yo. Lekòl tèt anba aji sou tout moun ki pase ladan n. Li fè yo pa wè klè sou keksyon lang.

Depi yon moun kwè nan mirak, se bon pwofesè li ye

Pandan direktè ak direktis lekòl, pwofesè, anplwaye ministè Edikasyon Nasyonal, ak yon lame ansyen elèv lekòl, moun ti konnen, moun gran konnen, vin pa wè klè nan koze lang, yo lage bon sans, yo lage konesans, yo lage konsyans, yo lage lasyans, pou yo suiv tout kalite lide kwochi sou pwoblèm lekòl, pwoblèm edikasyon, pwoblèm konesans. Pandan yo vire do ba larezon, pandan yo mete entelijans yo an vakans nan koze lekòl, yo ouvè baryè tou gran ba erè ak vye kwayans. Yo vin pèdi kontwòl koze a. *Lè w angaje ou kenbe tout*

pyebwa. Se poutèt sa pi fò moun k ap fè lekòl ann Ayiti kwè nan mirak, san yo pa konn sa.

Yo kwè nan yon mirak, Paulo Freire (1992: 107), yon gran tèt nan edikasyon refize kwè ladan n: «*Nou te mèt sèvi ak nenpòt ki kalite metòd, gen kichòy ki pa te posib pou nou, ni ekip (...) la, ni mwen menm. Nou pa te kapab fè mirak montre yon pèp li ak ekri nan yon lang ki te yon lang etranje pou yo.*» Mwen souliyen mirak la.

Pi fò pwofesè ann Ayiti, pi fò moun enstwi (jan yo konn rele yo) kwè fèm nan yon mirak. Dapre yo mirak montre tout pèp ayisyen, timoun kou granmoun, li nan lang franse yo pa konnen an, kapab fèt byen pwòp. Si l pa fèt, se metòd yo ki pa bon. Lide yo fè chòk dirèk dirèk ak sa Freire etidye, teste, konstate, pandan 45 an (1947-1992) o Brezil, o Chili, Kiba, Nikaragwa, ann Afrik, o Zetazini.

Se pa paske yo kwè nan Jezi Kri. Se pa paske yo kwè nan Labib. Se pa paske yo chonje mirak lapannkot, liv travay mesaje Jezi Kri rakonte a (Ak 2, 5-12). Moun ki respekte kwayans ak relijyon lòt moun, kapab rekonèt, dapre lide patizan Jezi Kri yo, Bondye te fè mirak li pou yo rekonèt pouvwa li bay Jezi. Se pa te yon mirak chak jou tankou mirak nenpòt ki ti Ayisyen ki konn pale kreyòl sèlman, ki ta annik al lekòl regilyè pou yo vin aprann li fen an franse, kwak tout pwofesè konnen se manti. Tout moun ki an rapò ak travay lekòl, konnen: diz an lekòl, an franse sèlman, pa lakòz pi fò elèv nan tout peyi d Ayiti rive konn ata yon ti franse wòwòt. Men, w a di gen 2 lide diferan k ap goumen nan tèt pi fò Ayisyen ki pase anpil ane lekòl e ki pase pou moun ki fò.

- Premye lide a: Ayisyen pi entelijan pase tout lòt nasyon. Se poutèt sa yo kapab aprann li, aprann ekri, an franse, san yo pa konn lang franse a.
- Dezyèm lide a: Ayisyen pi sòt pase tout lòt nasyon. Se poutèt sa yo te mèt pase diz an lekòl, yo pa reyisi konn franse.

Antouka, aprann li an franse, san w pa konn franse, se mirak. Sa ki etonan, se lè ata moun entelijan, moun ki enfòm, tankou Jacques Stéphène Alexis pran lan pèlen kon sa.

- Jacques Stéphène Alexis menm? Pa ranse non. Ki bò msye ta soti pou l kwè nan mirak?
- Èske nou ta kab esplike m sa k pase Ilaryon?

Chapit 9

Èske Jacques Stéphane Alexis (1922-1961) te kwè nan mirak?

Compère Général Soleil, se yon liv ki parèt an Frans an 1955. Alexis te gen 33 an. Se premye woman li pibliye. M ap sèvi ak edisyon 1993 la. Pou mwen prezante nou Ilaryon, prensipal moun ki nan liv la, m ap tradui kèk fraz yon tèz doktora Georges Jean Charles (1993: 84):

«Alèkile jèn ouvriye sa a ap mache lekòl di swa regilyè. Se yon lekòl militan pati a ap fè. Li tounen aprann li. Li tounen aprann ekri. Li vin enterese anpil nan etidye istwa peyi d Ayiti.»

Nan liv la menm nou pa gen okenn espikasyon sou lekòl kote Ilaryon te pase nan piti ak sa li te reyisi aprann la. Men, nou merite reflechi espesyalman sou paj 109-110, 167-168 epi nou kapab ranmase kèk ti enfòmasyon nan paj 53, 55-59, 63, 66-69, 255, 257, 358, 360-361, pou nou poze tèt nou yon seri keksyon.

1. Èske Ilaryon te konn li? Nou sanble kab jwenn yon repons nan bouch msye menm: *-M pa konn li twò byen. Oubyen -M pa konn li byen byen byen.* Se yon pawòl li di doktè Jan Michèl ak yon mekanisyon yo rele Fèdinan. Lè sa a, li potko al lekòl di swa. Se Jan Michèl ki fann nan kò li, jistan l asepte al lekòl di swa (p. 167). Ti lekòl sa a fè mèvèy:

«Tout bagay sa yo li te bliye depi lontan, li te reprann yo vit. Ekri te ba l pwoblèm toujou, men kanta li, kounye a li te li byen nèt.» Fwa sa a, se pa yon pawòl ki sot nan bouch Ilaryon. Se Alexis ki bay opinyon pa l: kòmkiwa nan de tan twa mouvman Ilaryon vin konn li fen.

2. Sa Ilaryon te rele konn li malman? Si l te pase de, twa ane nan yon ti lekòl primè epòk 1915-1920, lè li te yon ti restavèk ki tap pran imilyasyon, souflèt ak kou nan travay pete fyèl nan fanmi Sigò, Bwa Vèna, tankou tout ti malere ki te nan silabè epòk sa a, *li te aprann li te vle di: li te aprann fè lèt pouse son malman.* «*Lè li te gen uit an, li t al chèche ti Sigò yo lekòl. Timoun sa yo te gen douz an*» (paj 57). Li potko gen diz an, se rayi li te rayi moun yo, jistan li sove yon jou swa (paj 360), lè li te kòmanse fòmè.

3. Sa Alexis (1993: 167) rele konn li fen? Nou annik li rès paj 167 la ak paj 168 la pou nou konprann: dapre Alexis, Ilaryon te rive li menm jan Aleksi te li depi l piti.

4. Ki sa Ilaryon te pi renmen li? Repons: yon liv istwa d Ayiti doktè Jan Michèl te fè l kado. Liv la te tounen «yon pi dlo mirak» pou li.

5. Sa Aleksi pa chonje? Lè Ilaryon te nan tribinal pou lajan li te vòlò a, avoka yo te nan gran diskisyon: «Yo tap pale, yo tap pale. Mo li pa te konprann. Kwik. Ki foute l?» (paj 53)

«Lè li te kay Sigò, konbyen fwa, li te tande diskisyon ant madan Woumèl ak Pyè. Vwa yo te pase anwo mi ki separe lakou yo... Gen de lòt fwa, li te tande bèl vwa klè l la ap resite pawòl nan yon kantite lang li pa te konprann.» (paj 59)

Alexis pa gen lè chonje ant 1915 ak 1920 moun ki te konprann franse ni Pòtoprens ni lòt kote ann Ayiti, se te yon ti ponyen moun!

6. Èske yon moun ki konn li toutbon, kapab li liv ki ekri nan nenpòt ki lang? Keksyon sa a kapab fè sèten moun depasyante. Sa nou bezwen mande bagay kon sa? Tout moun konn repons lan. Nanpwen kretyen vivan sou latè, savan kou yo savan, ki kapab li liv ki ekri nan mil lang diferan.

7. Èske liv istwa d Ayiti ki te nan men Ilaryon an te ekri an kreyòl? Nou pa bezwen ezite pou nou reponn: non. Se apeprè an 1934 Ilaryon kòmanse al lekòl di swa a. Se an 1946 kon sa nou jwenn yon ti liv 100 paj an kreyòl, Lwi Dewòch ekri: Abréjé istoua d'Ayiti 1492-1945. Se an 1977 Michèl Wòf Twouyo pibliye: Ti difé boulé sou istwa Ayiti. Nan lis liv ki nan bibliyografi l la (paj 215-217), nou kapab wè: Cercle Jacques Roumain: Résumé critique d'Histoire d'Haiti (# 1) tapé. Nou tou wè, nan lide moun ki te alatèt mouvman kominis ayisyen an, franse kenbe plas chèf li nan koze lekòl ak edikasyon. Nanpwen anyen la ki pou ta fè nou sezi. An Frans, Aleksi t al enskri nan Pati kominis franse a, an 1949. Li te gen bon relasyon ak gran ekriyen tankou Sengò ak Sezè. Depi anvan epòk sa a jis apre 1971, nou jwenn egzanp Pati kominis Gwadeloup ki te kenbe drapo lang franse a wo. Dapre li se lang franse ki te sovè edikasyon moun nan Antiy yo, jan nou wè sa nan Bébel-Gisler (1976: 155-156).

Kòm pitit yon entelektyèl ayisyen, Alexis leve nan pale franse epi nan gade liv an franse depi li gen ti lespri. Met sou sa, se 4 an li te genyen lè prezidan Bònò nonmen papa l anbasadè, an 1926, ki fè li pati al a Pari e se la li kòmanse al lekòl. Lè li tounen ann Ayiti, an 1930, yo mete l Sen Lwi d Gonzag jis nan bakaloreya. Lè sa a, se frè franse sèlman ki te pwofesè nan lekòl ri di Sant ak Gran Ri frè Enstriksyon Kretyèn yo. Yon ti Ayisyen boujwazi a, nan 2 lekòl kon sa, espesyalman anvan 1940, pa ta fouti sipoze *aprann li, aprann ekri*, an prensip, ta kapab fèt nan *pa konn pale franse* epi nan *pa etidye an franse*.

Se pa lekòl ki montre ti boujwa ayisyen pale franse

Nan mòd sistèm lekòl franse a ak kout gramè, kout dikte, kout analiz gramatikal, ki jèn moun ki ta rive distenge 2 aktivite diferan tankou *aprann an franse* ak *aprann franse*? Ki elèv ki ta kapab rive konprann se pa lekòl ki montre timoun an Frans oubyen ti boujwa ann Ayiti pale franse? Se pa lekòl ki montre ti Ameriken ak ti Ostralyen pale angle. Se pa lekòl ki montre ti Dominiken pale panyòl. Se paske ti Dominiken pale panyòl deja, ti blan Franse pale franse deja, ti Ameriken pale angle deja, ki fè lekòl fèt pou yo an panyòl oswa an franse oswa ann angle. Nou konprann atò pou ki sa yon uityèm keksyon pa te vin nan tèt doktè Jan Michèl egal Alexis:

8. Èske aprann li an franse se menm afè ak aprann franse?

Ni yon nevyèm keksyon:

9. Èske yon moun entelijan, annou di tankou Ilaryon, ki *aprann li* (piske li aprann eple, li aprann fè lèt pouse son *an franse*) ap aprann franse otomatik tou an menm tan?

Ni yon dizyèm keksyon:

10. Èske se pa ta yon mirak ki ta fè yon moun ki konn pale franse sèlman konprann Das Kapital (ki ekri ann Alman menm si se ak lèt alfabè laten)?

Natirèlman, si yon moun te mande doktè Jan Michèl: Sa k fè ou pa te fè Ilaryon kado liv Kal Maks la, Das Kapital, ann alman? Repons lan ta vin rapid: - *Ou fou? Mwen ki mwen, tankou pi fò kominis ayisyen an 1934, nou pa konn alman dekwa pou nou li Das Kapital jan Kal Maks te ekri l la. Alevwa pou Ilaryon ki pa te fè lontan lekòl.*

Pwovèb la gen rezon: *Premye pawòl se kaptenn zòrèy.* Tout yon bann pwofesè ayisyen, elèv ayisyen, gwo entelektyèl ayisyen, tankou Alexis, si tèlman abitye kwè montre timoun piti (ata granmoun tou) li an franse egal montre yo franse toutbon, yo pa wè anyen ki dwòl nan paj 167-168 Compère Général Soleil.

An diz èdtan pou pi piti,
oubyen an 10 jou, an 10 semenn,
oubyen an 10 mwa pou pi plis,
Ilaryon aprann lang franse, sa vle di yon nouvo lang, san li pa benyen nan franse. Li jwenn yon rezilta plizyè milyon Ayisyen pa jwenn pandan diz an yo pase lekòl (ant ane 1860 ak ane 2000).

Se nan istwa ki pa pase toutbon moun aprann li nan yon lang etranje

Epitou, Ilaryon aprann li toutbon, sa vle di se pa annik eple, se pa annik fè lèt pouse son. Se fè lèt ak ekriti remèt sans, moun ki te ekri a te gen nan tèt li.

Ilaryon konprann pawòl fasil ak pawòl difisil ki ekri nan yon lang li pa te janm pale depi li te piti, ni li pa janm pale jis li mouri. Yon liv istwa d Ayiti an gwo franse, ak gwo adjektif, gwo sibjonktif, patisip pase, pase konpoze, gwo fraz men longè, li ret byen ta lannwit ap li l nan limyè yon lanp gaz (paj 168), tankou yon moun ki swaf ap bwè nan yon bokit li file desann pou li plen l nan yon «*pi dlo mirak*».

Nan yon istwa ekriven envante, gen aktivite ki pi fasil pase nan lavi toutbon vre a. Men, yo dwe sanble ak reyalite lavi a. Nan paj 167 ak 168, nou jwenn refleksyon ak kòmantè gran entelektyèl ki etidye teyori Kal Maks, Lenin ak Stalin, fè sou evènman ki pase Sendomeng ant 1791 ak 1804. Dapre liv la, se refleksyon ki pase nan tèt Ilaryon. Se pa kichòy ki posib. Si yo te di nou: men pawòl Jan Michèl repete konbyen fwa devan Ilaryon jistan Ilaryon aprann yo pa kè pou l fè jako repèt, nou ta rekonèt yon sitiyasyon ki egziste nan lekòl ann Ayiti, ann di depi 1860. Sa ta fè n chonje pawòl katechis *Èt vou kretyen?*, plizyè milye granmoun ak timoun te aprann pa kè ant 1860 ak 1960. Sa ta fè n chonje vèsè labib an franse plizyè milye granmoun ki pa konn li, resite tankou teprikòdè ant 1920 ak 2000. Sa ta fè n chonje konbyen elèv lekòl, k ap resite paj istwa d Ayiti Dòsenvil a viv vwa sou batay Vètyè: *la diane - soudain - le plus jeune divisionnaire - le bilan de la domination française*.

Sa paj 167 ak 168 Compère Général Soleil reprezante, se ilizyon ak konfizyon ki nan tèt *moun enstwi, entelektyèl ayisyen*. Yon fason kèlkonk, sistèm lekòl Ayiti a aji sou yo, li detounen yo, li bouche je yo sou reyalite peyi a nan rezilta, lekòl an franse kapab rive bay. Pandan kèk moun, ki te pase nan sistèm lekòl Ayiti a, vin briye anpil nan etid yo ak konesans yo, nou fasil bliye valè moun sistèm nan domaje nan etid yo ak konesans yo. Gen yon pawòl Chomsky (2003: 205) ki vo pou Ayiti: «*youn nan aktivite prensipal yon sistèm edikasyon pou l reyisi travay li byen, se bay moun ki viktim li, pouvwa gade san wè. Pouvwa sa a, se yon mak ki distenge 'entelektyèl' ki konn se yo ki reskonsab.*»

Pitit gran nèg, pitit ti nèg pa chwazi lang yo pale

Gen moun ki pap konprann kritik mwen yo. Gen moun ki pral kwè mwen pa rekonèt valè Jak Stefèn Aleksi kòm yon gran ekriven ayisyen epi kòm yon gran

sitwayen ayisyen, ki te renmen peyi l, espesyalman mas pèp travayè, ouvriye, kiltivatè, san se pa te pawòl nan bouch sèlman. Li mouri pou peyi l lè li soti aletranje ak zam pou li rantre ann Ayiti ak lide jete diktati Divalye a. Se bagay mwen respekte. Se pa ni kòm ekriven, ni kòm militan ki goumen pou tèl kalite sistèm sosyal ak sistèm politik, ni kòm entelektyèl ki etidye mès, koutim ak kwayans mas pèp ayisyen an e ki gen pwòp lide pa l sou kiltivatè ak ouvriye ayisyen, mwen kritike sèten pwèn woman Alexis a. Nan liv mwen an m ap kritike yon sistèm lekòl kote Aleksi benyen depi li te gen 8 an jis li rive nan klas avanse lekòl de metsin.

Sistèm lekòl sa a ajì sou tout timoun, tout jèn moun ki pase plizyè ane ladan n. Espesyalman, sistèm lekòl sa a meprize lang kreyòl tout Ayisyen pale, sèl lang plis pase 90 % popilasyon Ayiti a konprann. Sistèm lekòl la te defann elèv pale kreyòl e li te pini yo pou sa. Sistèm nan pa te janm montre okenn elèv li kreyòl, ekri kreyòl, reflechi sou sistèm son, sistèm lòd mo, sistèm sans mo ki lakòz plizyè milyon moun te brase lide an kreyòl tou le jou depi 200 ane sou tè Ayiti kote elèv yo te fèt, te leve, tap devlope. Kouman yon jenn moun 30, 32 an ta kapab ekri yon liv, kòm si sistèm lekòl, li te jwenn Sen Lwi d Gonzag jiskan 1940 kon sa, epi lekòl de Metsin, pa te reyisi foute okenn lide kwochi nan tèt li sou lang an jeneral, sou kreyòl espesyalman? Moun ki ta panse sa, nan erè. Chomski (2003: 372) kritike iyorans ak prejije entelektyèl ann Amerik epi ann Angletè nan koze lang. An Frans sa pi mal toujou dapre Matinet (1969: 25-32). Se paske anpil moun enstwi pa reflechi sou pwoblèm lang, ni nan vi prive moun, ni nan vi moun kòm manm yon gwoup, yo etone li yon kritik sou sa yon gran ekriven ayisyen di sou lang oubyen sou sa li pa di sou lang. Chak moun fè pati yon gwoup yo pa te chwazi. Gen de lè se 2 lang yo pa te chwazi, yo konnen, tankou Jacques Roumain ak Jacques Stéphenè Alexis, depi nan piti. Gattegno (1970: 37) te fè menm remak la:

«yon moun fèt nan tèl kay, menm jan li fèt nan mòn oubyen laplenn, san li pa gen chwa sou fason fanmi l ye, sou mòd vi fanmi an, sou lang yo pale, sou mòd relijyon yo suiv, eksetera. Tout ka sikonstans kon sa, moun gen lè santi se la yo la.»

Gen yon pawòl Ilaryon repete, se lekòl ki gaye l nan peyi a, depi nan tèt moun yo di ki fò, jis nan sèvèl moun ki rive kwè «yo pa konn anyen». Se pawòl «iyoran» ak «nèg sòt». Se kon sa manti a pati (Egzanp: paj 93, 103, 109, 110, nan bouch Ilaryon oubyen nan bouch lòt moun). Aleksi gen rezon derefize vye pawòl sa a, lè li fè Pyè Woumèl di Ilaryon pou l gen tèt li konfyans (paj 64, 66), lè li fè doktè Jan Michèl montre Ilaryon li gen yon entelijans tankou entelijans pa l (paj 110).

Men, sa ki manke, se distenge sèten lide klè:

- Entelijans se pa menm bagay ak konesans.
- Konnen se pa menm bagay ak aprann.
- Yon lang se chemen konesans epi se yon konesans tou.
- Men, tèl lang pa yon chemen konesans pou moun ki pa konnen l.
- Se poutèt sa, nanpwen aprann li toutbon an franse pou moun ki pa konn franse toutbon.
- Nanpwen konprann liv an franse toutbon pou moun ki pa konn franse toutbon.
- Epi nanpwen aprann ni franse, ni okenn lòt lang etranje toutbon, nan de tan twa mouvman.

Lide yon gran edikatè ris sou keksyon aprann lang etranje

Lev Semenovich Vygotsky (1896-1934) te yon jèn moun, men, yon gran sikològ ris ki te pwofonde nan teyori Kal Maks tou. Se te yon kominis sensè, tibèkiloz gen tan touye, lè li te gen 38 an. Si se pa te sa, Stalin ta gen tan kouri ak li. Yon ane apre lanmò Vygostky, Stalin mete yon dekrè deyò pou li defann sèvi ak teyori sikoloji devlopman an. «*Yo mete pi fò etidyan Vygotsky yo nan prizon poutèt yo tap fè rechèch 'boujwa'*» (Gopnik 1999: 18).

Men lide Vygotsky (1962: 109) sou aprann lang etranje:

«apran yon lang etranje (se) yon aktivite moun ki konsyan ap mennen... Se yon aktivite yo vle mennen tou espere depi nan kòmansman.»

Nan reflechi sou pawòl sa a, moun ap tou wè nanpwen anyen nan liv Alexis a ki ta fè nou sipoze, pandan ti tan Ilaryon pase nan lekòl di swa a, msye te konsyan l ap aprann lang franse, msye fè espere aprann lang franse. Lè fini, dapre Vygotsky (1962: 83), aktivite sa a sipoze yon pwofesè k ap bay «*esplikasyon atifisyèl, k ap fòse moun aprann sèten eleman pa kè, nan repete sou repete.*» Kote Ilaryon te gen tan fè tou sa, pou l te rive konn franse jistan l ap plede li plizyè liv an franse (paj 216, 218, 219)? Pou yon moun rive konn yon lang etranje byen, dekwa pou li li gwo liv ladan n, sa mande anpil travay ak anpil tan. Sa Vygotski (1962: 110) di pou pale vo pou lekti yon lang etranje, lè yon moun pa te janm konn li pwòp lang pa l: «*sa rive sèlman kòm dènye rezilta nan finisman yon etid ki long, ki rès anpil.*»

Pawòl Vygotsky yo enpòtan, kwak anpil rechèch fèt, anpil nouvo konesans devlope nan afè lang depi 1934. Yon espesyalis lang, ki fè pati kominote nwa ameriken an, Spi (1999: 78) pale bon jan verite: «*Pi fò lan nou atrap yon lang yon jan natirèl - sa vle di poutèt rapò sosyal ale vini nan tèl sitiyasyon kiltirèl. Gen kèk grenn moun sèlman ki gen kont ladrès pou yo vin konn yon lang fen yon jan ki atifisyèl (egzanp lekòl oubyen nan aprann lang lan pou kont yo).*» Kèk grenn moun sa yo, nan lide otè a, se moun ki deja fè bon jan etid nan lang pa yo.

Elas, nou konnen Ilaryon pa te janm fè bon jan etid nan lang pa l, sa vle di: an kreyòl.

Youn nan feblès woman Alexis a, pa rapò ak konesans syantifik modèn sou lang, se sitiyasyon yon jèn travayè ayisyen, ki entelijan anpil se vre, men, ki rive rapid nan yon wo degre lekti ak bon konprann nan yon lang etranje, san li pa benyen ladan n depi nan piti, senpman paske li nan yon lekòl di swa militan kominis ayisyen, ki fè tout etid yo an franse e ki pa te gen ni lide, ni mwayen sèvi ak bon materyèl kreyòl pou fè elèv yo aprann tou sa pou yo ta aprann rapid an kreyòl ak bon liv kreyòl, ki pa t egziste. Rezilta yo jwenn rapid kon sa, se pa travay ni lasyans, ni respè yo genyen pou travayè, ni lafwa yo genyen nan yon teyori yo rele (paj 109) *dyalektik materyalis* oubyen *materyalis dyalektik*. (Se yon teyori Chomsky (1988: 189-190 epi 2002 :228-230) panse ki pa klè, ki fè li rive di: «*Mwen menm pèsone l m pa janm konprann li.*») Kon sa, sanble se ta rezilta yon mirak, bon jan mirak. E yo pa kwè nan mirak!

Nan afè lang, gen kèk lòt tras mirak nan aktivite Ilaryon nan woman an. Li jwenn yon lèt Jozafa ki sot an Dominikani. Li prese li l a viv vwa devan Klè Erèz. Se koze «*li te li fen an*» (paj 167). Dat li pa t «*konn li twò byen an*» (paj 109) te pase, kwak sa potko gen 3 an. Pandan li an Dominikani menm, ak yon bout kreyon ak yon fèy papye, li ekri Jan Michèl yon biye an franse (paj 278).

Sanble li gen tan konn pale panyòl pandan grenn ane li pase nan Panyòl la. Li te nan gran konvèsasyon ak yon atis pent, Domenika Betanssès, an panyòl, petèt an franse tou (paj 309-311, 318, 320).

Lide yon lengwis ameriken sou keksyon aprann lang etranje

Si yon moun panse pa gen anyen ki estwòdinè pase sa nan sa ki rive Ilaryon, li ta byen fèt kalkile kèk pawòl Moultonn ekri an 1964 - 1970. Wilyam G. Moulton se yon pwofesè lasyans lang, inivèsite Prinston, o Zetazini, ki te gen anpil esperyans nan ede etidyan aprann lòt lang. Asosiyasyon lang modèn Amerik la anchaje l ekri yon liv sou òganizasyon lang ki kapab ede moun aprann lang etranje. Moulton (1970: ix) tou avèti nou:

«*Aprann yon lang etranje mande tan, efò, pasyans epi antrènman, antrènman, antrènman.*»

Moulton pa te etidye sikonstans espesyal moun ki pa konn ni li, ni ekri, k ap etidye yon lang etranje, san yo pa depeyize. Nan aprann franse, yon lang etranje pou Ilaryon, kote nou wè li jwenn bon valè tan, li fè anpil efò, li pran pasyans, epi li pa manke bon jan antrènman an franse?

Pandan Moulton (1970: 14) ap chonje ka timoun piti, ki poko lekòl , li di:

«Aprann yon lang san ou pa ekri l, sa fasil. Se sa pi fò moun sou latè fè. Men, aprann yon lang san ou pa pale l, se yon aktivite ki difisil alestwòdinè, sa prèske twòp pou moun.»

Kote Ilaryon te jwenn okazyon pale franse kon sa, etan li tap aprann ni, pandan se sa pi fò timoun ki lekòl ann Ayiti, pi pa jwenn?

Dènye kou Moulton (1970: 16) ki touye koukou, se lè li di:

«Aprann li franse ki ekri (oubyen ris, oubyen panyòl), erezman, se kichòy ki ase senp, dabò yon moun deja konn pale lang lan, deja konprann lang lan.»

Yon dezyèm mirak

Kouman nou ta fè sipoze Ilaryon te deja konn pale franse e li te deja konprann franse anvan li t al lekòl nan piti oubyen lekòl di swa? Se ta pi gran mirak! Menm mirak ki fèt pou Yaya. Yaya se manman Esperans Deziye.

An 1987, premye chapit yon woman Deyita ekri an kreyòl, parèt nan Edisyon Dechan, Pòtoprens. Bon non Deyita se Mèsedès Fouka Giya, ki fèt Podpè, 21 septanm 1935, jan nou wè sou po anndan Majòdyòl, yon ti liv pwezi, li pibliye Nouyòk an 1981. Non woman an se Esperans Deziye (Tout liv la parèt an 1989).

Yaya te fèt *«nan kèk seksyon Jan Rabèl... Anvan papa l ak manman l t al pran kanntè yo te vin lage l lakay marenn li Man Jan Klòd... Kanntè koule. Tout moun mouri.»* (paj 3)

Madan Jan Klòd se te yon gran dam Senmak. *«Lè pitit fi marenn nan, ki te gen 7 ou 8 an, t ap aprann li, Yaya te toujou kanpe dèyè l. Se konsa piti-piti li vin aprann li pou kont li... San pase lekòl, nan ennan, Yaya te gen tan li pi byen pase lòt la ki te lekòl poutan. Tou sa ki te tonbe anba men l, li te li l.»* (paj 5).

Ki laj Yaya te genyen? - Onz an (paj 8: 15 an mwens katran).

L aprann ekri tou pou kont li. (paj 6)

«Yaya li san fòt» (paj 7) pou Jilyen, gran pitit gason madan Jan Klòd ki tap fin lekòl segondè Pòtoprens. Sa pawòl la vle di? Siman, li fè lèt pouse son. Ki fè *«pou vakans Nwèl, li pote yon liv lekti, yon liv kalkil pou Yaya. Li te konn fè adisyon deja. Jilyen montre l fè soustraksyon.»* (paj 7-8) *«Lè Jilyen vin pou gran vakans, li pote yon istwa Dayiti, yon gramè»* (paj (paj 6). Lè *«Jilyen mande manman l pouki li pa mete Yaya lekòl, Manman move. -Gade non... depi nou pase filozofi nou bezwen fè zèw kominis.»* (paj 9) Yaya tande tout pawòl yo.

Men sa «*li di nan kè l: 'Se pa fòt li non... Men yon jou fòk tout abitan, nan tout plenn, nan tout mòn, nan tout rakwen peyi a, konn li. E se mwen menm menm k ap fè l. Si m pa rive bay tout moun konèsans, pitit mwen va kontinye.*» (paj 9)

Lè Jilyen fè kadejak sou Yaya epi manmzèl vin ansent, madan Jan Klòd mete fiyèl li deyò. Yon machann vyann ranmase l. «*Vrèman vre, depi Yaya te rive nan Ti Bwa, chak apremidi, li mete timoun kou granmoun chita l ap moutre yo li.*

L ap moutre yo ekri. Ti gason ak tifi laj li ki te lekòl, li te oblije yo moutre yon moun li ak ekri... tout te dakò.» (paj 12)

Se bèl koze.

Nou chonje yon pawòl Chomsky nan kòmansman chapit 8? «*Lekòl kabre verite ki enpòtan.*» Poutèt sa, moun enstwi ki benyen long nan sistèm sa a, «*kabre verite ki enpòtan*» tou.

Mesye Jan Klòd, madan Jan Klòd, pitit gason yo ki t al konpoze pou lekòl de metsin, pitit fi yo ki te gen, 7, 8 an, lè istwa a te kòmanse, te konn pale ni franse, ni kreyòl.

Lekòl fèt an franse paske li fèt nan enterè ti «*lelit*» ki deja konn pale franse a. Liv lekòl yo an franse. Se an franse pou elèv yo aprann li. Aprann li an franse pou moun ki deja konn pale franse, mache avèk konprann sa ki nan ti liv lekti, konprann espplikasyon timoun kapab mande pwofesè a an franse.

Yaya pa te konn franse lè li te gen 3 an. Li pa te konprann franse lè li te gen 3 an, 4 an, onz an, douz an.

Kwak sa, li aprann li pou kont li an franse. Se la mirak la ye. E yo pa di n si te gen mirak.

L aprann li an franse pou kont li, san li pa konprann franse, san li pa pale franse, san li pa benyen nan franse. Liv an franse si tèlman vin enterese l, li renmen li yo. Li li tou sa l jwenn. Nan kòmansman, «*gen defwa li konprann. Gen defwa se mo sèlman li li. Men li pa t dekouraje. Chak fwa li fin fè travay li, li chita nan yon kwen l ap louvri lespri l. L ap pran konnèsans*» (paj 5). Nou ta di se bagay otomatik. Esperyans montre nou: milyon ven ti elèv, tout kote ann Ayiti, ap li liv lekòl an franse chak jou, san yo pa konprann anyen, san yo pa louvri lespri yo, san yo pa pran konesans, ata lè yo rive nan klas segondè. Se yon lapenn. Nou kab rele sa yon mirak nan sans mo a nan yon pwezi Deyita (jiyè 1975, Majòdyòl, 1981: 12):

*Pitit manzè pitit madanm
Fè menm aksyon fè menm mirak*

Dapre Raymond (1982: 14) ki pibliye yon seri konferans yon kongrè 1979, nan inivèsite Alabama sou angle ak literati ameriken, lekòl kab bay manje midi, men, si l «*fè timoun ki pa wè okenn liv lakay yo tounen moun ki saf pou lekti,*» se yon espès mirak. Raymond pa sèvi ak mo mirak la, men, li ta panse se kòm yon mirak Aleksi ak Deyita fè lè yo kreye Ilaryon ak Yaya. Yo fè yo sanble tèt koupe ak yo menm, nan renmen li liv franse. Èske Ilaryon se yon jèn ouvriye lamas, ki konn pale franse, oubyen èske se pòtre Jacques Stéphenè Alexis, ki te benyen nan liv franse depi l fèt? Èske Yaya se yon tifi andeyò (jan moun lavil konn di) ki pa te janm al lekòl, oubyen èske se ti Mèsedès tou krache, ki te si tèlman renmen li, «*li te menm konn vòlè liv yo di ki te twò fò pou ti sèvo l.*» (Majòdyòl, 1981)? Deyita (1981: 31) te vin pi pre verite a, lè li te ekri

*Yon bann gran nèg lespri chita
 Toutotou yon gran tab
 Y ap pale bèl franse
 Y ap kritike nèg sòt
 Koupe zèb anba pye zòt
 Y ape fè gran save
 Y ap fè analiz gramatikal
 Tout moun ki pa dakò ak yo
 Y ap fè analiz lojik
 Tou sa yo menm yo fè
 Pandan pèp la li menm
 Pa konn li ni ekri
 Yo bliye pou yo vin nèg lespri
 Se sou do pòv malere pèp
 Tout lekòl yo bati*

Yves Dejean (1975: 33) te fè menm remak la: «*Gad chita yo sou tèt pil kadav la.*»

Chapit 10

De towò pa kòmande nan menm savann

«*Yon jou fòk tout abitan... konn li* ». Lide Yaya sa a gen menm laj ak konstitisyon 1987 la. Nan ki kondisyon yon pwojè kon sa kapab reyisi oubyen pa kapab reyisi? (Al wè Freire 1981 : 27-30, - Prieto 1981 : 31-33-35, 39)

Gen kondisyon politik. Sa vle di se tèl kalite gouvènman ki sou pouvwa. Li serye, li konpetan, li nan enterè tout pèp la, li makònen ak mas pèp la epi li soti pou l mete tout pouvwa leta, tout òganizasyon ki nan peyi a, tout sistèm piblik, espesyalman sistèm lekòl la, o sèvis kòz alfabetizasyon an.

Gen kondisyon ekonomik. Sa vle di ki valè lajan peyi a kapab dispoze pou yon kanpay alfabetizasyon? Ki depans initil peyi a kapab egzante pou li jwenn kont lajan? Ki dispozisyon leta dwe pran pou li jere lajan an? Ki konkou li kapab jwenn nan peyi a epi lòt kote?

Gen kondisyon pedagogik. Sa vle di ki dispozisyon ki pral pèmèt de, twa milyon moun ki gen plis pase 15, 16 ane, aprann li, aprann ekri, nan distans ennan, kontinye li, kontinye ekri, kontinye etidye nan liv tout rès vi yo? Ki jan y ap prepare moun ki pral montre granmoun li ak ekri? Ki moun y ap chwazi pou sa? Ki materyèl y ap mete ni nan men moun k ap aprann, ni nan men moun k ap ede yo etidye? Pa ki wout nouvo konesans ap pase? Èske nou nan alfabetizasyon mirak oubyen nan alfabetizasyon 2 pye sou tè glise Ayiti a? Èske nou nan alfabetizasyon san manti oubyen nan manti san alfabetizasyon (Dejean 1995 : 20-24)?

Kreyòl se potomitan edikasyon ann Ayiti

Se kondisyon pedagogik, espesyalman, se pwoblèm lang kreyòl la, pwoblèm potomitan edikasyon ann Ayiti a, liv sa a egzamine tout jan tout mannyè. Se keksyon lang ak keksyon montre moun li ak ekri, ak keksyon rapò sistèm edikasyon timoun ak travay alfabetizasyon, lè granmoun ap aprann li ak ekri, chapit sa a ap fouye.

Egzanp Kiba a kapab pote yon limyè pou nou. Pou ki sa alfabetizasyon te kapab reyisi Kiba an 1961 ak konkou Pepito ak Pepita? Pou ki sa alfabetizasyon fè zewo ann Ayiti an 2001 malgre efò Tito ak Tita? Pou ki sa alfabetizasyon te nan wout reyisi o Brezil an 1963-1964? Pou ki sa alfabetizasyon reyisi Nikaragwa

ant 24 mas 1980 ak 23 out 1980, men, li bwè lwil nan yon zòn peyi a? (Cardenal ak Muller 1981 : 1,2,22)

Repons 3 keksyon sa yo kapab pa satisfè yon valè moun ki ta renmen yon analiz fon tout kondisyon politik, ekonomik, pedagogik ki esplike oubyen ki sanble esplike rezilta mouvman alfabetizasyon nan 3 peyi nou nonmen yo : Kiba, Brezil, Nikaragwa. Men, liv y ap li a, pa etidye pwoblèm montre granmoun li ak ekri ann Ayiti ak nan tout lòt peyi sou latè a. Liv la ap etidye pwoblèm lang kòm chemen konesans, kòm wout konnen, kòm kondisyon konnen.

Konn li toutbon, konn ekri toutbon, se yon konesans, se yon aktivite oubyen se rezilta yon aktivite sèvo/lespri Ayisyen tankou Kiben, tankou Brezilyen, tankou Nikaragwayen, tankou tout moun. Lè moun ki gen plis pase kenz ane, pa te konn sèvi ak teknik lekti ak ekriti epi, apre kèk mwa etid teknik sa yo, ak konkou lòt moun, nan sèten kondisyon, yo vin konn li byen, yo vin konn ekri tou, se yon nouvo konesans ki devlope nan sèvo/lespri yo. Ki wòl lang yo deja konnen depi yo gen 2, 3 an, nan aktivite aprann nouvo konesans sa a? Ki limyè sa k pase Kiba, sa k pase nan Nòdès Brezil, sa k pase Nikaragwa, pote pou moun k ap chèche konprann sa ki pase oubyen sa ki pa pase ann Ayiti depi tann dat mouvman fèt pou montre granmoun li ak ekri? (Al wè Paul Dejean 1990).

2 ti Kiben 10, 14 an

Pepito ak Pepita, se non nou kapab jwenn Kiba. Ann di tigason an ak tifi a te fè pati 38 mil 310 timoun, dis, katòz an ki t al pase, 9, 10 mwa nan mòn Kiba, pou yo montre 2 moun li ak ekri nan yon ti kay pay kote yo chak fè ladesant. (Chif yo soti nan Kozòl (1978 : 6, 9, 12) – 40% 95 mil 777 elèv, yo te antrene pandan 7 jou oubyen 10 jou Varadewo, bò Laavàn, kapital Kiba, te gen 10-11 an). Selon yon pawòl Kozòl (1978 : 10) timoun yo te prepare kò yo « *pou yo separe sa yo konnen nan li ak ekri* » (*prepared... to share their literacy skills*) ak kiltivatè ki resevwa yo lakay yo.

Sa 2 jenn timoun dis, katòz an te konnen Kiba, èske 2 jenn ti Ayisyen menm laj pa konnen l tou? Konkou Pepita ak Pepito bay nan peyi yo an 1961, èske Tita ak Tito pa te an mezi bay li nan peyi d Ayiti an 2001? Gen moun k ap etone anpil si m di yo : Repons lan se : NON. Tita ak Tito ta mèt pase 10 jou antrènman nan yon kan kote yo ta esplike yo kòman pou yo montre 2 granmoun anpil respè pandan y ap sèvi ak 2 bon liv tankou koute pale li ekri 4 chemen konnen ak kouman pou nou montre granmoun li, pou 2 moun yo aprann li, aprann ekri, sitiyasyon yo pa menm ak sitiyasyon 2 ti Kiben menm laj avèk yo, sou kèk pwèn ki enpòtan.

Pepita ak Pepito te konn pale panyòl sèlman depi yo te gen 2, 3 an. Tita ak Tito te konn pale kreyòl sèlman depi yo te gen 2, 3 an. Papa ak manman 2 ti Kiben yo te konn pale panyòl sèlman. Papa ak manman 2 ti Ayisyen yo te konn pale kreyòl sèlman. Pepito ak Pepita te konn li panyòl sèlman, te konn ekri panyòl sèlman. Pou Pepita ak Pepito, vèb li vle di ranmase sans pawòl moun ekri an panyòl, voye yo nan sèvo/lespri yo, etan yo konprann yo. Pou yo, vèb ekri vle di pran pawòl, an panyòl, ki nan tèt yo e ki ta kab soti nan bouch yo, mete yo sou papye pou lòt moun, ki konn panyòl, konprann yo.

2 mòd lekti

Men manman diferans lan :

Tita ak Tito te konn «li» franse sèlman, te konn «ekri» franse sèlman. Pou Tito ak Tita, vèb li vle di ranmase son pawòl an franse ki ekri sou papye, voye yo nan sèvo/lespri yo, etan yo ta renmen chonje yo, kenbe yo nan memwa yo. Pou yo, vèb ekri vle di pran foto pawòl, an franse, memwa yo kenbe kòm yon albòm, mete yo sou papye pou moun rekonèt ki son fòm ekriti sa yo remèt, lè yo gen devwa lekòl pou yo ekri nan kaye yo.

Men yon lòt diferans.

Pepito ak Pepita li yon pakèt bagay ki ekri, an panyòl, nan liv, ki pa liv lekòl, nan jounal, depi 4 ane (si yo gen 10 an), depi 6 ane (si yo gen 12 an), depi 8 ane (si yo gen 14 an). Yo konprann prèske tou sa yo li. Yo chonje anpil bagay ki te enterese yo nan sa yo li. Yo abitye rakonte ti zanmi, ti kanmarad, papa yo, manman yo, lòt granmoun, lòt timoun, bagay enteresan yo li.

Tito ak Tita pa te janm li yon grenn liv, ki pa liv lekòl kote yo gen leson pou y aprann pa kè. Sa vle di yo pa janm li menm 2, 3 paj an franse, san se pa yon paj leson yo gen pou yo aprann pa kè. Kanta liv an kreyòl menm, yo pa konn sa ki rele kon sa menm.

Yon lòt diferans.

Pepita ak Pepito, kòm bon elèv, ki anvi devlope konesans, abitye tande pwofesè lekòl, granmoun enstwi, di yo : li, li, li souvan, li anpil. E sa toujou vle di : li koze ki ekri an panyòl. Li pou nou aprann.

Tita ak Tito pa abitye tande granmoun enstwi di yo : li, li, li souvan, li anpil. E si kèk pwofesè di yo sa, si yon moun ta di yo sa yon fwa kon sa, sa vle di : li kichòy ki ekri an franse.

Yon lòt diferans.

Pepito ak Pepita abitye wè anpil moun k ap li jounal, nan lari, nan tann otobis, nan restoran, sou plas piblik, anpil moun k ap li liv nan lakou oubyen anndan kay. E se liv an panyòl.

Tito ak Tita prèske pa janm wè moun k ap li jounal, nan lari, nan tann otobis, sou Channmas, sou lòt plas piblik. Yo pa wè anpil moun k ap li liv nan lakou oubyen anndan kay. E si sa fèt youn youn fwa, se pa liv an kreyòl.

Timoun k ap ekri pawòl yo konprann

Yon lòt diferans toujou.

Nan lekòl tradisyonèl kote Pepita ak Pepito t ale depi 1953, 1955, oubyen 1957, se pa 2 grenn paj panyòl yo te ekri pou kont yo oubyen yo te kopye nan fè devwa, nan pran nòt. Pi fò pawòl sa yo, yo te konprann yo touswit, etan y ap ekri yo, oubyen, yo te mande lòt moun yon ti esplikasyon sou tèl mo, yo pa te konnen, sou tèl fraz ki te yon ti jan pi difisil. Nenpòt pi gran elèv, nenpòt gran frè, gran sè, kouzin, kouzin, papa, manman, tantin, tonton, vwazen, vwazin, te kapab di timoun 6 an, 7 an, 8 an, 9 an, 10 an, ki sa tèl koze panyòl vle di. Nenpòt ki pwezi Joze Mati, yo te fè yo li, yo te tande elèv ak pwofesè resite, yo te tande nan teyat, nan radyo, nan televizyon, yo te konprann yo touswit oubyen yo te fasil jwenn yon ti esplikasyon pou kèk ti detay. Menm jan tou pou yon kantite chante, kit chante radyo, kit kantik legliz, kit womans, kit chante militè, kit chante nan fèt, nan bal, e yo te kab li yo, si yo ekri yon kote. Yo te kab ekri anpil pawòl ladan yo, si sa te enterese yo.

Tita ak Tito menm, an 2001, nan kalite lekòl kote yo te ye a, se anpil paj franse yo te kopye, san yo pa konprann pawòl ki ladan yo lepli souvan. Yo pa te abitye mande esplikasyon. Kouman nou vle yon timoun ta pase tout tan l, ap mande esplikasyon prèske chak fraz, prèske chak mo, poutèt yon kantite pawòl dwòl yon lang etranje y ap vide sou li epi y ap fè l ekri? Met sou sa, li deja konnen sa ki ka rive l, sa k rive ti kondisip klas li yo plizyè fwa... Sa nou kwè k rive, lè yo chèche esplikasyon? Kèk moun kab fè yo move repons. Atò ki moun kon sa? Gen de lè se kèk elèv parèy yo, ki pa pi konnen pase yo, men ki rele yo : egare! Kèk pwofesè ki nan menm ka ak elèv yo, kapab tonbe joure yo : enbesil, kreten, moun sòt, moun mòn, gade figi w, tèt ou plen kaka kalbas! Nanpwen mande moun lakay yo esplike yo pawòl franse. Pi fò moun ki sansiv pou yo, pa konn pale franse.

Timoun k ap eple pawòl yo pa konprann

Se pa tanzantan sèlman, se tout tan, timoun yo jwenn koze tankou: « *la tête altière et hauts les fronts* ». Sa /ewolèfwon/ ak /altyè/ vle di? Ki koze /eyelamagerite/ sa a? Oubyen /eye lamargeu riteu/, (kouwè eux an franse). Sa ki /ageri/ (aguerrie), /dezalterè/ (désaltérait) oubyen /ondepi/ (onde pure)? Sa ki /un agneau se désaltérait dans le courant d'une onde pure – à ses pompes et à ses œuvres – avec ardeur dans la mêlée – de nos aïeux - que par-dessous notre épiderme – prête à Jaïre (jaillir) – les accents, l'hommage et les vœux = l'acassan, le fromage et les œufs (si yon moun ki konn pale franse ap pase pawòl kantik la nan jwèt)?

Tito ak Tita ta fasil remèt nou sa m wè ak 2 grenn je m, sa m tandè ak 2 zòrèy mwen, 11 ak 12 desanm 2002, lè 2 elèv senkyèm segondè (egal uitiyèm ane fondamantal) mande m ede yo ak yon fèy lekti yo te ba yo. Se te yon kopi im nasyonal la an franse. Mwen wè yo chak apa, 2 jou diferan. Youn gen sèz an e li kòmanse al lekòl depi li te gen 4 an. Se Pòtoprens li fèt, se nan zòn kapital la li leve. Lòt la, ki gen 14 an, abite la tou depi li gen 7 an. Manman tou le 2 rive nan sizyèm segondè. M kite yo li « La Dessalinienne » a viv vwa pou mwen, san m pa pete ri lemoman tou le de rive sou /eyelamagerite/, youn ak /te/, youn ak /teu/. M oblije kalkile: Sa Jisten Lerison fè Desalin kon sa?

Sa ki pi regretan, se reziyasyon elèv yo nan eple pawòl yo pa konprann. Yo byen kontan konn sa pawòl yo vle di. Men, sa yo santi yo pi bezwen, se pwononse mo, yo pa abitye jwenn nan dikte oubyen nan leson yo, pou yo kapab aprann yo pa kè epi pou yo kapab resite fraz ki gen mo sa yo. Sans plizyè mo, sans yon fraz, se pa kichòy yo kirye pou yo konnen. Dèske yo kapab pwononse yo, w a di sa kont. Selon pawòl Buscalia (1972: 68-69) nou te jwenn nan : Lekòl prèske touye kiryozye yo. Se malè li te pè a menm, ki rive yo. Se sèz mo ak konbyen fraz, yo pa te konprann, yo pa te kapab divinò, nan senk grenn koupè im nasyonal la, paske se kreyòl sèlman ki lang yo vrèman vre. Franse pa lang yo. Lè m montre yo tradiksyon kreyòl im nasyonal la, biwo lang kreyòl, mwen te dirije ant novanm 1994 ak oktòb 1997 te fè a, pou Sekreteri d eta pou alfabetizasyon an, tout pawòl kreyòl ki ladan yo vin klè pou yo. (Al wè tradiksyon kreyòl la nan paj).

Nan franse a menm, yo te kole depi nan « *les ancêtres* », « *point de* », « *du sol* ». Sa pa etone m. Sa fè lontan m konnen: mo kreyòl zansèt pa gen menm sans ak mo franse kote l soti a. Lendi, 23 desanm 2002, vè 10 è edmi di maten, mwen rive kot yon dam 62 an, mwen rekonèt depi mas 1986. Li tap netwaye kèk ti pwason bò kizin *Sant 3 ti flè* Fòwayal la, yon lekòl nan Premye Plenn Tigwav. Mwen di l:

- Mat, m ta renmen ou pale m non dis zansèt ou.

- Èske m kab ba w non pitit mwen yo?
- Nan zansèt ou, ban m non moun ou vle.
- Mayo... ak Mado...

(Se 2 moun mwen rekonèt byen, men, m pa te konnen oubyen m pa te chonje si se te fanmi l, ki fè, se pa fent mwen fè lè m di l):

- Mayo... ak Mado... se zansèt ou?
- Men wi, Mado... se pitit yon sè m e se manman Mayo...

Epi li nonmen non plizyè pitit fi l yo ak 4 pitit gason l yo, mwen wè prèske chak semèn, lè se pa chak jou, depi anpil ane jis jounen jodi a.

Zansèt ki vivan, zansèt ki desede

Mèkredi 25 desanm, jou Nwèl 2002, m mande yon granmoun gason 60 an nonmen non kèk zansèt li. Li mande m si se vivan, si se zansèt ki desede. Mwen reponn:

- Sa ou vle.

Li nonmen Tiyo, yon sè l ki desede epi Senjan ak Elifran, 2 frè l ki desede. Epi gran sè l (80 ane kon sa), ki la toujou ak premye pitit fi gran sè l, ki gen 52 ane. Se 2 moun m abitye avèk yo anpil. Li di Bondye se yon gran zansèt pou tout moun. Yon jenn nèg 30 ane kon sa vin rive etan msye tap pale. Mwen mande l nonmen non senk zansèt li. San li pa ezite, li reponn:

- Ou mande m senk? Eben, se manman m, papa m, marenn mwen, parenn mwen, Bondye.

Vandredi 27 desanm 2002, nou te senk moun ki abitye youn ak lòt, nan yon machin sou wout Tigwav – Pòtoprens. M mande sèl moun nan mitan nou an ki pa te janm pase lekòl la, ban m non 10 zansèt li. Se yon jenn nèg, 35 an, ki fèt 3 oktòb 1967, ki konn bay odyans, men, ki pa konn li. *Bannzil* te chwazi l pou l al Matinik ant 23 ak 29 oktòb 1987 pou li rakonte kèk istwa an kreyòl, nan yon festival ki vin pa fèt. Lòt moun ki te nan machin nan apre mwen menm, ak chofè a ak nèg 35 ane a, se te yon nèg 40 an, ki te pati sot Ayiti al o Zetazini lè li te gen 16 an. Li pase 10 an kòm pwofesè klas primè ak klas segondè Mayami, apre etid siperyè li Nouyòk. Lòt la te janbe Nouyòk lè li te gen 12/13 an. Se yon dam ki pwofesè inivèsite e ki ekriven. Yo temwen entèvyou a. Moun *P* nonmen yo kòm zansèt li, se 2 sè l, pitit manman l. Se 3 pitit matant li *K*. Se 3 pitit pitit matant li *K*. Se yon neve yon ti frè *K*, ki tap kondi machin nan. Se yon lòt neve yon lòt ti frè *K*. Tou le dis moun yo la.

Nan pawòl sou zansèt, nan bouch mesye dam yo, nou pa jwenn sans ni mo franse ancêtre, ki nan Petit Robert (1969), ni mo angle ancestor, ki nan Collins Concise Dictionary (senkyèm edisyon, 2001), ni nan Little Oxford Dictionary (setyèm edisyon 1998).

Nan pawòl franse im nasyonal la, « *point de* » pa fè 2 ti mesye senkyèm yo chonje mo kreyòl nanpwen an.

« *sol* » pa te gen okenn rapò ak tè peyi a. M pa konn si yo pran l pou yon sòl, yon depo lajan yon gwoup moun fè nan men youn nan yo, lè yo touche nan travay yo.

« *aieux, bêchons, fructifie, se fortifie* » pa antre nan santiman yo menm. Ni nan sèvo yo. Anpil pwofesè ta sèman « *joyeux* » klè tankou dlo kokoye. Lè m teste « *bêchons joyeux* », m te konnen yo tapral bite sou vèb la epi yo tapral apiye sou adjektif la. « *joyeux* » mennen « *Jwaye Nwèl* ». Nou ta konprann se kè kontan dat fèt la li ta pote. M ankouraje moun ki enterese nan rechèch, teste koze sa a ak bon valè moun nan peyi a. Byen petèt se sa m tandè a y a jwenn tou. Moun di « *Jwaye Nwèl, Bòn Ane* », tankou yo di bonjou ak bonswa, san yo pa chonje bon. Ki fè, nan tèt anpil moun, jwaye gen dwa pa mele ak kè kontan. Mèkredi premye janvyè 2003, gwo joudlan, a 7è di maten, mwen pase devan yon eskwad abitan ki tap voye kout wou nan yon jaden. Etan m salye yo, m oblije chonje nanpwen youn ki ta konprann « *bêchons joyeux* ».

« *formons des fils – prospères – sous ta garde infinie – notre passé nous crie eye lamagerite* » se gwo mistè.

« *preux* » se mèvèy. « *Bondye pre nou* », se sa youn di m. M te wè yon kaye yon elèv twazyèm segondè an 2001, kote li te kopye nòt pwofesè a te ekri sou tablo: « *Roland était pieux, Olivier était sage* ». Èske se elèv la oubyen èske se pwofesè a ki te ekri pieux pou preux? Bondye moun brav sèl ki konnen.

Repete pawòl san sans

Antouka, lekòl tèt anba jako repèt la fè milyon elèv repete pawòl franse san sans, tèt anba tou. Se kon sa pou pi fò elèv. Kiryozite yon ti ponyen elèv pa fin toufe nèt, espesyalman lè yo fè pati ti gwoup bileng lan ki pale ni kreyòl ni franse depi yo tou piti. Se yon lòt fason anpil nan yo reyaji, lè yo jwenn yon mo yo pa konnen nan nenpòt ki lang. Yo chèche divinò sans yon mo oubyen yon koze, menm si yon lè kon sa, yo fè tankou timoun k ap vize yon pentad ak yon fistibal, yo manke bèt malen an.

Se sa ki te rive yon elèv filozofi an 1945 nan vèsyon angle bakaloreya dezyèm pati a. Se te yon atik yon revyi ameriken sou goumen ki te fèt an Frans ak lòt kote ann Ewòp apre lame alye, espesyalman Ameriken ak Angle, te debake an Nòmandi. Te gen yon pèlen: « *in the poppy fields* ». Kòman jènan bwodè a ta fè konnen mo poppy a ak ti angle wòwòt lekòl la te montre l? Men, li te chonje mo angle pope. Li mete « *dans les Etats pontificaux* », nan peyi Pap la. Men, lè

egzamen fini, li kouri al gade mo poppy a nan yon diksyonè angle-franse. Li wè coquelicot. Anverite, kouman l ta fè konnen non angle yon flè, yo pa menm jwenn ann Ayiti, men, ki pouse fè jaden flè an Nòmandi?

Yon elèv seksyon B retorik menm te rankontre « *in cornu sinistre* », nan egzamen bakaloreya, nan yon vèsyon laten yon liv Seza sou lagè. Se te pati lame ki te sou bò gòch la, yo tap atake. Li mete « *dans le coin sinistre* » = nan kwen sonm nan.

Pandan ti Kiben ki te lekòl an 1961, benyen nan lekti ak ekriti, an panyòl, pandan y ap naje nan lank panyòl, Tito ak Tita, tankou pi fò elèv lekòl, ap neye nan pawòl ki ekri an franse. Se pa 2 pwezi, fab, chante, kantik, ata priyè, yo te aprann pa kè, an franse, san yo pa konprann yo.

Si yon prensip filozofi lontan gen valè « *Pèsonn pa bay sa li pa genyen* », si pwovèb la pale verite « *Zandolit bay madanm li sèl selon mezi men l* », èske nou kwè, nan keksyon montre moun ki pa te lekòl, li ak ekri, an kreyòl, Tito ak Tita kapab « *separe sa yo konnen nan li ak ekri* » ak yo?

Li pou lòt moun

An panyòl, Pepito ak Pepita dwe te konn fè sa yon Amerikèn nwa rakonte n li te konn fè. Li te leve nan yon zòn nan Sid Etazini epòk « *si tèlman moun pa te li* ». Li te pran konsyans jenerasyon pa l la tap aprann li, tap aprann ekri e li te kapab al lekòl – se kichòy ki te nouvo. Etan manmzèl al nan inivèsite, li chonje li te konn li pou lòt moun. Pawòl sa a, *bèl ouks* (1993: 149, 150) ekri a, ta dwe fè plizyè entelektyèl ayisyen reflechi. Se pawòl yon ekriyen nwa ameriken ki pwofesè inivèsite. Lè li te jèn moun, gran elèv lekòl, etidyan nan inivèsite, li te konn li liv ann angle pou Nwa ameriken parèy li ki pa te konn li ditou oubyen ki te li malman. Pou ki rezon anpil ti jennfi ak ti jennjan peyi nou ki pase 15 ane lekòl e ki byen konnen, pi fò moun ni lakay yo, ni nan vwazinaj yo, pa konn li, pa te janm fè yon ti lekti pou yo? Se paske lang lekòl la pa lang peyi a.

Pepito ak Pepita kab te konn li pou ti frè ak ti sè, pou ti kouzin ak ti kouzen. Yo kab te konn li yon lèt yon fanmi yo, yon vwazinaj yo te resevwa sot Nouyòk oubyen nan yon lòt peyi. Mo li a souliyen. Yo te li yon lèt an panyòl pou Kiben parèy yo ki pale panyòl, kit yo pa te pase lekòl ditou, kit yo pa te rive nan wo degre lekti nan lang panyòl yo a.

Gen plizyè elèv ak ansyen elèv lekòl ann Ayiti ki ta kapab di yo menm tou, yo konn li yon lèt ki sot aletranje pou Ayisyen parèy yo. Men, lepli souvan se pa vre. Yo jwenn yon lèt an franse mawon oswa an bon franse entèl entèl voye pou yon papa, pou yon manman, pou yon lòt moun. Se pa li yo li lèt la pou moun

nan vre. Yo di moun nan sa ki nan lèt la vre, oubyen sa yo kwè ki nan lèt la, sa yo konprann ki nan lèt la. Yadepafwa, yo di moun nan sa yo menm menm yo vle di l, san yo pa pale l sa ki nan lèt la toutbon. Tout jan, lèt la ekri an franse, pawòl yo pale moun nan se an kreyòl.

Pepito ak Pepita menm, lè yo li pou moun ki mande yo sèvis la, yo pa boukante lang. Ni Amerikèn nwa a. Se pa menm afè. Sa yo bay, se sa yo genyen, ni lè y ap li pou ti Kiben, pou Ameriken parèy yo, ni lè y ap ede yo aprann li, aprann ekri an panyòl oubyen ann angle.

Se pou nou konprann mo bay la byen nan pwovèb kreyòl la epi nan prensip filozofi a. Pinga nou ta pran l nan sans yon vye mès lekòl, Freire (1970: 57-64 = 1977: 52-54) kritike anpil. Se yon abitud nou jwenn ann Ayiti nan fason pi fò moun fè lekòl depi anvan premye ane lekòl primè jis nan klas ki pi avanse nan inivèsite. Selon mòd montre sa a, se kòm si mèl la ta genyen yon depo konesans nan tèt li epi li bay elèv yo li, moso pa moso, kòm si se yon lajan l ap depoze labank sou kanè yon lòt moun, kòm si se depoze li depoze moso konesans nan tèt yon elèv. Elèv la menm ta sanble ak yon veso, ki pa gen okenn aktivite. Pou veso a, se rete pran. Sa pa dwe fèt kon sa menm.

Aktè prensipal la

Se moun k ap aprann nan ki aktè prensipal la. Yon moun pa kapab aprann pou yon lòt. Ni konesans pa tankou yon kouran elektrik ki soti nan yon motè pou l pase nan yon aparèy ki resevwa kouran an. Nou dwe pran mo bay la nan sans yon moun di yon lòt, li wè ak yon mont: « *Ban m yon ti lè – fè m kado yon ti lè* », nan sans yo mande yon moun: « *Ban m nimewo telefòn ou – Ban m adrès ou.* » Sa vle di: pale, esplike, di pou ki rezon, di sa w konnen.

Pou nou tounen nan travay Pepito ak Pepita ki reprezante 38 mil 310 ti elèv 10-14 an ki te nan kanpay alfabetizasyon Kiba a ansanm ak 45 mil 15 elèv ant 15 ak 19 an, yo te sèvi ak liv panyòl, ki fasil pou yo, depi dat y ap li liv panyòl yo konprann, liv panyòl ki enteresan, liv panyòl tout kalite moun yo konnen, kapab konprann, anwetan tibebe ak timoun piti, lè yo tandè pawòl ki ladan yo. Yo te mande yo pou yo suiv sa ki nan liv, yo te remèt yo, pye pou pye: yon liv espikasyon pou yo menm Alfabetizemos (N ap alfabetize), yon liv lekti ki nan men moun k ap aprann nan tou Venceremos (N ap genyen batay la). Se panyòl tout moun kote yo ye a te pale tankou yo menm. E se panyòl granmoun ki tap ede yo, pale tou. Yo te gen moun k ap ede yo. Yo pa te pitimi san gadò. 140 mil mesye dam te nan montre lòt granmoun li ak ekri. 35 mil pwofesè lekòl tap suiv travay timoun yo, tap ba yo konsèy, depi kanpay la kòmanse jis li bout, epi doktè, mis, te oblije veye sou tout pwoblèm sante timoun yo (al wè Kozol 1978: 31).

Pwopagann an panyòl pou tout yon pèp ki pale panyòl aprann li an panyòl, te nan tout estasyon radyo ak televizyon, nan tout jounal, nan tout afich. Al wè lòt detay nan yon atik Abel Prieto Morales (1981: 31-33, 36-37) ki te direktè Pwogram Edikasyon granmoun Kiba a, an fevriye 1981. Sou 6 milyon 938 mil 700 moun, se 268 mil 414 moun ki te mete men. Pou 979 mil 207 analfabèt, te gen:

100 mil ti elèv ak gran elèv brigad Konrado Benitèz la,
13 mil 16 manm brigad travayè « *Peyi a oubyen lanmò* »,
120 mil 632 edikatè popilè = travayè alfabetizasyon,
34 mil 772 pwofesè ki tap kontwole travay la,
gen volontè ki te soti Ajantin, Brezil, Chili, Panama ak lòt peyi Amerik Latin.

Men nan ki anbyans, men nan ki sitiyasyon Pepita ak Pepito te ye.

Konpare sitiyasyon sa a ak sitiyasyon Tito ak Tita ann Ayiti an 2001, oubyen ak pa tout elèv lekòl 10-14 an depi 1943, n a konprann pou ki sa m pa janm gen konesans, nan 58 ane sa yo nan vi m (m te gen 16 ane an 1943), gen yon tifi oubyen yon tigason 10-14 an ki montre 2 granmoun li ak ekri, ni ki eseye montre 2 granmoun li ak ekri, an kreyòl, kwak yon sèvis gouvènman te anonse yon kanpay alfabetizasyon. Petèt gen youn youn ti jennjan, youn youn ti jennfi 17-19 an ki fè yon mouvman pou sa, m pa konn ak ki rezilta. Èske yo te prepare pou sa? Se sèten, lekòl pa te prepare yon grenn elèv pou sa.

Mwen li 52 mil paj

Ki ti elèv lekòl 10-14 an, nan peyi nou, ki te kapab di li abitye li liv an kreyòl, li abitye ekri an kreyòl? Kèk grenn. M pa panse n ap jwenn 10 mil sou yon milyon. Menm si nou ta rive sou 10 mil, nan sa ki abitye li jounal Boukan ak Bon Nouvèl, sa pa vle di yo abitye ekri an kreyòl. Timoun 10-14 an, ki pale angle depi yo tou piti, lòt timoun menm laj, ki pale franse, mwen rankontre plizyè nan yo ann Ayiti (nan ti gwoup bileng lan), o Kanada, o Zetazini, ki li 200 paj pa semèn. Multipliyè pa 52 semèn nan yon ane. Sa fè 10 mil 400 paj. Multipliyè pa 5 ane, lè yon timoun 10 an pral rive sou 15 an. Sa fè 52 mil paj 8 pa 11, ann angle oubyen an franse. M pa janm rankontre yon grenn ti Ayisyen 15 ane ki li 52 mil paj an kreyòl. Mwen sèten anpil nan jenn ti mesye dam ki te volontè pou travay alfabetizasyon Kiba a, an 1961, te depase 52 mil paj lekti an panyòl.

Ann Ayiti, jis jodi a, lè jenn moun, lè lòt moun, enterese montre granmoun li ak ekri, menm si yo etidyan nan inivèsite, menm si yo pwofesè lekòl primè, lekòl segondè, lekòl pwofesyonèl, lekòl nòminal, inivèsite (lekòl Metsin, lekòl Dwa, Fakilte agwonmi, ata fakilte lengwistik aplike), se lè a pou yo kòmanse aprann

sistèm òtograf ofisyèl kreyòl la ki la depi janvye 1980. Illich (1971: 21) fè n chonje « *yon moun ki konn yon ladrès kapab montre lòt moun ladrès sa a tou* ». Pawòl la kapab esplike nou pou ki sa fòk yon moun konn li kreyòl pou li montre lòt moun li kreyòl. Pa bliye konnen vle di abitye tou. Moun ki pa abitye li kreyòl pa fasil bon pwofesè lekti ak ekriti an kreyòl pou granmoun. Men, lekòl pa ankouraje moun fè sa. Okontrè, li chèche fè elèv kwè yo pa ase fò pou yo montre lòt moun sa yo konnen.

Èske pwoblèm tèl lang ak òtograf li enpòtan kon sa? Al wè repons lan nan Kozol (1978: 54): Kiba, valè granmoun ki pa konn li bese rive nan 2 pou san granmoun peyi a. Ki yo? Pi fò nan 2 pou san sa a, se te « *moun malad, granmoun aje epi Kiben ki pa pale lòt lang pase ayisyen* ». Se kon sa Kozol rele kreyòl Ayiti a. Sa nou wè la: se yon valè Ayisyen ki te Kiba, an 1961, ki pa te konn pale panyòl dekwa pou yo ta kapab aprann li, aprann ekri an panyòl. Yo pa te pase lekòl ann Ayiti oubyen si yo te fè kèk grenn ane nan lekòl an franse tèt anba peyi yo, yo te bliye teknik wòwòt fè lèt pouse son an. Yo pa te rive Kiba nan piti. Yo pa te fè kont ane la pou yo ta vin degaje yo malman an panyòl epi yo te pi mache ak Ayisyen parèy yo ki pale kreyòl ak yo. Lòt Ayisyen ki te konn pale panyòl, men, ki pa te janm al lekòl, espesyalman sa ki te Kiba depi nan piti e ki te pale panyòl tankou Kiben menm laj, menm klas sosyal ak yo, aprann li, aprann ekri, an panyòl. Pi devan yo fè gran pwogrè nan devlope konesans.

Se pou nou kalkile pawòl Kozol (1978: 55, 56): li nan nivo eple gen anpil limit. Sa pa mennen lwen, sa disparèt fasil, sa pa itil pase sa, si sa ret la. Nan finisman kanpay alfabetizasyon an, nan mwa desanm 1961, 707 mil granmoun sou 979 mil 207, ministè edikasyon Kiba a te konte kòm analfabèt « *te kapab li afich, pwezi ak chante yo te ekri espesyalman pou yo e yo te fè yo kado, - yo te kapab konprann de, twa ti koze fasil nan premye paj yon jounal ki te fèt selon mezi ti konesans piti yo a.* »

Ennan alfabetizasyon – 20 ane edikasyon san rete

Lè diktatè Batista te sove kite pouvwa a, 31 desanm 1958, 23 pou san granmoun Kiba pa te konn li. Men, jan Kozol (1985: 97) di nan yon lòt liv li, men kouman pwoblèm 23 pou san sa a te poze:

1961 se te ennan pou atake pwoblèm nan.

1961-1981 se te 20 ane pou rezoud pwoblèm nan.

Alfabetizasyon mare ak edikasyon k ap kontinye.

Alfabetizasyon an kreyòl pou granmoun ki pale kreyòl sèlman, lekòl an franse pou yon mas timoun ki pale kreyòl sèlman, sa pa mache ansanm. *Se lèt ak sitwon. 2 towò pa kòmande nan menm savann. Egal: pèp ayisyen pèdi ni krab ni sak. Lekòl fè fayit, li fè zewo bare. Alfabetizasyon fè fayit, li fè zewo bare.*

An 1961, Kiba te espesyalman byen prepare pou travay alfabetizasyon rapid sa a. Jan, Abel Prieto Morales (1981: 37) di a : « *Li te gen yon pèp ki te chofo anpil nan mitan yon revolisyon e ki te fè lidè li yo konfyans nèt. Li te gen yon sèl grenn lang (se mwen ki souliyen bout fraz sa a). Tè peyi a long, li etwat epi se kèk grenn kote sèlman moun pa te kapab ale fasil.* » Kon sa Prieto gen rezon di: se « *pa te yon mirak* ».

Nikaragwa, alfabetizasyon reyisi pou menm rezon yo, prèske nan tout peyi a, men, li pa reyisi nan zòn kote Endyen Miskito yo rete. Youn nan rezon prensipal pou sa, se te baryè lang lan. (Al wè Cardenal ak Muller 1981: 1, 2, 22)

Brezil alfabetizasyon te nan bon wout. Koudeta lame 1964 la kraze travay 1963 a.

Ann Ayiti ak yon sistèm lekòl tèt anba, an franse, alfabetizasyon yon mas granmoun se ta yon mirak.

Chapit 11

7 ane

Se pa istwa Jakòb, ki fè sèt ane, dapre chapit 29 Jenèz nan Labib, ap travay pou Laban anvan li marye ak premye pitit fi l epi ki travay 7 lòt ane toujou pou dezyèm nan, Rachèl. Se pa istwa Jozèf, pitit Jakòb la, ki vin yon espès premye minis wa Ejip, Farawon, lè 7 an lapli fè jaden byen donner, epi 7 an sechrès kaba tout zòn bò la yo. Pou nou kalkile 7 an se yon bèl valè tan, ann chonje kiltivatè Latibonit gen yon koze *si mwa lepli, si mwa lesèk*, lè ane a nòmal nan zòn sa a. Se koze sèt ane *N* ak *B* pase lekòl ap aprann franse ak koze sèt ane yon kanmarad klas yo pase nan metye tayè.

An 1984, *N* te youn nan twa elèv lekòl nasyonal Lèpal ki te reyisi nan egzamen sètifika sou trèz elèv ki te nan klas li a

An 1985, *B* te youn nan senk elèv lekòl nasyonal Lèpal ki te reyisi nan egzamen sètifika sou kenz elèv ki te nan klas li a.

N ak *B* fè 7 an lekòl primè, san yo pa double, nan menm lekòl nasyonal la. Apre sa yo fè tout etid segondè yo. Nan ane 2002 a, youn direktè yon lekòl prive nan yon vil depatman Lwès, lòt la reskonsab administrasyon lekòl la. Yo rakonte m esperyans yo fè lekòl ak direktè ak pwofesè ki pa te sevè sèlman. Yo di m yo te brital. Men, tout moun te respekte yo, ni elèv ni paran.

Mwen mete 2 sipozisyon devan yo kòm *N* te gen trèz an lè l te nan klas sètifika e lòt zanmi l lan tou.

Premye sipozisyon

(1) Ann sipoze, nan grann vakans 1984, yon gwoup jèn timoun 13, 14, 15 an, te sot an Frans, pou yo vin pase 15 jou Lèpal avèk nou. Se premye fwa yo vin ann Ayiti. Yon elikoptè pran yo lè yo debake nan ayewopò Mayi Gate a mennen yo Lèpal dirèkteman. Paran yo te kontan voye yo. Yo menm yo te kontan vini. Nou menm nou tap tann yo. Te gen manje. Te gen kote pou yo desann. Te gen yon granmoun fi ak yon granmoun gason ki te anchaje rankont sa a. Te gen ti jwèt foutbòl, lago kache, pwomnad, eksetera.

Èske nou ta kab fè zanmi fasil ak timoun sa yo? Nan fè zanmi, èske nou ta kapab pale fasil ak yo? Èske ta gen pwoblèm toutbon pou youn konprann lòt?

N ak *B* chache kabre keksyon m nan. Yo di m: Ti blan Franse yo ta kab pa alèz ak yo, menm jan yo menm yo ta kab pa alèz ak ti blan Franse yo. Mwen reponn yo: Ki afè de ti blan Franse n ap pale m la a? Chaje ak timoun menm ras ak

menm koulè ak timoun Lèpal ki fèt an Frans, ki leve la e ki konn pale franse sèlman.

Fè jounen ap pale

N di li ta kapab di kèk ti pawòl ak yo. Mwen mande l si li ta kapab fè jounen ap pale avèk nouvo ti kanmarad sa yo. E si youn vin zanmi l, si l ta kapab rakonte l tout jwèt li konn fè, tout travay li konn fè, tout aktivite ni timoun, ni granmoun konn mennen nan zòn nan. Kòm li tap ezite, mwen mande l si li pa kwè nan 15 jou sa yo ti Franse yo ap vin konn pale plis pawòl an kreyòl pase pawòl an franse l ap rive pale li menm. Li di m wi, paske ti blan pi entelijan (pawòl blan an ki tounen!).

Alafen, *N* ak *B* rekonèt: sèt ane lekòl an franse pa ba yo mwayen pou yo pale lib ak timoun parèy yo ki sot an Frans. Yo vin rekonèt, yo pa te konn pale franse lè yo te fin pase egzamen sètifika. E se pa yo menm sèlman. Pi fò elèv te mèt pase diz an lekòl ann Ayiti, yo pa konn pale franse pou sa.

Dezyèm sipozisyon

(2) Ann sipoze, nan grann vakans 1984, yon gwoup jèn timoun 13, 14, 15 an, te sot nan zòn Plenn di Nò, pou yo vin pase 15 jou Lèpal avèk nou. E se ta premye fwa yo rive yon lòt kote ann Ayiti ki lwen lakay yo kon sa. Paran yo te kontan voye yo. Yo menm yo te kontan vini. Nou menm nou tap tann yo. Te gen manje. Te gen kote pou yo desann. Te gen yon granmoun fi ak yon granmoun gason ki te anchaje rankont sa a. Te gen ti jwèt foutbòl, lago kache, pwomnad, eksetera.

Èske nou ta kab fè zanmi fasil ak timoun sa yo? Nan fè zanmi, èske nou ta kapab pale fasil ak yo? Èske ta gen pwoblèm toutbon pou youn konprann lòt? Natirèlman gen kèk mòd pale Lèpal ki pa menm ak kèk mòd pale Plenn di Nò. Egzanp: Nan komin Tigwav, yo konn di:

(A) Zòm mren - Apa w al jwe mab ak li! - Gade l! Li pral pwokire jaden an

kote moun lan Nò konn di:

(B) Zanman m - Se pa w ay jwe kannik ake y! - Gete y! I pway okipe chan an

Men, depi dat gen yon ale vini nan tout peyi a, ant pami travayè, komèsan, maren, madan sara, kiltivatè, bòs, pèsonn pap janm kwè timoun Lèpal ak timoun Plenn di Nò pap bay règ odyans, tire kont, rakonte istwa, pale ansanm depi

solèy leve jistan solèy kouche pandan 15 jou sa yo. Se pa *N* ak *B* yo ta kab fè kwè bagay kon sa.

Twa, katran nan metye

Mwen mande *N* ak *B* pale m de timoun Lèpal menm laj avèk yo, yo te rekonèt lè yo te lekòl primè la. Èske pa te gen ti mesye dam ki pa te kontinye lekòl, men, ki t al nan metye, paregzanp nan kouti oubyen nan tayè? *N* koupe pawòl mwen:

- Ou se divinò. Ann oktòb 1984, te gen yon elèv klas mwen ki pa te pase nan egzamen sètifika a. L al nan tayè Lèpal kay yon bòs ki fanmi l.

Ann rele jèn gason sa a: Tisannon. Se te yon bon eleman, ti nèg debyen, ki pa te janm bay pwoblèm lekòl. Men, li te youn nan dis elèv ki pa te fè mwayèn yo nan egzamen sètifika a. Li di manman l: tan pou li double, pou l refè klas la, pito l al nan metye. Pito l al aprann tayè. Touve te gen yon bòs tayè nan zòn nan ki te fanmi l e ki vin dakò pou li pran l kòm apranti. Sa k pase Tisannon about 7 an? Sou 2 an, manman l te achte yon machin a koud pou li. Sou 4 an, li te fin aprann tayè, li te gen tan bòs. Tout fanmi l, tout moun nan zòn nan ki te rekonèt li, te touve sa nòmal. Si misye pa te konn anyen nan metye a about 4 an, ann oktòb 1988, tout ras li ta rejte l kòm yon vakabon, yon parese, yon aryennafè, yon ti nèg move santiman ki pa te vle aprann metye a, malgre efò manman l te fè pou sa. Tout moun ta etone si apre 4 ane kòm apranti kay yon bon bòs tayè nan fanmi l, li pa te an mezi taye yon chemiz, koud yon pantalon. Yo ta menm rive kwè se yon malfektè ki pran nanm li, ki detounen l, pou l fè 4 an apral nan metye a regilyè san l pa ka remèt anyen.

Sa klè pou tout moun: yon ti jennjan kèlkonk pa kab pa gen bon konesans nan metye tayè si l aprann ak yon bon bòs pandan twa, katran. Yon ti jennfi kèlkonk pa kab pa gen bon konesans nan kouti si l fè menm valè tan an ap aprann ak yon bon koutiryèz. Mwen mande yon jenn dam ki pwofesè kouti konbyen tan pi fò ti medam ki nan kouti, bezwen pou yo konn metye a, si yo ale nan metye a regilyè. San li pa ezite, li reponn mwen: twaz an pou pi plis! (8 mas 2003)

Ann Ayiti, nanpwen jèn moun ki oblije pase 7 an, nan mekanik, nan kòdonye, nan mason, nan chapant, nan fewonri, nan òfèv, nan ebenis, nan boulanje, nan maren, nan peche pwason, nan travay tè, pou yo aprann metye a. Men, sèt ane pa kont pou plis pase yon milyon nan timoun ki enskri nan lekòl, an franse, tèt anba nou yo, aprann sèvi ak franse kòm yon mwayen konesans. Men, 7 ane kont pou dejwe yo, pou fè yo kwè mwayen konesans ki deja nan tèt yo depi yo gen 3 an, lang kreyòl yo a pa yon chemen konesans toutbon. *N* ak *B* rive wè: se an kreyòl lekòl ta dwe fèt ann Ayiti.

Antouka, N ak B nan wout jwenn repons pou 2 keksyon epi yo nan wout konprann repons yo tou.

Yon premye keksyon: Pou ki sa pi fò ti Ayisyen ki fèt ant 1986 ak 1988, ki al lekòl depi 1992 oubyen depi 1994 e ki lekòl toujou an 2003, pa konn pale franse, pa konprann liv ki ekri an franse pou timoun 12-16 an?

Yon dezyèm keksyon: Pou ki sa yon ti pòsyon ti Ayisyen ki fèt ant 1986 ak 1988, ki al lekòl depi yo gen 6 an e ki lekòl toujou an 2003, konn pale franse, konprann liv an franse ki ekri pou timoun 6 an, pou timoun 7, 8, 9, 10, 11, 12-16 an?

Èske se paske yo pi entelijan pase lòt timoun menm laj ak yo ki al lekòl tou? Èske se paske yon jwenn pi bon lekòl ak pi bon pwofesè? Èske se paske yo gen pi bon okipasyon? Èske se paske moun ede yo konprann pou ki sa timoun al lekòl? Yo konnen timoun al lekòl pou yo gen yon ide sa k fè lapli tonbe, sa k fè yon ti grenn zoranj tounen yon ti pye zoranj, sa k fè loraj gwonde, sa k fè moun malad?

.

Chapit 12

Èske ou konn li?

Jean Fouchard (1988: 20, 21) rakonte ki jan, nan mwa d jen 1791, Colonel Malenfant, yon kolonèl lame franse Sendomeng te rankontre yon esklav yo te rele Tamèlan ki te pwofesè pitit yon wa ann Afrik. Yon jèn ti blan franse, ki te Sendomeng, te ekri kolonèl la yon lèt. Pandan Malenfant ap li lèt la, li gade nan yon glas, li wè esklav ki te pote lèt la, tap gade ekriti a. Men sa Malenfant (1814: 212-214) ekri nan liv li a: «*Après m fin li lèt la, mwen di l: 'Èske ou konn li?' Li reponn mwen: 'Non, msiye' - 'Pou ki sa ou tap gade sa m tap li a?' - 'M mande w padon: M pa konn li franse.' - 'Antouka, ou konn li?' - 'Wi, msiye. Epi m konn ekri lang peyi m ak lang yon espès gwoup moulat cheve long.' - 'Ekri kichòy pou mwen.' Li pran yon plim, li kòmanse ekri soti a dwat al a gòch. Desen lèt li yo te byen fèt epi li tap ekri vit. - Ki sa ou mete nan sa w ekri a? M pa konn lang sa a. Mwen kwè se arab. Èske se kon sa ou rele l?' Li reponn mwen: 'Non' M fè l ekri non lang li a. Mwen fè anpil tan ap sere l. Men, m bliye l...' - 'Ebyen, ki sa w ekri?' - 'Se yon priyè'. Te gen plis pase ven liy. Non nèg nwa a se te Tamèlan. Li te gen karannkat ane kon sa... Se nan mwa d jen 1791 li te pale sa avè m.»*

Sa ki fè Fouchard enterese kopye pawòl liv Colonel Malenfant an se pou li montre nou malgre baryè yo te bay esklav yo, te genyen nan yo ki te konn li deja

anvan yo te fè yo tounen esklav ann Afrik. Sa ki enteresan nan koze a pou yon moun ki fouye pwoblèm lekti ak ekriti, se fòm keksyon kolonèl franse a ak fòm repons Tamèlan an. Kolonèl la mande l èske li konn li? Afriken an reponn: non, li pa konn li, paske li pa konn li franse. Ni keksyon an, ni repons lan montre nou vèb li, ekri, pale se vèb ki toujou gen yon konpleman ki kapab parèt oubyen ki kache. Lè 2 moun gen menm lang, sitiyasyon nòmal la se pou konpleman vèb li a pa parèt, lè youn mande lòt la: Èske ou konn li? Si Tamèlan te kontre ak yon lòt Afriken ki pale menm lang ak li, nan lang yo pale a, li ta mande l si l konn li, san li pa pwononse konpleman vèb la. Si Malanfan tap pale ak yon sòlda franse nan rejiman li kòmande a, se san konpleman, li ta poze keksyon an. Sitiyasyon tèt anba Sendomeng la vin kreye konfizyon nan tèt 2 moun ki save lalekti, lè keksyon li a vin prezante.

Konfizyon m ap pale a lakòz Fouchard pa poze tèt li sèten keksyon, lè l ap egzamine dokiman lontan sou afè esklav ki te konn li oubyen ki pa te konn li Sendomeng nan tan lakoloni.

Girod-Chantrans (1785: 167, 169) te ekri: «Yo veyatif jistan yo enpoze esklav aprann li... Annefè, se ta yon gwo danje si de kalite moun yo fè lenjistis krazе yo kon sa ta vin eklere. Sa ta ba yo anvi fache. Sa ta eksite yo revolte...» Fouchard (1988: 62) fè nou jwenn kopi yon pawòl madan de Perak (Mari Lorans d Anglad), yon dam grant famiy ki te sot an Frans, te ekri sou sa li te wè Sendomeng: esklav yo te iyoran anpil *«paske pa te gen lekòl pou yo.»*

Kwak Fouchard (1988: 84) di li pa jwenn dokiman ki ta pwouve te gen yon valè lekòl ki te fèt an kachèt leswa pou esklav yo, li sipoze yon seri lekòl kon sa te egziste, e te gen esklav ki t al ladan apre yon jounen travay pete fyèl. Pwofesè lekòl sa yo, se te kèk grenn esklav, ki te reyisi aprann sèvi ak yon alfabè, yon katechis oubyen kèk liv yo te vòlò nan bibliyotèk kay kolon yo. Mèt lekòl sa yo te transmèt esklav parèy yo kèk ti konesans lekti ak ekriti, yo te rive genyen nan tèt pa yo. Se sipozisyon Fouchard. Moun ki etidye teknik aprann li ak ekri fon kapab yon ti jan mal pou asepte sa. Lide Fouchard sou aprann li yon ti jan sou mank, tankou lide Jacques Alexis (1993) ak plizyè entelektyèl ayisyen, kòm kwa depi gen lekòl, depi gen pwofesè, moun ki pase nan men yo, ap aprann li. Yo gen dwa pa reflechi sou keksyon ki lang ki moun deja konnen.

Tousen aprann li nan men pè Batis

Fouchard (1988: 85 epi 132, nòt 149) pale de Tousen ki te aprann li, ki te aprann ekri nan men parenn ni, Pyè Batis. Epi li pale de Desalin ki te aprann ekri non li, kwak li pa te konn li. Men, Desalin te fè yon moun li pou li pandan li tap suiv pawòl moun nan li yo ak anpil atansyon. Gen de lè, Desalin te fè moun nan li diskou Wilbèfòs yo pou li.

Sou ka Tousen an, Foucha sanble sipoze Pyè Batis se te youn nan pwofesè mawon ki te aprann sèvi ak yon alfabè, yon katechis oubyen kèk liv nan bibliyotèk yon kolon. Dapre yon otè olandè, Martin Ros (1994: 8, 9, 177), Simon Batis, parenn Tousen, se te yon pè katolik franse. (Pa gen pwoblèm pou 2 fòm non nou wè yo. Simon Pyè se te 2 non premye apòt Jezi a te genyen, nan evanjil Matye 4, 18 - 10, 2, Mak 3, 16, Lik 6, 14, Jan 1, 40.) Li te montre fiyèl li li, li te montre l ekri epi li te ba l leson laten, ki fè Tousen te abitye li liv priyè ak sòm an laten. Lè sèten moun vin dèyè plas leta nan men l, li te konn mande yo si yo pale laten epi li te lage kèk pawòl sòm sou yo, yo pa t konprann, anvan l di yo, yo pa alawotè pou dyòb la.

Descourtilz (1809: T. 3, 251) rakonte n yon jou, Tousen te mal resevwa li paske li t al fè yon frekanste pale kreyòl ak jeneral an chèf la, angiz li pran bwa franse li.

Lè konn pale franse pa te vle di konn li

Sou ka Desalin nan, Fouchard pa gen lè poze tèt li yon keksyon: Èske Desalin te konprann franse epi èske li te konn pale franse? Repons lan yon jan an kachèt nan dokiman ki fè Foucha konnen ak ki atansyon Desalin te suiv papye leta yo te li an franse pou li ak tradiksyon franse diskou Wilbèfòs yo. Fouchard (1988: 47) di nou «Desalin menm menm pase kèk tan kòm bòs chapant ki te nan sèvis yon nèg lib. Pi devan, nèg la tounen premye chèf kanbiz lanprè a.» Depi dat sa a, e byen petèt depi Desalin te timoun, li te kapab gen kontak ak moun ki pale franse, ki fè li te vin konn pale franse tou. Men, espesyalman pandan yon diz an kon sa Desalin pase nan lame franse kòm militè sou zòd Tousen (1792-93-1802), li te anba bouch plizyè ofisye franse ki te fè lagè ann Ewòp ak Bonapat. Men, konn pale franse epòk sa a, Sendomeng, pa te vle di konn li ak ekri. Gabriel Debien (1952, Fouchard 1988: 127, nòt 82) deklare se «10 % sèlman nan “ti blan” yo ki te konn ekri non yo.» Se menm jan tou pi fò sòlda ak ofisye lame franse pa te pase lekòl nan tan sa a. Yon lòt egzanp ki pi enteresan toujou se ka Polin Bonapat, pwòp sè Napoleyon, madanm marye jeneral Leclè ki te kòmande lame franse ki te debake Sendomeng an fevriye 1802 a. Polin «*pa te janm aprann ni li, ni ekri*» (Ros 1994: 158).

Yon lòt bagay moun dwe chonje: sitiyasyon lang Sendomeng pa te menm ak sitiyasyon lang ann Ayiti depi 1804. Pou nou konprann sitiyasyon lang 1790-1810 pi byen, reflechi sou sèten enfòmasyon tan modèn. Ant ane apre revolisyon franse 1789 la ak ane 1810, siz an apre endepandans Ayiti a, pi fò granmoun gason an Frans pa te janm al lekòl. Granmoun fi menm, se te pi rèd. Ki fè se yon ponyen moun ki te konn li e ki te konn ekri. Sa kòmanse chanje piti piti apre 1850. Men, anpil tan pase anvan oditè modèn Radyo Frans Entènasyonal tande

nouvèl li bay madi 5 septanm 2000 la: douz milyon jèn moun pran wout lekòl an Frans sou 60 milyon Franse. Sa vle di sou chak 5 Franse gen youn ki lekòl. Men, pandan tout timoun ki an Frans depi 1930, pase plizyè ane lekòl, nou kapab panse: lè timoun ki fèt an 1930 vin gen 70 an, an 2000, pi fò granmoun fi ak granmoun gason peyi sa a te konn li, te konn ekri. Malgre sa, men sa monseyè Jacques Gaillot (1991: 98) te konstate nan mwa d'me 1957, nan kan antrènman Frejis pandan li te fè pati solda ki te fè sèvis militè yo an Frans nan ane 1957 la: *«Mwen te etone poutèt kantite anwole ki te li e ki te ekri malman oubyen ki pa te ni li ni ekri menm. Mwen kòmanse rann yo sèvis li lèt yo te resevwa nan men fiyanse yo epi ekri repons pou yo...»*

Ann tounen Sendomeng, nan tan lakoloni. Menm lè anpil kolon te konn pale kreyòl, lang tou le jou yo, se te franse. E se te lang tout kalite blan ki te nan koloni an. Se te lang maren abò plis pase senk san gwo batiman vwal, ki te rive chak ane nan pò Sendomeng yo, ki te bezwen pase plizyè jou, plizyè semenn menm la, pou yo debake machandiz, pou yo repare dega konbyen jou sou lanmè, pou yo anbake danre koloni an. Dapre Ros (1994: 68, 203), batiman ki depòte Tousen an, rive nan pò Brès an Frans 12 jiyè 1802. Ros make 26 jou sa yo sèlman li pase sou lanmè, kòm yon rekò vitès pou epòk sa a. Chif nou jwenn nan Ros (1994: 47, 48, 52, 53, 162, 190) ede nou konprann mouvman antre soti militè ki pale franse, Sendomeng. Sontonaks, ki te gen 29 an, te debake Okap 17 septanm 1792 ak 6 mil solda. Jeneral Franswa Galbo te kòmande *«yon lame 5 mil moun»* Okap, 21 jen 1793. Leklè te alatèt 86 bato chaje ak 35 mil solda, lè *«premye bato pwoche bò kòt Sannto Domingo premye fevriye 1802.»*

Pandan mas esklav jaden yo pa te gen kontak avèk Blan sa yo, esklav domestik, esklav ki te gen metye, esklav ki tap bwote chaj, te an kontak avè yo. Blan sa yo pa t gen enterè fè jefò aprann pale kreyòl. Menm bagay pou militè lame franse depi ti sòlda jis gwo kòmandan, ki pa t vini pou yo rete nan koloni an. Se pase yo tap pase. Menm bagay pou yon valè administratè ak anplwaye gouvènman franse.

Desalin te konn pale franse

Nou gen bon jan prèv Desalin te konn pale franse, nan yon liv Descourtilz (1809), Fouchard site plizyè fwa. Liv la se yon dokiman ki gen anpil enpòtans pou detay li bay, kwak otè a, ki pote non 'natiralis' (an franse «naturaliste») pa te yon gran espesyalis syans natirèl jan sèten Ayisyen konprann. Kilès ki Michèl Etienne Descourtilz (1775-1835) sa a? Se te yon jèn franse ki fèt an Frans. Etan li nan peyi li, li vin marye ak yon pitit fi kolon franse, fanmi Wosiyòl-Lachikòt-Dedin, ki te retounen an Frans ak evenman 1791 yo e ki te gen gran bitasyon nan zòn Gonayiv ak Latibonit. Gouvènman Tousen an te mete tè sa yo sou sekès. Fanmi madan Dekouti voye jèn bofi yo, ki potko gen 25 ane, al dèyè

byen yo Sendomeng. Ti blan an pati ak yon gwo non espesyalis nan syans natirèl ki pral etidye plant, pyebwa ak bèt bwa Sendomeng. Se yon jèn moun ki te gen bon ti konesans ak anpil ladrès. Li te konn swen maladi ak blese. Li te konn jwe mizik, konpoze mizik, ekri mizik. Li te fò nan desen. Desen bèt li leve, tankou aganman, te fè Desalin bat bravo. Pou presizyon ak detay, yo sanble ak foto.

Yo fè l pati ak lèt Izarak ak Pòl Louvèti, pitit Tousen ki tap etidye an Frans yo, voye bay papa yo. Descourtilz (1809, Tòm 2: 1) debake Pòtoprens 2 avril 1799. Etan de la, l al pote konmisyon yo bay Tousen. Pou afè tè fanmi madanm li, Tousen voye l ba Desalin ki te kòmande zòn Latibonit. Desalin te di sòlda yo: *«Grenadye a yo, nou wè ti blan sa a, pwoteje l pou mwen. Pinga anyen rive l.»* Sa ki enteresan, sèke Dekouti pase 3 an nan kontak pre ak Desalin. Si l te yon moun ki te admire Desalin, ki ta cache peche pou li, ki ta fè anpil konpliman pou li, fòk se ta ak sèten prekasyon nou ta pran lwanj li ta fè nan yon liv ki parèt an Frans, an 1809, 3 an sèlman apre lanmò Desalin, 17 oktòb 1806. Men, msye pale Desalin mal. Men pou ki sa. Lè gran preparasyon, ki dire plizyè mwa, kòmanse fèt an Frans pou lame Bonapat tapral voye wete Sendomeng nan men Tousen Louvèti, gouvènè jeneral la te an kontak ak espyon angle. E se chak semenn rapò te vin jwenn li sou mouvman nan pò franse yo, epi sou depasman gwo kolonn bato de gè ki tap janbe lanmè Atlantik. Yon jou, Desalin di solda yo: *«Nonk a li mouri... li va mouri tou jodi a. Solda, fè sa mwen di nou... wete l douvan je an mwen: Kondi li pise witi nou konnen.»* Pawòl la te vle di: al touye l ak kout bayonèt nan vant. Se atò madan Desalin lage kò l nan pye mari l, li di mari l non, ou pap touye l, ki fè Desalin di yo: *«Solda, kite blan an»* *Puis à moi [epi li di m]: Soti devan je an mwen»* (Descourtilz 1809, T. 3: 304-305).

Lè batay Lakrèt a Pyewo, Desalin te kenbe Dekouti kòm prizonye nan fò a pou l te swen sòlda ki te blese yo. Yon jou li di l: *«Zespyon kin an mwen vin la jodi a... Yo di mwen kon sa nou vle kite mwen... Mwen pa krè sa pyès»* (p. 353). Se lè kò lame Desalin nan atake lame franse ki te bloke fò a tout kote, ki fè Ayisyen yo soti nan fò a, Dekouti ak lòt prizonye franse vin lage. Kèk mwa apre sa misye retounen an Frans. Dekouti ekri plizyè pawòl Desalin an kreyòl nan diskou li te konn fè ni pou sòlda, ni pou kiltivatè an prezans blan franse ki te nan zòn nan. E li di jan diskou sa yo te cho e jan yo te anfòm.

Kounye a, ann kalkile yon pawòl jèn Franse sa a, ki te gen 34 ane, lè liv li a parèt an 1809, e ki pase 4 an Sendomeng, lepli souvan nan konpanni Desalin, ekri nan liv li a:

«Men, pandan Desalin te kòmanse ap pale kareman kont lame yo te voye a, li derefize (pale) franse, li rayi ata lang yo. Se poutèt sa, pandan pitit yon mèt tè Gonayiv, yon ti blan ki fèt Sendomeng, pèmèt li pale bon franse ak Desalin, Desalin twaze l ak degoutans epi li ranmase li sevè menm: 'Tyenbe lang a wou, pou ki sa nou chèche tyenbe lezòt?» [Se tradiksyon pa m.] Men, pawòl Descourtilz (1809, T. 3: 281), dapre yon fotokopi: «*Cependant Dessalines, commençant à se prononcer ouvertement contre l'armée expéditionnaire, évitoit, détestoit jusqu'à leur idiome; c'est pourquoi il reprit très-sévèrement le fils d'un propriétaire des Gonaïves, qui, créole de Saint-Domingue, s'avisa de lui parler bon français: Tiembé langue à vous, lui dit-il en le toisant avec dédain, pourquoi chercher tienn' les autres'?*»

Si Descourtilz pa te konn tande Desalin pale franse, si li pa te kwè Desalin te konn pale franse, ki sans sa li rakonte la a ta genyen?

Gen yon dezyèm keksyon Fouchard gen lè pa chonje kalkile, se: Ki lang pi fò esklav te konnen epi ki lang pi fò nan yo pa te konnen? Repons lan sanble klè. Pi fò esklav te konn pale kreyòl kòm sèl lang yo oubyen kòm lang prensipal yo si yo te fèt Sendomeng e si yo te fè pati mas kiltivatè ki te travay nan jaden kann, jaden koton, jaden kafe. Lòt esklav, ki te fèt ann Afrik, te konn pale youn nan lang peyi yo oubyen plizyè nan lang peyi yo, e yo te vin konn pale kreyòl byen, oswa malman, oswa ti kras. Chonje, dapre Ros (1994: 78): «*Dènye bato esklav antre nan pò Okap la 27 jiyè 1793.*» Bon valè esklav domestik te konn pale ni kreyòl ni franse. Pi fò esklav pa te konprann franse, ni yo pa te pale franse, ki fè yo pa te kapab aprann li franse toutbon ni aprann ekri franse toutbon.

Depi nan premye paj premye chapit la, nou jwenn 2 keksyon ki mache ansanm: «*Èske ou konn li?* » epi «*Èske ou konprann sa w ap li a?* » Nan chapit 2, nou te jwenn repons sèt edikatè etranje bay pou 2 keksyon sa yo. Se 3 medam ak 4 mesye. Se yon Franse ak sis Ameriken. Si nou ranmase sa ki pi enpòtan nan repons yo, nou kapab di: «*Moun ki konn li, se moun ki konprann pawòl yo li yo. Si pa gen konprann, pa gen li toutbon.* »

Lekti dwe mache ak konprann

Lide a senp. Lide a klè. Lide a vre. Tout pwofesè ayisyen ki suiv kou nan yon lekòl nòmal kèlkonk, konn sa. Yo dakò ak sa. Pou ki sa m al chèche temwayaj edikatè etranje ki ekri liv sou edikasyon ak lekòl ? M pa te bezwen al lwen kon sa. Pou ki sa m pa sèvi ak pawòl yon liv ki fèt ann Ayiti, tankou Youpi! Je sais lire 2 (Cheri, paj 1)? «*Li, se konprann sans yon mo, yon seri mo youn dèyè lòt, yon koze ki ekri* » - «*aktivite lekti dwe mache ansanm ak konprann* ».....

(paj 3) « *Dapre nou, Youpi! Je sais lire 2 va rive fè travay li si li bay ti elèv premye ak dezyèm ane mwayen pou yo aprann li yon jan pou yo konn li byen epi espesyalman pou yo aprann li yon jan pou yo renmen li. »*

Dènye pawòl paj 3 a sonde premye pawòl paj 1 yo, si nou chonje: liv la ekri an franse epi li fèt pou ti elèv premye ak dezyèm ane lekòl primè. Kounye a, ann tounen li fraz paj 3 a ak yon ti presizyon a dwat mo elèv... dezyèm ane yo, ki fè fraz la tounen egzanp (1), (2), (3), (4).

- (1) elèv ...dezyèm ane *ki konn pale angle sèlman e ki konprann angle sèlman*
- (2) *ki konn pale panyòl sèlman e ki konprann panyòl sèlman*
- (3) *ki konn pale kreyòl sèlman e ki konprann kreyòl sèlman*
- (4) *ki deja konn pale franse e ki deja konprann franse*

Ak presizyon (1), (2) oubyen (3), fraz la pa vre. Se manti.

Ak presizyon (4), fraz la vre. Se pa manti.

Mwen sipoze sèt edikatè etranje yo, konpetan nan branch yo epi yo sensè. Se ak yon lespri kritik, mwen li liv yo ekri yo, ki fè m gen bon rezon pou m kwè yo konpetan. Mwen konnen y ap fouye pwoblèm lekti ann angle oubyen an franse pou timoun menm peyi ak yo. Timoun sa yo nan ti klas lekòl ki fèt nan lang manman yo, nan lang tout zòn kote lekòl yo ye a, sa vle di swa ann angle, swa an franse. Se nan menm lang lan, yo menm ki vin pwofesè lekòl nan granmoun, yo te etidye kòm elèv, lè yo te timoun. Yo pa nan okenn sitiyasyon dwòl « yon lang nan lavi, yon lòt lang lekòl », ki ta lakòz tèt yo touble, yo nan woule m de bò, y ap chèche bay tèt yo manti sou travay y ap fè ak pi fò ti elèv 6, 7, 8 an. Lèfini, yo wè klè, nan yon sitiyasyon ki nòmal. Wòl yo, se montre timoun piti li epi ekri sèl grenn lang yo deja konn pale a.

Sa m ap di pou edikatè ki ekri Youpi! Je sais lire, yon liv ki parèt ann Ayiti, epi pou pwofesè k ap sèvi ak liv la? Mwen sipoze yo konpetan nan teyori edikasyon yo etidye nan liv ki pa fouye pwoblèm lang, pwoblèm fè lekòl, pwoblèm edikasyon jan yo prezante toutbon ann Ayiti pou yon mas 3 milyon timoun k ap naje nan lanmè kreyòl. Si yo sensè, si yo serye ak tèt yo, epi yo kwè mas timoun 6 an, 7 an, 8 an, nan plenn, nan mòn, nan ti bouk, nan ti vil, nan pi fò kay zòn Pòtoprens, depi Maryani jis Damyen, depi Pòtay Leyogàn jis Maryanman, ap aprann li toutbon, an franse, menm jan mas timoun 6 an, 7 an, 8 an, an Frans, Kebèk, an Waloni (Bèljik), aprann li an franse, mwen prèske anvi panse: yo pa konpetan. Si yo konpetan, epi yo di mas timoun 6 an, 7 an, 8 an, tout kote oubyen pi fò kote ann Ayiti, ap aprann li toutbon an franse, menm jan mas timoun 6 an, 7 an, 8 an, an Frans, Kebèk, an Waloni, aprann li an franse, mwen prèske anvi panse: yo pa sensè, yo pa serye ak tèt yo. Yo pa sensè ta vle di: yo nan wout pete tèt yo espre epi bay lòt moun manti. Byen petèt nou ta

kapab di: yo pa fin konpetan nèt, kwak yo sensè, men yo pa wè klè poutèt yon sitiyasyon ki pa nòmal.

Yon sitiyasyon ki pa nòmal

Nou jwenn yon sitiyasyon ki pa nòmal, depi sou tan lakoloni, epi ki fin pran pye ann Ayiti apre lendepondans. Yon ti ponyen moun ki pale 2 lang, kreyòl ak franse, sa vle di ki gen 2 wout kote konesans kapab pase, apiye yon sistèm lekòl ki fè kòm si se nan yon sèl nan 2 wout sa yo, se an franse sèlman, konesans kapab pase pou tout moun. Men, chemen franse a, se yon wout mas pèp la pa genyen. Se kòm yon valè kay ann Ayiti ki gen yon premye enstalasyon pou kouran Elektrisite d Ayiti a epi yon dezyèm enstalasyon pou kouran yon dèlko. Lè kouran Elektrisite d Ayiti a koupe, dèlko a pati otomatik ki fè toujou gen kouran pou tout aparèy kontinye mache nan kay la, ni televizyon, ni òdinatè, ni frijidè, eksepta. Men, pi fò kay ki gen yon ti enstalasyon elektrik, e ki pa menm kab sèvi ak yon invètè, depann de kouran lavil la.

Wòch nan dlo pa konn doulè wòch nan solèy. Moun ki pa janm manke kouran, annik di yon kantite lòt moun: « *Degaje nou. Achte yon dèlko, mete invètè.* » Natirèlman, sa pap fèt. Lajan pa sòt nan syèl. Kanta mas moun ki pa gen kouran menm, nan tout peyi a, ki mele yo?

Nan afè lang, sa pi rèd. Atrap yon lang se bagay ki otomatik pou tout timoun ki benyen nan lang lan. Aprann yon lang se bagay ki difisil e ki mande anpil tan, anpil efò, anpil depans. Konn yon lang san ou pa kab ni atrap li, ni aprann li, se mirak. Mirak pap regle pwoblèm mizè, pwoblèm grangou, pwoblèm wout, pwoblèm dlo, pwoblèm elektrikite, pwoblèm konesans ann Ayiti

Tamèlan te di li pa konn li, nan sans li pa konn li franse. Epi li di li konn li, nan sans li konn li lang manman l ak yon lòt lang afriken. Li te wè ase klè nan afè lang epi li te sensè.

Menm keksyon. Menm repons. Yon lòt sans

Repons premye keksyon an, keksyon ki tounen non chapit 12 la, te menm nan bouch Izabela ak Domingo (men, an panyòl) epi nan bouch Doudoun ak Jojo (men, an kreyòl). Ak tou sa, repons lan PA te gen ni menm valè, ni menm sans.

Ti wi (si, an panyòl) Domingo ak Izabela a te kapab vre epi, siman, li te vre = « *Wi, nou konn li* ». Sa te fè 6 an, 2 ti Dominiken 8 an sa yo te konn pale panyòl sèlman. Yo te fèk pase 2 an lekòl ap etidye lekti nan lang manman yo, an panyòl. Pa te gen okenn rezon pou yo pa ta konn li pawòl ki ekri an panyòl pou timoun

piti epi pou yo pa ta konprann yo. Nan mòn kote yo te rete an Dominikani an, tout moun pale panyòl sèlman.

Ti wi Jojo ak Doudoun nan pa te vre paske li pa te kapab vre. Kote 2 ti Ayisyen uit an, 2 pitit kiltivatè, ki fèt e ki leve sou tè Mòn Lasèl, menm jan ak papa yo ak manman yo, te benyen nan franse, yon lang okenn gwoup moun pa pale nan zòn nan? Okenn mirak pa te fè yo te kapab li pawòl ki ekri an franse yon jan pou yo konprann pawòl sa yo.

Kat timoun uit an sa yo, nan afè lang, se ti nosan yo ye. Nan ki sans ? Laj sa a, ak ti esperyans piti yo a, nanpwen malis kache nan kè yo ki ta kapab fè yo fè granmoun kwè yo konn pale yon lang etranje. Yo pa te kapab fè fent kòm si yo konn li pandan yo poko konn li. Men, Izabela ak Domingo reponn yon senp ti keksyon yon granmoun peyi yo. Yo sèvi ak ti konesans timoun uit an yo: nou konn li, sa vle di nou konn li panyòl, nou konprann pawòl ki ekri an panyòl pou timoun piti.

Doudoun ak Jojo menm reponn menm keksyon an yon granmoun peyi yo poze an kreyòl. Men, ak ti konesans timoun uit an yo, yo pa kapab sipoze keksyon Ayisyen gran konnen an gen yon pèlen ladan n. Pwofesè lekòl Jojo ak Doudoun di yo « *Yo konn li* ». Kanè lekòl la remèt yo, montre yo fè mwayèn yo nan lekti. Vrèman vre, yo konn fè lèt pouse son kreyòl yo rekonèt nan mo franse liv yo. Egzanp: */si lè sal ke dwa je fè?/ « S'il est sale, que dois-je faire? »* Ebyen, yo menm ki pa tibebe, men, timoun uit an, yo vale manti lekòl foure nan ti tè yo. « *Doudoun ak Jojo, èske nou konn li? – Wi, nou konn li.* »

Jojo ak Doudoun konprann konn li se fè lèt pouse son. Se sa lekòl reyisi montre pi fò timoun uit an ki benyen nan lanmè kreyòl sèlman, ki pale kreyòl sèlman, k ap naje alèz nan lanmè kreyòl tout lajounen, tout lannuit, depi kèk ane. Epi pwofesè ki pa wè klè, konprann y ap konn pale franse poutèt 3 degout franse yo voye sou yo. Èske se pa ta menm afè ak sa yo rele *pwazon 3 degout*, yo di, ki fè vivan tounen zonbi?

Chapit 13

Èske Ayiti chita pou kont li nan yon kwen, lè li benyen nan lang kreyòl li a?

Gen yon pawòl Youssef (2002: 192), mwen fè tounen yon keksyon. Epi keksyon an tounen non chapit 13 liv la. Epi chapit 13 la tounen yon kritik onz prejije, vye

kwayans ak erè ki nan tèt anpil Ayisyen gran konnen ak plizyè etranje ki enterese nan pwoblèm Ayiti. M ap egzamine yon seri lide moun ki kwè:

- Majorite pèp ayisyen, se yon minorite nan afè lang.
- Pale plis pase yon grenn lang nesèsè pou pi fò kretyen vivan.
- Tout pèp yon peyi konn pale dirèk ak pèp yon lòt peyi.
- Gen lang ki kapab izole moun.
- Montre Ayisyen an kreyòl se menm bagay ak montre yo kreyòl.
- Depi kèk moun, nan yon peyi, rive milyonè oubyen rive pale 2, 3 lang, tout moun nan peyi a kapab fè menm jan.
- Sikonsans nòmal lavi tout yon pèp menm parèy ak sikonsans espesyal lavi yon ponyen moun.
- Nanpwen diferans ant redi aprann yon lang ak atrap yon lang.
- Benyen nan tèl lang pa enpòtan pou timoun rive konn tèl lang.
- Yon jounen gen plis pase 24 è pou mas pèp ayisyen an.
- Tèl lang pa yon manman zouti konesans.

Valeri Youssef se yon dam ki sot ann Angletè e ki abite nan peyi Trinidad. Li pwofesè nan branch inivèsite Wès Indiz ki nan peyi a. Youssef (2002) konpare sitiyasyon lang ann Ayiti epi nan peyi Trinidad pou li chèche yon repons pou yon keksyon: èske lekòl, nan peyi sa yo, kapab sèvi ak bon jan pwogram bileng epi èske li dwe sèvi ak bon jan pwogram bileng? Men ki jan mwen konprann keksyon an pou Ayiti: èske lekòl dwe fèt an kreyòl epi an franse tou? Oubyen: èske lekòl dwe fèt an franse epi an kreyòl tou? Epi, èske lekòl kapab fèt an kreyòl epi an franse tou? Oubyen èske lekòl kapab fèt an franse epi an kreyòl tou?

Fòk nou egzamine plizyè pwèn nan atik Youssef la.

Majorite nan afè lang

1. Ann gade lis trant liv ak atik jounal ki nan fen atik la. Gen 10 ladan yo nou kapab mete a pa. Se 5 etid Youssef ekri, plis 4 atik twa Ayisyen ekri (Dejan 2, Dezi 1, Dousèt 1), plis yon liv Grim sou lang yo pale sou latè a an jeneral. Rete 20. Nan 20 sa yo ki rete a, gen 12 ki konsène minorite lengwistik. Sa enteresan paske minorite lengwistik vle di gwoup ki pale yon lang, men ki piti lè nou wè yo nan mitan lòt pi gwo gwoup pase yo, ki pale lòt lang, nan menm peyi kote yo ye a. Ann bay yon valè egzanp.

O Zetazini, dapre resansman 2000 la, te gen 281 milyon moun. Dapre dènye chif popilasyon Biwo Resansman an, nan jounal Mayami Eral (Nimewo 278, jedi 19 jen 2003, 1A), gen 288 milyon 400 mil moun. Lè nou konte tout gwoup moun nan 288 milyon moun sa yo ki pale divès lòt lang ki pa menm ak angle, nou pap

rive jwenn 80 milyon, men, n ap rive jwenn 255 lang diferan. Kounye a, nou mèt di gen 200 milyon moun ki pale angle sèlman vrèman vre e ki vlope rès moun ki pale yon lòt lang. Epi nou oblije di: rès moun ki pale yon lòt lang tou, paske pi fò nan yo konn pale angle tou, malman oubyen fen nèt. Se poutèt sa, menm si nou jwenn 38 milyon 800 mil moun ki konn pale panyòl, a sipozisyon tout moun Biwo Resansman an rele Ispanik (« *Hispanics* ») pale panyòl, 2 milyon moun ki konn pale kreyòl Ayiti a, kèk milyon moun ki konn pale chinwa, nou sètoblije rele gwoup moun sa yo: minorite, o Zetazini.

O Kanada, plizyè ti gwoup moun pale yon lang endyen, yon ti gwoup moun pale eskimo, lòt gwoup moun pale: ris, chinwa, kreyòl ayisyen, grèk, italyen, eksetera. Yo rele yo: minorite. Pou ki sa? Paske yon pi gwo gwoup moun ki pale angle ak yon dezyèm gwo gwoup moun ki pale franse, vlope yo.

O Meksik, yon gwo gwoup san milyon moun kon sa ki pale panyòl vale kèk grenn milyon moun ki pale divès lang endyen. San milyon an se majorite, rès restan an se plizyè ti minorite.

O Brezil, prèske tout popilasyon an pale pòtigè, se kèk ti gwoup mil Endyen ki pale divès lòt lang pa yo. Se yo ki minorite.

Sa m di pou Meksik ak Brezil vo pou tout lòt peyi nou jwenn depi nou sot Alaska oubyen Labradò ann Amerik di Nò, n ap desann nan sid, nou pase Amerik Santral, nou janbe Kolonbi, nou travèse Amerik di Sid jouk nan dènye pwent Chili.

Lè nou gade 4 pi gwo zile ki genyen nan lanmè Karayib la, sa nou wè? Kiba gen onz milyon moun ki pale panyòl, ki li panyòl, ki ekri panyòl, anwetan timoun alabazaj. Yon valè Ayisyen, ki la anvan 1959, pale kreyòl tou, tankou yon valè pitit ak pitit pitit Ayisyen ki te la depi epòk 1915. Kèk grenn lòt moun ki te sot nan lòt peyi, tankou Jamayik, Lachin, pale lòt lang tou.

Ispayola separe an 2: Dominikani yon bò, Ayiti yon lòt bò. Tout Dominiken ki fèt e ki leve an Dominikani pale panyòl. Dapre yon rapò Bank Mondyal (2002) 83 % Dominiken save lalekti (= an panyòl). Nan zòn Samana, yon valè pitit pitit Ameriken nwa (kèk milye) kontinye pale yon fòm angle tou. Se sa yo rele yon minorite. Valè travayè ayisyen, an Dominikani, ki kontinye pale kreyòl, se pa pale! Se yon lòt minorite.

Pòtoriko, lang tout moun ki fèt la e ki leve la, se panyòl. Yon valè moun pale angle tou. Se sa yo rele yon minorite.

Jamayik, yon ti gwoup moun pale angle sèlman, men, pi fò moun degaje yo ann angle, kwak yo pale yon fòm lang pa yo tou ki gen plizyè degre ladan n ki pi pre angle oubyen ki pi lwen angle.

Youssef fè tankou pi fò moun ki ekri sou pwoblèm edikasyon lekòl ann Ayiti. Gen yon pawòl li pa pale klè: ann Ayiti, kreyòl pa lang yon minorite. Se lang tout moun. Se sèl grenn lang majorite a. Se franse ki lang yon ti minorite tou piti. Natirèlman, gen moun ki konn vire pawòl devan dèyè, san yo pa rann yo kont, oubyen pou yo kabre verite. Yo kapab rive di: kreyòl, ann Ayiti, se lang yon minorite, pa rapò a yon majorite plis pase san milyon moun ki pale menm lang franse yon ti ponyen Ayisyen konn pale a. Moun ki ta di sa ta merite yo ba yo yon defi. Èske yo pare pou yo di: angle se lang yon minorite, piske kèk milyon Chinwa ki o Zetazini, ann Angletè, ann Ostrali, o Kanada, eksetera, pale menm lang chinwa yon milya moun pale an Chin?

Tout keksyon, ki an rapò ak lang lekòl ann Ayiti, pati kwochi toutotan moun ki poze l la, kit li Ayisyen, kit li etranje, pa gen yon repons klè e ki laverite pou yon lòt keksyon: nan afè lang, sa ki minorite, sa ki majorite ann Ayiti? Repons: nan koze lang, sa ki majorite ann Ayiti, se plis pase sèt milyon moun ki konprann kreyòl sèlman, ki pale kreyòl sèlman. Sa ki minorite, se ant 2 % ak 5 % moun ki pale franse tou, kwak yo pale kreyòl depi yon gen 3 an. (Sou keksyon minorite ak majorite nan afè lang, al wè Skit-Kangas 1993: 9-13, 15).

Pèp pa pale dirèk ak pèp

2. Yon dezyèm pwèn nou merite egzamine, se yon pawòl Youssef (2002: 185, 188, 191) repete twa fwa kòm yon verite tout moun ta dwe asepte. «nou bezwen yon lang ki mennen pi wo degre kominikasyon ki posib», «nou tout nou bezwen pale 2 lang», se «yon politik edikasyon bileng oubyen triling yo bezwen ann Ayiti».

Se 2 pawòl ki gen la. Youn se pawòl bezwen an, ki vle di: kichòy ki nesèsè. Tankou lè nou di: Tout moun bezwen manje. Èske tout moun ki sou latè an 2002, 6 milya moun, bezwen pale 2 lang pou pi piti tankou yo bezwen manje, tankou yo bezwen rale lè nan poumon yo, tankou yo bezwen dlo? Èske yon milya Chinwa bezwen konn yon lòt lang pase chinwa pou yo viv, pou yo jwenn manje, dlo, swen pou sante, eksetera?

Dezyèm pawòl la, se «pi wo degre kominikasyon» ki ta depann de tèl kalite lang. Se pawòl lasyans oubyen se pawòl majik k ap pale la a? Antouka, se pa pawòl bon sans. Nenpòt ki moun ki o kouran sa k ap pase sou latè a, pa kapab kwè, pandan prezidan Etazini an konn pale angle depi li piti, li rive nan pi wo degre kominikasyon dirèk avèk plis pase san milyon moun ki pale arab sèlman,

plis pase san milyon moun ki pale chinwa sèlman, plis pase san milyon moun ki pale endonezyen sèlman, plis pase san milyon moun ki pale indi sèlman, plis pase san milyon moun ki pale pòtigè sèlman, plis pase san milyon moun ki pale ris sèlman, plis pase senkant milyon moun ki pa pale lòt lang pase iranyen oubyen japonè, eksepera.

Gen yon mo enpòtan, nan pawòl sou prezidan Etazini an, se mo dirèk la. Lè moun di «lang se yon mwayen kominikasyon», fòk yo pa bliye mete 2 presizyon nan sa y ap di a.

- 1) Lang = tèl lang, paske lè yon kretyen vivan ap pale, se son, fòm ak sans yon grenn lang nan 6 mil lang ki sou latè a ki rive dirèk nan sèvo moun k ap koute l.
- 2) Mo dirèk la pote dezyèm presizyon an. Angiz nou jwenn 2 presizyon sa yo nan Youssef (2002: 192), nou wè li repete pawòl «devlopman kominikasyon modèn» ki ta fè nou bezwen yon lang majik «ki mennen pi wo degre kominikasyon ki posib» sa a, nan tan latè a vin tounen yon sèl fanmi pre ki vlope nou tout. Nou pa ka ret lwen, nou pa dwe mete kò n apa, atansyon pou nou pa izole.

Lang pa izole moun

3. Sa ki dwòl, Ayiti se yon zile. Mo izole soti nan mo zile (italyen *isola*, *isolato*, laten *insula*, *insulatus*. Al wè diksyonè franse Wobè 1969, angle Webster 1979, Kolins 2001: *isolate*). Sa fè 25 ane m ap plede esplike pou ki sa kreyòl pa kapab izole Ayisyen. M tounen sou koze a (Dejean 2001). Okenn lang pa kapab izole okenn kretyen vivan. Ann egzamine feblès pawòl izole ki nan atik Youssef la e ki nan bouch konbyen Ayisyen gran konnen (Al wè Dejean 1975b: 23).

M., yon timoun 10 an kon sa, ret Touponyèt, zòn Fòwayal, Premye Plenn Tigwav, distans 70 kilomèt ak Pòtoprens. Li jwe boul tankou lòt tigason bò la yo, ki konn fawouche l poutèt li pote yon non, ki prèske menm ak pa yon gran jwè foutbòl Ajantin, men, li pa maton kouwè Maradona. Nan zòn nan, m pa rekonèt okenn timoun, okenn jèn moun, ki poko gen 20 ane, ki konn pale ni franse, ni angle, ni panyòl. Fi kou gason, se kreyòl sèlman ki lang yo. Si nou pa kwè m, al mande Mede, al mande Kamèn, al mande ton Kolon, al mande papa Jwa, 2 granmoun fi ak 2 granmoun gason bèl laj ki wè papa ak manman tout jèn ti mesye dam sa yo grandi anba je yo. Men, ti mesye dam sa yo, ki poko gen 20 ane, yo konn sou ki ekip Maradona fè pi bèl gòl ki fè non l nonmen tout kote sou latè. Se nan bouch yo, m aprann Maradona te gen pwoblèm dwòg, l al chèche tretman pou sa Kiba. Yo suiv mondyal 2002 a. Yo pale m non ekip ki elimine Lafrans, non ekip ki elimine Kore di Sid. Yo di m Espay achte Wonaldo nan men yon ekip Itali, pou yon san milyon dola ameriken. Anpil lòt

koze mwen pran nan bouch yo sou afè foutbòl entènasyonal. Men, kwak anpil nan yo deja pase 3 an, 4 an, 5 an, 6 an, 7 an, nan divès kalite lekòl jako repèt tèt anba swadizan an franse peyi nou an, se nan pale avè m, an kreyòl, plizyè nan yo vin gen yon ide kote Ajantin, Almay, Angletè, Brezil, Espay, Itali, Japon, Kore, Lachin, Lafrans, Senegal, Tiki, ye sou yon glòb terès. Yo tou jwenn bon ti esplikasyon an kreyòl sou Brezil ki vann anpil kafe, sou Ajantin ki fè gwo elvaj bèf. Si se kon sa, ki gran save ki chita dèyè yon biwo nan yon inivèsite youn nan douz peyi sa yo, ki espè, ki espesyalis ann edikasyon, k ap vin fè m kwè, poutèt kreyòl, Ayiti te izole, Ayiti izole, Ayiti ap izole?

Gen moun tankou Dutcher (1995:6), ki sanble sèten popilasyon ki pale yon lang, espesyalis lasyans lang (= lengwis) kounye a gen abitud rele yon «kreyòl», bezwen apiye sou yon lòt lang ki pi gaye sou latè a. Lide a menm ak pa Youssef la.

Pawòl lontan an, *Bri kouri, nouvèl gaye*, nou oblije pran l yon lòt jan kounye a, paske nouvèl gaye pi vit alèkile ak telefòn, ak faks, ak televizyon, ak imel. Konesans ak enfòmasyon gaye pi vit tou e yo pa dwe rete pwopriyete prive yon ti pòsyon moun, ni ann Ayiti, ni lòt kote sou latè. Men, nouvèl, konesans, enfòmasyon fèt pou yo gaye nan tout lang tout gwoup moun pale sou latè a. Sa m a di si yon moun mande m: èske «konn franse», «konn angle», se pa yon konesans tou? M ap reponn: Se sèten, se konesans tou. Lè kon sa m ap tandè yon pawòl zòrèy mwen abitye tandè depi senkant ane: Ou konn pale franse, ou pa vle tout Ayisyen pale franse tou! Apa sa Youssef (2002: 192) ap di fason pa l tou? «*lelit la meprize moun ki gen yon sèl grenn lang: kreyòl sèlman. Ak tout sa, kèk lengwis – e se moun ki pale ni frane, ni kreyòl, ni angle tou – kèk lengwis ap plede mande yon edikasyon kreyòl pou mas yo. Yo pa wè, si sa ta fèt, pèp ayisyen an ta kontinye rete apa pou kont li sou latè a, pandan yo refize ba li avantaj konn twa lang moun sa yo genyen an.*» Pawòl yo yon ti jan sanble ak yon repwòch yo deja fè m kòm kwa mwen ta vle rache lang franse a nan men mas pèp la. Mwen deja reponn: Pa ki filyè yo kapab rache cheve nan yon tèt chòv ? (Dejan 1975a: 32) Yon lengwis angle, N. Smith (1999: 8), fè yon remak enteresan: «*Konn yon ti bagay nan yon demi douzèn lang mwen itil pase konn yon grenn lang fen kouwè yon moun peyi a natifnatal.*» Ti moso franse pap mennen mas pèp ayisyen an okenn kote.

Pou nou fini ak pawòl izole a, nou merite chonje yon seri kondisyon ki ta fè Ayiti izole. Fòk gwo bato, kago, ta fè kèk ane san yo pa janm debake yon sèl grenn moun, Ayisyen oubyen etranje, nan okenn pò Ayiti, espesyalman ni Pòtoprens, ni Okap, ni Okay, ni Tigwav, ni Jeremi, ni Jakmèl, ni Gonayiv, ni Senmak. Fòk avyon pa ta ateri okenn kote ann Ayiti pandan plizyè ane. Fòk pa ta gen yon sèl kamyon, kamyonèt, djip, otobis, nan plis pase 50 mil machin ki nan peyi a, ki ta deplase. Fòk pa ta gen okenn mwayen pran okenn pwogram

radio ak televizyon okenn kote nan peyi a. Fòk telefòn nasyonal oubyen entènasyonal pa ta egziste menm ann Ayiti.

Lekòl an kreyòl – Lekòl kreyòl

4. M ap fè yon remak sou pawòl «*edikasyon kreyòl*» la. San Dejean (1975c:9, 11, 13, 19, 20, 33, 42) pa bòde pwoblèm nan dirèkteman, li montre lè anpil moun pale de «*lekòl kreyòl*», angiz yo di «*lekòl an kreyòl*», sa mennen konfizyon. Se menm bagay tou pou «*edikasyon kreyòl*» nan plas «*edikasyon an kreyòl*». Ti prepozisyon an sa a montre nou distenge chemen pou nou suiv la, mwayen pou nou sèvi a, ak kote nou vle rive a, ak rezilta nou vle jwenn nan. Lè timoun piti ann Islann aprann li ak paran yo ann islennka, epi yo rantre lekòl tou konn li pou yo etidye ann islennka, islennka se yon mwayen pou devlope konesans, se yon zouti, se yon chemen, se yon wout. Se pa dènye limit konesans. Se pa dènye bout konesans. Se pa mezi konesans k ap nan tèt timoun ki fèt ann Islann, ki leve la, k ap pase vi yo la. Èske elèv lekòl ann Islann pral aprann 6 mil lang moun pale sou latè a? Non, yo pa kapab. Èske y ap aprann san lòt lang? Non, yo pa kapab. Èske y ap aprann kèk lòt lang? Wi, yo kapab. Èske tout ap konn pale lòt lang yo fen tankou islennka? Non, pi fò nan yo pap kapab. Ki sa ki pi enpòtan pou pi fò moun ti peyi sa a: pale angle fen, pale alman fen, pale franse fen, oubyen devlope gran konesans nan divès branch lasyans modèn nan pwòp lang pa yo a, mwens pase 300 mil moun sou latè konprann nan? Al mande yo. N a wè nanpwen okenn sistèm lekòl jako repèt tèt anba ki vire lòlòj yo pou yo pa ta satisfè vin pwofonde nan lasyans ann islennka. Men, ann kite ti gwoup kretyen vivan sa yo nan zile fredy yo a pou nou tounen sou tè cho peyi d Ayiti a ak 7 milyon moun ki swaf konnen, men, yon ti pòsyon enkonsyan oubyen malfektè ap kenbe dèyè depi 200 ane nan bare chemen konesans kote yo deja kapab pase fasil la, lang kreyòl yo a, pou plezi kèk entelektyèl dejwe defen powèt Emile Roumer (1964) rele moun k ap «grennen lang mon ton son nos vos leur».

Milyonè ak sikonstans nòmal

5. Yon lòt pwèn sanble Youssef pa kalkile, se ki jan gen yon ti pòsyon Ayisyen (lengwis, savan nan divès branch, pwofesè, doktè, moun gran konnen, moun ti konnen, moun ki pa pase lekòl, eksetera), ki konn pale kreyòl ak youn, de, twa lòt lang, espesyalman: angle, panyòl, franse. Se espere m chwazi lòd sa a.

Angle. Di tan Antenor Firmin (1910) te ann egzil nan ti zile Sen Toma a, kote l ekri yon seri lèt, pa te dwe gen mil Ayisyen ki te konn li angle oubyen ki te konn pale angle, ni pa te dwe gen 10 mil ki te konn pale franse. Men, se pa te poutèt sa Ayiti te izole lè a tankou anpil lòt peyi sou latè a. Se paske pa te ko gen avyon vrèman vre. Machin, tankou Fòd twa pedal, te fèk kòmanse pran lari e pa

te gen wout machin nan peyi a. Telegram ak telefòn te tankou tibebe k ap rale, menm jan ak radyo. Televizyon potko parèt. Se pandan okipasyon ameriken (1915 - 1934), kèk Ayisyen janbe Nouyòk. Se depi 1960, Ayisyen vide sou Etazini ki fè yo 2 milyon la kounye a. Se pa lekòl ann Ayiti, y aprann pale angle. Timoun piti, ki antre nan peyi a ansanm avèk yo oubyen ki sitwayen ameriken depi yo fèt, se pa aprann y aprann pale angle. Se atrap yo atrap angle a. Se angle a ki antre sou yo epi ki grandi nan sèvo yo. Granmoun yo menm, se redi yo redi aprann angle, depi sa ki debat pale l malman apre plizyè ane efò jouk sa ki reyisi pale l byen, kwak yo toujou gen yon aksan etranje, apre konbyen ane etid nan klas pou granmoun, nan inivèsite, nan liv, nan benyen nan angle nan izin, nan restoran, nan biwo, nan vwazinaj, eksetera. E nou pa dwe bliye yon bon valè Ayisyen ki soti espesyalman nan Nòdwès depi karant ane pou yo jete yo nan zile Baamas yo. Se la pitit yo vin atrap angle zòn nan, pandan granmoun yo aprann li malman.

Panyòl. Se pandan okipasyon ameriken, izin sik gwo kapitalis ameriken te genyen Sendomeng ak Kiba kòmanse rale travayè ayisyen nan peyi sa yo pou yo vin koupe kann, pou yo vin keyi kafe. Se sa k fè jodi a, Kiba gen yon kokennchenn kominote sitwayen ki fèt ann Ayiti anvan 1959 e ki fè pitit espesyalman nan pwovens Oryennte a, men, lòt kote tou. Anpil nan yo kenbe lang kreyòl la toujou. Men, tout konn pale panyòl, tout konn li panyòl, tout konn ekri panyòl. Anpil nan yo doktè, enjenyè, pwofesè, mizisyen, savan ki pwofonde nan tout kalite syans. An Dominikani, Ayisyen ki rete la depi lontan konn pale panyòl, menm jan ak pi fò lòt Ayisyen ki pase plis pase senk an la. Kòm yo anpil epi kòm sosyete dominiken an kenbe yo apa, yo toujou pale kreyòl toujou. Ata pi fò pitit yo pale kreyòl tou. Men, yo pale panyòl, paske ni kreyòl ni panyòl antre nan sèvo yo vle pa vle pandan yo benyen ladan.

Franse. Yon ti pòsyon Ayisyen pale franse pèranfis, depi sou tan lakoloni. Se pa lekòl y aprann pale franse. Yo benyen ladan n, menm jan yo benyen nan kreyòl, ki fè yo pa bileng pa ras, yo pale 2 lang pa klas sosyal, paske yo benyen nan 2 lang. Se moun nan gwoup sosyal sa a ki premye janbe o Zetazini ki pale angle.

Yon lòt pòsyon Ayisyen reyisi aprann lang franse a lekòl. Se ka Pradel Pompilus (1985) dapre pwòp pawòl li. Sitiyasyon sa a, enpòtan paske gen plis Ayisyen bileng nan gwoup sa a pase nan gwoup ki jwenn franse a ak kreyòl la depi nan tete. Kwak sa, tout bileng Ayisyen ansanm, depi gran savan, gran literatè, gran edikatè tankou Pompilus, jis ti tèt kale ki pale franse malman, reprezante yon ti pòsyon nan volim moun ki pase kèk ane oubyen anpil ane lekòl ann Ayiti. Epi, devan tout popilasyon peyi a, se yon ti ponyen, se mwens pase 5 %. Bliye sa oubyen pa konn sa egal pa konprann anyen nan sitiyasyon lang tout popilasyon peyi d Ayiti a.

O dènye rezime, Youssef pase a kote pwoblèm rapò edikasyon pou tout pèp ayisyen an ak lang ki ta dwe sèvi kòm zouti pou edikasyon lekòl. Li pa distenge sikonstans nòmal lavi tou le jou tout moun nan yon popilasyon plizyè milyon kretyen vivan ak sikonstans espesyal (estwòdinè menm) ki kapab prezante nan lavi kèk santèn, kèk milye moun degrennen.

Kòm Youssef (2002: 188) nonmen non m ak respè, ak konpliman menm, m ap bay yon seri enfòmasyon k ap montre ki jan epi pou ki sa Iv Dejan konn pale kreyòl, konn pale franse, konn pale angle. M ap bay enfòmasyon k ap montre ki jan epi pou ki sa defen papa m, Monwozye Dejan te konn pale kreyòl, te konn pale franse, men, pa te konn pale angle. M ap bay enfòmasyon k ap montre ki jan epi pou ki sa Fijèn, ki sanble fèt menm ane avè m, konn pale kreyòl sèlman.

Monwozye Dejan (1892-1981) fèt Pòtoprens. Se te avandènye pitit Kamiy Dejan, ki te jij tribinal kasasyon an 1897. A. Firmin (1910: 9) site yon desizyon 3 jen 1897 Tribinal Kasasyon, Lecho te prezide ak konkou jij Ipolit, Kamiy Dejan, Boujoli, ak Ewo. Kamiy Dejan desede an 1911 a 71 an. Avandènye pitit li a te fè etid primè li ak etid segondè li Sen Lwi d Gonzag. Li etidye dwa ak kontabilite. Li te aktè teyat, li te fò nan matematik, li antre nan Depatman finans sou Bòno, li te minis finans gouvènman Vensan twa fwa ant 1935 ak 1940, direktè jeneral depatman finans jis 1957. Etid angle li fè lekòl segondè epi ak yon ti aparèy lengwafòn lontan pa janm ba l mwayen pale menm yon ti angle wòwòt jistan li mouri. Men, uit nan dis pitit li yo, lavi a mennen o Zetazini, vin konn pale angle, met sou kreyòl ak franse.

M se youn nan uit pitit sa yo. M fèt Pòtoprens an 1927. Se nan men manman m epi nan ti lekòl sè manman manman m yo, metmwazèl Leyontin ak Alis Kobi, m te aprann li nan lang franse ki te rele moun fanmi m yo chè mèt chè mètrès, paske yo te benyen ladan n depi nan piti. M pa pi entelijan pase manman m ki te save lalekti anpil. Ni pase papa m, men, m pa konn yon pwèlyèm nan sa msye te konnen nan matematik, nan ekonomi, nan finans, nan dwa. Sikonstans lavi m fè an 1946, m al etidye o Zetazini, Nyou Enpchi pandan enn an epi Netik, Masachousèt, pa lwen Boston, pandan 6 an. M tounen ann Ayiti ak yon moso angle sou mwen.

Apre m fin travay 9 an, an kreyòl nèt, nan pawas Pòsali, m pati al Kanada. An 1962-1963, m pase 7 mwa nan inivèsite Ottawa ap fè rechèch. M suiv yon kou alman nan yon lekòl epi yon kou ebre modèn nan Sant Kominote Jwif la, anvan m al pase 3 mwa Nouyòk. Apre sa m fè yon diplòm mastè ann ebre bibliik, nan depatman etid oryantal inivèsite Djonns Òpkins, Baltimò, Merilann, an jen 1964, anvan m retounen Ayiti, an jiyè 1964.

Moun ki vle reflechi sou sikonstans espesyal sa yo, a konprann ki jan m fè konn pale kreyòl ak franse depi nan piti, angle nan kòmansman vi m kòm jèn moun ki majè, epi ki jan mwen vin foure pye m fon nan fouye kreyòl mas pèp la. Defen papa m pa te gen okazyon fwote sèvel li ak angle, ni defen manman m. Okipasyon yo ak aktivite pa yo pa t mande yo pase konbyen èdtan tankou mwen nan liv laten, tankou Sòm teyolojik sen Toma d Aken, nan grèk bibliik Nouvo Testaman, nan ebre ak arameyen Ansyen Testaman, nan li kèk liv an panyòl, an pòtigè, nan etidye lasyans lang pou yon diplòm doktora. Èske sikonstans ki te lakòz kontak ak tout lang sa yo, se sikonsans moun annik vle, pou yo parèt nan vi pèsònèl pa yo, ann di: nan vi sèt milyon moun ann Ayiti oubyen plizyè milya moun sou latè beni an? Sa makomè m Fijèn di nan sa?

Dapre rejis Fijèn, li fèt nan menm mwa d me 1927 avè m, men, nan komin Pòsali. Li pa t al lekòl. Li pa konn li, li pa konn ekri ata non l. Men, pou pale, li konn pale, pou bay odyans li konn bay odyans. Nan mache fè ti komès depi Pòsali jis Tibiwon, se pa de bagay li wè. Si yon lengwis ayisyen bezwen tande koze enteresan an kreyòl, se chita pou l chita anba bouch dam nan. Li vin malad nan je, li vin avèg nèt. Sèl grenn pitit li reyisi fè l antre o Zetazini. Gwo operasyon fè l vin wè. Li vanse gen 20 ane nan peyi a. Li pa rive konprann angle, li pa rive pale angle. M pa sipoze gen malveyan ki pral di se mwen ki lakòz...

Redi aprann ak atrap san redi

6. Menm jan ak anpil lòt moun, Youssef (2002: 187, 188, 192) pa sanble rekonèt manman diferans ki genyen ant sa timoun konnen ak sa timoun aprann. Dapre li, lang se yon leman pou timoun, yon gwo leman, «*timoun aprann 2 lang fasil*». Li mande n chonje «*timoun plis ke kapab atrap twa lang an menm tan*». Se la li mele, nan boukante mo aprann ak mo atrap ak mo konnen. Ann sipoze yon moun di: Ti kabrit aprann kouri fasil. Yon lòt di: Ti kabrit konn kouri depi yo sot nan vant manman yo. Se 2 pawòl diferan. Dezyèm nan vre. Premye a se manti. Ti kabrit pa aprann kouri menm. Yo sot nan vant manman yo tou konn kouri. Pawòl lang, se yon lòt afè. Timoun pa aprann lang fasil. Timoun pa bon elèv menm nan koze lang. Se opinyon Wilkins (1975: 187) ak Mc Laughlin (1978: 68-69). Lang grandi nan sèvo timoun, san yo pa vle, san yo pa fè efò, san yo pa konnen, depi yo benyen nan yon lang, nan 2 lang, nan 3 lang. Benyen an, se beny lavi. Se pa pawòl yon pwofesè k ap radote nan zòrèy yo. Se pawòl manman, papa, gran frè, gran sè, vwazinaj, timoun nan tande.

Lè moun enterese konnen sa k pase yon tibebe ant jou li soti nan vant manman l ak dat yo kapab di «*Li pale kreyòl, oubyen li pale chinwa, oubyen li pale angle,*» eksetera, se ak prekosyon pou yo sèvi ak vèb aprann. Men yon pawòl nou jwenn nan Tchomski (2001: 121): «*Lè ògàn sa yo ki gen wòl espesyal yo ap*

grandi, ap devlope, gen de lè yo rele sa aprann, men, se rezilta aktivite ki dirije pa anndan ak enfliyans anviwònman ki deklannche devlopman an epi ki ba l tèl fòm. Ògàn lang se youn nan pati sèvo moun.» Kon sa se pa mo aprann nan pou nou rejte nèt nan ka sa a. Se yon mo ki nan bouch tout moun tou le jou. Men, sèvi avè l menm jan ak pawòl *solèy leve, solèy kouche*. Alèkile, nan mete presizyon, nou distenge plizyè sitiyasyon.

Gen yon mòd aprann ki sipoze:
yon moun konnen li pa konn tèl bagay,
l ap fè efò pou li vin konnen l,
l ap chèche konkou lòt moun k ap montre l,
epi sa mande tan,
lè fini rezilta yo pap menm pou li ak pou lòt moun.

Se nan sans sa a pi fò moun pale de aktivite yon ti «elèv», k ap aprann li: li soti nan sa li konnen (son, fòm, sans lang li pale a) pou li rive nan sa li poko konnen (sèvi ak lèt alfabè pou li rekonèt ekriti ki reprezante son, fòm ak sans pawòl lang li).

Se nan sans sa a toujou yo di: yon ti jènfi ap aprann kouti:
Ti matmwazèl la konnen, li pa koutiryèz, li poko konn taye twal pou li fè yon kòsaj, yon jipon, yon jip, yon bèl wòb, alevwa yon wòb maryaj.
L al aprann nan men yon moun, yon koutiryèz ki deja konn metye a.
L ap travay di, l ap fè efò pou li devlope konesans li ak ladrès li.
Sa pa fèt nan 2 jou. Sa mande kèk mwa, kèk ane menm.
Lè l vin bòs, li kapab pi fò, li kab mwen fò pase lòt ti medam parèy li.

Gen yon lòt mòd aprann ki fèt san moun nan pa gen konsyans li pa konn yon bagay. Li pa konsyan li pral fè efò espesyal pou sa chanje. Li pa konsyan l ap fè espre mande lòt moun ede l. Al wè egzanp: Michlèn, 2 an 7 mwa, ki tap jwe ak yon flach e ki vin jwenn bout li. Nan sans sa a, prèske pa gen limit nan sa tibebe ak pi gran timoun ap aprann tout tan.

Men, lè esperyans ak rechèch montre «*tibebe ki fèk fèt kapab rekonèt: figi moun ak vwa moun pa menm ak lòt bagay yo wè ak lòt bwi yo tandè*» (Gopnik, Mèlzòf, Koul, 1999: 27), nou pa annafè ak aprann. Sa ki gen la a, se konnen san aprann (Al wè menm liv la, 1999:100-102, 120, epi Chomsky 2000b, 2001).

Benyen byen benyen

7.Youssef (2002: 188, 190) sèvi 2 fwa ak yon pawòl ki enpòtan anpil nan koze devlopman yon lang nan tèt timoun. Se pawòl kont kontak ak lang lan. Anpil moun pa reflechi sou enpòtans kondisyon sa a nan sitiyasyon lang ann Ayiti, sa

mwen rele plizyè fwa benyen nan yon lang. Ann pran yon egzanp nan Gopnik, Mèlzòf, Koul (1999: 122) «*Pat kalkile, an mwayèn, tibebe ameriken ki gen 6 mwa, tandè egzanp vwayèl i, ki nan mo angle baby, daddy, mommy, cookie, plizyè santèn milye fwa.*» Nou kapab jwenn menm sitistasyon an pou tibebe 6 mwa, ann Ayiti, pa rapò a son vwayèl an mo tankou manman. Kèk egzanp lòt mo ki gen menm son an, se:

(1) dan, jan, lajan, kouman, nan, san, tan, kontan, van, anvan.

Egzanp sa yo la pou yo fè nou chonje, tout ti Ayisyen ki gen 6 grenn mwa, nan nenpòt ki zòn Ayiti, nan plenn, nan mòn, nan vil, déjà tandè son an sa a plizyè santèn milye fwa. Se menm bagay pou tout lòt vwayèl a, e, è, en, i, o, ò, on, ou, nan mo tankou:

(2) papa, pe, pè, pen, pipi, po, pò, pon, pou

pou twa demi vwayèl, nan kòmansman mo tankou:

(3) uit, yo, wo

pou tout konsòn, nan kòmansman, nan mitan, nan finisman mo kou:

(4) bab, chich, dodo, Fifi, gaga, jij, kòk, Lala, mimi, Nènè, pèpè, rara, sis, .
tèt, viv, Wowo, Yaya, zo

Yo déjà tandè seri mo ki distenge ak yon lòt seri mo poutèt premye konsòn yo tankou:

(5) bòl dòl gòl

(6) Pòl tòl kòl

Se menm bagay pou tout kalite konbinezon vwayèl ak konsòn, konsòn ak vwayèl, konsòn ak konsòn ak vwayèl, konsòn ak demi vwayèl ak vwayèl, nan mo epi nan pawòl tankou:

(7) al, ap, apral, m pral, plat, dra, dlo, dwòl, egzèsis, eksè, aksyon

Reflech sou koze a byen, paske sa se ti moso tou piti nan sa yon tibebe vin konnen sou sistèm son lang li benyen ladan an. Lè li rive gen 3 an menm epi l ap grennen pawòl sou lòt moun, l ap pale pou kont li ak pwòp tèt pa l, se ak 3 sistèm konplike alestwòdinè sèvo l ap jwe, san l pa pase okenn mizè, san l pa fè

okenn efò, san l pa fè kantite erè ata gran savan etranje ki eseye pale lang etranje sa a ap plede fè. Se yon sistèm son ki sèvi ak tèl kalite vwayèl, ak tèl kalite konsòn, ak tèl kalite demi vwayèl, ak tèl kalite lòd pou son sa yo, ak tèl kalite konbinezon pou son sa yo, ki gen dwa diferan ak yon kantite lòd ak konbinezon yo jwenn ann angle, an chinwa, an franse, an panyòl.

Se yon sistèm lòd mo ak rapò yo nan yon fraz, ki gen dwa pa egziste nan 4 lang mwen fèk nonmen yo. Egzanp:

(8) *tibebe a chita chita l*

Se yon sistèm sans mo, ki gen dwa sanble tèt koupe ak mo yon lòt lang, ann di franse, men, ki pa gen sans kon sa an franse menm menm menm, tankou ti bout chante lontan sa a:

(9) *Ti Mari, si w konnen m se tyoul, ay, se bon w pa bon.*

Kounye a, fè tèt nou travay. 99 % ti Ayisyen, ki tande tout pawòl sa yo moun ap pale nan tèt yo, lakay yo, kay lòt moun, nan lari, nan mache, nan jaden, nan dispansè, lopital, legliz, nan lakou, bò larivyè, anfen nenpòt ki kote, se koze sa yo ki lakòz lang sèvo yo analize a, lang yo vin konnen an, sèl lang yo konprann nan epi yo pale a, lè yo vin gen 6 an, se kreyòl. Se pa ni menm lang ak panyòl ti Dominiken La Vega tande nan zòrèy yo, ni menm lang ak angle ti Ameriken Boston tande nan zòrèy yo, ni menm lang ak franse ti Franse Lyon tande nan zòrèy yo.

Sa k fè ti blan Franse Lyon yo pa tonbe pale angle lè yo gen 6 an? Se paske son lang ki rive nan zòrèy yo, fraz lang sèvo yo analize a, sans lang lespri yo konprann nan, se nan bouch moun k ap pale franse yo soti.

Sa k fè ti Ameriken Boston yo pa tonbe pale panyòl? Se paske son lang ki rive nan zòrèy yo, fraz lang sèvo yo analize a, sans lang lespri yo konprann nan, se nan bouch moun k ap pale angle yo soti.

Sa k fè ti Dominiken La Vega yo pa tonbe pale franse? Se paske son lang ki rive nan zòrèy yo, fraz lang sèvo yo analize a, sans lang lespri yo konprann nan, se nan bouch moun k ap pale panyòl yo soti. Nanpwen lòt espikasyon pou sa. Kabrit di se sa k nan vant li ki pou li.

Sa ki rive lè timoun, ant 6 mwa ak 6 an, pa gen kont kontak ak yon lang? Timoun laj sa a, ki pa gen kont kontak ak yon lang, pa rive konn lang sa a. Se poutèt sa ti Venezwelyen laj sa a, ki pa gen kontak ak franse, pa rive konn franse. Se yon sitiasyon nòmal. Si timoun Karakas sa yo, ta rive konn franse, sa vle di si yo ta rive konprann franse epi pale franse, se ta yon mirak estwòdinè. Se poutèt sa ti Chinwa Peken, ki pa gen kontak ak franse, pa rive konn franse. Si

yo ta rive konn franse, nan kondisyon sa a, se ta yon mirak estwòdinè. Se poutèt sa ti Japonè Tokyo, ki pa gen kontak ak franse, pa rive konn franse. Si yo ta rive konn franse, tou senp kon sa, se ta yon mirak estwòdinè. Se poutèt sa 99 % ti Ayisyen, depi Mòl Sen Nikola jis Wanament, jis Bèlans, jis Pòsali, jis Dam Mari, jis Pestèl, jis Tigwav, jis Pòtoprens, jis Gonayiv, jis Mòl Sen Nikola, pa rive konn franse. Si yo ta rive konn franse, san yo pa gen kontak ak franse, se ta yon mirak estwòdinè. Natirèlman gen moun ki pral kouri di: Atansyon, pa gen kontak ak pa gen kont kontak, se pa menm afè. Èske nou dwe di: ti Ayisyen sa yo pa gen kontak menm ak franse, oubyen pa gen kont kontak ak franse? Sa ki kont kontak?

Pou pi fò ti Ayisyen, si se pawòl serye n ap pale, nou oblije di: yo pa gen kontak ak franse menm. Pinga yon moun ta prese di: yon bon valè mo kreyòl gen menm son ak menm sans ak mo franse. Lang se pa mo degrennen.

Yon bon valè mo angle, 6 mil kon sa, soti dirèk dirèk nan mo franse Nòman yo te bwote lè yo te janbe kannal an 1066 epi yo mache pran Angletè, yo dirije peyi a pandan 300 ane. Moun ki konn angle ak franse epi ki etidye istwa sa ki te pase nan tan sa a, konnen se poutèt mo franse, ki anvayi lang angle, sa Ameriken fè ak sa yo di, yon ti jan depaman. Yo fè elvaj bèf ak kochon, yo manje vyann bèf ak vyann kochon, men, nan lang yo, bèt yo okipe yo se «cow, ox - hog, pig». Vyann yo manje a se «beef - pork». Yo plante pye rezen, yo manje rezen. Men, nan lang yo, fwi yo se «grapes». Lè yo cheche yo, yo tounen «raisins».

Anpil mo panyòl, anpil mo italyen soti dirèk dirèk nan laten. Men yon ti egzanp: «dame la mano» = *ban m lanmen* = *ban m men* w. Timoun 6 an, ki fèt an Dominikani oubyen ann Itali e ki leve la, pa gen kontak ak lang laten pou sa.

Pi fò ti Ayisyen 6 an pa gen kontak ak franse. Sa vle di yo pa gen kontak ak moun ki pale franse, dekwa pou yo ta benyen nan lang franse a. Si kèk grenn pawòl ki sot nan bouch kèk moun, si yon valè pawòl ki pale nan radyo oubyen nan televizyon, se sa ki te kont kontak, nou ta mèt di tout ti Ameriken 6 an konn pale panyòl, o mwen an Florid, an Kalifòni, Teksas, nan vil Nouyòk. Tout moun konnen se pa vre. Yo ta mèt di tou: tout ti Franse 6 an an Frans konn pale angle, alman, panyòl. Se radòt. Yon moun ki reflechi sou pawòl «*plizyè santèn milye fwa*» a dwe gen yon lide sa nou merite rele kont kontak.

Si 99 % timoun 6 an ann Ayiti gen kont kontak ak lang franse a, sa k fè ata Pòtoprens, yon moun mèt mache sou Gran Ri, ti pa ti pa depi mache Tèt Bèf (= Pòtay Sen Jozèf) jis Pòtay Leyogàn, gwo lajounen, lendi pou vandredi, san li pa tandè franse nan zòrèy li, sou distans 4 kilomèt sa yo? Yon popilasyon ki ta pale franse nan kè l sèlman, pandan se pawòl an kreyòl ki sot nan bouch li, ta pi

tèt anba pase sistèm lekòl nou an. Foli sa a ta pi rèd pase sitiyasyon dwòl ki nan sa Youssef (2002: 183) ekri a.

Ata Bouki konnen li konn pale kreyòl

8. Li di: «*Popilasyon ki konsène yo pa kapab rekonèt kreyòl tankou lang ki endepandan, ni tankou pwòp lang pa yo toutbon. Se yon pwoblèm espesyal.*» Dapre mwen, pawòl sa a pa gen okenn sans pou popilasyon Ayiti a, li pa mele ak reyalyte popilasyon Ayiti a. Nan nenpòt ki popilasyon sou latè a, yon seri pwopagann, yon seri lide lekòl ap gaye, kapab lakòz anpil moun repete de vye pawòl dwòl, yo pa kalkile serye. Gade jan gen yon valè moun o Zetazini ki kwè Jòj Wachintonn pa te janm manti lè l te timoun (Al wè prezantasyon Masedo fè a pou Chomsky 2000: 5). Lè kon sa, sosyològ ak antwopològ pap prese di: popilasyon ameriken an pa kapab rekonèt koze ti Jòj ki pa te janm manti a se lejann.

Si yon Ayisyen rankontre ak yon kiltivatè ki pase twa, kat mwa an Dominikani oubyen nan Panyòl, jan anpil moun konn di a, epi li mande l: «*Ki lang Dominiken yo pale?*» Moun nan ap reponn li: «*Panyòl*» oubyen «*Kateyann*». Si li mande moun nan: «*Ki lang ou pale?*», moun nan ap reponn: «*Kreyòl*». 2 mesye yo ap kontinye pale. Premye a di lòt la: «*Èske ou konn pale franse?*» Lòt la reponn: «*Non, monchè, m pa t fè lontan lekòl.*» Nan ki sans nou ta kapab di: 2 Ayisyen sa yo pa rekonèt kreyòl tankou yon lang ki endepandan menm jan ak panyòl? Nan ki sans nou ta kapab di: yo pa rekonèt kreyòl se pwòp lang pa yo toutbon? Ann sipoze mesye yo kontinye pale bon moman. Premye a mande: «*Ki jwèt ou wè tigason pi renmen jwe nan Panyòl?*» Lòt la reponn: «*Monchè, se yon jwèt yo rele bizbòl. Se pa tankou Ayiti kote tout tigason renmen jwe foutbòl.*» Ki rezon nou ta genyen pou nou di pawòl sa yo montre: Ayisyen yo pa rekonèt foutbòl se yon jwèt toutbon tankou bizbòl? Epi foutbòl se espò nasyonal peyi d Ayiti? Si Yousèf te jwenn pi bon enfòmasyon sou Ayiti, m pa kwè li ta repete pawòl «*pa kapab*» la.

Etan m ap kritike plizyè pwèn nan atik Youssef la, mwen chonje twa pwovèb:

Si anndan pa t vann ou, deyò pa ta achte w.

Babye malfini, babye manman poul.

Babye yanm, babye bit.

Rezon ki fè m chwazi atik sa a, se paske li fèk parèt an 2002 youn, lè fini li apiye bon valè erè ni Ayisyen ni etranje ap repete depi plis pase senkant an sou pwoblèm lang ki dwe sèvi pou edikasyon fòmèl tout pèp ayisyen an, espesyalman majorite yo mete sou kote a pandan 200 ane. Met sou sa, atik la sanble chita sou bon rezon solid lasyans. Epi, yon dènye rezon: tankou pi fò

koze sou pwoblèm sa a, gen yon keksyon li pa bòde: Sa k rele fè edikasyon nòminal yon mas plizyè milyon timoun, nan yon lang yo potko konnen lè yo te gen 6 an? Èske se yon bagay ki posib vrèman vre?

9. Se yon sèl ti kote Youssef (2002: 187) di gen yon liv ki fè yon konmantè sou «*difikilte pou yo reyisi fè timoun rive konn 2 lang yon jan ki byen balanse poutèt limit pwofesè yo*» nan lang franse a. Li pa gen lè wè pwoblèm sou bò yon mas 3, 4 milyon timoun, ki pa tandè okenn franse nan zòrèy yo, anwetan nan bouch pwofesè lekòl pandan yo nan klas yo.

Kalkile pawòl Youssef (2002:182) sou rechèch ki fèt sou pwoblèm vin konn yon lang ak pwoblèm edikasyon, kòmkiwa, an jeneral, chèchè yo dakò pou yo apiye politik edikasyon bileng ki ensiste sou edikasyon nan lang manman timoun yo. Gen yon mank la. Chonje douz liv oubyen atik nan bibliyografi l sou afè edikasyon bileng. Se vre, men, se yon edikasyon bileng pou minorite (= pou ti gwoup moun) nan peyi tankou Etazini kote anpil etranje tout peyi rantre ak pitit yo oubyen vin fè pitit la. Sitiyasyon sa a pa menm afè menm ak sitiyasyon lang ann Ayiti. Gen yon liv Willard (1975) ki te parèt Nouyòk. Non l ann angle se *Living and Learning in Two Languages*, sa vle di: viv nan 2 lang, aprann nan 2 lang. Dapre mwen, non liv sa a poze pwoblèm edikasyon bileng lan klè pou tout peyi kote gwoup etranje rive ak lang pa yo, men, ni yo, ni pitit yo bezwen konn lang nouvo peyi yo a. Lè fini, timoun ki pa gen 13, 14 an yo, vle pa vle, pral benyen nan lang peyi sa a. Se lavi yo ki vin mare ak 2 lang. Fòk etid yo lekòl mare ak 2 lang tou. Ann Ayiti, lavi 7 milyon moun pa mare ak 2 lang menm. Lavi 7 milyon moun mare ak yon sèl grenn lang: kreyòl. Tou sa y ap aprann, tout etid y ap fè dwe mare ak lang kreyòl yo a, pou yo kapab konprann sa y ap aprann. Nanpwen okenn mwayen pou yo benyen nan yon lòt lang, yo ta kontan aprann, yon lòt lang ki ta byen kab itil yo, kit se angle, kit se franse, kit se panyòl. Anvi konn yon lang, vle konn yon lang, bat kò w pou w konn yon lang, pa kapab fè yon kretyen vivan konn yon lang.

Alevwa pou lòd yon ministè edikasyon, dekrè yon gouvènman, lwa senatè ak depite vote, ta fè yon lanmè kreyòl, 4 milyon timoun ak 3 milyon granmoun, tounen yon lanmè franse poutèt yon bokit dlo franse yo ta vide ladan n. *Se ke ki suiv kò.* Se pa kò ki suiv ke. Lè pa gen benyen nan yon lang, se redi pou chak grenn moun, ki pa konn lang lan, redi aprann li depi yo gen anpil tan pou sa, depi yo gen anpil kouraj pandan plizyè ane pou sa, depi yo gen bon pwofesè, ki byen peye pou sa pandan anpil ane, depi yo sèten apre tout redi sa a, y ap jwenn yon lavi miyò otomatik, depi yo deja wè sa klè ak je yo: tout moun ki konn lang sa a, se bon afè yo bon. Epi depi yo rekonèt malgre tout tray yo pase, twa ka ladan yo pap reyisi konn nouvo lang lan vrèman vre, yon lòt ka pral degaje l malman, yon lòt, lang etranje a pral rele chè mèt chè metrès pral pran

pòz bòs, mè, nèg sòt ak kreten (se kon sa sa k devan pral rele sa k dèyè), ki ret anba yo. Èske sa poko janm rive ann Ayiti depi 200 ane?

Men, pou ki sa tout traka sa a pou plizyè milyon Ayisyen? Paske kèk entelektyèl ki nan rèv, ap reve fòk tout kretyen vivan sou latè kapab pale youn ak lòt dirèk dirèk. Yo menm ki yo menm, yo poko prèt pou rive nan kondisyon sa a. Men, y a di w: «*M konn pale franse, mwen kapab pale dirèk ak plis pase san milyon moun ki konn pale franse*». Ya di w «*M konn pale angle, m kapab pale dirèk ak 500 milyon moun ki konn pale angle*». Y a di w: «*M konn pale panyòl, m kapab pale dirèk ak 300 milyon moun ki konn pale panyòl*». Remake yon milya Chinwa pa ladan non! Remake 4 milya lòt moun poko ladan toujou.

Yo nan rèv: fòk pèp ayisyen pale ak pèp Senegal, ak pèp Bèljik, ak pèp Kebèk, eksepta. Men, yo pa chèche konnen sa ki pi prensipal nan pwoblèm kominikasyon kretyen vivan ak kretyen vivan parèy yo. Sa ki pi prensipal, lesansyèl, se aktivite pèsònèl moun degrennen ki gen anpil limit. Lavi yo kout. Se limit tan. Depi yo fèt jis lè yo gen 5 an, pi fò èdtan nan vi yo pase nan dòmi, nan manje, nan jwe. Menm aktivite sa yo ap pran bon valè tan lè yo gen ant 6 an ak 14 an. Epi gen ti travay ki nesèsè pou yo fè lakay yo. Gen tan pou yo pase ak zanmi ak fanmi.

Moun pa kapab ale vini pou yo ta plizyè kote an menm tan, nan divès peyi an menm tan. Se limit zòn pa yo, limit mouvman yo, limit depasman yo.

Ann Ayiti tou, yon jou gen 24 è

Nan 24 èdtan yon jounen, anwetan lè dòmi, moun pa kapab pale ak 6 milya lòt moun ki sou latè a, ni ak bon valè nan yo, ni pandan anpil anpil anpil tan. Epi yon pèp pa pale dirèk ak yon lòt pèp. Pèp ameriken ak pèp ris pa janm pale youn ak lòt. Se kèk grenn Ris degrennen, ki konn pale ni ris, ni angle, ki pale ak kèk grenn Ameriken degrennen ki konn pale ni angle, ni ris. E se kon sa pou 191 peyi ki manm òganizasyon Nasyon Zini an.

Kounye a, si tèlman gen Ayisyen ki gaye nan tout kalite peyi sou latè e ki konn pale divès lang peyi sa yo, nou kapab di: entèprèt pa manke. Peyi d Ayiti te mèt ven fwa pi gran pase jan l ye a, li te mèt gen ven fwa plis moun pase kounye a, pa manke Ayisyen ki ta fè kominikasyon entènasyonal mache lib lib ant Ayiti ak tout lòt peyi. Moun ki nan rèv mèt rete nan rèv yo. Men, annatan, nou mèt sèten: pi fò Ameriken, Arab, Ayisyen, Italyen, Japonè, Panyòl, ki pral kontinye viv karant, senkant, swasanndis, san ane menm, apre 2003, pap bezwen konprann lòt lang pase angle, arab, kreyòl, italyen, japonè, panyòl. Yo pap bezwen pale lòt lang pase lang pa yo, ni yo pap gen mwayen konprann lòt lang ni pale lòt lang.

Nou gen kont lòt travay serye, kont lòt travay prese, pou nou fè pou byen ak devlopman tout popilasyon peyi nou, pou nou pa pèdi tan ap reve je klè nan tann yon swadizan lang entènasyonal vin antre nan sèvo tout moun ann Ayiti oubyen yon mirak de Dye vin fè lekòl fè mèvèy li pa reyisi fè a depi 150 an: fè lang franse rele tout Ayisyen chè mèt chè metrès.

10. Pou nou tounen sou rechèch ki fèt sou pwoblèm vin konn yon lang, ann di: Se yon manman pwoblèm lengwis ap etidye fon depi 40 ane (Al wè Chomski 1988: 3, 2, 17). Men, li pa mennen chèchè sou wout edikasyon bileng pou peyi kote tout moun pale menm lang (tankou kreyòl ann Ayiti). Okontrè, rechèch montre: premye wòl yon lang se pa kòm sistèm kominikasyon ant moun. Se kòm sistèm pou moun mete lòd nan lide yo, pou moun panse, pou moun kalkile, pou moun reflechi, pou moun wè sa pou yo fè, ki wout pou yo suiv, depi davans: «*Prèske tout sèvis (yon moun fè ak lang li) se ak pwòp tèt li*», dapre Chomsky (2001: 129, 188). Si pawòl sa a vre, si nou reflechi sou li, nou wè ki konsekans sa genyen pou devlopman nòmal bon sans, entelijans, konesans nan tout branch 4 milyon ti Ayisyen, ki konn yon sèl grenn lang fen e byen depi yo gen 2 an, ki deja gen kalite kokennchenn zouti sa a nan tèt yo, e ki rete ann Ayiti, yon kote yo pap kapab benyen ni nan angle, ni nan franse, ni nan panyòl, ni nan chinwa. Kreyòl lang lavi, kreyòl lang edikasyon.

Tout lang se chemen konnen

An 2003, o Zetazini, nou pap fasil jwenn direktè ak direktis lekòl piblik segondè oubyen lekòl prive segondè ki ta deklare, san se pa manti ak blòf: pi fò elèv oubyen lamwatye oubyen yon ka, ki te konn pale angle sèlman lè yo te kòmanse premye ane lekòl primè, jou yo resevwa diplòm douzyèm ane lekòl segondè yo, an plis de angle ki lang yo depi yo gen 3 an, yo konprann yon lòt lang e yo pale li. Yo kapab li liv ak atik jounal nan lòt lang sa a e yo kapab ekri 2, 3 oubyen 4 paj nan lang sa a sou bagay yo konnen. Youn nan lang sa yo, yo vin aprann lekòl, se kapab: alman, arab, chinwa, espayòl, endonezyen, franse, italyen, indi, japonè, koreyen, pòtigè, ris.

Nou pa jwenn rezilta kon sa nan finisman lekòl segondè, nan peyi rich tankou Etazini, Frans, Angletè. Ki jan nou ta fè jwenn rezilta kon sa ann Ayiti, youn nan peyi ki pi pòv sou latè a?

E ki jan nou ta fè jwenn rezilta kon sa about douz an ak kondisyon: elèv ki fin fè klas segondè yo ann Ayiti ta gen menm valè konesans ak elèv ki fin klas segondè yo an Dominikani nan branch matematik, syans sosyal, syans esperimantal, eksetera, dekwa pou elèv sa yo ta kapab esplike lòt moun sa yo

konnen nan nenpòt ki branch konesans, nan lang kreyòl yo pale depi yo gen 3 an epi yon jan klè, ni nan pale ni nan ekri?

Nenpòt ki moun ki panse lekòl pa dwe fèt an kreyòl nèt ann Ayiti, nan menm sans ak menm kondisyon lekòl fèt ann espayòl nèt an Dominikani, an pòtigè nèt Brezil, ann angle nèt o Zetazini, an franse nèt an Frans, se pou yo prezante yon metòd mirak ki pral fè ti Ayisyen, ki pase douz an lekòl ann Ayiti, reyisi gen menm devlopman konesans ak Dominiken, Brezilyen, Ameriken, Franse, ki pase douz an ap etidye nan pwòp lang pa yo, yo pale depi yo gen 3 an, san ti Ayisyen sa yo pa pase plis tan lekòl, san yo pa souffri plis pase elèv lòt peyi, san yo pa aprann meprize peyi yo, paran yo, lang yo pale depi yo gen 3 an , san yo pa lage tout jwèt timoun laj yo fèt pou yo jwe, tout travay timoun laj yo fèt pou yo fè nan ede paran yo lakay yo. *Chen gen kat pye, li pa kouri nan kat chemen.* Ayisyen gen yon grenn vi, yo pa kapab pase douz ane lekòl primè, douz ane lekòl segondè.

Chapit 14

Edikasyon nòminal yon mas plizyè milyon timoun

Nan yon lekòl Kafou, ann avril 2001, yon elèv katriyèm segondè vin gen yon senbòl. Sa sanble ak sitiyaasyon yon jwè foutbòl abit la bay yon katon wouj oubyen yon katon jòn. Sèl diferans, elèv la pa te fè okenn fòt, li pa te manke ni pwofesè ni elèv dega, li pa te nan joure ni nan goumen ni nan jwèt brutal. Sèl bagay 2, 3 ti pawòl an kreyòl, ki te nan sèvo l, soti nan bouch li. Si se te 2 grenn mo angle, (respè mwen dwe n tankou *f... you!*), oubyen 2 grenn mo panyòl (tankou *la mierda*), oubyen yon jouman m tandè nan bouch yon chofè taksi a Pari (*Va me chercher ta mère que je te refasse!*), byen petèt pwofesè a ta fè l konpliman. Men, li te pale kreyòl! Ala yon ti kriminel (men, pa dapre nimewo 5 Konstitisyon 1987 la). Sa ti nèg la fè? Premye bagay: li pe bouch li kareman... an franse. Dezyèm bagay: zòrèy li alekout, je l toupatou nan klas la ap veye bouch yon lòt kanmarad, pou l bare youn ap fè yon ti soupi, yon ti bwi, yon ti pawòl an kreyòl. Menm moman an, l ap pase l ti bout katon l lan, senbòl li a. Kon sa nan fen semenn nan, se pa li menm k ap pran dis kout rigwaz nan pla men l. Gade jan yon lekòl ap prepare tyoul, ipokrit, espyon, siveye rapòte, trèt, lach, makout, pou sosyete nou an.

Nan menm lekòl sa a, dimanch 27 me 2001, te gen yon reyinyon pou paran elèv yo, san (100) papa ak manman pitit kon sa. Direktè a fè inè edmi ap pale kreyòl sèlman. Epi li pase yon enspektè Ministè Edikasyon nasyonal lapawòl. Enspektè a pale kreyòl sèlman. Kèk paran ki poze keksyon pale kreyòl sèlman.

Nan mwa d avril 2001, te gen yon seri anons, an kreyòl, Ministè Edikasyon nasyonal te voye nan radyo pou yon pwogram *Lekòl pou tout timoun*. Mwen tandè yo sou radyo Kiskeya depi mèkredi 18 avril jis vandredi 27 avril. Si gen yon sistèm lekòl nan yon peyi, ki moun ki pa ta dakò ak yon lide tankou: lekòl fèt pou tout timoun?

Youn nan manman keksyon tout moun ki dwe mele ak pwoblèm lekòl pou tout timoun, ann Ayiti, dwe poze tèt yo klè, se: *Nan ki lang lekòl pou tout timoun dwe fèt ann Ayiti?*

Anvan yo bòde yon keksyon kon sa, se pou yo reflechi sou sitiyaasyon lavi tout timoun ak tout lòt moun nan peyi d Ayiti. Se pou yo kalkile nan ki lang tout moun benyen ann Ayiti. Lavi prèske tout timoun ki lekòl ak tout lòt timoun, ki gen laj pou y al lekòl (ant 6 ak 18 an), pa nan yon ale vini ant 2 lang. Ann reflechi sou disèt sitiyaasyon, ann Ayiti kote se yon sèl lang moun pale, se yon sèl lang moun tandè, se kreyòl.

Ki kote yo pale kreyòl sèlman?

- 1) Nan jaden, kote 2 tyè popilasyon an, mas kiltivatè ayisyen yo ap travay.
- 2) Nan mache andeyò, ni gran mache ni ti mache nan plenn, nan mòn.
- 3) Nan mache lavil, ni Petyonvil, ni Pòtoprens, ni ti vil, ni bouk.
- 4) Nan tout peristil, nan tout kay kote k gen yon seremoni lwa.
- 5) Tout kote moun al nan pelerinaj.
- 6) Prèske tout kote moun fèk ap sot nan reyinyon priyè, lamès, nan batèm, nan maryaj, nan premyè kominyon, nan kil, nan legliz katolik, chapèl katolik, legliz pwotestan. (Nou di *prèske tout*, poutèt kèk seremoni ofisyèl, kèk gran lantèman, kèk gran maryaj kote yon ponyen bileng ap pale franse tou).
- 7) Prèske tout kote lekòl ap lage. (Nou di *prèske tout*, poutèt yon 20 grenn lekòl sou 10 mil kote kèk ti medam plis pase kèk ti mesye kab ap pale yon ti franse tou).
- 8) Tout estad, tout teren, tout kote match foutbòl ap fèt, antrenman foutbòl ap fèt, gwo jwèt foutbòl ap fèt, ti jwèt foutbòl ap fèt.
- 9) Nan tout gagè kote y ap bat kòk.
- 10) Nan tout kay, laplenn, nan mòn, nan *prèske tout* kay lavil kote fanmi, zanmi, vwazinaj, reyini pou veye, lantèman, nevèn, dènnye priyè.
- 11) Nan tout fèt chanpèt, bal mizik, pou fèt patwonan legliz ak chapèl katolik.
- 12) Nan tout zòn kote otobis ak kamyon pwovens ranmase pasajè.
- 13) Nan tout estasyon gazolin.
- 14) Kote bann rara ak bann madigra ap pase.
- 15) Nan tout miting politik ki fèt nan lari depi 1986 (anvan sa menm tou).
- 16) Nan tout bank bòlèt ki gaye nan tout peyi a.
- 17) Nan tout lakou, ti kay, boulanje, drayklinin, chòp, ti boutik, ti garaj, kote moun ap aprann metye blanchisèz, bouche, chapant, ebenis, elektrisyen, fanmchay, fewonye, feze d nat, fèblantye, fè kannari ak krich, fè panyen, fòjwon, kawotchoumann, kizinyèz, kòdonye, koutiryèz, kwafè, madansara, maren, matlasye, mason, mawoule, mekanisyen, òfè, òloje, pechè, radyomann, siyèdlon, tayè, tounè, trense chapo, eksetera.

Pawòl kreyòl sèlman yo pale, kreyòl sèlman yo tandè a, nou pap pran l tankou yon pawòl chif 1 - 2 - 3 - 4 nan yon pwoblèm matematik. Se pou nou konprann li menm jan moun lespri ta konprann pawòl tankou: *Ti Franse 5, 6 an, a Pari, se franse sèlman yo pale - Ti Chinwa 5, 6 an Peken, se chinwa sèlman yo pale*. Eseye kalkile kèk kote ann Ayiti ki ta fè nou di: Kote sa yo, se franse sèlman yo pale. Nou pap janm jwenn yon lis 17 kote. Petèt n a kapab chonje biwo anbasadè franse a ak biwo direktè lise franse a, lè pa gen plizyè Ayisyen y ap resevwa la. Men, se kon sa tou pou chinwa, nan anbasad Taywann nan oubyen pou panyòl nan anbasad Venezwela a.

« *Sa kapab fèt* » vin anvan « *Sa dwe fèt* »

Pou yo jwenn yon bon repons pou keksyon lang ki kapab tounen bon jan chemen konnen pou tout ti Ayisyen, se pou yo poze chak pwen pwoblèm nan klè. Moun k ap li a deja remake mo kapab la nan plas mo dwe a. Nan aktivite ki konsène milyon moun, keksyon «*Èske tèl bagay kapab fèt?*» pase anvan keksyon «*Èske tèl bagay dwe fèt?*»

Gen yon seri lide moun bezwen egzamine fon.

Aprann pa menm ak konnen. Sipoze mwen chita nan yon lakou. M ap fè yon ti kabicha. M ouvè je m. Twa fòm kanpe devan m. Touswit mwen konnen se twa moun, 2 tifi ak yon granmoun gason. M pa te rekonnèt yo ditou. M pa te janm wè yo. Yo pa te janm wè mwen. Se yon bon egzanp konnen san aprann. Kounye a nou fè konesans, jan nou abitye di a. Mwen mande yo non yo. M pale yo non pa m. Se aprann youn aprann non lòt. Nou kab chonje non yo nèt. Nou kapab vin bliye yo tou.

Aprann pa kè pa menm ak konprann. Anpil elèv lekòl aprann yon pawòl im nasyonal la pa kè: «*ayez l'âme aguerrie.*» Anpil timoun di: *eye la magerite*. Yo pa konprann anyen nan koze a. Gen elèv ki te aprann yon pawòl Labib nan katechis franse: «*Celui qui mange et boit sans discerner le corps et le sang du Christ, mange et boit sa propre condamnation*» (Premye lèt Pòl ekri moun Korent yo, 11, 29). Genyen ki te kwè se te: *manje pwa*. Konprann yo pa te konprann.

Etidye pa menm ak konnen. Esperyans sa a, tout moun fè l nan vi yo. Nanpwen moun ki konnen tou sa yo te etidye lekòl primè, lekòl segondè, nan inivèsite, nan li liv, nan aprann yon teknik, oubyen yon metye, oubyen yon jwèt, nan men lòt moun.

Vle konnen, anvì konnen, pa menm ak konnen. Se yon lòt esperyans tout moun fè nan vi yo. Moun ki fè yon etid nan nenpòt ki branch konesans te toujou vle konn plis nan branch sa a oswa nan yon lòt, yo te toujou anvì konn kèk lòt bagay. Men, te manke tan pou sa, te manke mwayen pou sa, te manke okazyon pou sa. Gade valè elèv ki pase plizyè ane lekòl ak espwa y ap konn pale franse, angle, panyòl, san yo pa janm rive la. Ki fè se yon gran erè anpil paran fè lè yo kwè depi yo vle tèl branch pou pitit yo, pitit yo ap degaje yo devlope konesans nan branch sa a, nan metye sa a, nan aktivite sa a.

Chwazi yon lang pa menm ak konnen yon lang. Moun kapab chwazi etidye yon lang. Se sa plizyè Ayisyen fè lè y al enskri nan kou angle enstiti ayisyano-ameriken, oubyen nan kou espayòl, oubyen nan kou alman, oubyen nan kou

italyen. Sa pa vle di yo tout ap janm rive konn youn nan lang sa yo vrèman vre. Sa pi rèd toujou lè se yon papa pitit oubyen yon manman pitit ki fè chwa yo pou yon timoun. Se menm afè ak fòse yon timoun aprann jwe pyano, aprann desen, penti, aprann fè gato. Se chemen move rezilta.

Yon gran edikatè ki pa te kapab fè mirak

Yon edikatè serye tankou Freire (1978: 98, - 1989/1992: 107, 113), ki te pote konkou l ba gouvènman Gine-Bisao a, te pran anpil lapenn pou malkonprann otorite yo apre 500 ane reny koloni pòtigè. «*Mwen menm ak ekip enstiti aksyon kiltirèl la, nou pa te kapab fè mirak dekwa pou nou ta montre yon pèp li, pou nou ta montre l ekri nan yon lang ki te yon lang etranje pou li.*» Epi «*Nan ka pa nou an, kenbe afè montre popilasyon an pòtigè, se fòse l al dèyè yon rezilta initil li pap kapab rive jwenn.*»

Montre pa menm ak aprann ni ak fè moun konnen. Mas pèp la konn sa byen lè li distenge 2 pawòl tankou: *Mèt la montre byen. - Elèv la aprann byen.*

An 1951, yon ekip espesyalis Sèvis Edikasyon Nasyon Zini an (Inesko) te etidye pwoblèm lang ki dwe sèvi nan edikasyon timoun. Espesyalis yo prepare yon seri deklarasyon ki parèt nan yon dokiman Inesko (1953: 68):

- «1. *Lang manman yon moun se mwayen natirèl pou moun nan di sa l vle di. Youn nan premye bagay moun nan bezwen, se devlope pouvwa li genyen di sa l vle di a, nèt.*
2. *Chak elèv ta dwe kòmanse edikasyon fòmèl li nan lang manman li.*
3. *Nanpwen anyen nan òganizasyon nenpòt ki lang ki enpoze l tounen chemen sivilizasyon modèn.*
4. *Nanpwen lang ki pa alawotè pou li satisfè sa yon timoun bezwen pandan premye mwa li pase lekòl yo.*»

Remake kèk pawòl nan dokiman an. Sa yo rele lang manman moun se yon lang nenpòt ki timoun vin konnen, san li pa etidye l, san yon pwofesè pa chita montre l li, san li pa sispann ti aktivite ak ti jwèt timoun li, san li pa konnen si li pa te konn pale lè li te tibebe ennan epi li vin konn pale ant 2 an ak 3 an, epi lang li konprann nan, lang li pale a, se yon lang moun kote li leve a toujou ap pale. Menm si yon tibebe te pèdi manman l ak papa l depi li fèk fèt, yo toujou rele premye lang li pale a oubyen premye lang li pale yo: lang manman l.

Nou wè 2 pawòl nou souliyen, youn ki fini ak a, youn ki fini ak yo. Se paske menm timoun nan kapab vin konn pale 2 lang, 3 lang menm, lè li gen 2, 3 an, selon kote li leve a, si nan lavi tou le jou, timoun ak granmoun, kote li rete a, pale 2 lang oubyen 3 lang ant yo menm tou nòmal.

Yon ti ponyen ti Ayisyen ki pale 2 lang

Se kon sa, ann Ayiti, gen kèk timoun ki leve jwenn fanmi yo ak vwazinaj yo pale ni kreyòl ni franse tout tan. Tibebe sa yo vin konn pale ni kreyòl ni franse lè yo gen 2, 3 an.

Sa rive o Zetazini pou plizyè timoun ki sot an Dominikani, Kiba, Pòtoriko, epi ki touve yo benyen ni nan angle, ni nan panyòl. Sa rive ann Afrik, nan peyi tankou Senegal, Nijerya, Kongo, kote timoun benyen nan 2, 3 lang afriken an menm tan, ki fè yo vin konn pale lang sa yo tou senp.

Sa rive anpil lòt kote sou latè toujou. Men, chonje byen se pa aprann timoun sa yo aprann ni youn, ni de, ni twa lang nan pran leson lekòl oubyen nan men yon pwofesè patikilye. Kalkile sa byen si nou vle konprann ki sa nou kapab fè, ki sa nou pa kapab fè, ak ki sa nou dwe fè nan peyi nou. Nou remake pawòl mwayen natirèl ak edikasyon fòmèl tou.

Ann gade yon egzanp mwayen natirèl ak yon egzanp mwayen ki pa natirèl. Tout jwè gwo ekip foutbòl nasyonal oubyen entènasyonal oblije antrene. Youn nan mwayen natirèl antrènman yo, se kouri fè wonn yon teren foutbòl plizyè fwa. Kouri se kichòy ki si tèlman natirèl, ki si tèlman nòmal, tout tibebe ki pa domaje, apre yo fin rale, apre yo vin kòmanse mache, yo tonbe fè ti kouri.

Kounye a, chonje mòd antrènman mesye dam, yo rele astwonòt, ki pral vwayaje nan lespas. Pandan antrènman yo, fòk yo aprann flote nan lespas, kote ki pa gen lè k ap peze sou yo. Tout kretyen vivan, ki an sante, kapab aprann flote nan lespas tou. Men, pèsonn pap di «*flote nan lespas*» se yon bagay ki natirèl pou moun (Dejean 1999b).

Menm jan tou, soti nan sa ou deja byen konnen pou w rive nan sa ou pa konnen, se yon mòd aprann ki natirèl, ki nòmal pou tout timoun ak tout granmoun. Soti nan sa ou poko konnen oubyen nan sa ou konnen malman pou w rive nan sa ou pa konnen menm, se yon bagay ki pa natirèl. Sa mande anpil efò. Sa mande anpil tan. Sa pa bay bon rezilta pou pi fò moun. Mete timoun piti nan yon sitiyasyon difisil kon sa, se enkonisyans oubyen se mechanste.

Sipoze 10 tifi ak 10 tigason 9-10 an ap aprann file yon zegwi. Se yon egzèsis ladrès. Tout pap reyisi l fasil menm jan. Men, nanpwen anyen la ki twòp pou ladrès yon timoun laj sa a. E yo kapab aprann fè l kòm yon jwèt, ak kè kontan. Men, pandan timoun yo ap aprann file yon zegwi, si yo mande yo kanpe sou yon sèl pye epi mete talon lòt pye a sou jenou lòt janm nan. Se twòp egzijans. Se betiz. Se foli.

Lavi vo pase byen. Lavi vo pase lang franse

Mande timoun 6 an fè efò sispann ti jwèt enteresan yo tankou, fè lagon, sote kòd, jwe pench, jwe oslè, fè boul mate, pou yo chita trankil ak yon kreyon nan ti men yo, pou yo trase lèt ki reprezante son ki nan ti pawòl yo abitye di, se anpil egzijans pou ti lespri yo. Tout pwofesè te dwe konprann sa.

Alèkile menm menm, mande menm timoun sa yo mennen aktivite aprann li ak ekri a nan yon lang yo pa konnen, chak jou lekòl, chak semenn, chak mwa, pandan ennan, 2 an, 3 an, kouman fè 45 mil pwofesè nan peyi d Ayiti asepte yon sitiyasyon kon sa, san sa pa fatige tèt yo, san yo pa pran lari pou yo rele anmwe? Efò pou fè aktivite lekòl tounen aktivite natirèl, se efò pou fè lekòl mache ak lavi.

Edikasyon fòmèl pa ta dwe janm vle di edukasyon ki vire do bay lavi. Li pa fin menm ak edukasyon d fanmi, ak sa timoun aprann tou le jou lakay yo nan bouch moun ki reskonsab yo oubyen nan suiv egzanp moun lakay yo ba yo. Lekòl se yon mòd edukasyon ki gen yon fòm espesyal.

Dapre dokiman Inesko a, sa ki nòmal lekòl, sa ki natirèl nan yon sistèm edukasyon fòmèl, se sèvi ak lang timoun deja jwenn lakay yo a. Lè nou li dokiman sa a, fòk nou pa bliye li fèt pou tout peyi sou latè. Epi lè yo tap prepare l se te epòk anpil peyi ann Afrik te vin endepandan, men, kòm sistèm lekòl yo te fin òganize pandan yo te koloni angle, bèj, franse, pòtigè, mèt ewopeyen peyi sa yo te suiv modèl lakay yo ak lang lakay yo.

Yon lòt pwèn: valè timoun ki te enskri lekòl nan tan peyi sa yo te sou zòd gouvènman etranje se te yon ti pòsyon nan timoun ki te gen laj pou y al lekòl. Se apre endepandans peyi afriken yo, anpil anpil timoun vin al lekòl. Lè sa a, pwoblèm ak ki lang lekòl dwe sèvi vin poze yon lòt jan. Men, abidè se kolye. Bwa kwochi mal pou drese. Se malè sèk sa a ki te rive nou ann Ayiti depi 1804, epi apre 1860.

Avantaj bab e moustach: tout moun pale menm lang lan

Pwoblèm lang lan pi konplike nan peyi afriken yo lontan pase ann Ayiti, kote tout moun tout kote pale kreyòl. Lè Ewopeyen te vòlò tè Afriken yo, nouvo fontyè yo envante yo pa te okipe mete gwoup menm lang yo ansanm. Yon peyi tankou Nijerya touve gen 114 milyon moun ki pale 400 lang. Kon sa, lè nimewo 2 dokiman Inesko a pale de lang manman *chak timoun* se pa menm sitiyasyon ak pa Ayiti a, kote kreyòl se lang manman *tout timoun*, kit yo fè pati mas timoun peyi a, kit yo fè pati ti ponyen timoun ti gwoup bileng lan. Lè nimewo 4 la pale de *premye mwa li pase lekòl yo*, se pa pou Ayiti l ap pale. Se pwoblèm yon klas

30 ti elèv kote yo kapab jwenn 10 lang manman diferan. Lè kon sa, gen yon keksyon ki lang, nan plizyè lang sa yo, pi fò timoun yon ti jan konprann deja, yon ti jan pale deja.

Lè nou pran san nou, nou kapab sipoze, si espesyalis Inesko yo tap egzamine pwoblèm lang lekòl espesyalman pou Ayiti, ala fasil travay yo ta fasil. Plizyè milyon timoun? Plizyè milyon granmoun? *TOUT* pale kreyòl depi yo gen 2, 3 an! *KÈK grenn timoun*, yon *ponyen granmoun* pale franse tou. Lekòl dwe fèt an kreyòl. Sa klè kou dlo kokoye.

Nan pi fò peyi sou latè, moun ki reskonsab sistèm edikasyon lekòl pa bezwen poze tèt yo keksyon ki lang ki dwe sèvi nan sistèm nan. Yo pa gen chwa. Se kon sa an Almay, o Chili, o Danmak, an Dominikani, an Frans, o Japon, Kiba, an Kore, o Nepal, an Polòy, o Venezwela, eksetera..

Ann Ayiti, èske nou gen chwa? Si gen moun ki panse nou gen chwa, chwa a se ta kòm yon wout nan yon kalfou 4 chemen:

1. Franse san kreyòl
2. Franse ak kreyòl
3. Kreyòl ak franse
4. Kreyòl san franse

Chapit 15

Kòm si yo pral nan fèt

Madi 10 oktòb 2000, vè inè dlapremidi, m tap fè yon ti pwomnad a pye nan zòn kote m te rete Kafou a, pa lwen estasyon gazolin *Paloma* a. Se te lè lekòl lage. Se pa 2 lekòl ki gen nan zòn Jivena Frè Sakre Kè yo. M sipoze mwen rankontre mil timoun san konte granmoun k ap akonpaye yo. Foul elèv yo vlope m. M kanpe bon moman bò baryè Jivena a ap gade, ap koute, ap suiv mouvman yo. M vin kalkile yon konvèsasyon long yon Ameriken (A) ki ta an vizit nan zòn nan ak yon pwofesè ayisyen (P) ki konn pale angle.

A. - M ta renmen konnen ki pawòl timoun yo ap pale kon sa.

Se regretan se pa angle yo pale.

P. - Se regretan ou pa pale lang yo.

A. - Se vre. M konn ti moso franse. Men, m pa kwè se franse y ap pale

Ki lang y ap pale?

P. - Y ap pale kreyòl. Se kreyòl tout moun pale ann Ayiti.

A. - Èske se an kreyòl lekòl fèt?

P. - Non. Se an franse lekòl fèt.

A. - Pou ki sa lekòl pa fèt an kreyòl? Èske tout timoun sa yo konn franse tou?

P. - Non. Y ap aprann franse lekòl.

A. - Èske paran timoun yo pale franse?

P. - De, twa grenn.

P. - Byenpetèt 10 %, pa menm tou sa.

A. - Ou vle di 90 % paran foul timoun sa yo k ap pase anba je n la a, pa pale franse fen?

P. - 90 % paran timoun yo pa pale franse ditou.

A. - Si se sa, m sipoze 90 % timoun mwen wè la yo, pa te konn pale franse lè yo te fèk antre nan jaden danfan oubyen lekòl?

P.- Ou gen rezon. Se sa menm.

A. - Èske se Kafou sèlman bagay la kon sa?

P. - O non! Se nan tout peyi a. Gen espesyalis lang, tankou Iv Dejan, ki kalkile se 2 % oswa 3 % Ayisyen sèlman ki pale franse sou 7 milyon moun ki nan peyi a.

A. - Bon! Lè kon sa èske pi fò elèv sa yo ap konn pale franse fen apre kèk ane lekòl, ann di apre kat ou senk an?

P. - Pou byen di w, sa fè kenz an m ap fè klas segondè nan peyi m.

M pa nan ba w manti. M oblije di w: PI FÒ elèv ki fin pase 10 an lekòl, pa pale franse toutbon. Sa m di w la la a, se menm pawòl pi fò pwofesè ta di w tou.

A. - Antouka, èske elèv yo rive konn li franse?

- P. - Nan yon sans, pi fò rive li franse. Tout pa li l nan menm nivo.
- A. - Kon sa, yo konprann sa ki ekri an franse byen, ni nan liv, ni nan revyi, ni nan jounal, ni nan anons, ni nan fèy esplikasyon, eksetera.
- P. - M pa panse sa menm pou pi fò moun.
- A. - O! O! Ki sa w rele konn li? Nan peyi m, men ki egzamen yo fè moun pase lè angle se lang manman yo. Moun yo gen pou yo li yon koze ann angle nan tèt yo byen rapid. Epi yo reponn yon seri keksyon ki montre yo konprann sa ki nan koze a byen konprann, kou yo fin li l nan kè yo. Koze a se pawòl tout elèv nevyèm ane lekòl ta dwe konprann byen vit, lè yo li li, si angle a se lang manman yo. Si yo pa konprann koze a, dapre repons yo, yo klase yo kòm moun ki pa konn li.
- P. - Anmwe! Pi fò elèv ak ansyen elèv nou yo pa ta reyisi pase yon egzamen kon sa an franse, sòf si yo ta deja aprann pawòl egzamen an ak esplikasyon repons yo pa kè depi davans.
- A. - Men, pou ki sa yo pa ba yo li koze ki ekri an kreyòl?
- P. - Yo pa li kreyòl. Yo pa konn li kreyòl. Mwen menm k ap pale avè w la, m pa konn li kreyòl.
- A. - Èske ou konn pale kreyòl toutbon?
- P. - Kouman non! M konn pale kreyòl depi jou m kòmanse pale, tankou tout moun ki fèt ann Ayiti epi ki leve ann Ayiti.
- A. - M wè w konn pale angle tou. Ou dwe konn li angle. Ou konprann atik gwo jounal ameriken ekri sou Ayiti, gwo jounal Nouyòk, Wachintonn, Boston, Mayami.
- P. - Men wi! Epi, chak kou okazyon prezante, m li atik gwo jounal an Frans ekri sou Ayiti tou.
- A. - Men, pou ki sa ou pa aprann li kreyòl?
- P. - Sa pa fasil. Epi ki òtograf ki genyen?
- A. - Ou fè m sezi wi. Anvan m vin ann Ayiti, m te pale ak yon bon zanmi m yon Ameriken, ki abite Pòtoprens menm depi kenzen ane. Li montre m twa diksyonè angle-kreyòl ak kèk lòt liv ki parèt o Zetazini. Te gen yon liv pwezi yon gran ekriven ayisyen ki mouri Mayami...
- P. - Moriso-Lewa, yon nèg ki ekri Dyakout.
- A. - Zanmi m nan montre m yon edisyon kreyòl Labib, 1999, mwen kwè. Li di m tout liv sa yo ekri nan menm òtograf kreyòl ki ofisyèl depi 1980.
- P. - A! antouka, se an franse lekòl fèt.
- A. - Èske lekòl la remèt nou bon rezilta?
- P. - Non, monchè. Se regretan. Depi konbyen ane egzamen bakaloreya se zewo bare. Ou kwè gen 20 a 30 pou san elèv ki reyisi? Se yon lapenn.
- A. - Antouka, mwen menm, m pa ta janm gen ni diplòm Ayskoul mwen, ni yon B.A., ni yon mastè ann elektwonik, si yo te fòse m al lekòl ann alman oubyen an panyòl, depi m te timoun piti. Timoun ann Ayiti gen malchans.

P. - Antouka, mwen menm, chans pa m, m nan ti gwoup moun ki chape yo. M pale franse fen. M li twa gran lang franse, angle, panyòl.

A. - Dapre sa m wè, lide pa m ak lide pa w pa menm menm sou afè aprann, konnen, vin konn li epi bon jan edikasyon long pou tout moun.

Li pou aprann

Gran kout ri yon gwoup tigason ak tifi ki pase a kote m, rèl kè kontan ti elèv k ap rele ti elèv parèy yo, bèl vwa tifi ak tigason peyi m, ki renmen pale, ki renmen lavi, rale m soti nan reve je klè m nan, nan pawòl m tap kalkile yon pwofesè ayisyen tap pale ak yon touris ameriken. Timoun yo tap ri, yo tap kouri, yo tap mache *kòm si yo pral nan fèt*.

Mesye dam ki fè lekòl o Zetazini touche pi gwo lajan lontan pase moun k ap redi fè lekòl ann Ayiti. Kondisyon yo pa menm, pwoblèm yo pa menm. Men, se menm jan sèvo ak entelijans tout timoun sou latè, tout kretyen vivan sou latè, òganize. Se menm jan yo devlope. Se menm jan yo travay. Nanpwen li toutbon pou ti Chinwa, san pa gen konprann. Nanpwen li toutbon pou ti Dominiken, san pa gen konprann. Nanpwen li toutbon pou ti Ayisyen, san pa gen konprann. Eple, se yon ti aktivite mekanik wòwòt ki kab mache ak lekti. Fè lèt pouse son, se poko sa ki lekti. E se sou aktivite lekti ak ekriti, edikasyon ki mennen konesans, chita depi senk mil ane.

Èske gen pwofesè ki konsyan, èske gen pwofesè ki okouran, ki pa ta dakò ak sèten lide sou lekti yon gwo reskonsab lekòl leta nan zòn Ded Konnti Mayami, Kwevas, te pibliye nan jounal *Mayami Eral la* (Miami Herald), 13 oktòb 2000?

«Sa gen 3 an...Biwo Lekòl zòn Ded Konnti Mayami an...rekonèt: amelyore anseyman lekti se premye nesesite. Biwo a kòmanse yon Plan Lekti jeneral e li kòmanse sèvi ak li. Lesansyèl se pou elèv aprann li epi pou yo li pou aprann. Dapre plan an, lekti se pa yon kou moun chwazi. Se yon pati esansyèl yo dwe montre tout elèv nan tout matyè, nan tout nivo pou yo rive konstwi sans.»

Remake yon pawòl enpòtan ki mande nou reflechi: aprann li... li pou aprann. Sa egzije pou timoun lekòl sèvi ak pawòl ki ekri nan yon lang yo konprann nèt, nan yon lang ki mache nan san yo, nan yon lang ki rele yo chè mètrès. Se sèl si yon sistèm lekòl tèt anba fin dejwe entelijans moun nèt, moun ki reskonsab edikasyon, moun ki pwofesè, pa ta rive admèt yon verite klè tankou: tout konesans ki pase nan wout pawòl ki pale oubyen pawòl ki ekri, suiv chemen yon sistèm lang moun deja genyen nan tèt yo, moun deja konnen.

Chapit 16

Pàn wout ak mikwòb feblès lespri

Chapit sa a te parèt sòf kèk chanjman mwen fè ladan n, nan nimewo 259, 24-30 septanm 1997: 5-7 jounal Libète. Li kòmanse ak yon istwa tankou istwa *pen nan boutèy, diven nan panyen banbou* epi li kontinye ak yon koze serye ki mande chita.

Lè yon delegasyon Ayiti t al nan gwo reyinyon ki te fèt an Chin sou dwa medam yo, an septanm 1995, te gen yon moun nan gwoup la ki te vle konnen si elèv lekòl bò la yo te janm tande pale de Ayiti. Yo mennen l nan yon lekòl Peken ki kapital peyi a. Li te pare yon seri fèy papye enprime ki te gen 2 keksyon an franse ladan yo:

1. Èske nou konnen nan ki zòn Repiblik d Ayiti ye?
2. Èske nou konnen konbyen moun ki rete ann Ayiti?

Li rive nan yon sal kote 100 ti elèv chinwa 12, 13, 14 an, 50 tifi, 50 tigason, te reyini. Li pase 100 fèy egzamen yo epi li pale fò pou tout elèv tande vwa li. Li poze menm 2 keksyon yo an franse.

Timoun yo di bonjou an chinwa, yo souri, yo ri, yo souke fèy egzamen yo tankou ti drapo blan. Apre 10 minit, yo mennen reprezantan Ayiti a ale. Li rankontre ak yon direktis lekòl ki te soti nan yon ti vil o Zetazini. Kòm li te degaje l ann angle, li rakonte direktis lekòl ameriken an vizit li te fèk fè a. Li tap di l jan ti Chinwa yo byennelve anpil, men, malerezman, yo pa reponn 2 keksyon li yo. Amerikèn nan mande l:

- *Èske ou konn pale chinwa fen? Yo dwe pa konprann mòd pale chinwa w la.*

Moun nan reponn:

- *M ba yo yon fèy papye ak 2 keksyon an franse.*

Amerikèn nan di:

- *Ou pa te gen entèprèt? Si yo te remèt yo yon fèy keksyon an chinwa epi si entèprèt la te repete keksyon yo an chinwa, ou ta annik fè l tradui*

repons yo pou wou epi ou ta konnen sa timoun Peken sa yo konnen sou Ayiti oubyen sa yo pa konnen.

Ann Ayiti, tout pwofesè lekòl, tout minis, tout depite, tout senatè, tout moun ki fè gwo etid, konnen: Lekòl fèt an panyòl an Dominikani. Egzamen fèt an panyòl an Dominikani. Mande yo pou ki sa, Y ap prese reponn: *Panyòl se lang peyi a.*

Tout mesye dam sa yo konnen Lekòl fèt an chinwa Peken ak lòt kote an Chin. Egzamen fèt an chinwa Peken. Mande yo pou ki sa. Y ap panse ou se yon enbesil:

- Ou pa konnen se chinwa tout moun pale Peken?

Si ou gen malè mande

- Pou ki sa lekòl pa fèt an kreyòl ann Ayiti? Pou ki sa egzamen pa fèt an kreyòl ann Ayiti?*
- Se pa menm afè.*

Sa se repons yo.

Pi fò Ayisyen ki fè gwo etid, kapab konpare sitiyasyon doktè ak lopital an Dominikani epi ann Ayiti. Menm afè pou elektrisite, wout, dlo tiyo, kilti latè oubyen manje. Paregzanp, yo kapab rekonèt: diri, pwa, mayi, bannann, donner nan 2 peyi yo. Kon sa pandan ni Dominiken ni Ayisyen renmen manje 4 manje sa yo, se kichòy ki nòmal pou 2 gouvènman yo ankouraje kiltivatè plante danre sa yo plis yon jan pou peyi yo pwodui plis diri, plis pwa, plis mayi, plis bannann ak bon teknik pou jaden bay pi bon rannman. Se youn nan fason pou 2 pèp yo jwenn plis manje.

Men, depi se pawòl lang ki pale nan koze lekòl, depi yon moun oblije nonmen non kreyòl nan afè sistèm edikasyon, sèvèl pi fò Ayisyen gran konnen gaye. Sèvo yo pa fonksyone nòmal ankò. Sa ki vo pou Dominiken pa vo pou Ayisyen. Sa ki vo pou elèv ann Albani, an Kore, o Japon, an Risi, pa vo pou elèv ann Ayiti. W a di konesans pa kapab antre nan tèt ti Ayisyen menm jan yo antre nan tèt lòt timoun sou latè, lè se konesans elèv etidye lekòl.

Si yon ti Ayisyen 6 an ak yon ti Dominiken menm laj monte nan avyon premye fwa nan vi yo pou y al jwenn fanmi yo Nouyòk, kòm vwayaje se pa koze lekòl, sèvo yo mache menm jan. Etan avyon an ap vole wo, pi wo pase nway, 2 timoun yo ap gade bagay blan tankou koton ki anba avyon an. Yon granmoun ki pale panyòl, esplike ti Dominiken an se menm kalite nway li konn wè lè li a tè. Ti

Dominiken an vin konn yon nouvo bagay li pa te konnen. Li vin konnen: avyon konn vole monte pi wo pase nway. Yon granmoun ki pale kreyòl, esplike ti Ayisyen an menm bagay la. Menm rezilta. Ti Ayisyen an aprann kichòy li pa te konnen.

Kounye a, men yon gwoup ti Dominiken 9 an ki pase bò larivyè ak bò lanmè etan yo pral lekòl. Se panyòl sèlman yo konprann. Se panyòl sèlman yo konn pale. Pwofesè a esplike yo ki jan chalè solèy aji sou dlo larivyè, dlo letan ak dlo lanmè. Lè yon chodyè sou dife, ti lafimen ki anndan li a vin tounen ti degout dlo nan kouvèti a. Se kon sa ti vapè dlo ki monte anlè kole ansanm fè nway. Yo jwenn fredyè anlè a ki fè vapè a tounen degout dlo, ki vin twò lou epi ki tonbe. Se lapli. Menm jan ti elèv an Dominikani kapab konprann koze sa yo ak anpil lòt an panyòl, se kon sa ti elèv ann Ayiti kapab konprann yo an kreyòl. Sa klè pou tout moun ki etidye ni pedagoji, sa vle di lasyans ak teknik fè lekòl, ni sikoloji ki chèche wè kouman entelijans kretyen vivan fonksyone. Sa klè pou moun save o Japon, an Chin, an Kore, ann Almay, an Frans, o Zetazini, o Brezil, o Chili, nan tout kalite peyi.

Sa pa klè pou pi fò entelektyèl ak moun save ann Ayiti. Yo annik di:

- *Se pa menm afè.*

Yo pa fouti di nou pou ki sa se pa menm afè. Ki rezon ki kache anndan sèvèl yo? Yo dwe kwè Ayiti se yon peyi estwòdinè ki apa nèt. Li pa menm ak lòt peyi. Li te gen yon gwo gwo gwo avantaj lontan: pèp li te esklav blan franse. Ala yon benediksyon. Epi jis kounye a pitit pitit yo pa gen valè si yo pa tyoul Lafrans. Lang franse menm se yon mèvèy estwòdinè ki sot nan syèl dirèk dirèk. Se sa k fè Ayisyen pa menm ak ti Japonè, ti Chinwa, ti Alman. Ayisyen se pèp ki pi entelijan ki genyen sou latè.

Si nou pa vle kwè *se pa menm afè*, koute yon pawòl anbasadè franse ann Ayiti a: Iv Godèl (an franse: Yves Gaudeul). Lè li remèt yon ekriyen ayisyen, Gari Viktò, yon dekorasyon gouvènman franse, jedi 16 out 2001, li ban n yon ranseyman, pèsonn moun potko janm reyisi jwenn nan okenn dokiman nan okenn bibliyotèk sou latè ant 16 out 1901 ak 16 out 2001, ni nan bouch okenn istoryen, lengwis, savan: lang franse «*plis pase sa yo kwè souvan se lang pèp ayisyen an, an jeneral, antouka se yon lang li vle aprann, li vle pale.*» (Nan jounal Nouvelis, 17-19 out 2001, paj 5, kolonn 2 «*Chers amis, j'ai essayé de vous faire sentir ce qu'a d'exceptionnel l'œuvre de Gary Victor qui, sans sombrer dans le populisme ou la facilité, a trouvé le chemin du cœur des Haïtiens à qui l'auteur parle de leur pays et de leurs problèmes dans une langue, qui beaucoup plus qu'on ne le croit souvent est la langue du peuple haïtien dans son ensemble, une langue en tout cas qu'il veut apprendre et parler.*»)

Yon anbasadè etranje ki deklare lang franse se lang pèp ayisyen an, an jeneral, ta dwe konnen si sa li di a te vre: pi fò Ayisyen ann Ayiti ta pale franse, ta konprann franse. Men, yon deklarasyon kon sa pa twò kadre ak premye fraz nimewo 5 konstitisyon 29 mas 1987 la ki konstate: «*Sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm, se lang kreyòl.*» Si tèlman anbasadè franse a pa te fin sèten sa li di a vre, li vire pawòl la yon lòt jan: antouka franse se yon lang pèp ayisyen an, an jeneral, vle aprann, vle pale. Li gen lè te manke konprann sitiyasyon an byen. Nimewo 16 septanm 2003 jounal Le Nouveliste pibliye yon dènye diskou Yves Godel fè anvan li kite peyi a kòm anbasadè apre li pase 4 an ann Ayiti. Apre 4 an, èske li ta repete pawòl anlè, pawòl vag 16 out 2001 an? Ki ankèt ki montre sa? La, Pòtoprens, depi yon moun an kontak souvan ak foul kretyen vivan ki ale vini sou Gran Ri dèyè yon ti lavi, li pa ta janm di: Dapre sa li tande nan bouch mas pèp sa a, sa l ap chèche nan lari a oubyen lakay li se yon mwayen pou l aprann franse, se yon mwayen pou l pale franse. Pawòl anbasadè a pa twò serye.

Godel te okouran move rezilta egzamen bakaloreya a. Nan diskou l la, li te di sa ki lakòz, se sistèm pachiman lekòl Ayiti a. Kòm Lionel Jospin te premye minis an Frans, lè sa a, nou gen dwa sipoze anbasadè franse a te konnen, 20 ane anvan sa, Jospin te minis edikasyon nasyonal. Li te met men nan yon pwojè refòm edikasyon ki tap chèche ankouraje tout elèv an Frans rive nan fen etid segondè yo ak anbisyon pou 80 pou san nan elèv yo reyisi pase egzamen bakaloreya a. Nou lwen 20 % elèv ann Ayiti ki reyisi nan bakaloreya, ata an 2003, san nou pa gen okenn garanti pi fò nan yo jwenn bon konesans jeneral ak bon fòmasyon. E pandan pwofesè inivèsite byen konnen bon valè nan yo pa menm konn pale franse vrèman vre.

Yon semenn anvan diskou anbasadè franse a, jounal Le Nouveliste (madi 7 out 2001, nimewo 36257) bay yon pati rezilta egzamen bakaloreya sesyon òdinè 2000-2001 an. Gen 3 gwoup: sa ki pase - sa ki gen pou reprann egzamen an - sa ki elimine. Jounal la detaye rezilta yo pou 3 depatman sou 9: Latibonit, Nòdwès, Lwès

Retorik

Latibonit:	5670	konpoze sou	6820	ki te enskri
Pase 7,	89 %	=	448	refè 24, 48 % = 1390
				elim. 67, 64 %
				= 3841
Nòdwès:	1329	konpoze sou	1506	ki te enskri
Pase 11,	29 %	=	150	refè 34, 84 % = 463
				elim. 53, 88 %
				= 716
Lwès:		= 52599	konpoze sou 68008	ki te enskri

Pase 17, 40 % = 9152 refè 35, 69 % = 18775 elim. 46, 91 %
= 24672

Filozofi

Latibonit: 1278 konpoze sou 1429 ki te enskri
Pase 43, 18 % = 868 refè 42, 89 % = 862 elim. 13, 93 %
= 280

Nòdwès: 448 konpoze sou 479 ki te enskri
Pase 41, 07 % = 184 refè 51, 12 % = 229 elim. 7, 81 %
= 35

Lwès: 21515 konpoze sou 25390 ki te enskri
Pase 50, 75 % = 10918 refè 39, 76 % = 8555 elim. 9, 49 %
= 2042

Si franse te lang pèp ayisyen, an jeneral, vrèman vre, an jiyè 2001, yo ta kapab di: youn nan gwoup ki pi pwofonde nan franse ann Ayiti, se 59 mil 598 ti mesye dam 3 depatman ki al konpoze nan egzamen bakaloreya retorik, apre onz an lekòl an franse pou pi piti, kenz an lekòl an franse pou pi fò ladan yo.

Se 9 mil 750 (= 16, 35 %) sèlman ki reyisi pase lè sa a. Ki edikatè konpetan nan klas segondè, ki moun enstwi ki enfòmè e ki an kontak souvan ak elèv retorik, ki ta gen odas deklare an piblik, swa sou jounal, swa nan radyo, swa nan televizyon: move rezilta sa a pa gen anyen pou li wè ak mank kandida yo nan konprann franse, nan konn franse?

Pou egzamen filo, rezilta a yon ti jan mwens mal. Se 11 mil 970 ki pase sou 23 mil 241 (= 51, 50 %), ti kras plis pase mwatye. Tout moun konnen: bon valè elèv filozofi refè egzamen reto plizyè fwa. Lèfini gen yon gwo diferans ant kantite kandida reto ak kantite kandida filo: 36 mil 357 an plis pou reto.

Si gen moso verite nan pawòl anbasadè franse a, men li: 82 mil 839 jenn moun (59 mil 598 plis 23 mil 241) ki t al konpoze an jiyè 2001 pou 2 pati bakaloreya a, nan 3 depatman, vle konn franse, vle aprann franse. Kanta pale franse, yo ta vle pale franse. Antouka twa ka nan yo gen lè pa rive aprann franse toutbon. Yon ti keksyon pou anbasadè a: An Frans, konbyen jenn moun ki ta asepte pase 11, 12, 13, 14, 15 an ap etidye ann angle tou le jou Bondye kreye, pou pi fò nan yo ta reziyen yo betize ann angle apre tout tan sa a?

Jounal Nouvelis (22-24 out 2003, nimewo 36751) pibliye rezilta egzamen bakaloreya mwa jiyè 2003 a pou tout peyi a. Pou tou de pati bakaloreya a se 26,

87 % kandida ki reyisi = 21, 99 % pou reto, 17, 75 % pou filo. Dapre sa jounal la ekri: plizyè direktè ak direktis lekòl pwoteste, paran babye, paran met men nan tèt, elèv bougonnen, gen moun ki di te gen koken, sa te mal òganize, te gen kont ant gwo anplwaye ki reskonsab egzamen yo. Antouka sa montre sistèm lekòl nou an ap fin depafini, l ap fè bak. Nanpwen yon mo sou keksyon lekòl ki fèt an franse pou yon popilasyon ki pale kreyòl.

Lekòl ta kapab fèt an chinwa ann Ayiti. Egzamen ta kapab fèt an chinwa ann Ayiti. Nou ta toujou gen menm rezilta zewo bare a.

Rezilta zewo bare a, pa rezilta egzamen bakaloreya, egzamen nevyèm ane fondamantal, egzamen sètifika, sèlman. Se sistèm lekòl ann Ayiti ki fè zewo bare. Sistèm lekòl la merite chanje. Li pa bon menm. Tout rapò ofisyèl di sa. Tout pwofesè dakò sou sa.

Men, yo pa vle soti nan labou kote yo kole a, se yon labou franse. Nan tan lakoloni, se kèk grenn lekòl ki te genyen nan peyi a. Lè yo kòmanse, yo pa te fèt pou lòt timoun pase pou pitit kolon blan franse.

Moun ki te konn vwayaje fè wout Pòtoprens Okay anvan 1980, te konn labou 44, nan zòn Vye Bouk Aken. Yon machin bloke nan labou 44. Sa k di: se pàn gaz li genyen. Sa k di: se pàn kawotchou li genyen. Sa k di: se pàn transmisyon li genyen. Sa k di: se pàn motè li genyen. Yon tifi k ap pase pale verite a: Se pàn wout ki genyen.

Sistèm lekòl nou an bloke nan yon labou ki pi rès pase labou 44 depi 1804, se labou lang franse a.

Sa k di: manke lokal pou lekòl. Se pa manti.

Sa k di: manke plas epi twòp elèv nan yon sèl klas. Se pa manti.

Sa k di: twòp elèv ki antre lekòl ta. Ti klas chaje ak gran elèv. Se pa manti.

Sa k di: anpil pwofesè pa byen peye. Se pa manti.

Sa k di: manke liv, manke tablo, manke lakrè, manke kaye, manke plim, eksepta. Se pa manti.

Sa k di: Timoun bezwen manje regilyè. Se pa manti.

Sa k di: Twòp jou konje. Se pa manti.

Sa k di: Twòp vagabonday politisyen malonèt ap fè ak elèv lekòl. Se pa manti.

Men, yo vle kabre pwoblèm wout la. Se pàn wout sistèm lekòl nou an genyen. Wout nòminal konesans an Dominikani, se panyòl. Wout nòminal konesans Moskou,

se ris. Wout nòm al konesans Peken, se chinwa. Wout nòm al konesans ann Ayiti, se kreyòl.

Kouman entelektyèl ayisyen fè pa rekonèt sa? Se yon mikwòb franse ki antre nan sèvo yo pandan tout kantite ane yo pase lekòl nan peyi a. Li ba yo yon maladi mantal nou mèt rele: anemi lespri oubyen feblès lespri. Men, se yon feblès lespri yo atrap. Yo pa fèt avèk li depi yo soti nan vant manman yo. Epi li pa domaje tout zòn nan sèvo yo. Se plis yon ti kote nan bò gòch sèvo yo, ki kòmande aktivite lang, mikwòb la atake.

Se feblès lespri sa a ki lakòz moun ki vin dirije peyi a kenbe yon sistèm lekòl, blan franse te mete sou pye Sendomeng nan lang franse pa yo pou kèk grenn ti blan franse parèy yo. Se feblès lespri sa a ki lakòz moun ki reskonsab leta kounye a pito plenyen chak ane pou rezilta zewo bare egzamen bakaloreya ak radòt yo rele egzamen sètifika yo te lage an 1979, pase pou yo chanje yon sistèm lekòl ki te fèt pou moun ki te leve nan pale franse, sa gen 200 ane, men, ki pa fèt pou elèv yon peyi kote TOUT moun pale kreyòl, kote tout moun, ni elèv, ni pwofesè, ni paran timoun, ni fanmi yo, ni vwazinaj yo, benyen nan kreyòl depi anvan yo soti nan vant manman yo. Yon peyi kote yon ti ponyen moun ki konn franse tou, leve nan kreyòl depi yo piti. Ann Ayiti, kantite moun ki pale franse se tankou yon vè dlo nan yon bokit kreyòl.

Maladi feblès lespri a bouche je moun li atake. Li fè yo pale pawòl kwochi nan koze lang kreyòl, lang franse ak lòt lang. Maladi a gen tan fè anpil dega nan peyi a depi 200 ane. Se pa gwo entelektyèl sèlman ki soufri maladi a. Li nwi tout elèv ki pase kèk ane nan sistèm lekòl la. Se yon pwazon ki wete nanm yo. Li fè yo egare devan lang franse. Li fè yo pa poze tèt yo yon seri keksyon:

Kouman fè pi fò elèv ki rive nan dènye mwa sizyèm segondè, nan lekòl ki fèt an franse, pa reyisi aprann pale franse toutbon, kwak yo pase 7 an lekòl pou pi piti, lè se pa diz an, onz an, douz an?

Pou ki sa pi fò timoun ki rive nan fen sizyèm segondè, pa menm li yon grenn liv chak ane, anwetan liv lekòl yo aprann pa kè?

Pou ki sa yo reziyen yo tande pawòl anpil direktè ak pwofesè lekòl ak gwo anplwaye edikasyon nasyonal ki di: se parese yo parese? Se kreten yo kreten. Se sòt yo sòt. Se etidye yo pa vle etidye. Se dezòd yo dezòd?

Pou ki sa yo asepte vye lide kòm kwa lè mil moun al konpoze se fòt yo si se senkant sèlman ki pase?

Pou ki sa 73 mil elèv ki pa reyisi nan egzamen bakaloreya mwa d jiyè 1997 la pa pran lari pou yo rele:

«Dominiken al lekòl an panyòl. Dominiken konpoze an panyòl nan egzamen, paske panyòl se lang yo. Fòk Ayisyen al lekòl an kreyòl. Fòk Ayisyen konpoze an kreyòl nan egzamen, paske kreyòl se lang yo.»

Pou ki sa? Paske maladi feblès lespri a deja atake sèvo yo, menm jan li te domaje entelijans Ayisyen ki te aplodi ak Franklin Delano Roosevelt lè li te ekri konstitisyon 1918 la pou yo (Barros, 1984: 27, 519, Pamphil 1988: 75-76). Se te premye konstitisyon ki te deklare franse se lang ofisyèl Ayiti. Menm jan, an 1986-1987, li te touble tèt moun ki ekri yon konstitisyon ki kenbe franse kòm lang ofisyèl a kote kreyòl kwak yo oblije rekonèt «*Se lang kreyòl sèl ki mare tout Ayisyen ansanm.*» (nimewo 5 konstitisyon 1987 la).

Sistèm edikasyon Ayiti a ap kontinye al aladiv toutotan Ayisyen ki gen pouvwa a nan men yo kontinye fè kòm si lang franse se yon ti bondye, toutotan yo pa rekonèt lang kreyòl se sèl chemen konesans pou plis pase 95 pou san popilasyon peyi a.

Moun ki ekri pawòl sa yo te pase maladi feblès lespri, li te atrap lekòl tou nan piti. Men, nan granmoun li vin trete nan bon beny. Se pa te beny fèy. Se beny renmen ak respè pou mas pèp ayisyen an.

Chapit17

Viatte di gen chwa, Chomski di pa gen chwa

Kote verite a ye? Èske nou kapab kwè yon pawòl Viatte (1969:68,70) ki distenge 2 sitiyasyon?

1. Sitiyasyon pèp an Frans, lan nò Bèljik, nan lwès Lasuis, nan pwovens Kebèk, o Kanada. Lang franse, se lang pèp sa yo depi dat lontan, lontan moun pa chonje.
2. Sitiyasyon pèp Antiy yo, tankou pèp peyi d Ayiti, pèp zile Gwadeloup, Martinik, Dominik, Sent Lisi, eksetera. Lang franse a vin tounen lang pèp sa yo paske pèp sa yo fè yon chwa. Yo BOUKANTE lang pa yo ak lang franse a. Yo kouri lage lang yo te konn pale ann Afrik yo, kouwè banmbara, ewe, kikongo, lingala, yowouba, wolòf, eksetera. Yo vin pa konprann yo. Yo vin konprann franse. Yo tonbe pale franse. Pitit yo ak pitit pitit yo, ki fèt Sendomeng, jan Blan Franse te rele Ayiti, vin pale franse, menm si yo fè yon nouvo mòd pale sot nan franse a: se kreyòl.

Dezyèm pawòl Viatte la, se chwa pa l. Nou mèt di se yon lejann li chwazi envante pou li boukante l ak reyalite a. Reyalite a, n ap reflechi sou li depi premye chapit la, se yon mas pèp, se sèt milyon moun ki pa pale franse, ki pa konprann franse, a kote yon ti ponyen ki pale kreyòl, ki pale franse tou: 2% popilasyon peyi a, byen petèt 5%. Si se sa ki sitiyasyon mas pèp la an 2003, nou kab mal pou kwè mas esklav ki te gran gran paran pèp sa a, ant 1697 ak 1791 te konn franse.

Natirèlman, Vyat sèvi ak yon pawòl vag pou li pare kou moun ki ta di: « Se manti. Mas esklav yo pa t konn lang franse a ». Li ta kab reponn : « Èske se pa nan franse,nouvo mòd pale, yo rele kreyòl la, soti? Pitit tig se tig.» Moun ki etidye lang, selon prensip lasyans, ta di : « Ann pale pawòl serye. Moun ak bèt fè pitit. Lang pa fè pitit. Si pawòl la di *Pitit tig se tig*, nou byen konnen nan reyalite yon syans tankou biyoloji etidye, pitit tig pa ni lyon, ni chat, ni chwal, ni chen, ni pwason lanmè, ni bèt volay. Men, si lang te fè pitit tankou bèt, pitit laten se ta laten. Ki fè, lang panyòl, pòtigè,italyen, katalan, galisyen, pwovansal, franse, woumen, ki soti nan laten, jan savan abitye di, ta laten. Yo pa ta ni pòtigè, ni italyen, ni franse, eksetera. Kon sa Vyat ta mèt di: moun an Frans, se laten yo pale, Woumen an Woumani, se laten yo pale, Brezilyen o Brezil, se laten yo pale, menm si yo fè kèk nouvo mòd pale sot nan laten an, tankou : franse, woumen, pòtigè, eksetera.

Alèkile, reskonsab Kominote Ewopeyen an mèt ranmase yon pawòl Jozèf de Mès te ekri pandan diznevyèm syèk la : « *Le lien européen c'est la langue latine* » (*Kòd ki mare pèp Ewòp yo ansanm, se lang laten an*). Epi yo tou regle pwoblèm kominikasyon nan Kominote Ewopeyen an.

Men, nou tou wè afè boukantay lang sa a, se lejann. Devlopman lasyans lang, selon teyori Chomsky (2000 : 2-80, *The Architecture of Language*) distenge:
lang anndan tèt moun (anndan lespri/sèvo moun) ak
lang deyò (tèt moun)

Nan afè lang, sèvo tout moun òganize menm jan.

Lang anndan lespri/sèvo moun, se yon sistèm ki devlope dapre prensip ak paramèt inivèsèl ki fè pati aparèy pou atrap lang ki nan sèvo tout moun. Lè tibebe tande son vwa lòt moun ki rete menm kote ak yo, kèk done ki nan pawòl lòt moun sa yo kont pou deklannche aparèy pou atrap lang ki nan sèvo yo. Aparèy la analize done yo otomatik, ki fè li vin rekonèt ki sistèm son, lòd son, konbinezon son ki la, ki sistèm lòd mo son yo fòme, konbinezon mo, rapò mo youn ak lòt, ki sistèm sans mo, sans fraz mo youn deyò lòt, fòme.

Lang anndan lespri/sèvo moun se rezilta aktivite òganizasyon inivèsèl ki nan sèvo tout kreyen vivan, ki fè pati ras moun ak pawòl tèl lang an patikilye lòt moun deja pale nan tèl tèl zòn, nan tèl tèl ka sikonstans. Se yon byen jwenn byen kontre. Nanpwen okenn chwa la. Jan Chomsky (1998:16) konn di a: si 2 pitit fi l yo ak pitit gason l lan te fèt o Japon, oubyen ann Itali, se japonè oubyen italyen yo ta pale. Men, yo fèt o Zetazini epi tèl kote la, bò Boston. Se fòm angle zòn sa a ki devlope nan lespri/sèvo yo.

Fòm lang anndan lespri/sèvo moun, kounye a nou an mezi etidye òganizasyon li, paske nou kapab apiye sou sèten prensip klè, sou sèten teyori solid, dekwa pou nou kontwòle yo ak done reyalye ki antoure nou an, mete a dispozisyon nou. E se kon sa nou vin jwenn repons pou plizyè keksyon savan pa te menm kapab poze, sa gen senkant an. Yon egzanp: Kouman fè tibebe nòmal ki pa konn pale okenn lang menm, lè yo gen 6 mwa, 12 mwa, ki pa konprann okenn lang menm, lè sa a, rive konprann angle a Lonn, ann Angletè, Mèlboun ann Ostrali, Vankouvè o Kanada? Epi yo pale angle. Yo pale anpil. Bouch yo pa gen dimanch, lè yo rive sou 3 an, 4 an. E se menm bagay pou lang chinwa Peken pou tibebe Peken. Se menm bagay pou lang ketchwa pou tibebe nan mòn Pewou. Se menm bagay pou lang kreyòl Ayiti a pou tibebe nan tèl mòn Lasèl, nan plenn Gonayiv, bodmè Lansdeno, nan katye Lafosèt, Okap, nan katye Pegivil, Petyonvil, Bwa Vèna, Pòtoprens. Se menm bagay pou tout tibebe nòmal, ki pa domaje nan sèvo yo depase mezi, nenpòt ki kote sou latè, nan youn nan 6 mil lang kon sa 6 milya kreyen vivan pale.

Sa w pa konnen pi gran pase w

Men, moun k ap pale yo, etan y ap pale, yo suiv yon seri mès, yon seri abitud, yon seri lide, yon seri kwayans, yon seri prejije. Etidye tou sa enteresan anpil. Nou kirye pou nou ta konnen pou ki sa, ki jan. Nou ta renmen gen repons pou keksyon: ki moun ki pale ki kote, ki lè, ak ki lòt moun, nan ki ka sikonstans. Si se timoun piti, si se granmoun, si se fi, si se gason, si se moun ki suiv tèl relijyon, ki fè tèl kalite etid, ki manm tèl klas sosyal, ki leve nan mizè oubyen ki grandi nan richès, eksetera. Moun ekri anpil pawòl sou koze kon sa. Malerezman, dapre Chomsky (2000: 1), selon degre konesans nou genyen kounye a, nou pa gen okenn teyori solid, okenn sistèm solid, okenn lide klè, ki byen chita sou bon rezon, sou bon prensip, pou nou ta apiye sou yo nan rechèch nou. Poutèt sa, pito nou mache sou pinga nou pase pou nou prezante pawòl ki sou mank. Nan etidye sèten pwèn nan sa moun panse ak sa yo kwè, sèten eleman relijyon ki òganize yo, sèten branch literati ak syans sosyal, sa nou konprann byen, konesans nou genyen ki klè, pa anpil. Yo piti, yo mèg. Men, gen deklarasyon moun fè kareman, kòm si yo konnen, kòm si yo sèten. Gen sitirans pou pawòl ki pa laverite epi pou kite moun gaye koze dwòl, pèsonn pa demanti. (Al wè Chomsky 2003 : 91).

Ann pran egzanp 2 ti Ayisyen k ap pale ansanm. Gen youn ki di yon pawòl ki pa vre. Li fè yon ti manti. Lòt la di l : « *Ou mantò.* » Menm moman an, yon granmoun korije l: « *Pa di mantò sou moun. Sa malelve. Se mantè yo di.* » Pou ki sa? Son /ò/ ak /è/ fè pati sistèm son lang kreyòl la. Moun kapab di : « *Li vòlò lajan an* » oswa « *li vòlè lajan an* ». Ni youn, ni lòt pa malelve. Menm jan, nou pa konnen pou ki sa, sèten kote nan peyi nou, moun pa di *bèl tonm* (yo panse sa mennen malè). Yo di *joli tonm* (sa pa ta gen lekòtrè). Nou pa gen espplikasyon pou sa. Veye zo n pou nou pa asepte espplikasyon ki pa chita sou anyen, etan nou pran pòz nou sèten li bon.

Ann pran yon lòt egzanp kreyòl, ki fè pati sistèm lang anndan lespri/sèvo nou. Se yon sistèm nou dwe bòde menm jan nou ta etidye yon pwoblèm biyoloji. N ap chèche bon jan espplikasyon pou yon pwoblèm sistèm son lang lan, egzanp (1)-(6) poze. Nou gen egzanp ak gwoup konsòn /gz/ tankou :

(1) egzamen egzant egzante egzèkite egzèsis egzije

Nou gen egzanp ak gwoup konsòn /ks/ tankou :

(2) eksè eksite taksi vaksen vekse voksal

Nou pa gen mo ki nan (3) yo an kreyòl. Men, nou ta gen dwa gen fòm mo kon sa:

(3) egzès egzite tagzi vagzen vegze vogzal

Nou pa gen mo ki nan (4) yo an kreyòl. Men, nou ta gen dwa gen fòm mo kon sa:

(4) eksanp eksante eksèsis eksije eksamen eksekite

Pa kapab gen mo kreyòl tankou mo ki nan (5) ak (6). Se poutèt sa nou make yo ak yon ti etwal.

(5) *egsanp *egsante *egsèsis *egsije *egsamen *egsekite

(6) *ekzanp *ekzante *ekzèsis *ekzije *ekzamen *ekzekite

Pa kapab gen mo kreyòl tankou mo ki nan (5) ak (6), sa vle di : pa kapab gen mo kreyòl ak yon gwoup */gs/ oubyen */kz/ anndan yo. Pou ki sa? Se paske ni sistèm son kreyòl, ni sistèm son franse, ni sistèm son angle, alman, espayòl suiv sèten prensip fonetik ki vo pou tout kalite lang. Konsòn ki bare lè a nèt, make (+ sonò) oubyen (- sonò). (+ sonò), sa vle di: nòmalman kòd vokal yo tranble. Nou kapab santi sa si nou mete 2 dwèt nou sou gòj nou etan nou kenbe fen mo douzzz (3 z yo la pou montre nou kenbe son an pi lontan pase lè nou pale tou senp). (- sonò), sa vle di : nòmalman kòd vokal yo pa tranble. Nou kapab santi sa si nou mete 2 dwèt nou sou gòj nou etan nou kenbe fen mo dousss (3 s yo la pou montre nou kenbe son an pi lontan pase lè nou pale tou senp).

Konpayèl konsòn (+ sonò) /g/, nan yon grap konsòn, se konsòn (+ sonò) /z/. Konpayèl konsòn (- sonò) /k/, nan yon grap konsòn, se konsòn (- sonò) /s/. Anndan mo oubyen nan bout silab nan fen mo, 2 konsòn ki bare lè a nèt, fòme yon grap menm kalite. Yo pa fòme gwoup depaman. Se poutèt sa nou gen gwoup /gz/, tou 2 (+ sonò), oubyen gwoup /ks/, tou 2 (- sonò). Nou konprann pou ki sa, nan diksyonè franse Robert (1969 : 646-669), ki sèvi ak Alfabè fonetik entènasyonal la pou li reprezante pwononsiyasyon mo franse, n ap jwenn 550 mo kon sa, nan 2 kolonn 23 paj sa yo. Nan tout, se gwoup /gz/ oubyen gwoup /ks/ n ap wè. Men, òtograf franse sèvi ak lèt x. Egzanp :

(7) /gz/ examen exécuter exemple exempt exercice exigence

(8) /ks/ excellent excès excuse expérience exposition extension

Nan diksyonè angle Collins (2001: 501-511), ki sèvi ak Alfabè fonetik entènasyonal la pou li reprezante pwononsiyasyon mo angle, n ap jwenn 300 mo kon sa, depi *exacerbate* jis *exuviate*, nan 2 kolonn 30 paj sa yo. Nan tout, se gwoup /gz/ oubyen gwoup /ks/ n ap wè. Men, òtograf angle sèvi ak lèt x. Egzanp :

(9) /gz/ exact exam example exhibit exhort exult

(10)/ks/ excel execute exercise excuse expand expect

Nan pati alman-angle diksyonè Langenscheit (1971: 100-101), ki sèvi ak Alfabè fonetik entènasyonal la pou li reprezante pwononsiyasyon mo alman, n ap jwenn 20 mo, tout ak gwoup /ks/. Egzanp :

(11) /ks/ exakt Examen Exempel Exil Existenz Experiment

Nan pati espayòl-angle diksyonè « The New World Spanish-English » (1969: 235-239), ki sèvi ak Alfabè fonetik entènasyonal la pou li reprezante pwononsiyasyon mo panyòl, n ap jwenn 160 mo, tout ak gwoup /ks/. Egzanp :

(12) /ks/ exacto exagerar examen excelencia excitar experto

N a chonje pawòl yon gran espesyalis franse nan pwoblèm son lang, Pierre Delattre (1962: 597), te ekri: « *Ekriti se yon mas ki maske verite son lang lan* » (« *La graphie est un masque qui cache la réalité sonore de la langue.* »)

Pa ki filyè moun ta boukante lang?

Nou pa ta kapab fè Viatte repwòch poutèt li pa te okouran devlopman rechèch lengwistik an 1980, pandan se an 1969 liv li a parèt. Men, nou gen dwa fè yon ti babye pou lide dwòl boukantay lang li a. Li pa konn devlopman lengwistik modèn, se vre. Men, pawòl li montre: li pa te pi konnen lengwistik epòk 1950-1960 la. Epi sa ki te nan tèt li, se vye lide pedagoji, Freire (1972:57-61 – 1977 : 50-53) kritike sevè, lide kòm kwa konsepsyon pa diferan ak depo lajan labank. Ann sipoze yon Ayisyen rantre sot o Zetazini pandan yon dola ameriken vo 45 goud. Li vle boukante 10 biyè 100 dola ameriken (= mil dola ameriken) ak 450 biyè 100 goud (= 45 mil goud). Ayisyen sa a, se yon moun ki kenbe 10 biyè 100 dola ameriken nan men l. Se pa nan lespri/sèvo l, li kenbe yo. Li boukante yo ak 450 biyè 100 goud yon kanbis ayisyen kenbe nan men l. Kanbis la, se pa nan lespri/sèvo l, li kenbe yo. Se kòm si yon moun ki kenbe yon kòd ki mare nan tèt yon gwo kabrit, boukante kabrit la ak yon ti kochon yon lòt moun genyen. Men, ki jan pou yon moun ki te sot Senegal e ki te konn pale wolòf sèlman, ta kapab

boukante l ak sistèm lang franse ki te anndan tèt yon blan mannan ki te soti Lawochèl an Frans? Nou tou wè se lejann.

Se menm kalite lejann ak pawòl Lofisyal (1979: 22) ki vle fè moun kwè Desalin ak lòt chèf ki te kòmande lame nèg d Ayiti ki goumen ak lame franse e ki fè rès lame franse a kraze rak, kouri sove nan batiman angle nan rad Okap, te fè pèp ayisyen kado sistèm yo rele lang franse a. Yo pa fè yon pèp kado yon lang. Sa pa te janm fèt sou latè a. Sa pap janm fèt sou latè a. Desalin te konnen li te kapab rache yon moso twal nan drapo franse ble blan wouj la pou li fè yon moun koud moso ble a ak moso wouj la. Se kon sa li te fè lame l kado yon nouvo drapo. Desalin, ki te konn pale franse, men ki pa te konn ni li, ni ekri, pa te fou. Kouman li ta kapab rive kwè, lang franse ki te nan tèt li, nan tèt Bwawon Tonè, Petyon ak lòt moun, li te kapab pase yon lòd pou yo foure l nan sèvel solda li yo ak lòt Ayisyen? Pandan Desalin pa te janm al lekòl, li pa te ranmase lide kwochi sou lang franse ak lang kreyòl sistèm lekòl tèt anba nou an vin gaye. Li pa te fouti gen prejije dwòl lekòl foure nan tèt entelektyèl Ayisyen, depi yo timoun piti. Se prejije dwòl sa yo ki fè moun sèvi ak sa ki te pase premye janvyè 1804 la pou yo kreye yon lejann chwa lang franse Desalin ta fè jou a.

Desalin ak lang franse

An Frans, 15 out 1539, wa Franswa premye te siyen yon dekrè pou yo sèvi ak lang franse yo te pale an Frans, nan papye tribinal, nan plas laten ki te sèvi pou ekri papye tribinal depi anvan reny Chalmay, 800-814, (Watbourg 1969: 91). Si nou te gen yon dekrè Desalin ki ta di: papye leta ann Ayiti dwe ekri an franse, paske franse se lang Ayisyen pale ann Ayiti, nou ta oblije rekonèt: men sa Desalin chwazi pou peyi nou. Sa pa ta enpoze n sèvi ak entelijans nou, ak konesans nou, ak lespri kritik nou, ak pwogrè lasyans fè depi 200 ane, pou nou di: Desalin te betize. Nou pa oblije konfòme n ak yon move desizyon li te fè.

Men, se pa kon sa bagay yo te pase. Depi trete Rizwik la, an 1697, Sendomeng pa te gen lòt òganizasyon gouvènman ak sèvis leta pase sa Franse te mete. Lame Desalin te kòmande a te gen menm grad jeneral, lyetnan, kapitèn, menm non brigad, batayon, divizyon, eksetera, ki te deja la yo. Toudenki Toudenki te wè tèt li kòm yon sitwayen franse, yon jeneral franse. Dènye mwa batay ant lame ayisyen an ak rès lame Rochanbo a vin chanje sitiyasyon politik la. Men, yo pa vin kreye yon seri òganizasyon ki ta diferan nèt ak sa ki te egziste kòm koutim ak abitud gouvènman. Sa ki te klè ni pou Desalin, ni pou tout lòt moun ki te nan lagè endepandans lan, ki te espoze lavi yo, ki te pèdi frè, sè, madanm, pitit, fanmi, zanmi, kanmarad, vwazinaj, pami 200 mil nèg d Ayiti ki te peri yo, san konte kay, byen, jaden, bèt, eksetera, sa ki te klè pou yo: reny Blan franse fini, nanpwen esklav ankò.

Desalin te mache sou zòd Tousen depi 1791 (Ros 1994:43, 45) e li te vin kòmande zòn Latibonit. Li te jwenn yon seri regleman administrasyon li te abitye suiv. Dapre Ros (1994: 144) li te renmen dikte « *lèt ki te long anpil* » ba sekretè l. Lèt Desalin yo pou Tousen oubyen pou lòt otorite, pou lòt chèf parèy li, pou moun ki te sou zòd li, te ekri an franse, ata pandan lame Leklè tap janbe lanmè, ki fè kòlè te anpare l. Se poutèt sa li te vin pi rayi Blan Franse e li te montre yo sa pandan li te derefize pale franse, dapre temwayaj Descourtilz (1809, Tòm 3: 281) nou wè a.

Kounye a, Ayisyen te genyen lagè a. Peyi a te lib. « *Blan Franse kaba nan mitan nou* », jan Desalin te deja anonse sa, Tirivyè Latibonit, depi anvan fevriye 1802, anvan Leklè te debake (Descourtilz, 1809:Tòm 3, 281). Se menm sekretè ki te konn ekri franse sèlman ki te kontinye travay pou Desalin. *Abitid se kolye. Abitye vòlò toujou vòlò.* Ki lide rejte ekriti dokiman an franse ki ta kapab vin nan tèt li? Se pa koze lang, Desalin tap regle premye janvyè 1804. Li pa te chwazi okenn lang lè sa a. Se kèk fanatik lang franse, plis pase san ane apre sa, ki vin ak yon pawòl chwa lang franse Desalin te swadizan fè jou sa a, e ki ta kreye yon sitiyasyon ki kont enterè mas pèp ayisyen an, ki pa te konn pale franse menm, jan Desalin te byen konn sa, men, ki ta nan enterè yon ti ponyen malfini ki te deja kòmanse plonje sou tè ak byen ansyen kolon yo.

Nou pa kapab sèvi ak 3 grenn deklarasyon Sontonaks, Bonapat, Leklè, te fè ekri an kreyòl, pou nou fè kòm si te gen yon koutim ekri dokiman gouvènman an kreyòl ki te byen chita nan peyi a. Gen yon espikasyon senp pou sa ki nan Dejean (1975: 84): « *Sèl bagay sa montre: moun ki fè deklarasyon sa yo te konprann pale kreyòl ak pèp la te nesesè pou pèp la konprann yo.* » Se menm kalite espikasyon nòmal kon sa nou jwenn nan Klos pou anpil anons ofisyèl ki te parèt o Zetazini pou tout gwoup enpòtan moun vini, ant 1848 ak 1916, nan jounal ki te ekri nan divès lang gwoup sa yo: «*Sa te fèt sitou paske, nan kalkile sa ki itil, otorite yo te vle pawòl yo mete nan anons yo, fèt pou mezi sitwayen ak etranje rive konn sa ki ladan yo.*» (Kloss 1975: 31-32)

Rezon ki fèb anpil

Sou ki rezon Lofisyal ak lòt moun apiye lide yo prezante a kòm kwa Desalin te chwazi lang franse a pou pèp ayisyen? Se pa plis pase sou yon konstatasyon: Deklarasyon Endepandans lan ekri an franse. Rezon an fèb anpil. Ann sipoze yon istòryen ta suiv menm lojik la pou Etazini. Dapre Di Pietro (1978: 101): « *premye anons piblik Deklarasyon Endepandans lan te nan Staatsbote, yon jounal an lang alman Pennsilvani.* » Pandan lagè Endepandans ameriken an jis lè eleksyon premye prezidan an fèt an 1789 (se te Jòj Wachintonn), otorite leta te nan men yon gwoup mesye ki te fòme yon asanble yo te rele Kongrè

Kontinantal, ki te fè enprime anpil deklarasyon li yo ann alman, ant 1774 ak 1789 (Kloss 1977 : 26).

Gen yon lejann kòmkiwa « *pandan lagè Endepandans lan oubyen tousuit apre li, kongrè a te vle wete angle kòm lang ofisyèl pou mete alman nan plas li* » (Kloss 1977: 28). Sa k te mennen pawòl la, se te yon demann yon valè sitwayen ameriken, ki te pitit Alman, te fè pou kongrè a pibliye tout lwa li pral vote ann alman tou. Yo vote sou sa 13 janvyè 1795. Te gen 41 vòt pou sa fèt kont 42 vòt pou sa pa fèt. F.A. Moulenbèg, yon Alman Ameriken, ki te alatèt depite yo, te gen dwa ajoute vòt pa l. Li pa te vle mele, li retire kò l pou li bay reprezantan eta Masachousèts la, David Kòb, plas li. Kon sa nouvo moun ki vin alatèt la balanse vòt la kont lang alman an. Nan suiv lojik sèten Ayisyen, yon istòryen ta rive di: Se alman yo te chwazi kòm lang pèp ameriken.

Yon lòt istòryen ta reponn li: Se angle yo te chwazi piske Deklarasyon Endepandans 4 jiyè 1776 la, 56 delege 13 eta ameriken te siyen an, se ann angle li te ekri. Lòt istòryen ta sèvi ak dokiman ekri ki montre: lè plis pase 30 delege tap prepare Konstitisyon ameriken, yo siyen 30 septanm 1787 la, yo te mennen diskisyon sou afè lang. E se espere yo te pran yon desizyon pa chwazi okenn lang espesyal. Se poutèt sa, jis kounye a, an 2003, Etazini pa gen lang ofisyèl nan Konstitisyon li. Se vre angle se lang prensipal peyi a, men, angle pa lang ofisyèl.

Lòt moun ta kapab sèvi ak paspò ameriken an. Jis kounye a paspò ameriken ekri an 2 lang: ann angle epi an franse. Ala ri yo ta ri yon entelektyèl ameriken si li ta ekri: poutèt paspò ameriken ekri an franse tou, sa vle di otorite yo chwazi lang franse a kòm yon lang pou pèp ameriken tou.

Yon moun ki ekri sou rezilta rechèch li nan nenpòt ki branch konesans « *pa gen dwa pa okipe ki konsekans sa li fè a mennen* » epi « *yon savan, tankou nenpòt ki lòt moun, responsab konsekans li prevwa aktivite li kab genyen* ». Se 2 pawòl Chomsky (2003: 119, 118). Ki prèy yon moun pote pou sa li ekri? Se yon bon keksyon. Men, gen sèten deklarasyon ki mande pi gwo prèy. Espesyalman, lè moun deklare yon bagay ki ale kont sa tout moun oubyen pi fò moun rekonèt kòm verite, fòk moun nan vini ak pi bon rezon, ak prèy ki pi solid. Se menm bagay tou, lè sa yon moun deklare, sanble pa kadre ni ak yon sitiyasyon lontan, ni ak yon sitiyasyon kounye a, nou deja konnen ase byen.

An 1804, pi fò timoun pa t al lekòl okenn kote sou latè

Egzanp: an 1804, nou konnen prèske pa te gen lekòl menm Sendomeng lè li tounen Ayiti. Lè nou gade konstitisyon 1805 lan epi nou wè sèl sa li mande leta se mete yon lekòl nan chak distrik militè, e se 6 grenn distrik militè ki te genyen, sa kapab fè yon moun jije responsab nouvo peyi a sevè anpil, malonèt menm

nan afè edikasyon. Nou pa ta dwe si tèlman estomake pou sa. Menm epòk la, ni ann Ewòp, ni ann Amerik, pi fò timoun pa t al lekòl. Pa te gen lekòl ni pou tifi, ni pou tigason, nan chak gwoup katye gwo vil, nan chak ti vil, nan chak ti bouk, nan chak bitasyon, tankou nan pi fò peyi sou latè a an 2003.

Yo pete tèt yo ak ti esplikasyon wòwòt

Men, si yon moun vin di nou: Desalin chwazi franse kòm lang Ayiti, se poutèt sa se pa an kreyòl lekòl fèt ann Ayiti, se an franse lekòl fèt e se an franse lekòl dwe fèt, fòk moun nan vin ak bon jan kalite prèv pou sa li di a. Men, sa nou wè nan koze lang franse yo chwazi pou pèp ayisyen an?

Dapre esplikasyon Vyat, se esklav ki te soti ann Afrik yo menm, (= gran gran paran Ayisyen ki nan peyi a jodi a) ki te chwazi lang franse a.

Dapre Raspail (1970: 186), se apre esklav yo vin gen kèk semenn libète, poutèt Konvansyon ki tap gouvène Lafrans lan te fè yo kado libète a, yo bat bravo pou lang franse ansyen bouwo yo. Yo pote l nan tèt kòm yon kado ki sot nan syèl. Yo pran li kòm lang ofisyèl.

Dapre Dérose (1956: 5-6) ak Fouchard (1972 : 96), nèg d Ayiti ki genyen lagè Endepandans lan pran lang franse a kòm yon byen yo rache nan men Lafrans. Yo pran l nan tèt, nan sèvo, nan lespri Blan Franse ki te Sendomeng yo swa kòm kolon, swa kòm anplwaye leta, swa kòm militè epi yo foure l nan tèt pa yo, nan sèvo pa yo, nan lespri pa yo, nan tèt, nan sèvo, nan lespri pitit yo, madanm yo, fanmi yo. Latortue (1993: 122) repete prèske menm pawòl yo, ak plis konviksyon toujou, kwak li pa nonmen non Desalin. Se ta gran gran paran nou yo, moun brav ki te goumen pou endepandans peyi a, ki chwazi franse ni kòm lang ofisyèl, ni kòm sèl lang lekòl.

Dapre Gouraige (1974: 125) « *Gen yon bagay desizyon Desalin nan montre klè nèt:li te vle Ayiti tounen yon peyi ki pale franse.* » Dapre Gouraige ak Lofficial (1979: 21-22 52, 61) se Desalin ak lòt chèf ki te sou zòd li, ki fè chwa a.

Moun ki di Desalin te chwazi franse kòm lang Ayiti a, pa apiye sa yo di a sou anyen ki solid. Se yo m chonje, lè mwen li yon kritik yon antwopològ ki manm fakilte antwopoloji Inivèsite Eta Pennsilvani o Zetazini (« *Pennsylvania State University* »), fè sou yon liv ki tap pale de dat premye moun, premye Endyen, rive sou kontinan ameriken an. « *Men pwoblèm nan: 'ou kapab fè ti prèv wòwòt ki nan dokiman etnoloji ak istwa, pale w nenpòt ki sa ou vle. Pete tèt ou fasil nèt.* » Se Chal Mann ki repete pawòl dwayen Sno nan yon atik magazin Atlantik (Volim 289, nimewo 3, mas 2002, paj 42).

Nanpwen yon grenn nan otè tankou Viatte, Fouchard, Dérose, Raspail, Lofficial, Latortue, Gouraige ki vini ak yon grenn dokiman ki ta montre chwa yo di Desalin fè a, klè. Epi yo pa vin ak anyen ki ta sanble ak yon esplikasyon, menm wòwòt, pou yon mirak estwòdinè tankou boukantay lang oubyen mete men sou lang.

Kon sa pa gen okenn rezon pou nou lage konesans solid tankou lide modèn lasyans sou fason moun vin konn yon lang dekwa pou lang lan rele yo chè mètrè.

Moun pa nan chwazi ni manman yo, ni lang manman yo

Yon premye gwoup, se tibebe, se timoun piti. Yo atrap yon lang, lè yo benyen nan lang paran, fanmi, zanmi paran ak fanmi, vwazinaj, pale kote yo leve a. Se premye gwoup sa a ki pi enpòtan piske nou tout nou fè pati li, pandan se nou tout ki vin konnen yon premye lang oubyen plis pase yon sèl lang nan piti. Yon sitiyasyon Chomsky (1978:11) esplike klè: « *Nou pa te gen chwa menm pou lang nou te atrap la. Senpman li devlope nan lespri n poutèt jan nou òganize pa anndan epi poutèt sa ki antoure n pa deyò.* »

Yon dezyèm gwoup, se moun ki pi gran ki aprann lang yon peyi etranje kote yo janbe, nan fè efò epi apre bon valè tan.

Yon twazyèm gwoup se moun ki redi aprann yon nouvo lang nan etidye anpil, nan travay di, nan bat bèt la, nan liv, nan kou, nan chèche konkou bon pwofesè, eksetera. Se twazyèm gwoup lòt moun sa yo ki chwazi etidye yon lang, ki chwazi aprann yon lang. Sa pa vle di yo gen pouvwa chwazi konnen yon lang vrèman vre, tankou nou ta di yon moun chwazi achte yon liv nan yon libreri, yon wòb, yon chemiz, yon mouchwa nan yon magazen. Si nou ta kapab suiv 10 mil moun nan twazyèm gwoup la epi si nou ta gen mwayen egzamine sa yo vin konnen nan lòt lang sa a apre diz an, nou ta jwenn tout kalite sitiyasyon diferan. Genyen ki vin pale lang lan fen, kwak yo gen yon aksan etranje. Genyen ki degaje yo ase byen. Genyen ki pale lang lan malman. Genyen ki chonje kèk grenn pawòl. Genyen ki bliye ti sa yo te aprann nan nèt.

N ap pran pawòl Chomsky (1978: 11) ekri a, kòm si se pou nou menm Ayisyen li te kalkile l. Timoun ki fèt e ki leve ann Ayiti, pa te gen chwa menm nan afè lang yo atrap la. Se devlope lang kreyòl la devlope tou senp nan lespri yo poutèt jan yo fèt pa anndan (sa vle di tankou tout moun sou latè, ak menm prensip lang ki nan tèt tout moun), epi poutèt sa ki antoure yo pa deyò, sa vle di: yon beny kreyòl kote yo benyen depi yo fèt. Yon ti ponyen timoun ki fèt e ki leve ann Ayiti, jwenn yon beny franse tou, a kote beny kreyòl la, depi yo fèt. Se poutèt sa

yo atrap lang franse a, ki devlope nan lespr yo tou. Se pa chwazi yo chwazi lang franse a.

Si Desalin te chwazi lang franse a pou Ayiti, se ak konviksyon li ta trase yon bèl egzanp pèsonèl nan pwen bouch li pou l pase lòd « *Coupez les têtes; brûlez les maisons!* » Nan grennen franse kon sa, gen lè pa tap janm genyen yon premye repiblik nwa endepandan sou latè a, yo rele Ayiti. Sa ki ta non dènye depatman Lafrans oubyen dènye bout tè Lafrans lòt bò lanmè? Sendomeng.

Remèd kle, metsin anmè

De vye granmoun 75 an ap bay odyans anba yon pyebwa.

- Makomè m, sa k gen kon sa?
- Apa yon estasyon radyo ap repete menm mizik la chak demiyèdtan. Ou pa tandè?
- Monkonpè m, m tandè wi: *Latibonit o, yo voye pale mwen, yo di m Sole malad...*
- Makomè m, ou pa ta di se estasyon HHBM nan tan pa nou?
- Men wi, nou te konn fè non an tounen: Hélas, Haïti bien mal.
- Pinga se nouvèl sa a y ap bay non: Elas Ayiti byen mal.
- Ki maladi grav Ayiti genyen non?
- Èske nou rele doktè pou li?
- Nou rele doktè, yo di Ayiti malad nan lang.
- Ki jan malad nan lang sa a?
- Gwo doktè ayisyen, gwo doktè etranje di: Toutotan lang franse a pa tounen lang peyi d Ayiti toutbon, Ayiti pap devlope.
- Yo di sa vre?
- Ann sispann ti tripotaj n ap fè nan lakou a. Nan kay la gen yon lamwa chaje liv. Ann al gade yo

Men sa granmoun yo wè nan yon seri liv. Yon liv Bebel-Gisler ak Hurbon (1975 : 181) kritike yon lide yo jwenn plizyè entelektyèl ayisyen, antiyè, ewopeyen, ameriken apiye, kòmkiwa youn nan rezon ki fè Ayiti an reta, se paske mas pèp la pa genyen « *zouti pwogrè yon sosyete, pwogrè moun, yo rele : konn lang franse a, vin bòs ladan n... »*

Onz gwo manti

Lè moun asepte lide kon sa, yo rive kwè :

1. Kreyòl se « *yon lang ki an reta, ki dèyè nèt* ». Se yon pawòl Bebel-Gisler ak Hurbon (1975: 125) jwenn nan bouch sèten moun, men, se pa lide pa yo menm menm menm. Se yon egzanj vye lide kwochi ki nan tèt lòt moun, yo bay.
2. Kreyòl se « *yon lang resif* ». Se yon pawòl Gouraige (1974: 124-145), kòmkiwa moun ki pale kreyòl sèlman an danje, kouwè pasajè yon batiman ki monte sou resif nan lanmè. (paj 136 « *l'écueil d'une langue* » = « *yon lang ki tounen resif* »).

3. Kreyòl se yon « *lang ki pa konplè e ki pòv* » (Gouraije 1974: 134-135).
4. Kreyòl se « *lang franse ki tounen tibebe* » (« *le français remis en enfance* ») (Girod-Chantrons 1785: 189). = Bloomfield (1961: 472).
5. Kreyòl se « *yon ti franse wòwòt* » (Viatte 1969: 70 « *un français rudimentaire* »).
6. Kreyòl se yon « *kote ki apa pou lang* » (Barros 1984: 581 « *un ghetto linguistique* », « *peuple confiné dans le créole* » (« *yon pèp ki fèmen nan kreyòl la* »)). Kòm kwa kreyòl se yon prizon lang.
7. Kreyòl se yon lang ki bare wout pwogrè. (Raspail 1970:191 « *kreyòl se nenpòt ki sa nou vle anwetan yon lang pou pwogrè* »).
8. Kreyòl se yon lang ki pa kapab sèvi kòm fondasyon lasyans ni pou pwogrè lasyans. Li pa bon pou sa. Li bon pou pwezi (Métellus 1997:8).
9. Revè 8. Se yon deklarasyon yon ansyen kolon ki ekri Idylles et chansons (1811) : Kreyòl se yon lang ki pa bon pou pwezi, ki pa kapab sèvi pou pwezi.
10. Kreyòl se yon lang move ras, yon lang enferyè, yon lang moun merite meprize, yon salopri lang. Se tou sa « *a bastard tongue* » vle di ann angle nan Paken (1983 : 60), ki ranmase tout vye pawòl sa yo nan bouch sèten boujwa ayisyen, kòm tenten li tandè yo di e li repwoche yo.
11. Dapre Brros (1982: 47-58 – 1984: 581-605), lang franse se « *zouti liberasyon* » pèp ayisyen an pou pòv pa rete « *prizonye kreyòl la* » (paj 604).

Yon mwaye pawòl, sa pa manke dwòl

Se yon sèl kòmantè m ap fè. Se sou pawòl ki nan nimewo 3 a. Si yon lang pa konplè, èske se yon mwaye lang li ye? Si gen moun sou latè ki pale yon mwaye lang, lè yo pale, se yon mwaye pale yo pale. Si yon valè moun pale yon mwaye pale, nou kapab sipoze yon valè chen jape yon mwaye jape. Yon valè bèf begle yon mwaye begle. Yon valè bourik ranni yon mwaye ranni. Yon valè malfini vole yon mwaye vole. Yon valè reken naje yon mwaye naje. Yon valè chwal kouri yon mwaye kouri. Ki moun ki deja wè sa? Kèk moun ki vale yon mwaye galon tafya, ki fè yo mwaye sou, mwaye fou, mwaye mouri tou.

Lè yo di yon lang pòv, sanble sa ki nan tèt moun ki di sa yo, se kwayans lang ki manke mo. Sa k rele manke mo? Moun, tankou Gouraije, ki te pwofonde nan literati franse, byen konnen gran ekriyen 17èm syèk an Frans, tankou Kònèy ak Rasin, ekri pi bèl seri pyès teyat yo ak 3 mil mo diferan kon sa. Si yo te manke mo, yo pa te manke ni bèl lide, ni bèl pawòl. Labib ann ebre, Ansyen Testaman an, ki alabaz yon bon pati literati peyi Ewòp yo, te manke mo tou, piske lè moun pa konte non pwòp ki ladan n, se apeprè 3 mil mo ki rete. Men, yon gwo

diksyonè angle tankou Webster gen yon milyon mo. Diksyonè kreyòl Faine (1974 : XII) gen 17 mil mo. Diksyonè kreyòl Freeman ak Laguerre (1996:vii) gen 35 mil mo.

Fè lekòl an kreyòl nèt pou edikasyon fòmèl tout Ayisyen, tankou lekòl fèt an franse nèt a Pari, an panyòl nèt an Dominikani, an japonè nèt o Japon, an pòtigè nèt o Brezil, se sèl solisyon ki ta suiv bon sans, lasyans, esperyans ak egzanp pi fò lòt peyi sou latè. Men, se yon solisyon pi fò moun ki gen pouvwa politik, pouvwa lajan ak pouvwa edikasyon lekòl nan men yo, pa vle pou byen 7 milyon moun nan peyi a. Desizyon pa yo, solisyon pa yo, se pase pa chemen lang franse. Se kòm si yo ta fè yon chwa: pou yo sot Pòtoprens rive Okap ann avyon, y ap pran yon avyon È Frans ki pral Nouyòk. Etan de la y ap pran yon avyon Konkòd k ap rive a Pari, apre sa y ap pran yon lòt k ap fè vòl pou Moskou, epi youn k ap rive Peken, Tokyo, Onoloulou (Awayi), Lòsannjelès (Etazini), Mayami, Pòtoprens, pou l poze Okap, apre li fin pase anwo Sitadèl Laferyè. Tout Ayisyen dwe fè menm jan... depi yo milyonè. Se sa gran nèg yo vle. Dapre yo, doktè yo gen rezon. Maladi Ayiti se defisit vitamin F. Se mank vitamin F. Vitamin F se konesans lang franse a. Kounye a nou rekonèt ki maladi k ap fini ak Ayiti. Nou konnen ki tretman li bezwen: se pou pi fò Ayisyen vin bòs nan lang franse a. Bondye fè pou nou, ann Ayiti, toujou gen moun ki konn yon remèd kle pou maladi. Se yon remèd kon sa mèt peyi d Ayiti bezwen. Se yo ki mèt. Apre Bondye se yo. Ebyen, kite m esplike yo 2 solisyon ki kapab fè rèv yo tounen reyalye. Se 2 moun fou ki kalkile solisyon sa yo.

Solisyon moun ki pa fou

Moun ki pa fou, deja eseye remèd fè lekòl an franse depi 200 ane. Sa pa mache, sòf pou yon ti ponyen moun. Pi fò ansyen elèv lekòl deja pèdi ni sak ni krab. Krab la, se konesans jeneral timoun ta dwe devlope lekòl depi nan lekti ak bon konprann, ekriti ki pa vle di grennen tenten an franse mawon, konprann jewografi, istwa jeneral, istwa d Ayiti, syans natirèl. Sak la, egal lang franse lekòl pa rive montre pi fò ti Ayisyen. Se pi piti degre konesans nan franse pi fò elèv reyisi jwenn lekòl. E se youn nan pi bèl mevèy sistèm lekòl tèt anba an franse Ayiti a reyisi fè depi 150 an : li rive montre pi fò elèv ki pase ladan n PE BOUCH YO an franse.

Gen moun ki di: sa pa mache, paske se pa tout moun ki jwenn yon bon dòz remèd la lekòl. Ann chanje metòd pou tout moun kab jwenn yon bon dòz remèd la lekòl, kon sa peyi a va refè, Ayiti ap gaya. Tout edikatè, ann Ayiti, k ap plede repete pawòl chanje metòd la, ta merite reflechi sou yon seri remak Tchomski (2003:341-345, 433) te ekri depi 1969. Depi 1792, Wilèm Oumbòt, jan Chomsky di a, te deja rekonèt « *nanpwen mwayen montre moun yon lang vrèman vre. Okontrè yo kapab prezante yon timoun yon direksyon l ap suiv pou*

li devlope pwòp chemen pa l. » Sa nou jwenn nan lekòl nou yo, sa bon valè edikasyon konprann ki bon metòd, se « *pi move kondisyon posib pou aprann lang,* » pou aprann franse kòm yon lang etranje. Gen 2 remake solid yon filozòf modèn, Jerry Fodor (2001: 71), moun ki enfòmè oblije asepte. Se: « *nou si tèlman pa konnen kouman lespri nou travay* », epi se: « *an prensip,... iyorans estwòdinè nou sou fason lespri nou òganize pou konesans* ». Poutèt sa, vrèman vre, nou pa fin konnen ak ki mwayen nou kapab sèvi pou nou devlope konesans, ni ki jan pou nou aprann divès bagay, ni ak ki metòd nou dwe sèvi pou nou aprann lang etranje.

Antouka, anvan pou pi fò timoun ann Ayiti ta an mezi kòmanse aprann franse toutbon, nan derape ak bon konesans jeneral nan pwòp lang pa yo epi sou pwòp lang kreyòl pa yo a, se pou nou jwenn lajan pou nou bati lekòl pou 3 milyon timoun, youn. Apre sa, lajan pou nou peye tout pwofesè, anpil anpil pwofesè, byen peye, de. Chak pwofesè pa dwe travay ak plis pase 20 elèv, twa. Bon valè pwofesè bezwen gran antrènman plizyè mwa, plizyè ane menm, pou yo pale franse fen, kat. Gran antrènman pedagoji plizyè mwa tou pou yo aprann fè lekòl toutbon, senk. Antrènman espesyal plizyè mwa pou yo aprann teknik montre timoun franse kòm yon lang etranje, sis. Anvan tout kondisyon sa yo byen chita nan tout peyi a, nan tout mòn, nan tout plenn, nan tout bitasyon, nan tout bouk, nan tout ti vil, nan tout gran vil, nan kapital la, ak bon wout tout kote, ak elektrisite tout kote 24 è sou 24, n ap gen tan rive nan ane 2104 pou pi bonè oubyen nan ane 2204. Mank vitamin F a gen tan pete fyèl maladi a. Se poko remèd kle a sa.

Solisyon yon premye moun fou

Apre 2 granmoun yo fin gade plizyè liv nan bibliyotèk kay la, yo pale bon moman sou pawòl yo li yo. Se kèk lide yo brase ansanm m fèk ekri pou nou kalkile yo. Epi gen youn ki di lòt la :

- Ou konn istwa 2 moun fou Pon Bedèt yo?
- .- Non. Ban mwen non.
- Premye a se yon ansyen direktè lekòl primè. Nan yon liv Morose (1970:122), li te wè msye pale de yon repons dwòl yon moun te ba li kòm solisyon pwoblèm lang lekòl: *Se pou leta fèmen tout timoun ki poko konn pale franse nan pansyon tout kote nan peyi a. Defann yo pale kreyòl. Fòse yo pale franse. Pa kite yo pran kontak ak paran yo, sòf nan fen semèn epi pandan gran vakans.* Epòk sa a, tèt direktè a te kòmanse varye. Li vin gen yon lide fiks: plan senk ane pa l la. Tout tan gen 2 pawòl l ap repete: « *Kreyòl se yon baryè ki fèmen sou pèp ayisyen* pour l'empêcher d'ascendre par les chemins de l'honneur et de la dignité. *Ba li franse a.*

Mwen menm, direktè lekòl depi 30 ane, mwen gen yon remèd kle. Mwen gen yon plan kenkenal pour le faire ascendre par les chemins de l'honneur et de la dignité. » (Bout fraz pour l'empêcher d'ascendre par les chemins de l'honneur et de la dignité...se te yon pawòl nan yon diskou 5 jen 1969, yon lòt moun fou yo bay pou prezidan a vi, jan nou wè nan Raspay 1970: 192). Lè yo di : « Dirèk, ki plan kenkenal ou genyen kon sa? », msye tonbe grennen pawòl tankou yon tep rikòdè :
 « Gouvènman ayisyen ap antann li ak gouvènman franse pou lang franse rive rele tout Ayisyen chè mètrè chè metrès, anvan 20 ane. Se gran zafè. Sa pral mande depasman 7 milyon moun.

1. 3 milyon ti Ayisyen, ant 4 an ak 18 an, pral pase 5 ane an Frans pou pi piti, 10 ane pou pi plis.
2. 2 milyon Ayisyen, ant 18 an ak 38 an, pral pase 5 ane an Frans pou pi piti, 10 ane pou pi plis.
3. 2 milyon Franse, ant 20 an ak 50 an, pral pase 5 ane ann Ayiti pou pi piti, 10 ane pou pi plis.

Kouman y ap chwazi moun k ap fè pati chak gwoup?

1. Premye gwoup la, se tout timoun ak tout jèn moun ki pa konn pale franse. Dabò depi yo pa te janm al lekòl oswa depi yo pa te pase plis pase 4 an lekòl, yo fè pati premye gwoup la otomatik. Yon ekip mil moun, pi fò ladan yo pwofesè lekòl, ap sot an Frans pou yo egzamine yon milyon lòt timoun ki pa fè pati gwoup nimewo 1 an otomatik. Nanpwen okenn egzamen ekri, ni okenn egzamen konplike. Chak egzaminatè ap pale ak yon timoun pou kont li an franse pandan yon demiyèdtan pou pi plis. Egzaminatè a ap genyen pou li reponn yon keksyon : Èske elèv la kenbe yon konvèsasyon yon kadèdtan, an franse, yon jan ki montre, si li pou kont li an Frans nan yon fanmi franse kèlkonk, li pap gen pwoblèm komunikasyon toutbon ni ak timoun ni ak granmoun?

Ti Ayisyen ki pale franse lib ak egzaminatè a pandan yon kadè oubyen ven minit, pap fè pati gwoup nimewo 1 an. Egzamen an pap dire plis pase 3, 4 minit ak pi fò timoun si yo mande timoun piti yo, tifi keksyon tankou : « *Qu'est-ce que tu voudrais donner à manger à ta poupée?* », tigason: « *Si tu as dix billes, est-ce que tu vas en donner une partie à tes petits copains?* » Pou pi gran : « *Qu'est-ce qui te plairait davantage dans un autre pays: les prairies, les montagnes, les fleuves, les momuments historiques, les grands boulevards, les fermes, les villages, les champs de céréales?* »

Premye gwoup la, yo pral depòte l an Frans. Y ap degrennen l. Chak timoun ap rete nan yon fanmi franse diferan. Y ap gaye yo tout kote an Frans ki pa gen gwoup Matinikè, Gwadeloupeyen, Reyinyonè.

2. Yon dezyèm gwoup ki pral pase 5 ane an Frans, se 2 milyon Ayisyen, ant 18 ane ak 38 ane, fi ak gason. Menm jan ak timoun yo, y ap pase yon ti egzamen nan men mil moun ki sot an Frans. Si yo fè yon demiyèdtan ap pale lib ak egzaminatè yo an franse, y ap ret ann Ayiti. Si yo pa kapab kenbe yon konvèsasyon an franse, y ap depòte yo an Frans, pou yo gaye yo pou yo pa gen kontak ak lòt moun ki pale kreyòl. Kreyòl se resif, kreyòl se baryè, kreyòl se pwazon.

Jènfi ak jèn medam ap fè bòn dòmi leve nan yon fanmi an Frans, nan plenn, nan mòn, nan ti bouk, nan ti vil, kote nanpwen Ayisyen. Ti mesye ak jenn papa pitit va ede kiltivatè nan jaden ak moun ki fè elvaj bèf, kochon, poul, zwa, oubyen y a travay nan izin.

Gwoup 3, se 2 milyon Franse ant 20 ane ak 50 ane. Ki jan y ap jwenn yo? Sa pa ta dwe twò difisil. Si se kiltivatè yo ye, y ap ofri yo pi bon tè nan peyi a. E y ap kapab vini ak tout fanmi yo, paske Franse yo dwe fòme gwoup. Yo pap izole. Sa ki enpòtan: kote yo abite a, yo dwe plis pase Ayisyen ki rete yo. Gen Ayisen ant 39 ak 50 an k ap sèvi yo domestik ak èd travayè. Se pou gouvènman an mete pi bèl plaj ak pi bèl kote fre nan mòn nan men Franse, depi yo dakò pou yo eseye montre kèk granmoun ayisyen, ant 39 ak 50 an, pale yon ti franse. 2 milyon Franse yo pral evite aprann kreyòl nan bouch 2 milyon Ayisyen ki nan peyi a. Gouvènman an va ankouraje yo pran kontak ak Ayisyen ki konn pale franse yo. Pwogram radyo ak televizyon pou Ayisyen ki pale franse ap ankouraje yo fè mwayen posib yo pou yo pa pale kreyòl menm ankò epi pou pitit yo mele anpil ak pitit Franse ki sot an Frans yo. Se pwofesè franse ki pral fè lekòl nan peyi a. Pwofesè ayisyen ap ba yo konkou kòm èd pwofesè. Avèk sa, timoun ap gen bon modèl pou yo suiv. Yo pap annafè ak pwofesè bouch si ankò.

Gen yon katriyèm gwoup. Se 2 milyon Ayisyen k ap rete nan peyi a. Ti ponyen granmoun ak timoun ki deja konn pale franse, gen yon wòl enpòtan. Se lelit la, se yo ki travay nan gouvènman, nan komès, nan endistri kòm direktè, ak konkou tout kalite espesyalis franse k ap antre nan peyi a. Mas yon milyon 700 mil moun ki gen plis pase 38 an, divize an 2. Gen mesye dam ki gen ant 39 an ak 50 an. Yon pòsyon nan medam yo va fè bòn ak kizinyè nan fanmi 2 milyon Franse ki vini nan peyi a e y a degaje yo aprann pale yon ti franse, pandan Franse yo konnen kreyòl se pwazon pou yo egzante li ni pou yo menm, ni pou pitit yo. Chak fanmi franse ap gen swa yon bòn, swa yon kizinyè, epi yon gason lakou. E yo reskonsab fè yo aprann yon ti franse.

Tout lòt granmoun ayisyen ant 39 ak 50 an dwe travay ak Franse, sou zòd Franse, ki pa pale kreyòl, ni ki pa vle pale kreyòl. Moun ki gen plis pase 50 ane, nou ann espwa, apre 10 an, piti piti, y ap disparèt nan peyi a. Kon sa, lè 5 milyon Ayisyen ki gaye tout kote an Frans, va kòmanse retounen, apre 5 an pou pi piti, apre 10 pou pi plis, yo pap jwenn yon mas moun k ap plede pale kreyòl sèlman. Lang franse a va gen tan pran pye nèt sou tè d Ayiti. Se plan kenkenal mwen an ki sèl remèd kle. »

- Makomè m, Bondye fè moun fou sa a fèmen Pon Bedèt nèt!
- Monkonpè m, ala pasaj. Men, ou konnen sa m ap kalkile? Gen Ayisyen, ki pa fou, men ki gen foli franse ki ta byen kontan si yon bagay kon sa ta fèt vre, kwak yo pa kalkile sa ki ta rive. Pa ta gen yon peyi ki rele Ayiti ankò. Tout moun sa yo ki rive an Frans ak zewo degre franse sou yo epi ki tounen ann Ayiti, kòman y ap santi kò yo? Se 3 milyon jèn ti nèg ak ti nègès 14 an jis 28 an, ki pale franse sèlman, ki pa konprann kreyòl oswa ki konprann kreyòl malman, epi 2 milyon granmoun 23 an, 28 an, 43 an, 48 an ki sot pran yon beny franse 5 an oubyen 10 an e ki pral jwenn yon Ayiti ki tounen yon jaden Lafrans. Pou di yo pa pral nan pye manman Lafrans pou yo mande l an gras chanje non madichon Ayiti a, dènye peyi ki te pi pòv ann Amerik la, lè yo te pati a? Tanpri, manman, poutèt lang pwogrè ou fè n kado a ak tou sa n aprann an Frans, fè n tounen dènye depatman Lafrans oubyen dènye bout tè Lafrans lòt bò lanmè: Sendomeng.

Solisyon yon dezyèm moun fou

- Kite m ba w koze dezyèm moun fou a. Se yon ansyen makout. Gouvènman an te voye l a Pari, kòm espyon etidyan ayisyen yo, pou l fè siveye rapòte. Li te mechan, li te brital. Plezi l se te li liv ki rakonte krim bouwo Itlè yo epòk 1939-1945. Espesyalman, li te renmen esperyans kriminel doktè Menngel te konn fè sou prizonnye pandan lagè a, sou timoun ak granmoun, fi kòm gason, ras juif ak lòt ras. Lè kriz foli a pran l, li tonbe repete menm diskou a:

« Mwen menm, Lisifè Kraze Brize, se mwen ki konn remèd kle, met sin anmè, pou tout Ayisyen, san mank, pale franse. Mwen gen yon plan matyavèl, yon plan pwenn fè pa, pou m elimine moun ki pale kreyòl sèlman ann Ayiti. Kon sa, moun ki konn pale franse, se yo k ap rete jwi peyi a kòm yon ras siperyè.

M ap voye chèche yon ekip 2 mil moun an Frans. Pi fò ladan yo, se pwofesè lekòl. M ap fè yo egzamine tout moun ki te lekòl ann Ayiti pandan plis pase 6 an. Chak egzaminatè ap pale ak yon moun, pou kont li, an franse, pandan yon demiyèdan pou pi plis. M ap mande chak egzaminatè reponn yon

keksyon: « *Èske moun nan kenbe yon konvèsasyon 20 minit an franse yon jan ki montre li kapab bay yon Franse ki pa konn kreyòl ditou, ni ki pa konn anyen sou Ayiti, yon valè enfòmasyon sou Ayiti? »*

Tout moun ki bon nan egzamen sa a, m ap voye yo pase 2 mwa an Frans, oubyen nan zòn Waloni an Bèljik, oubyen an Suis womann, oubyen Kebèk, Kanada, oubyen nan yon lòt peyi. M ap voye tout bèt ki itil an Dominikani: bèf, kabrit, kochon, mouton, kanna, kodenn, poul, pentad, eksetera. Epi tout moun ki konn pale franse, m ap fè yo pati kite peyi a pou 2 mwa. M ap voye yo an Dominikani, Jamayik, Kiba, Pòtoriko, Gwadeloup, Martinik, Venezwela, Etazini, Kanada, Bèljik, Frans, Suis.

Nan kòmansman premye mwa a, kou yo fin pati, m ap voye avyon lage pwazon gaz sou tout peyi a pou m touye tout moun ki rete, bann egare ki pa konn pale franse yo, ki pale kreyòl sèlman. Obout 3 semenn, m ap voye yon valè enspektè kontwòle si pa gen danje. M ap fè yon ekip plizyè milye moun vin netwaye peyi a, boule kadav bèt ak moun. Epi, lè tout bagay byen pwòp, byen ann òd, m ap pase lòd pou moun kòmanse tounen ak mwaye bèt ki te an Dominikani yo. M ap fè Dominiken kenbe lòt mwaye bèt yo kòm pri sèvis yo rann Ayiti a. Apre sa, 300 mil Ayisyen ki konn pale franse yo, si gen tou sa, m ap fè yo retounen. M ap voye chèche volontè an Frans, Bèljik, Kanada, espesyalman kòm kiltivatè. M ap fè gouvènman ayisyen an ba yo pi bon tè pou yo fè jaden ak elvaj, paske se pa travay lelit sa. Epi m ap fè gwo konpayi franse vin mete izin ak ouvriye franse ki sot an Frans. Leta pa manke bon tè, bon teren, pou m fè chak volontè franse kado, depi gwo konpayi yo dakò pou pran anplwaye ayisyen kòm: soudirektè, teknisyen, ejenyè, enfòmatisyen, sekretè, doktè, dantis, enfimyè, pwofesè, eksetera. Tansèlman, lè Blan Franse kòmanse debake, pinga kèk ansyen Ayisyen vin kontrarye plan dechoukay kreyòl mwen an nan chante kèk chante kreyòl, tankou Choukoun Osva Diran an:

*Yon ti blan vini rive
Ti bab wouj, bèl figi wòz;
Mont sou kote, bèl chive...
Malè mwen, li ki lakòz!...*

.....
Li pale franse, Choukoun renmen li...

Se moun koulè Osva Diran, ak gwo kout franse nan bouch yo, ki vle pèp ayisyen lage franse, pale kreyòl. Mwen menm, Lisifè Kraze Brize, m fout di non: *Franse ou lanmò! M chwazi lanmò pou yo, franse pou mwen. »*

- Makonmè m, nèg la anjandre! Bondye fè nèg la fèmen Pon Bedèt a vi! Bon! jan papa w te renmen Lafrans ak franse sa, ki mirak li pa te rele w *Franselya*.

- Se gras a manman m malè kon sa pa rive m. Li di papa m: *Sa frize te fè pou koukou kon sa pou koukou ta rele pitit li: Frizelya.*

Pale franse pa lespri

Yon diskisyon pete ant mèt Rapoto ak Yves Dejean.

R. – Ou di lekòl dwe fèt an kreyòl ann Ayiti. Se paske ou deja konn pale franse.

D. – Mwen di lekòl dwe fèt an kreyòl ann Ayiti. Se PA paske mwen deja konn pale franse. Gen lòt moun ki di sa tou.

R. – Ki lòt moun?

D. – Jozèf Bèna te di sa nan yon diskou 18 me 1979, lè li te anonse yon desizyon li fè kòm minis edikasyon nasyonal « *pou anseyman fèt an kreyòl... pandan 4 premye ane lekòl fondamantal.* »

R. – Ki lòt moun?

D. – Jòj Matelye te di sa nan tèz doktora ann edikasyon li ekri a, an Suis, epòk 1976 la.

R. – Ki lòt ankò?

D. - Jozèf Mowoz (1970: 125-128) di sa tou nan yon tèz doktora an Suis an 1969.

R. – Sa fè 3.

D. – Krisyan Bolye (1939 : 589) fè 4.

R. – Gen lòt toujou?

D. – Menm ane 1939 la, Filip Tobi-Maslen (1939 : 382-383) te ekri: «*oubyen y a reyisi fè pèp ayisyen pale franse... oubyen yo dwe enstwi pèp la an kreyòl... Se dezyèm solisyon sa a sèlman ki posib dapre sa mwen wè.* » (Al wè Dejan 1977: 3-4, 110).

R. – Ou fini?

D. – Anvan sa, Jil Fèn (1937: 15, 55) te deklare: ekri kreyòl nesèsè pou nou kominike ak mas pèp la epi pou nou enstwi li. M te gen 10 an lè liv Fèn nan te parèt.

R. – Ou ban m rezon. Sis moun ou nonmen yo, nan menm sitiyasyon ak ou. Yo deja konn pale franse. Se poutèt sa yo ta vle lekòl fèt an kreyòl.

D. – Mwen di lekòl dwe fèt an panyòl an Dominikani.

Mwen di lekòl dwe fèt an chinwa Peken.

Mwen di lekòl dwe fèt ann islennka ann Islann.

Pèsonn pap di se paske mwen konn pale panyòl, chinwa, islennka mwen di sa.

R. - Ou fè 2 pwèn sou mwen. Sa k fè ou di sa vre?

D. - Mwen di lekòl dwe fèt an panyòl an Dominikani, an chinwa Peken, ann islennka ann Islann poutèt menm rezon an: Sèl lang tout moun pale an Dominikani se panyòl, Peken se chinwa, ann Islann se islennka. E ann Ayiti?

R. - Se kreyòl. Men,...

D. - Men, ki sa?

R. - Ann Ayiti, gen moun ki pale franse tou.

D. - Se vre. Ann Ayiti, gen yon ti ponyen moun ki pale franse depi yo piti, depi yo gen 2-3 an paske yo te benyen ni nan franse, ni nan kreyòl. Epi gen yon lòt ti gwoup moun ki pale franse paske yo redi aprann franse, yo debat aprann franse, nan etidye l pandan plis pase dis-kenz an nan lekòl ki fèt an franse sèlman.

R. - Pou ki sa ou di ti gwoup moun?

D. - M pa konn ojis si se 140 mil moun, 210 mil moun, 280 mil, 350 mil. Sa ta vle di 2 %, oswa 3 %, oswa 4 %, oswa 5 %. Men, si ou chwazi pi gwo chif la, 350 mil, rete 6 milyon 650 mil Ayisyen ki konn pale kreyòl sèlman. M pa bezwen di w: pou chak Ayisyen ki pale franse, dapre chif ou chwazi a, gen 19 lòt ki pa pale franse.

R. - Ou gen lè pa ta vle m chwazi pi gwo chif la.

D. - M pa cho pou li. Ou byen kab dakò avè m. Se Pòtoprens nou jwenn plis Ayisyen ki konn pale franse, lè nou konte depi sa ki pale yon ti franse wòwòt jouk moun ki voye gwo kout franse, tankou defen Mari Chovèt, Woje Gaya, Mari Terèz Kolimon, Pradèl Ponpilis. Kon sa, nan chif ou chwazi a, nou ta mèt di 50 mil abite an Pwovens, 300 mil rete nan kapital la. Si se ta sa vre, si nou konte yon milyon moun nan zòn depi Kafou jis Kwadèmisyon, depi bòdmè jis Petyonvil, sou chak 3 oubyen 4 moun nou rankontre gen youn ki konn pale franse. Ou pa touve sa dwòl?

R. - Ou menm, ki jan ou wè sa dwòl la?

D. - Si gen tout kantite moun sa yo vre ki konn pale franse, kouman fè pi fò nan yo ret bèbè an franse? Nou byen konnen tout konn pale kreyòl e se ta dwa yo pou yo ta pito pale kreyòl sèlman. Men, tanzantan, piske yo konn pale franse, yo ta lage kèk ti kout franse nan lari tou, kit Site Solèy, mache Kwa Bosal, Pòtay Leyogàn, kit Matisan, mache Bizoton, mache Kafou, kit sou Channmas oswa nan estad Silvyo Katò, anfen tout kote.

R. - Bon! monchè, ou se moun ki gen repondong. Sanble rezon w nan pla men w. Antouka, yè mèkredi 12 fevriye 2003 a, mwen bay yon elèv senkyèm segondè, yon gwo mal gason 14, 15 an, nèf kout rigwaz nan men.

D. - Pou ki sa?

R. - Paske yo rele misye vin monte drapo. Men, anvan sa, li te gen pou l di elèv parèy li yo ki sou lakou a, kèk ti pawòl, an franse, pou yo salye drapo a. Se pou l te pale yo ki koupè im nasyonal pou yo chante. Epi pou li te kondi yon ti lapriyè. O o, misye di li pa konn pale franse, li pap kab fè sa yo mande l la. M fè yon lòt elèv pran plas li tousuit. Pi ta m pase l nèf kout rigwaz nan pla men. Se 10 m tap ba li. Li fè gwo nèf, li derefizè pran 10.

D. - Bay kou bliye, pote mak chonje. Jan m konnen anpil pwofesè lekòl te etidye dwa. Gen lè se pa branch ou.

R. - Okontrè, m gen diplòm lekòl de dwa mwen. M avoka tou.

D. - Ebyen. M ankouraje w egzamine yon seri nimewo Akò sou dwa timoun 20 novanm 1989 la, nan yon liv Inisèf (Unicef) pibliye.

Dapre lalwa, se timoun ki premye

Kòm mèt Rapoto te prese, m pa gen tan ba l lòt enfòmasyon m ap ajoute nan chapit sa a. 20 novanm 1989, Asanble jeneral Nasyonzini an vote yon Akò sou dwa timoun. Akò a vin ofisyèl dekwa pou tout peyi ki siyen l, oblije suiv li depi 2 septanm 1990. Gouvènman ayisyen siyen Akò a 6 janvye 1990. Palman Ayiti a apwouve l, 23 desanm 1994. Jounal Monitè pibliye l. Dapre nimewo 47 Akò a, depi yon gouvènman te siyen Akò a, se pou yo vote l nan peyi a. « *Lèfini, y a depoze dokiman ofisyèl ki va bay kote yo te vote l andedan peyi a, nan biwo Sekretè Jeneral Nasyonzini an.* » An 1992, 146 peyi te siyen Akò entènasyonal la (Tchomski 2003: 38). Dapre nimewo 49, 1, « *Akò sa a va tounen yon lwa andedan peyi a trant (30) jou apre dat y a fin depoze (l) nan Biwo Sekretè Jeneral Nasyonzini an.* » Kon sa, depi an 1995, regleman ki nan Akò 20 novanm 1989 la, tounen lwa peyi d Ayiti, tout Ayisyen dwe respekte, tout Ayisyen dwe suiv, tout Ayisyen dwe obeyi.

30 septanm 1990, 71 chèf gouvènman, plis 88 reprezantan ofisyèl anpil peyi, siyen yon Deklarasyon ak yon Plan Aksyon nan enterè timoun. Nou jwenn tout dokiman sa yo nan yon liv yon bò kreyòl (128 paj), ak yon bò franse (119 paj), Inisèf met deyò an 1994.

Ann gade kèk nimewo Akò sou dwa timoun, ki tounen lwa peyi d Ayiti.

Nimewo 19, 1, egziye peyi ki siyen Akò a « *pwoteje timoun yo, antan yo nan men papa yo ak manman yo, osinon nan men moun lalwa bay dwa okipe yo a, osinon nenpòt moun ki gen reskonsablite pou okipe yo, pou yo pa sibi ankenn mekanste, brutalite ak move kou nan kò yo osinon move chòk nan lespri...* »

Tout moun konnen, ann Ayiti, nan pi fò jaden danfan, nan pi fò lekòl primè, nan pi fò lekòl segondè, nan kapital la epi an Pwovens, nan vil, nan bouk, nan bitasyon, se anpil kout rigwaz yo grennen sou elèv pou lesan yo pa rive resite pa kè nan lang franse, ni paran yo, ni vwazinaj yo, ni yo menm, yo pa konprann. Pou reta, ata lè timoun mache inèdtan, oubyen 3 èdtan, nan labou, nan janbe dlo, nan monte mòn, nan desann mòn, san yo pa gen ni mont, ni revèy lakay yo. E se timoun ki oblije leve douvan jou pou y al chanje bèt, pou y al chèche dlo byen lwen. Pou ti krik ti krak, se kou, se imilyasyon.

Nimewo 12, 1, 13, 1, 14, 1, 19, 1, 28, 2, pwoteje dwa timoun genyen pou yo pale lib, pou yo panse sa ki nan lide yo, pou disiplin lekòl respekte diyite elèv yo kòm moun.

Nimewo 17, d. ankouraje jounal, radyo, televizyon okipe pwoblèm lang manman timoun natifnatal tèl zòn diferan ki ta gen yon lang apa, nan peyi a. Natirèlman, egzijans sa a gen plis enpòtans toujou nan yon peyi tankou Ayiti kote se lang kreyòl la sèl ki lang manman tout moun. Nimewo 29,1, ch. Tounen sou sa : « *moutre timoun yo pou yo respekte papa yo ak manman yo, kilti ak lizay lakay yo, lang yo ak lòt gwo lide konsekan ki fè yo pa fin menm ak moun lòt kote yo, konsa tou pou yo respekte lizay ak lide konsekan peyi kote y ap viv la, peyi kote yo soti a, ansanm ak tout lòt mès ak lizay ki pa menm ak pa yo* ». Nimewo 30 pwoteje « *dwa timoun... pou yo pale lang pa yo* » (ata lè lang pa yo pa menm ak lang mas lòt moun peyi a). Nou tou wè mas timoun ann Ayiti ki pale kreyòl sèlman gen dwa « *pale lang pa yo* » lekòl, tankou lakay yo, tankou legliz, tankou nan lari, tankou tout kote nan peyi a. Konbyen lekòl ki respekte dwa sa a?

Pou jan lang se kichòy ki enpòtan nan lavi, Akò a prevwa ka yon timoun ki ta gen pwoblèm ak lajistis, men, ki pa konprann tèl lang yo pale nan tribinal « *osinon si li pa konnen lang yo pale nan tribinal la, li fèt pou li jwenn moun pou esplike tout bagay ba li pandan tout aktivite pwose a, san li pa peye senk kòb*. » (nimewo 40, vi)

Jis jounen jodi a, nan mwa d avril 2003, prèske tout lekòl ann Ayiti, pou nou pa di tout, vire do ba plizyè nimewo Atik 20 novanm 1989 la, kwak yo fè pati pwòp lwa ak regleman peyi nou an. Dimanch 2 mas 2003, a 10 è di swa, *Radyo Frans Entènasyonal* te gen yon pwogram sou Inisèf ak dwa timoun, espesyalman ann Ayiti. Radyo a di palman ayisyen vote yon lwa ki defann bay timoun kou lekòl. Yon pawòl ki gen lè pa fè bri menm nan peyi a. Radyo a pale de pwoblèm sida tou. Sou latè a pral gen 25 milyon timoun ki gen viris la oubyen maladi a.

Kèk egzanp abi Akò a defann, yo fè elèv ann Ayiti

1. 18 oktòb 1999. Nan klas sètifika yon lekòl nan vil Tigwav, 24 elèv sou 27 pran kout rigwaz nan men direktè a pou mank nan konjige vèb franse aimer (sibjonktif, pase senp, pase konpoze). Angiz elèv jwenn ankourajman pou youn ta renmen lòt, yon direktè lekòl ba yo move egzanp « *mechanste, britalite ak move kou nan kò yo osinon chòk nan lespri* » yo, nimewo 19, 1. vle egzante pou timoun. Pou ki rezon? Poutèt konplikasyon sistèm vèb yon lang etranje : « *que j'aime, que tu aimes, qu'il aime* (m pa bezwen di medam yo, yo pa chonje elle-s), *que nous aimions, que vous aimiez – nous aimâmes, vous aimâtes, ils aimèrent – j'ai aimé, tu as aimé, il a aimé, nous avons aimé, vous avez aimé, ils ont aimé* ».

Sa gen mwens pase 70 ane, nan lekòl frè ak mè ann Ayiti, nou pa kwè konjigezon vèb aimer ta gen yon konpleman dirèk: la France? Si nou konprann

se ranse m ap ranse, te gen yon liv sòlfèj, nan lekòl frè ak mè, Pòtoprens (m pa konn pou lòt kote). Ni mwen menm, ni yon sè m, ni lòt frè m, jis kounye a, nou chonje yon kouple yon chante ki te nan liv mizik la:

« *Quand nous étions petits, nous allions à l'école,
On nous disait d'aimer la France et son drapeau.
La France, il faut, enfants, voir en elle une idole
Qu'on défend envers tout et jusques au tombeau.* »

(Lè n te timoun piti, nou taprale lekòl

Yo te di nou renmen Lafrans ak drapo li.

Timoun, Lafrans menm menm, gade l kòm yon zidòl

Pou n defann kont tout moun, jis nou vin antere.)

Antouka, nan yon lekòl tèt anba, poutèt lang franse, direktè gen dwa tounen bouwo, klas gen dwa tounen kan antrènman makout, frap, chimè, bandi.

2. 5 jen 2002. Malsite peyi a, mizè, lakòz nan anpil lekòl ann Ayiti, elèv oblije kopye leson yo pral etidye, yon pwofesè prese ekri ak yon bout lakrè sou tablo, le moman lekòl pral lage. JR, yon elèv ki fèt 22 avril 1986, te nan sizyèm segondè. Li te gen 16 an. Depi a 5 an li lekòl. Manman l te fè sizyèm segondè nan lise jènfi Pòtoprens. Li kopye yon leson zooloji ki te ekri sou tablo. Gen bon valè erè ak pawòl ki pa gen sans nan sa li kopye a. Epi òtograf menm, se pa pale. Men, se pa mizè ki lakòz sa li te oblije kopye byen prese a, se yon koze an franse, li pa konprann e li pral gen pou li aprann pa kè, san li pa chèche konprann li. Se betiz yon sistèm lekòl tèt anba ki lakòz.

Se tout yon paj kaye li kouvri ak ekriti l. Mwen bare l ap goumen ak sa li kopye a nan fè efò pou li eple mo yo. Sa pa vle di l ap fè efò pou li konprann pawòl yo. L ap eseye pwononse mo franse yo pou l kenbe yo pa kè nan tèt li.

Mwen mande l si li ta vle espliche m sa li konprann nan pawòl li kopye yo, mwen tande l ap repete a viv vwa. Mwen di l mwen konnen li pa pale angle. Si l te jwenn kichòy ki ekri ann angle, li ta mande m espliche l li.

- Ou konnen m konnen ou kapab di kèk pawòl an franse. Men, ou pa pale franse. Ou pa konprann sa leson an vle di. Èske ou vle m ede w?

Se sa li tap tann menm. Li alèz avè m nèt. M konn di l m pa ta konprann anyen nan leson l yo, si se an tik yo te ekri. Lekòl deja pa an mezi remèt elèv kèk fèy papyè byen enprime ak leson syans, nan lang pa yo, dapre nimewo 30 Akò a ki apiye « *dwa timoun... pou yo pale lang pa yo* ». Li jwenn mwayen fè yo kopye yon pakèt pawòl ki nan yon lang etranje, yo pa konprann, pou yo resite yo pa kè malman, nan lang etranje y ap kòche a.

3. Men sitiyaasyon klas sètifika, pou ane septanm 2001 – jen 2002, yon lekòl nan yon vil depatman lwès. Klas la te gen 63 elèv = 32 fi ak 33 gason. Mwens pase 10 nan elèv ki pi piti yo gen 12 an. Lòt yo gen ant 13 an ak 20 an. Chak elèv peye 600 goud pou ane a. Gen 2 pwofesè, yon fi ak yon gason. Chak travay mwaye jounen ak elèv yo. Dapre temwayaj, 11 out 2002, yon elèv ki gen 19 an e ki te nan lekòl la depi 3 an (li double yon fwa), matmwazèl la pi rès pase nèg la.

Pinisyon: kout rigwaz nan men, lè ou pa konn leson. Kout rigwaz nan do, lè w ap pale. Rete 2 bra anlè. Elèv ki rive an reta ret deyò jis lè rekreyasyon a 9 èdmi. Lekòl kòmanse a 8 è.

Yo bay anpil dikte. Nan syans sosyal, sa elèv aprann, se dat prezidan monte, dat prezidan desann. Syans esperimantal fèt san okenn demonstrasyon ni okenn travay pratik. Se annik aprann yon koze an franse pa kè san elèv yo pa konprann li. Katechis fèt an kreyòl. Gen yon pè katolik ki vizite lekòl la souvan.

4. Vandredi 4 oktòb 2002, nan klas senkyèm segondè yon lekòl nan zòn Kafou, 19 elèv yo te gen pou yo etidye sida ansanm. Yo te separe klas la fè plizyè ekip 4 moun. Chak ekip te reskonsab fè yon ti rechèch sou kèk pwoblèm maladi a poze, pou yo pale sou yo nan klas la an franse dapre yon ti rapò an franse chak ekip tap prepare.

Si yon moun pase devan lekòl sa a, lè elèv ap antre le m maten oubyen lè yo lage lapremidi, si moun nan antre nan lakou a, pandan rekreyasyon, l ap tande tout moun ap pale kreyòl, depi reskonsab lekòl la, mèt, matmwazèl, elèv gwo klas, elèv ti klas, jis gadyen ki nan baryè a.

Men, pou yon pwoblèm grav tankou maladi sida, yon pwoblèm konsekan ki konsène yon seri ti mesye dam senkyèm segondè ki gen ant 14 an ak 18 an, yo mande yo eseye bege an franse. Yo grennen mo franse difisil sou yo, mo teknik tankou *blennorrhagie*, *herpès*, *séropositif*, *sypilis*, *zona*. Gen pwofesè ki kwè: grennen mo, se grennen lide. Gen jèn moun ki kapab jennen poze sèten keksyon. Kounye a, se fòse y ap fòse sèvi ak yon lang okenn nan yo pa kapab pale lib. Kilès ki pral kontwòle si yo konprann tou sa yo bezwen konprann nan koze a? Ki jan yo pral kontwòle sa?

Maladi sida, se yon pwoblèm serye ann Ayiti tankou anpil lòt kote sou latè. Yo sanble pa te menm kalkile, yon klas sou sida an kreyòl ta fè elèv yo konprann sa maladi a ye, ki danje li gen pou yo epi pou lòt moun, ki prekosyon yo kapab pran, ki prekosyon yo dwe pran, kouman pou yo pwoteje tèt yo. Yon lòt jou oubyen menm jou a, nan yon kou franse, yon pwofesè ta kapab ede yo aprann vokabilè ak fòm sentaks pou moun pale de sida an franse.

Ant koze nimewo 4, nou fèk li a ak koze nimewo 5 nou pral li a, men yon remak sevè Franswa Latòti ekri sou sistèm edikasyon lekòl Ayiti a nan prezantasyon yon liv Liyonèl Paken (1983: 3): « *Edikasyon pou pi fò (moun) se te yon egzèsis initil pou aprann yon lang etranje.* » Si sa li di a se verite oubyen se manti, se bon pawòl oubyen se vye pawòl, se nou menm k a wè sa.

5. Yon tifi uit an ap rakonte sa li te wè nan lekòl li, nan zòn Pòtoprens, ann oktòb 2002. Se yon tigason menm laj avè l, ki te nan menm klas dezyèm ane lekòl fondamantal la. Li tap konte jiska 10. Apre 7, 8, tigason an di: nèf. – *Papa l korije l: « Non. Se neuf /noef/. Se pa nèf. Di: neuf ».* *Gabriyèl repete: nèf. Papa l kale l.* Tifi a ap ri etan l ap rakonte sa: « *Gabriyèl pa kab di neuf non. Li di nèf. Papa l kale l, papa l kale l, papa l kale l. Papa l se direktè lekòl la wi.* » Tifi a ap ri. Lòt elèv yo te ri tou lè Gabriyèl tap pran kou. Tifi a ap ri: « *Mwen menm, mwen di seut. Matmwazèl la di m se sèt pou m di. Yo konn kale m pou lesou tou wi.* »

6. Madi premye avril 2003, nan yon lekòl zòn Rivyè Fwad, Kafou, yon keksyon egzamen syans sosyal mande 85 elèv klas segonn segondè chwazi yon sèl repons ant vre ak pa vre. Ti fraz franse a te gen 10 grenn mo. Bon repons lan se pa vre. Move repons lan se vre. 84 elèv chwazi move repons lan. Pa mande m pou ki sa, kwak mwen prèske sèten: yo pa konprann ti fraz franse 10 grenn mo a. Yon grenn elèv te chwazi: pa vre. Li di kanmarad li yo sa, apre egzamen an. Tout pase l nan betiz. Men, lè pwofesè a bay rezilta egzamen an, se li sèl ki te bon pou repons keksyon sa a sou 85 elèv. Kounye a, ni mèt la, ni lòt elèv yo panse: li fò. Elèv ki fò a, vin rakonte m, sa ki pase a. Men ti dyalòg nou an (E = elèv la, D = Dejan).

E. – Mèt la, ki repons ki bon pou yon keksyon egzamen syans sosyal « *un créole est celui qui a pris naissance en Afrique* »?

D. – Se pa vre.

E. – Se repons mwen chwazi a. Lè m di lòt elèv yo sa, tout pase m nan tenten.

D. – Konbyen elèv ki konpoze?

E. – Nou 85 nan 2 klas segonn yo.

D. – Di m pou ki sa ou chwazi reponn: pa vre?.

E. – Èske Ayisyen konn pale kreyòl?

D. – Men wi.

E. – Ebyen, se pa ann Afrik kreyòl nou pale a soti, se ann Ayiti.

D. – Èske ou konprann fraz franse ou kopye nan fèy egzamen ou montre m nan?

E. – Non, men, m konprann « créole ». Ou pale kreyòl, mwen menm tou. Se kreyòl n ap pale, pa vre? Se poutèt sa m chwazi repons lan.

D. – Èske papa w gen jaden bannann?

E. – Se jaden bannann ki ba l yon ti lajan.

D. – Lè ou gade bèl pye bannann yo, èske ou konn wè ti pye bannann a kote yo?

E. – M konn wè kreyòl bannann yo.

D. – Sa w rele kreyòl bannann yo?

E. – Se ti pye bannann ki soti nan gwo pye bannann.

D. – Ou wè: kreyòl sa yo, se pa menm afè ak kreyòl nou pale a.

E. – Epi, papa m gen kèk kochon kreyòl tou. Se pa menm afè.

D. – Si defen grann ou, manman papa w, te fèt an 1897, dapre sa m konnen, li te kapab di: « *M se kreyòl Tiresyas* ». Sa vle di, li fèt sou reny Tirezyas Simon Sam, ki te prezidan ant 31 mas 1896 ak 12 me 1902, jan ou kapab wè sa nan yon liv istwa d Ayiti.

E. – Mwen wè se pa yon sèl bagay mo kreyòl la vle di.

D. – An franse tou, se pa yon sèl bagay mo « créole » vle di.

E. – Ki sa li vle di nan keksyon egzamen an?

D. – Nan fraz franse egzamen an, « créole » vle di menm bagay ak sa li vle di nan yon liv Dekouti (1809: T. 3, 281): « *c'est pourquoi il reprit très-sévèrement le fils d'un propriétaire des Gonaïves, qui, créole de Saint-Domingue, s'avisait de lui parler bon français...* » (Se poutèt sa, Desalin « *pale rèd anpil ak pitit yon mèt tè Gonayiv, yon ti blan ki fèt Sendomeng, ki konprann li te mèt pale bon jan franse avèk li* »). Yon « créole » nan sans mo franse nan fraz liv Dekouti a, se yon blan ki fèt ann Amerik, kwak manman l ak papa l kapab fèt ann Ewòp, swa an Frans, swa ann Espay, swa o Pòtigal, eksetera.

E. – Kon sa, li pa fèt ann Afrik. Se poutèt sa repons lan se pa vre.

D. – Se poutèt sa repons ou bon. Men, rezon ki fè ou bay bon repons lan pa bon.

E. – M wè se konprann mwen pa te konprann fraz franse a.

D. – Dapre wou, sèl bagay mo franse « créole » la vle di se lang ni ou menm, ni manman w, ni papa w, ni fanmi w, ni zanmi w konn pale a. Nou deja jwenn sans sa a nan Jiwo Chantran (1786: 189-190). Gen yon pawòl yo konn di an franse kote « créole » gen yon lòt sans.

E. – Di m pawòl la non epi esplike m li.

D. – An franse, sa yo rele « cuisine créole », se mòd manje yo prepare nan peyi tankou Ayiti, Gwadeloup, Martinik, Lwizyàn, nan sid Etazini, ki pa menm ak mòd manje yo kwit an Frans.

E. – Si pwofesè lekòl mwen yo te esplike m tou sa w esplike m la, ala anpil bagay m ta gen tan konnen!

D. – Pou yo ta esplike w tou sa, fòk yo ta gen kouraj fè lekòl an kreyòl nan peyi nou, menm jan nan 250 lòt peyi kon sa, lekòl fèt nan prèske 6 mil lang diferan moun pale nan peyi sa yo.

E. – Silvouplè, esplike m chif sa yo: 250 peyi ak 6 mil lang. Gen tou sa?

D. – Mwen sèvi ak chif 6 mil lang lan, ak prekosyon. Nou pa konnen konbyen lang moun pale sou latè a egzakteman. Ni nou pa kapab konnen paske nou pa gen repons klè, repons sèten pou keksyon tankou: « Èske kreyòl Ayiti, Gwadeloup, Martinik, se 3 lang diferan oubyen se yon sèl lang? – Èske suedwa, nòvejyen ak dänwa, se 3 lang diferan oubyen yon sèl lang? Konbyen lang diferan yo pale an Chin, nou abitye rele chinwa? » Ou wè se pa kòm si mwen mande w konbyen frè ak sè ou genyen, epi ou reponn mwen: 4 sè, 5 frè. Dapre Skitnab Kangas(1993: 9, 13, 15) « *gen 7000 lang sou latè (chif egzakt la pa klè), pou « 250 peyi » apeprè.*

E. – M vin chonje, papa m konn di : « *Kreyòl pale, kreyòl konprann* ». M konprann pawòl la, men, m pa fin sèten si m konprann li byen.

D. – Se yon senkyèm sans mo kreyòl la genyen. Nan pwovèb sa a, li vle di: moun ki leve ak menm lide, menm kwayans, menm abitye, menm gou, menm lang, youn konprann lòt. Kon sa, lè youn pale, lòt la konprann sa l vle di, lòt la antre nan santiman l fasil, pawòl la mache nan san l.

E. – Pou ki sa yo pa fè lekòl an kreyòl ann Ayiti?

D. – Se gwo koze. W a di reskonsab lekòl ak pwofesè ap obeyi yon nouvo kòmanman, yon nouvo lòd: *Se lang franse pou n adore.*

Se li menm sèl pou nou sèvi.

Wòl kreyòl nan devlope konesans

Pito reskonsab lekòl ak pwofesè te suiv sa konstitisyon an di sou koze lang kreyòl la. An mil nèf san lontan, elèv pa te gen dwa pale kreyòl nan lakou lise Petyon, Senmasyal, Senlwi, lekòl mè, lekòl frè, lekòl pwotestan, lekòl katolik, lekòl leta, lekòl prive. Men, elèv te pale kreyòl nan lakou lise Petyon ak lòt lekòl, kanmenm. An 2003, elèv kontinye pale kreyòl nan lakou lise Petyon ak lòt lekòl yo epitou elèv gen dwa pale kreyòl nan lakou tout lekòl, nan direksyon tout lekòl, nan klas tout lekòl. Pi fò reskonsab lekòl pa konn sa. Pi fò pwofesè pa konn sa. Pi fò paran pa konn sa. Pi fò elèv pa konn sa. Sa montre nou nan ki degre, pi fò moun ann Ayiti pa konn dwa yo. Yo merite reflechi sou yon valè nimewo konstitisyon 1987 la : 5, 24-3,a., 32, 32-1, 32-2, 32-3, 40 ak 52-1, g.

Si elèv pa ta gen dwa pale kreyòl lekòl, si yo pa ta dwe aprann li kreyòl, aprann ekri kreyòl lekòl, kouman fè nimewo 24-3,a. egzije pou tout manda ki pèmèt yo arete yon moun ekri an kreyòl epi an franse? Tout seri nimewo 32, 32-1, 32-2, 32-3 pa gen okenn sans ni okenn valè si leta pa sèvi ak kreyòl tout moun pale ann Ayiti pou tout moun jwi avantaj edikasyon. Dapre nimewo 40, leta oblije sèvi ak kreyòl pou li gaye bon jan enfòmasyon.

Dapre nimewo 51-1,g., chak sitwayen dwe chèche vin pi enstwi. Yo dwe devlope konesans yo. Kouman sa ta kapab fèt pou tout moun, pou pi fò moun, san yo pa sèvi ak yon lang yo deja konnen? Kreyòl se sèl chemen konesans pou prèske tout popilasyon Ayiti a.

Si nou vle konnen sa elèv ak lòt moun konnen, ak ki lang pou nou sèvi? Mwen pap poze yon keksyon tankou: Èske kreyòl se yon lang ki kapab sèvi pou sa, èske li ta dwe sèvi kòm lang tout kalite egzamen, tout kalite evaliyasyon ann Ayiti? Yon keksyon kon sa twò ba. Li fè pati menm gwoup keksyon ki chita sou mal konprann ak vye prejije ras tankou: *Èske moun ki pale kreyòl sèlman gen lespri? Èske yo gen konprann? Èske yo entelijan? Èske yo gen valè? Èske yo se moun toutbon?*

Sa nou wè ak sa nou konnen

M ap poze yon lòt keksyon: KOUMAN pou nou fè lang kreyòl la, lang peyi a, lang tout moun nan peyi a, sèvi kòm lang pou nou mezire sa moun konnen?

Natirèlman, dezyèm keksyon sa a sipoze yon moun deja kapab asepte yon rezonnman mwen mèt prezante kon sa:

Pou edikasyon fòmèl tout yon popilasyon plizyè milyon moun fèt toutbon, fòk li fèt ak yon lang tout popilasyon an deja konnen.

Lang tout popilasyon peyi d Ayiti deja konnen an se kreyòl.

Kon sa, fòk se an kreyòl edikasyon fòmèl tout popilasyon Ayiti a fèt, si pou li fèt toutbon.

Rezonnman an chita sou sèten lide ki an rapò ak sitiyasyon peyi a epi sou kèk lòt lide ki an rapò ak lasyans lang epi sou sèten prensip. Ki lide ki an rapò ak sitiyasyon peyi a? Mwen panse tout moun ki suiv espikasyon ki nan plizyè chapit liv la, pa gen okenn pwoblèm pou yo dakò ak yon seri konstatasyon epi ak yon seri prensip.

1. Premye konstatasyon. Sistèm lekòl ki ann Ayiti a pa sèvi enterè pi fò moun ki nan peyi a. Dabò, popilasyon 7 milyon Ayisyen an pa yon popilasyon granmoun ajè. Nou pa egzajere lè nou panse gen 3 milyon timoun ki gen ant 6 an ak 18 an. Sa vle di timoun yo di ki gen laj pou yo ta lekòl. Men, lekòl pa mele ak plis pase 1 milyon 300 mil timoun ak jenn moun ki enskri depi klas matènèl rive nan dènye ane lekòl metzin. A kote konstatasyon sa a, gen yon prensip nou kapab prezante:

Premye prensip. Lekòl, edikasyon fòmèl, fèt pou tout timoun. Kon sa, se 3 milyon moun ki ta dwe lekòl ann Ayiti.

2. Dezyèm konstatasyon. Sistèm lekòl nou an pa sèvi pi fò nan 1 milyon 300 mil timoun ak jenn moun ki pase ladan n. Egzanp: Pou 100 mil timoun ki antre nan premye ane lekòl fondamantal, gen 50 mil, sa vle di mwatye ki pa al pi lwen pase dezyèm ane lekòl epi gen 15 mil ki rive nan egzamen bakaloreya premye pati (retorik). Kot 85 mil lòt yo?

3. Twazyèm konstatasyon. An 2003, nanpwen okenn peyi sou latè a, sa vle di pa gen yon sèl grenn peyi sou latè a, kote nou jwenn 2 kondisyon (1) ak (2) ki la an menm tan.

(1) Lekòl, edikasyon fòmèl, fèt nan yon lang pi fò moun nan peyi a pa ni konprann, ni pale.

(2) Pi fò moun nan peyi a konn li toutbon (yo konprann sa yo li a byen), yo konn ekri toutbon (yo ekri tou sa ki klè nan tèt yo, yo vle ekri), yo konn sèvi ak chif sou papye. Pi fò moun nan peyi a resevwa yon edikasyon fòmèl.

4. Katriyèm konstataion. Li mache ak twazyèm nan. Se revè li. An 2003, nan tout peyi sou latè a, kote pi fò moun resevwa yon edikasyon fòmèl, ki fè yo konn li, yo konn ekri, yo konn sèvi ak chif sou papye (anpil nan yo al lekòl pandan 10 ane nan vi yo), nan tout peyi sa yo, lekòl fèt nan yon lang pi fò moun nan peyi a pale lib. Men non 30 peyi kon sa: Ajantin, Albani, Almay, Angletè, Bèljik, Bilgari, Brezil, Chili, Dànmak, Etazini, Fenlann, Frans, Islann, Itali, Japon, Kanada, Kiba, Kore (Nò ak Sid), Nouvèl Zelann, Nòvèj, Olann, Ostrali, Ongri, Polòy, Pòtigal, Risi, Suèd, Suis, Tiki, Woumani. Se 22

lang diferan ki sèvi nan lekòl 30 peyi sa yo. Gen 8 lang ladan yo, tankou albanè ak finwa, mwens moun pale pase kreyòl Ayiti a.

5. Senkyèm konstatasyon. Pi fò moun ann Ayiti pa konn pale franse. Pi fò moun ann Ayiti pa konprann franse.

Prensip: Timoun pa chwazi lang yo. Pèp pa chwazi lang yo. Nan afè lang pa gen chwa.

Timoun pa aprann lang yo. Yo atrap lang yo tankou maladi atrapan. Tansèlman, okenn lang pa yon maladi atrapan.

Etidye yon lang pa mache otomatik ak konn yon lang.

Lang se chemen konnen pou moun ki deja konn lang lan. Lang se baryè konnen pou moun ki poko konn lang lan.

Kon sa, lang se yon kondisyon ki dwe la anvan moun aprann, anvan moun etidye epi anvan yo teste moun pou sa yo etidye, anvan yo kontwole sa moun konnen, anvan yo fè evaliyasyon. Epi gen evaliyasyon fòmèl. Gen evaliyasyon tou le jou: Kote nou ye? Kote timoun yo ye? Kouman y ap degaje yo? Se ak lang kreyòl yo kapab fè evaliyasyon toutbon pou moun ki pale kreyòl sèlman.

Prensip: Siy pwogrè pedagogi modèn, siy pwogrè nan fason lekòl fèt, nan fason yo montre timoun sa timoun bezwen konnen, se lè lekòl ak lavi mache men nan men.

Pa kapab gen yon lang lekòl ak yon lòt lang lavi epi pou lekòl mache byen oubyen pou lavi pa domaje nan men lekòl sa a. Pwovèb la di: *Selon filange w, se selon sale w*. Epi: *Jan Tyann ranje kabann, se kon sa Nikola kouche*.

Lide sa yo klè, men, sa pa vle di tout moun pare pou yo asepte yo. Se paske lè moun asepte lide sa yo toutbon, lè moun serye ak tèt yo nan rekonèt valè lide sa yo, sa mande gwo chanjman nan abitud yo, gwo chanjman nan lavi yo, gwo chanjman nan sosyete a. Gwo chanjman nan tèt, gwo chanjman nan kè, ki pa menm afè ak pawòl nan bouch. Se pa annik di: *Pale franse pa lespri*.

Chapit 20

Lè yon lang rele moun chè mèt chè metrès

Sa sa vle di?

Moun ki ekri liv gramè pandan 2 mil ane, nou mèt di, jis 1960 epi apre sa tou, te sipoze granmoun k ap li yo ap konprann règ gramè yo bay yo, y ap kapab sèvi ak pwòp egzanp pa yo, ki sanble ak egzanp yo jwenn nan liv gramè yo. Grameryen yo pa te bezwen di sa klè. Byen petèt yo pa te wè sa klè. Men, san yo pa konnen, te gen yon lide nan tèt yo: liv gramè fèt kon sa paske moun deja gen sèten lide sou koze lang nan lespri yo, menm si yo pa konn sa. (al wè Chomsky 1965:5-6,8).

Sa grameryen lontan yo pa te rekonèt klè nèt, se pouvwa moun ki pale yon lang genyen pou yo « *rekonèt si fraz byen anfòm* » oubyen si yo pa anfòm nèt (N. Smit 1999: 147). Radford (1984: 4) di menm pawòl la, yon lòt jan: Tout moun gen « *pouvwa rekonèt si tèl seri mo youn dèyè lòt fòme yon fraz, gramè lang manman yo, asepte* » oubyen rejte.

Dejean (1995: 44) nonmen 8 liv gramè ki vle montre etranje pale kreyòl, espesyalman moun ki deja konn franse oubyen angle. Nanpwen youn ki ba yo yon ti ide kòmkiwa, an kreyòl, se tou le jou Ayisyen sèvi ak fòm pawòl tankou egzanp ki nan chapit 7, (5) = (9), (14)-(21), (39)-(42), (39)-(50), (51)-(61). E poutan, prensip ki alabaz egzanp sa yo ak yon kantite lòt egzanp, ki kòm pa gen bout, si tèlman yo anpil, nan lespri/sèvo tout moun ki pale kreyòl, pandan se ann Ayiti yo fèt, pandan se la yo leve, se la yo grandi.

Vèb ak konpleman vèb mache kole kole

Ann chwazi yon seri egzanp ki suiv yon prensip m ap rele: prensip kòtakòt. Li nan tèt tout moun, kreyòl la rele chè mèt, chè metrès e se li ki lakòz lè yo sèvi ak konpleman yon vèb, yo pa mete okenn lòt pawòl ant vèb la ak konpleman an. Sa pa vle di moun ki pale kreyòl konn sa. Pi fò nan yo pa menm konnen si gen vèb, si gen konpleman. Langichat ta gen dwa fè yon blag ak sa, kòm si se ta zèb ak konpliman, yo konprann mwen di. Se ak bon valè egzanp pou nou egzamine prensip kòtakòt la, ki kenbe vèb ak konpleman l ansanm, ki fè yo kole youn ak lòt.

- | | |
|--|--|
| (1)a. Moun nan mete chen an deyò. | b. *Moun nan *mete deyò chen an |
| (2)a. Moun nan mete chen an nan lakou a. | b. *Moun nan *mete nan lakou a chen an |
| (3)a. Moun nan mare chen an ak kòd. | b. *Moun nan *mare ak kòd chen an |

(4)a. Moun nan mete chen an lwen. b. *Moun nan *mete lwen chen an

Ki sa ki klè pou moun ki pale kreyòl kòm lang manman yo? Yo konnen fraz (1)-(4)a. se bon jan fraz kreyòl. Se kon sa Ayisyen pale. Yo konnen (1)-(4)b. pa bon jan fraz kreyòl. Se pa kon sa Ayisyen pale. Men, remake: Menm moun ki rekonèt valè fraz (1)-(4) a, e ki rejte fraz (1)-(4)b. kapab di yon kantite estwòdinè fraz dapre modèl (1)-(4) a., e yo rejte fraz ki ta suiv modèl (1)-(4) b. Kèk egzanp:

(5)a. Kizinyè a kuit poul la deyò. b. *Kizinyè a *kuit deyò poul la

(6)a. Kizinyè a kuit poul la nan chodyè. b. *Kizinyè a *kuit nan chodyè poul la

(7)a. Kizinyè a mare poul la ak kòd. b. *Kizinyè a *mare ak kòd poul la

(8)a. Kizinyè a kuit poul la vit. b. *Kizinyè a *kuit vit poul la

Kounye a, egzamine fraz (9).

(9)a. Moun nan voye boutèy la jete. b. Moun nan voye jete boutèy la.

Nan (9)a., se moun nan ki sijè vèb voye. Se menm moun nan ki sijè vèb jete. Se boutèy la ki konpleman voye. Se menm boutèy la ki konpleman jete. Men, nan (9)b. se moun nan ki sijè voye. Se yon lòt moun, fraz la pa nonmen, ki sijè jete, pandan li konpleman voye. E se boutèy la ki konpleman jete. Nou wè sa pi byen lè nou fè (9) tounen (10):

(10)a. Jak voye boutèy la. Jak jete boutèy la.

(10)b. Jak voye Iv. Iv jete boutèy la.

(10)ch. *Jak voye Jak jete boutèy la (kote se menm Jak la 2 fwa)

Ni fraz (9)a., ni fraz (9)b. anfòm. Se bon jan fraz kreyòl ki respekte prensip kòtakòt la. Anyen pa separe ni vèb voye, ni vèb jete ak konpleman yo. Si yon etranje ki aprann kreyòl, ta di (10)ch., nan sans moun yo rele Jak la ta sijè voye ak jete, yon Ayisyen ta kapab konnen, se pa kon sa pou etranje a ta di pawòl la.

Nan egzanp (1)-(10), si nou sèvi ak pwonon li nan plas konpleman yo, nou oblije respekte prensip kòtakòt la menm jan. Pwonon an dwe mache kòtakòt ak vèb li. Pwonon dwe suiv vèb la pye pou pye. Remake 2 bagay: premye bagay, plas pwonon an menm ak plas non li ranplase a. Dezyèm bagay: lè yo pa suiv prensip kòtakòt la, erè a parèt pi klè toujou. Ann mete pwonon li nan egzanp (1)-(4) pou nou fè yo tounen egzanp (11)-(14).

(11)a. Moun nan mete li deyò. b. *Moun nan *mete deyò li

(12)a. Moun nan mete li nan lakou a. b. *Moun nan *mete nan lakou a li

(13)a. Moun nan mare li ak kòd. b. *Moun nan *mare ak kòd li

(14)a. Moun nan mete li lwen. b. *Moun nan *mete lwen li

Men yon lòt seri egzanj :

(15)a. Bondye konn kenbe krab met nan makout avèg.

(15)b. *Bondye konn kenbe met krab nan makout avèg

Egzanj (15)b. pa respekte prensip kòtakòt la pandan vèb met separe kenbe ak konpleman l: krab.

Se egzijans prensip kòtakòt sistèm sentaks kreyòl la suiv sevè ki ede nou konprann pou ki sa egzanj (16)a. gen fòm li genyen an, men, li pa gen fòm (16)b. ki ta sanble ak egzanj bon jan fraz an franse (17) epi an angle (18).

(16)a. Alman bwè byè, Ameriken bwè kokakola, Angle bwè wiski, Ayisyen bwè dlo, Chinwa bwè te, Franse bwè diven, Ris bwè vodka.

(16)b. *Alman bwè byè, Ameriken kokakola, Angle wiski, Ayisyen dlo, Chinwa te, Franse diven, Ris vodka

Kòm tout non bwason ki nan (16)a. ak b. se konpleman vèb bwè, prensip la egzije pou yo kole ak vèb la. Se sa nou genyen nan (16)a, lè yo repete vèb la 7 fwa. Nan (16)b., pandan yo pa repete vèb la, vin gen 2 mo ki separe kokakola ak vèb ki kòmande l. Epi 4 mo, 6 mo, 8 mo, 10 mo, 12 mo, vin separe lòt konpleman yo, depi wiski jis vodka ak vèb bwè a. Se pa menm afè an franse oubyen an angle ki pa aplike prensip la sevè tankou kreyòl. Gade egzanj (17) ak (18):

(17) Les Allemands boivent de la bière, les Américains du coca cola, les Anglais du whisky, les Haïtiens de l'eau, les Chinois du thé, les Français du vin, les Russes de la vodka.

(18) Germans drink beer, Americans coke, Englishmen whisky, Haitians water, Chinese tea, Frenchmen wine, Russians vodka.

Yon dènye seri egzanj kreyòl m ap bay, se:

(19)a. Chofe kafe a, sikre l, goutte l, bwè l.

b. *Chofe, sikre, goutte, bwè *kafe a.

ch. Chofe li, sikre li, goutte li, bwè li.

d. *Chofe, sikre, goute, bwè li.

Lè yon moun fin li chak nan 20 egzantp kreyòl ki pa make ak yon ti etwal *, lè li pwononse chak egzantp, lè li egzamine l byen egzamine, lè li analize l byen analize, si lang kreyòl Ayiti a rele l chè mèl chè metrès, li rekonèt tout moun ki nan menm ka avè l (sa vle di 7 milyon Ayisyen, san nou pa konte timoun ki gen pi mwens pase 7 ane), kit yo rete nan tèt mòn Lasèl, mòn Makaya, mòn Lopital, kit yo rete Pwent Abakou, sou limit komin Pòsali ak komin Senjan di Sid, kit yo rete Plèn di Nò, Premye Plèn Tigwav, Savann Dezole, bò Gonayiv, kit yo abite nan yon ti kounouk, oubyen nan yon ti kay tòl, oubyen nan yon bèl chato, tout kapab di fraz ki sanble tèt koupe ak 20 egzantp sa yo, tout kapab rekonèt se bon jan fraz kreyòl yo ye. Atansyon: mwen pa di yo konsyan de sa, yo kapab esplike sa yo santi, yo konn koze prensip kòtakòt la. Se suiv yo suiv prensip sa a ki chita nan lespri/sèvo yo. Yo konnen l nan menm sans yo konnen pou yo met yon pye devan lòt pou yo mache, nan menm sans yo konnen fòk yo ouvè je yo pou yo wè figi yon moun yo tandè k ap pale. 20 egzantp sa yo, moun ki al lekòl, moun ki pa al lekòl, moun ki malere, moun ki chaje lajan, moun ki travay tè, moun ki kesye labank, tout rekonèt: yo se fraz kreyòl. Atansyon: mwen pa di yo dakò oubyen yo pa dakò ak sa pawòl yo vle di. Mwen pa di yo renmen yo oubyen yo pa renmen yo. Mwen pa di: yo an mezi reponn keksyon yon moun ki ta mande yo sa yo panse de fraz sa yo.

Sa ki enteresan, nou kapab bay nenpòt ki Ayisyen ki abitye pale nan radyo, parèt nan televizyon, ekri nan jounal, fè lekòl, defi deklare: an kreyòl yo pa kapab di fraz (1)a., oubyen fraz (5)a., eksetera. Epi menm jan Ayisyen an mezi rekonèt valè fraz sa yo kòm koze kreyòl, se kon sa tou yo kapab rekonèt valè milyon lòt fraz kreyòl. (Sou prensip kòtakòt la, espesyalman jan li sèvi ann angle, al wè Chomsky 1986 : 82, 266)

Pale ak moun pou moun konprann sa nou vle di

Ann janbe sou yon dezyèm pwèn. 15 mas 2003, a 6 è 40 di maten, nan yon estasyon radyo Pòtoprens, 2 moun tap pale koze politik. M tandè youn di lòt la: « *Pawòl ou di a mete kredibilite w an kestyon* ». Lòt moun tap koute radyo a: se te yon jennjan 16 an, ki nan senkyèm segondè nan yon lekòl Pòtoprens ak yon lòt ki gen 18 an, ki nan klas mwayen 2 (= klas sètifika) yon lekòl primè Tigwav. Menm moman an, m mande yo sa pawòl la vle di. M repete li 2, 3 fwa dousman ba yo. Yo pa konprann sa l vle di a menm. Mwen di yo: men sa nèg la vle di:

(20) Pawòl ou di a kab fè moun pa kwè w.

(21) Pawòl ou di a kab fè moun pa genyen w konfyans.

(22) Pawòl ou di a kab fè moun pa fye w.

Sa vin klè pou yo nèt. Gen moun ki pral di: « *Anpil moun ki li gwo liv an franse konn pale tankou nèg kredibilite a. Se dwa yo. Pa gen mal nan sa.* »

Anvan nou egzamine pawòl « *Pa gen mal nan sa* », ann poze yon keksyon: « *Èske pa gen kichòy ki dwòl la?* » M ap sèvi ak 2 egzanp ki gen mo angle.

(23) *French who French I don't speak go to see English

= (24) Franse ki franse, m pa pale, ale vwa angle.

(25) *White don't kill me do my part

= (26) Blan, pa touye m, fè pa m.

Onz mo angle ki nan (23) ak uit mo angle ki nan (25), se mo angle tout moun ki pale angle konnen, ni etranje tankou mwen, ni yon Ameriken natifnatal tankou Chomsky. « *Yo kapab di se li (Tchomski) ki entelektyèl ki pi enpòtan ki an vi* » e li byen kab « *Youn nan pi gran pansè ki janm viv* » (dapre yon pawòl « New York Times Book Review » fevriye 1979, ki nan Otewo 2003: xiii). Chomsky pa konprann (23) ak (25), ki make ak yon ti etwal ki montre se pa yon koze sistèm lang angle asepte. Pou ki sa? Paske li pa gen sistèm sentaks kreyòl la nan lespri/sèvo li. Se sa ki bloke konprann li pou seri mo (23) ak (25). Yon elèv katriyèm segondè lise Lakayè, ki fèb anpil ann angle, kapab konprann (23) ak (25) poutèt li konn kreyòl epi poutèt li konn sans 15 mo angle diferan ki nan (23) ak (25) epi poutèt kreyòl se lang manman l. Nou pa trouve sitiyasyon sa a dwòl?

Sèt milyon Ayisyen, ann Ayiti, ki pale kreyòl sèlman, pa gen sistèm vokabilè franse nan lespri/sèvo yo. Se sa ki bloke konprann yo, lè yo tandè bwi son « mete kredibilite w an keksyon ». Nou ta di pa gen mal nan sa? Sa ki mal, dapre mwen, se ilizyon mesye dam ki pale kon sa epi ki kwè yo pran lapawòl nan radyo, nan televizyon, nan mitin politik, pou yo enstwi pèp la, pou yo pote limyè, enfòmasyon ak konesans ba pèp la. Jean Freire (1978: 95) di a: « *Yo tap fè diskou pou abitan nan yon lang ki pa lang moun yo* ». Men yon remak enteresan Yanick Lahens (1999: 109) fè sou mòd pale yon jèn entelektyèl: « *Lik te bliye ki jan pou li pale ak malere kote li te fèt la.* » Nanpwen youn nan Lik nou yo ak lòt Ayisyen parèy li yo, ki ta gen kouraj kòmanse yon diskou kon sa: « *M ap pale gwo koze. M ap pale pawòl serye. Men, m avèti moun k ap koute m yo. Si nou pa konn pale franse, si nou pa kapab li gwo liv an franse, konnen se pa pou nou ni se pa avèk nou m ap pale. M ap pale pou yon ti ponyen Ayisyen parèy mwen ki pwofonde nan lang franse.* »

Okontrè, moun ki pale kon sa konprann yo bon, se yo k ap travay pou mas pèp la. Yo di se yo k ap wete mas pèp la nan sa yo rele fènwè, dapre vye pawòl yo, vye prejije yo. Yo kwè yo se lidè k ap panse pou mas pèp la, k ap sove mas pèp

la. Men, vrèman vre, se tèt yo y ap pete, pandan y ap blofe pèp la, pandan yo manke pèp la dega, pandan yo pase l nan betiz, yo meprize l. Nanpwen yon grenn nan yo, ki pa ta kab di pawòl tankou (20), (21), (22). Se tou le jou yo di pawòl kon sa an kreyòl, pawòl tout moun ki pale kreyòl sèlman konprann byen pwòp, byen fasil. Lè yo angaje menm oubyen lè yo bezwen sèvis moun ki pale kreyòl sèlman, yo pa nan pawòl « kredibilite an kestyon ». Antouka, pale kreyòl an franse epi pale franse an kreyòl, se gran metye yo. Tansèlman, lè ou di yo se an franse y ap pale kreyòl, yo reponn « *Se dwa yo* ». Se pa manti. Se dwa yo tou pou yo fè grimas. Se dwa yo tou pou yo mete soulye dwategòch nan pye yo. Men, si ou gen malè di yo: se an kreyòl yo pale franse, se pa ti vekse y ap vekse.

- Moi même même, je ne parle pas français en créole non. Tu es bien fréquent toi même. Audacieux que tu es. Je vais parler à ta manman pour toi.
- Au contraire, j'avais bien besoin de toi. Je suis raseur. Je vais prêter cent dollars dans ta main. Je te remettrai ça la semaine prochaine oui.
- Tu es fou. Je suis plus raseur que toi, tu entends?
- Tu n'as pas cent dollars? Ne me dis pas. Je suis saisi.
- Tu ne vois pas que je boite? C'est un piquant qui m'a piqué à la mer. Je suis malade au pied. Je ne veux pas dire ça à ma manman. Tu sais comme elle est. Elle va babier, elle va parler dans ma tête. Et moi je ne veux pas avoir de compte avec ma manman non.
- Ta manman est une bonne personne, oui, mais elle est désagréable oui.
- Fais ton respect, tu entends? Reste dans ton rôle. Quel désagréable ça? Je ne suis pas dans les rances non. C'est une (r)hadiesse de parler comme ça de ma manman. Le téléphone sonne. Attends-moi.
- Allo. Bonjour, Madeleine y est?
- Non. Elle n'y est pas. Elle est allée en dehors. Elle a pris un camion hier pour Bainet. Elle a été voir son ménage.
- Comment vas-tu?
- On est là.
- Tu veux prêter de l'argent? Tu n'es pas bien dans ta tête. Tu ne sais pas que ma grande sœur ni mon grand frère sont sans travail. C'est moi qui paie l'école pour mon petit frère. Prends ton sang. Dégage-toi.

Longtemps trouver du travail était facile. Mais aujourd'hui on est dans des cas. La vie est chère un cher. La gazoline, le gaz, tout est cher cher cher. La marchande de fresco qui est la marchande de fresco est chérant. Et, mets sur ça, il est gros nègre.

Pèsonn moun pa pale an daki tout tan

Atansyon: kritik mwen fè sou koze « mete kredibilite w an kestyon » an, se pa yon kritik sou fason yo sèvi ak mo teknik. Moun ki pa dakò ak lide fè lekòl an kreyòl toutbon, toujou vini ak yon pawòl kòm kwa kreyòl manke mo pou koze lasyans. Se blag.

Devlopman lasyans mande mo espesyal. Sa pi vre toujou pou devlopman rapid yon kantite branch lasyans ak teknik modèn. Se manke reflechi sou pwoblèm mo teknik ak fason pou sava prezante koze lasyans nan nenpòt ki lang, ki mennen pawòl mank ki ta genyen ni an kreyòl, ni nan nenpòt ki lang yon popilasyon pale, pandan sikonstans istorik, politik, sosyal lakòz nivo etid li ba anpil. Yon pwovèb panyòl di kon sa: *Se nan mache mache n, nou fè wout*. Se nan etidye nan pwòp lang pa yo tou, moun vin pale tout kalite pawòl nan lang yo.

Nenpòt ki Ayisyen ki rive nan wo degre etid, nan nenpòt ki branch lasyans, si li pa nan bay manti, kapab rekonèt verite, sa mwen pral pale la a. Si branch pa nou se literati, oswa se istwa d Ayiti, oswa se ekonomi, oswa se enfòmasyon, eseye li yon memwa pou diplòm chimi sou *polimè*, yon Ayisyen ekri, an franse, pou yon inivèsite Monreyal. M te fè konesans avèk li, an 1964, nan yon ti bouk depatman Nòdès. Oubyen, eseye li tèz doktora an biyoloji, an angle, yon moun Tigwav, prezante nan yon inivèsite Nouyòk. M te rankontre l la an 1980. Li voye yon kopi tèz li fè m kado. Depi branch nou se pa chimi, se pa biyoloji, franse ak angle te mèt rele nou chè mètrès, nou nan menm ka ak akademisyen franse oubyen ak gran ekriven angle ak ameriken, ki ekri woman ak pwezi, men, ki pa nan branch chimi ak biyoloji. N ap wè fòm sentaks (egal lòd mo ak rapò mo youn ak lòt) ki nan sa n ap li a, se fòm sentaks franse tou senp, se fòm sentaks angle tou senp. Men, vokabilè teknik ap kale nou. N ap kole nan prèske chak fraz. Obout 10 paj (si nou kenbe kè pou nou rive la) n ap rekonèt: nou pèdi fil, nou pa konprann koze sa yo. Se pa angle nou pa konnen. Se pa franse nou pa konnen. Se konesans fon tèl branch lasyans nou pa genyen.

Nou kapab fè menm esperyans lan nan li sètè paj, sètè kolonn, sètè paragraf nimewo mas 2003 magazin, an angle, Akademi Syans Nouyòk la oubyen Chomsky (1986: 79), oubyen sètè paj, sètè paragraf, an franse, Piatelli-Palmarini (1979: 291-292). Apre sa, tounen nan koze

« kredibilite » a, mwen mete tou senp, tou klè an kreyòl nan egzanp (20)-(22). Vokabilè franse pa nan plas li la. Se pou li ta janbe nan yon diskou an franse.

Lè yon save ap pale nenpòt ki lang, li ta dwe poze tèt li 2 keksyon: *Pou ki moun m ap pale?* Epi: *Pou ki sa? = Kote m vle rive ak moun k ap koute m yo?* Chonje pawòl Bruner (1968: 44), nan dezyèm chapit la. Si se pou moun ki espesyalis tèl branch sèlman n ap pale, nou gen dwa pran yon chemen dekoupe, yon chemen difisil vokabilè teknik. Si se pou anpil anpil moun n ap pale (nan radyo, nan televizyon, se toujou pou anpil anpil moun), chonje pwovèb la: *Chemen long pa touye moun*. Epi suiv konsèy tout bon pwofesè ta kapab ban nou: Sèvi ak pawòl senp, pawòl klè, pawòl pi fò moun kapab konprann. Se chemen difisil pou gwo save, yon sistèm lekòl tèt anba detounen. Se chemen itil, se chemen pi fasil pou pi fò kretyen vivan.

Èske nou kapab suiv li? Kouman nou ta fè pa kapab suiv li si nou se Ayisyen natifnatal kreyòl la rele chè mèt chè metrès? Gen yon pouvwa tout moun yon lang rele chè mèt chè metrès genyen nan lespri/sèvo yo, se pouvwa rekonèt koze ki konfòme yo ak sistèm lang lan ak koze ki pa konfòme yo ak sistèm nan. Si pouvwa sa a vin bese nan lespri/sèvo nou, kòm moun ki te pase 18 premye ane nou yo ann Ayiti, men, ki vin abite anpil ane nan peyi etranje, se pa pèdi nou pèdi l toutbon vre. Se anfouye l anfouye. Si nou tounen ann Ayiti, degaje nou reprann li. Kwak sa pa fasil, etranje ki etranje konn rive nan yon degre konesans ki fè yon lang, yo aprann nan redi, vin rele yo chè mèt chè metrès.

Chapit 21

Se kondisyon ki bat kòk

(òtograf)

Lè yon moun annafè ak òtograf angle, men ki jan li ekri	philosophy.
Lè yon moun annafè ak òtograf franse, men ki jan li ekri	philosophie.
Lè yon moun annafè ak òtograf panyòl, men ki jan li ekri	filosofía.
Lè yon moun annafè ak òtograf kreyòl, men ki jan li ekri	filozofi.

Pou ki sa? Se paske, *Se kondisyon ki bat kòk*, jan pwovèb la di a. Òtograf se konvansyon. Òtograf se yon mòd ekriti sèten moun chwazi, sèten moun envante, pami yon kantite fason diferan yo ta kapab ekri tèl lang. Pa gen anpil diferans nan 4 fòm ekriti mo « *filozofi* » a, ki sanble nan pwononsiyasyon, nan 4 lang diferan sa yo.

Si yon pwogram televizyon montre nou 4 bèl demwazèl ki pral nan yon fèt nan pwòp peyi yo, selon koutim pi fò moun ann Ayiti, ann Ejip, o Japon epi Pakistan, nou tou konnen ti medam yo ap abiye ak 4 bèl wòb ki diferan anpil. Se kon sa tou, ekriti mo ki vle di « *filozofi* », an kreyòl, ann arab, an japonè, ann oudou, pap sanble menm. Men, bon sans ak esperyans di nou kò 4 moun nòmal sa yo gen tèt ak kou, 2 bra ak 2 janm. Lasyans menm fè nou konnen tou le 4 gen yon sèvo ki dirije tout mouvman men yo, lè y ap ekri yon pawòl nan lang yo, yon kè k ap ponpe san nan venn yo, yon sistèm pou yo respire lè ki antre lan nen yo al nan poumon yo, yon lòt sistèm pou yo dijere manje ki desann nan vant yo, eksetera.

Jisteman, anvan fèt la fini, telespektatè yo wè ti medam yo ki pral ekri yon pwovèb peyi yo ki ale ak okazyon fèt la. Se sa moun ki reskonsab fèt la mande yo. Bèl ti Ejipsyèn nan kenbe yon plim nan men l, li soti sou bò dwat li al sou bò gòch li, l ekri yon liy byen trase ann arab, tout boulin. Japonèz la prese ekri an japonè. Pakistanèz la fè menm jan ann oudou. Bèl ti nègès peyi nou an vin yon ti jan jennen, li pale piti: « *M pa konn ekri kreyòl non.* » Tout moun ki te la, konnen li te rive nan bakaloreya. Pou ki sa li di li pa konn ekri kreyòl? Poutèt yon sistèm lekòl tèt anba. Ti Ayisyèn nou an gen menm laj ak yon bon sistèm òtograf kreyòl ki ofisyèl nan peyi nou depi janvyè 1980. Sa fè 23 an. An 1986, li te gen 6 an lè li te kòmanse aprann li, an franse, yon lang ni papa l, ni manman l pa konprann, pa pale, ni lòt fanmi l, ni vwazinaj li. An 2001, se te twazyèm fwa li t al konpoze nan egzamen bakaloreya, 17 ane apre jou yo te mennen l nan yon

jaden danfan, lè li te gen 4 an. Li te youn nan 24 mil 672 elèv retorik depatman Lwès ki te elimine yo. Li kraze yon kite sa.

Ni krab, ni sak

Li te pèdi krab: konesans jeneral li fèb, ti franse l wòwòt. Li te pèdi sak: ata òtograf lang kreyòl, li pale depi li gen 2-3 an, ane 2003 sa a, ki fè l 23 an, li pa konnen l. Li betize ladan n, menm jan ak moun ki ekri yon afich mwen te wè 2 janvye 2003, sou biwo enfòmasyon ayewopò entènasyonal Pòtoprens la, mwen tounen wè menm kote a, 11 avril 2003, nan ayewopò entènasyonal Touden Louvèti. Non ayewopò a chanje. Sitiyasyon yon sistèm lekòl tèt anba rete kinalaganach. Erè òtograf pa chanje. Avi:

Pa shita la-a

Avi a an franse tou. Nanpwen erè òtograf franse ladan n. Avi a ann angle tou. Nanpwen erè òtograf angle ladan n. Moun ki ekri ti fraz 4 grenn mo an kreyòl la, dwe granmoun anpil. L al ranmase yon SH, ki te fè yon parèt nan premye mwa sistèm òtograf Makonèl la, an 1943. Dapre konsèy Lobak, Mc Connell (1945:) te lage sh la, li te ranplase l ak ch, ki vin reprezante premye konsòn mo kreyòl tankou:

(1) chalbari, chare, charite, chèlbè, chi, chita, chode, chonje, choute

ch reprezante dènye konsòn mo kreyòl tankou:

(2) chèch, chich, kribich, louch, manch, mèch, pòch, ponch, rach, wòch

ch reprezante yon konsòn ki nan mitan mo kreyòl tankou:

(3) bacha, chache, chanmchanm, dechouke, kache, kochon, mechan, ochan, recho

nan òtograf Mc Connell (1945), nan òtograf Preswa-Foblas (al wè Plan Wekfil 1951), nan òtograf ofisyèl 1980 an.

Nan Dejean ak lòt moun (2002: 92), gen yon òtograf shwal pou chwal ki dwòl menm jan ak shita pou chita. Se yon ekip mwen te dirije, nan yon pwogram FOKAL (*Fondasyon Konesans ak Libète*), ki prepare yon bèl liv 20 istwa nou te anrejistre 10 kote diferan nan peyi a: Pen nan boutèy diven nan panyen banbou , 2. Ni mwen menm, ni okenn nan 9 lòt manm ekip la, ni FOKAL pa reskonsab erè òtograf shwal sa a ki pa sou diskèt òdinatè ki t al nan men editè ak enprimè. Sa montre nou nan ki degre moun ki mete men nan travay enprime liv, an 2003, pa konn òtograf ofisyèl kreyòl 1980 an epi nan ki pwèn yo neglijan, ki fè yo pa suiv okenn prensip ekriti.

Revè premye pri

28 fevriye 2003, men yon afich mwen li nan yon magazen ki pa lwen plas Jefra, Pòtoprens: *Moun ak zam pa rentré*

3 fevriye 2003, men yon afich mwen li nan sèvis Westèn Younyonn, nan Sojebank, Tijo, Pòtoprens: *Vin n chache kaye pa w nan mwa septamb*

31 janvye 2003, men yon afich mwen li nan sikisal Sojebank Tijo a, Pòtoprens: *wap kapab - wap gen jiska 48 mwa pou finn ranbouse prè a*

M pa menm bezwen di nou: bò afich ki an franse a, pa gen okenn erè òtograf. Nan 3 grenn egzanp kreyòl ki pi wo la, nou wè, jan yo te dwe ekri selon prensip, se pa kon sa yo ekri: *rantré*, ak son /an/ ki toujou ekri yon sèl grenn fason ak gwoup 2 lèt an. Egzanp:

(4) Manman Fanfan antre anndan sant sante Matisan an anvan grann Fanfan.

Selon prensip, men ki jan yo ekri: *vin*. Lèt i toujou reprezante son /i/ sèlman. Egzanp:

(5) Lavi ap vin pi difisil ni pou *Livi*, ni pou pitit li si pitimi ak mayi pèdi.

(6) bobin, Chin, chini, dodin, farin, fin, fini, Ginen, jilèt, kin, vin, vini

Se lèt a, lèt e, lèt o sèlman, ki makònen ak lèt n pou yo fòme gwoup 2 lèt pou yo reprezante vwayèl nazal /an/ ki nan egzanp (4), vwayèl nazal /en/ ki nan egzanp (7) ak vwayèl nazal /on/ ki nan egzanp (8).

(7) Maten, Jisten ak Bèten byen konnen renmen se pa tenten, se chemen jennen.

(8) Yon bon mont tonton Simon kontan montre monnonk Edmon tonbe bò pon Kavayon.

Yo kapab ekri *septanm* oubyen *sektanm*, men, se toujou ak gwoup an. Epi selon yon prensip sistèm son lang kreyòl Ayiti a, son /an/, son /en/, son /on/ pa janm nan yon silab ki ta fini ni ak son /b/ ni ak son /d/. Egzanp:

(9) kodenn – Endyen, desann – desandan, manm – demanbre, bonm – bonbade

Fòk yo separe pwonon kout w ak ap. Se 2 mo. Menm jan pou m, l, n, y ap

Ministè Sante Piblik gen yon kat nasyonal vaksinasyon. M pa konn ki lè yo te premye enprime l nan enprimri dè Zantiy. Antouka, m egzamine youn yo bay manman yon tibebe ki fèt lopital Kafou 24 desanm 1999. Kat la gen lè suiv

òtograf ofisyèl 1980 an, piske li gen fòm tankou: mwa, swiv, jwenn, byen, chemen, genyen, plen. Men, li chaje ak erè òtograf nan 162 mo pawòl ki ekri an kreyòl nan kat la. Li sèvi ak aksantegi douz fwa pou pi piti. E nanpwen okenn é nan sistèm òtograf 1980 an. Se e ki genyen. Men egzanp mo ki gen erè òtograf ladan yo : *madan m, ti moun, la sante, minnin, Bali, ansanb, kolo-n, dwé, krazé, paré, véso, séròm, sé, profité, mété, manjé*. Se ta dwe: *madanm, timoun, lasante mennen, Ba li, ansanm, kolonn, dwe, kraze, pare, veso, sewòm, se, pwofite, mete, manje*. Gen 67 mo nan pawòl ki ekri an franse sou kat la. Nanpwen yon sèl grenn erè òtograf nan mo sa yo, ni yon sèl grenn erè tipografi.

Si yo tap bay yon pri pou egzanp ki sèvi pi mal ak òtograf kreyòl la, ki sèvi ak li pi tèt anba nèt, esplikasyon yo ekri pou ti rechò gaz Ayiti Metal yo ta gen premye pri. Men egzanp mo ki gen erè òtograf: *shita, récho. Ashté, kerosin, Mété mesh spésial, pozision, boutey, chaviré, viré, kô, brilé, souké, dé gôsh a doit, join, blé, kembé, gry, chôdié, mangé, , en fas, iou zégui*. Ranplase mo sa yo ak mo ki ekri selon sistèm ofisyèl òtograf la: *chita, rechò,achte, kewozin, mete mèch espesyal, pozisyon, boutèy, chavire, vire, kò, brile, souke, de gòch a dwat, jwenn, ble, kenbe, griy, chodyè / chòdyè, manje, anfas, you / yon zegui*.

(Nou kab jwenn bon esplikasyon sou òtograf ofisyèl 1980 an, nan Dejan 1980: 1986)

Pwoblèm aprann li

Nan tout peyi sou latè, gen yon valè timoun ki gen pwoblèm ak lekti epi ak ekriti lang pa yo. Timoun sa yo mal pou aprann li. Nan nimewo mas 2001 magazin ameriken « Time », Ennmèch Kè (2001: 56) ekri yon atik sou rechèch savan italyen, franse ak angle fè an 2001 sou pwoblèm nan. Yo jwenn se yon zòn ki pa fonksyone byen nan sèvo sèten moun ki lakòz difikilte yo genyen nan aprann li, kèlkeswa lang yo pale a. Men, mòd òtograf, ki pa regilyè e ki konplike tankou òtograf angle ak òtograf franse, ogmante difikilte aprann li pou timoun ki konn lang sa yo. Ti Italyen menm pa gen anpil pwoblèm ak enkonvenyan zòn ki pa fonksyone byen nan sèvo yo a, tankou ti Ameriken, ti Angle ak ti Franse, paske òtograf italyen an regilyè. Li pa twò konplike.

Sistèm son lang angle a sèvi ak 40 son diferan, - sa espesyalis rele fonèm. Men, òtograf angle ekri 40 grenn son diferan sa yo, mil san ven (= 1120) fason diferan.

Sistèm son lang italyen an sèvi ak 25 son diferan (= fonèm). Men, òtograf italyen an ekri 25 grenn son diferan sa yo, tranntwa (= 33) fason diferan sèlman.

Dapre rechèch pa m (Dejean 1977, 1980, 1986, 1995), sistèm son lang kreyòl Ayiti a sèvi ak 26 (oubyen 27) son diferan (= fonèm). Men, òtograf ofisyèl 1980 nou an ekri 26 oubyen 27 son diferan sa yo, sèt (= 7) grenn fason diferan

sèlman. Ayisyen ki toujou ap plenyen pou sa k pa bon nan peyi nou, kapab pa konn ki kalite bon òtograf ofisyèl modèn, regilyè, nou genyen pou n ekri kreyòl depi 30 janvyè 1980, - sa deja fè 23 ane. Si peyi a pa te andikape ak yon sistèm lekòl tèt anba, depi dat 1980 sa a, tout timoun 6, 7, 8, 9 an ki pase 2 grenn ane lekòl ant 1981 ak 2001, ta gen tan konn li kreyòl fen, pou yo li liv an kreyòl, pou yo aprann, pou yo devlope anpil konesans, ki ta itil yo, ki ta itil fanmi yo, ki ta itil tout peyi a. Elas, vye prejije, mal konprann ak mekanste fè plizyè moun sèvi ak bon sistèm òtograf kreyòl la tèt anba oubyen yo pa sèvi avè l menm.

Si Eraldo Paoulesou, youn nan prensipal savan inivèsite Milan Bikoka, ann Itali, ki te nan ekip ki fè rechèch la, te konn òtograf kreyòl nou an, angiz li ta nonmen Itali, Tiki ak Espay, kòm peyi kote yo ta kapab voye timoun ki gen pwoblèm *andikap lekti* a, li ta mete Ayiti an premye kòm « *kote òtograf la senp epi san dètou* ». (« *where spelling is simple and straightforward* » Credit: Eraldo Paulesu of the University of Milan Bicocca in Italy).

Tout lèt ret nan wòl yo

Sa ki fè òtograf ofisyèl kreyòl la regilyè anpil, se premye prensip li suiv la: se yon sèl valè, se toujou menm valè, chak lèt genyen. Nou wè sa lè nou gade yon tablo ki sèvi ak tout konsòn yo a dwat oubyen a gòch vwayèl a.

B b	ba	ab	egzanp:	aba	bab	kaba	baka	bacha	bagay
Ch ch	cha	ach	...	chat	tach	chal	lach	cha	mach
D d	da	ad	...	rada	rad	dal	malad	salad	dam
F f	fa	af	...	fas	saf	fal	fasil	fache	afiba
G g	ga	ag	...	vagabon	vag	gaga	bag	gate	gato
H h	ha		...	hale (rale)		nan	Sid		
J j	ja	aj	...	jarèt	laj	jalou	lòja	deja	jaden
K k	ka	ak	...	kab	bak	kal	lak	kasav	akasan
L l	la	al	...	las	sal	lasi	silà	salezon	sapoti
M m	ma	am	...	mal	lam	lamè	malè	mas	samdi
N n	na	àn	...	nap	pàn	naje	bekàn	natifnatal	Leyogàn
P p	pa	ap	...	ape	epa	patat	sapat	pati	tipap
R r	ra		...	rara		arete	rape	mera	raje

S s	sa	as	...	sale	elas	sab	bas	Sam	mas	
T t	ta	at	...	tab	bat	tap	pat	tak	kat	
U u										
V v	va	av	...	vav	vag	epav	bav	kav	nav	vale
W w	wa	aw	...	way	kaw	pekaw		lakataw	wayal	
Y y	ya	ay	...	ayayay	bay	kay	may	pay	ray	tay
Z z	za	az	...	zafè	aza	baz	gaz	jaz	raz	vaz

Nou remake 17 konsòn plis (+) 3 demivwayèl (u – w – y). Sa fè 20 fòm ekriti diferan pou reprezante 20 son (= fonèm) diferan. Youn ladan yo se yon konbinezon 2 lèt : c ak h = *ch*. Nan 17 konsòn yo, gen h ki gen yon valè espesyal nan zòn sid. Apre kolonn gwo lèt (majiskil) ak ti lèt (miniskil), nou jwenn yon kolonn 2 lèt. Dezyèm nan se a. Nan kolonn sa a, nou wè manke lèt a yon sèl fwa. Se a dwat demi vwayèl u. Nan yon lòt kolonn ki gen 2 lèt tou, premye a se a. Nan dezyèm kolonn sa a, nou wè manke lèt a 2 fwa. Se a gòch r, paske, anwetan kèk fwa, nan zòn Nò, r pa parèt nan fen silab nan mòd pale kreyòl divès lòt kote nan peyi a. Apre sa, se a gòch u, paske demi vwayèl u pa parèt a dwat okenn vwayèl. Epi nan plas a tout senp, se à (ak yon aksan grav), ki parèt a gòch n. Rezon an se sistèm ekriti vwayèl yo. Men kouman yo ekri 10 vwayèl:

A a lè lèt la reprezante son /a/ nan tout egzanp silab ki nan kolonn ba - za ki nan tablo a. Men, yo ekri à lè son /a/ a gòch konsòn /n/, ki kenbe wòl konsòn li, sa vle di lè pwononsiyasyon l, se pwononsiyasyon menm son ki nan kòmansman mo tankou : nat, nan, nesesè, nè, nen, ni, notè, nò, non, nou.

An anse 2 lèt, men, se yon sèl son = vwayèl nazal ki nan: ban, chan, dan, fann, gan, jan, kan, lanbi, manman, nannan, pan, ran, san, tan, van, zanmi, eksetera.

E e lè lèt la reprezante son /e/ nan: bese, cheri, de, fete, geri, je, kepi, lese, mete, netwaye, pe, rete, se, te, vle, wete, ye, ze, eksetera.

È è lè lèt la reprezante son /è/ nan: bè, chè, dèt, fèt, lagè, lajè, kè, lè, mè, nèt, pè, rès, tè, vè, wè, yè, zèl, eksetera.

En en se 2 lèt, men, se yon sèl son = vwayèl nazal ki nan: benyen, chen, sendenden, fen, gen, jen, kenbe, lendi, men, nen, pen, ren, sen, tenten, ven, zen, eksetera.

I i reprezante son /i/ sèlman nan: bib, chi, di, fi, gildiv, ji, ki, eksetera.

O o lè lèt la reprezante son /o/ nan: bo, cho, do, fo, gogo, joli, kobo, lo, mo, notè, po, so, tolalito, vo, wo, yo, zo, eksetera.

Ò ò lè ò (ak aksan grav) reprezante son /ò/ nan: bò, chòt, dòk, fò, gòl, jòn, kò, lò, mò, nò, pò, sò, tòl, vòl, wòl, deyò, dezòd, eksetera.

On onse 2 lèt, men, se yon sèl son = vwayèl nazal ki nan: bon, pichon, don, fon, gon, jon, kont, selon, monnonk, non, pon, son, tonton, vonvon, bouyon, zonyon, eksetera.

Ou ou se 2 lèt, men, se yon sèl son = vwayèl oral ki nan: bouch, chouk, dous, fou, gou, jou, kou, lou, nou, pou, sou, tou, vouzan, koukouyoukou, panzou, eksetera.

Timoun tankou granmoun kapab aprann yon òtograf ki regilyè, ki fasil, ki modèn, tankou òtograf ofisyèl 1980 an, rapid, rapid, ak konkou yon moun ki etidye l, nan yon ti liv tankou Ann aprann òtograf kreyòl la (Dejan 1986), ak 3 premye gran tablo lekti (Dejan 1994, ki pibliye yo tou ak 4 lòt tablo nan koute pale li ekri 4 chemen konnen, Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon, 1995).

An Frans, 22 novanm 1799, prefè polis vil Pari a te pase lòd pou moun korije ansèy, tablo, afich ki pa te konfòme yo ak regleman lang franse a, dapre Bine (1970: 29). Nou pa bezwen sa menm, ni nou pa bezwen okenn sèvis leta ta pran pòz diktatè l nan afè lang ak òtograf. Men, se pou tout ti Ayisyen ta kòmanse aprann li ak bon jan òtograf nou genyen an, nan lang kreyòl yo pale depi yo gen 2-3 an, nan yon sistèm lekòl ki pa ta tèt anba.

Chapit 22

Malè pandye nimewo 213

Nan fen ane 1986, mwen menm ak frè m, Pòl Dejan, nou te pran kontak ak moun ki tapral prepare nouvo konstitisyon an, pou nou rekòmande yo ekri l an kreyòl dirèkteman, san se pa pawòl konplike yo ekri an franse, anvan, pou yo mete yo an kreyòl, apre. M pa bezwen di, yo pa suiv konsèy nou an. Lè pou yo pale afè lang nan nouvo konstitisyon an menm, yo pa chèche konn opinyon moun ki etidye pwoblèm lang. Ata poul yo pa pran nan men Viktò Igo (1802-1885).

Gadavou fiks!

Senkannsèt sitwayen ayisyen ki pase anpil ane lekòl, gen lè suiv yon lide Voltaire (1694-1778) pye pou pye, lè yo ekri nimewo 213 konstitisyon 1987 la. Men sa yo deklare: «*Yo mete yon Akademi pou li fikse lang kreyòl la...*» («*Une académie haïtienne est instituée en vue de fixer la langue créole et de permettre son développement scientifique et harmonieux.* »)

Pawòl la sanble ak nimewo 26, 3, regleman Akademi franse, Richelye te mete sou pye an 1625: «*Travay Akademi franse a se netwaye lang lan epi fikse li* » («*L'institution de l'Académie française ayant pour objet de travailler à épurer et à fixer la langue...* ») (Al wè Rachevskis 1975:12). Se yon lide Vòltè te kenbe fèm, espesyalman apre li te vin antre nan Akademi franse a, an 1746, «*depi kounye a, (lang) franse a fikse nan pi wo degre* » lang kapab rive (Rachevskis, 1975: 45, 59, 68, 100).

Ka Viktò Igo a enteresan anpil. Lè li tap prezante «*Odes et Ballades* », kòm yon jèn powèt, ki te fèk parèt, an 1824, a 22 an, li te deklare Bwalo ak Rasin te gen anpil merit: Yo te fikse lang franse a. Se lide Vòltè a Igo tap repete e li kontinye repete jis an 1826. Epi, lè 1827 rive, li kase yon koube sèk. Li te gen 25 ane sèlman. Li lage lide Vòltè a nèt, etan li mete Kwomwèl deyò. Nan prefas pyès teyat sa a, li atake lide sa a anpil entelektyèl te konn ap repete nan kòmansman dizivyèm syèk la. Li ekri:

«*Lang franse pa fikse ni li pap fikse. Lang pa kapab fikse. Lespri moun toujou ap mache. Oubyen, si nou vle di l yon lòt jan: li toujou an mouvman, e lang lan an mouvman avè l. Se kon sa bagay yo ye... Lang se tankou lanmè, y ap ale vini san rete... Se pou gremesi Josye nou yo, nan branch literati, ap rele di lang franse a: rete. Lang ak solèy pa rete ankò. Jou yo fikse, se mouri yo mouri.* » (Watbourg 1969: 220-221)

Ochan pou Viktò Igo

Tout moun ki etidye lasyans lang depi 1891 jis an 2001, ni sa ki san diplòm, ni gwo savan, ta dakò nèt ak pawòl Viktò Igo yo. Nanpwen yon liv enpòtan, sou koze lang an jeneral, depi kou Sosi a (1911), ki pa gen yon chapit sou chanjman ki toujou ap fèt nan tout lang. Nou annik chonje kèk dat gwo liv lengwis ki koni, ekri, tankou: Vendriyes (1914), Sapir (1921), Bloomfield (1933), Gleason (1955), Robert Hall (1960), Martinet (1961), Hjelmslev (1963), Chomsky ak Ale (1968), Lyons (1970), Julia Falk (1978), Ogredi, Dobwovolski, Awonòf (1993, chapit 7: 255-285).

Si moun ki envante konstitisyon nou an, te suiv menm tras Viktò Igo te suiv san swasant an anvan 1987, oubyen si yo te chèche enfòmasyon nan men moun ki etidye pwoblèm lang fon, yo tap egzante yon premye gwo erè. Sa yo mande a pa gen okenn sans e se yon travay enposib yo bay lòt moun fè. Nan nimewo 210, yo te di: «*Yo dwe ankouraje moun fòme sant pou yo chèche tout mwayen pou*

lasyans fè pwogrè. » Dapre nimewo 213-1, « *Yo kapab mete lòt akademi toujou.* » Si se sou modèl Akademi lang lan, men sa nou ta genyen:

Se kòm si yo ta mete yon Akademi metzin pou doktè fikse longè janm ak ponyèt tout Ayisyen, pou yo kontwole koulè je ak ak kalite cheve tibebe ki fèk fèt ann Ayiti, pou yo bay tibebe nan vant manman yo nèf mwa pou yo pase la anvan yo soti, pou yo pase tibebe ayisyen lòd rale anvan yo mache, mache anvan yo tonbe kouri, gazouye anvan yo pran pale, pou yo fè jèn timoun vin fòme anvan yo fè pitit, pou yo fè yon jan pou kè Ayisyen pa boukante plas ak fwa, oubyen ak sèvèl.

Se kòm si yo ta mete yon Akademi Syans veye pou yo respekte prensip Achimèd la nan peyi d Ayiti ak lwa Nyoutonn rekonèt ki fè yon fòs rale kò nan direksyon mitan anndan tè a.

Se kòm si yo ta mete yon Akademi jewoloji pou savan fòse mòn nou pa depase tèl wotè, pou yo fòse lanmè nou pa depase tèl fondè, pou yo fòse plenn nou pa depase tèl lajè.

Vle pa vle, lanmè deja sale deja

Dezyèm lide dwòl ki nan nimewo 213 la, mande akademi an pou li fè kreyòl la devlope anfòm, ann òd selon prensip lasyans. Nimewo 24 regleman Akademi franse a te mande l fè lang franse « *kapab trete aktivite atis ak aktivite lasyans* ». Se pawòl van. Se pawòl initil.

Se kòm si doktè ayisyen ta anchaje fè yon ladrès pou tibebe sot nan vant manman yo anvan yo pouse dan, pou yo pouse dan anvan yo mache, pou yo mache anvan yo konn tire kont, pou yo konn tire kont anvan yo fòme, pou yo fòme anvan yo kab fè pitit. Se kòm si agwonòm ayisyen ta anchaje fè yon ladrès pou pyebwa pouse ann òd epi selon prensip lasyans, nan peyi a. Kon sa, ak konkou agwonòm, pye mango ta pouse rasin anvan yo fè fèy, yo ta fè fèy anvan yo fleri, yo ta fleri anvan yo donner. Epi mango ta vèt anvan yo mi. Se kòm si fizisyen ta anchaje fè yon ladrès pou bout bwa, bout fè, wòch, ki tonbe nan dlo, respekte prensip Achimèd la.

Sa pou nou fè ak nimewo 213 la, pandan li pa respekte konesans lasyans modèn devlope sou lang depi san ane? Li pa bon. Chanje pou li chanje. Ki moun ki kapab chanje l?

Selon nimewo 282 jis 284-2 konstitisyon an, se pou lachanm senatè ak lachanm depite oubyen gouvènman an mande chanje nimewo 213 la. Nan plas li, yo ta gen dwa ekri kichòy ki kapab itil peyi a. Men yon egzanp:

*Yo mete yon biwo, nan inivèsite leta a, pou li fikse yon pwogram etid ak rechèch sou lang kreyòl la
dekwa pou etid ak rechèch sa yo fèt anfòm, ann òd epi selon prensip lasyans, e pou leta depanse
lajan ki nesesè pou rechèch sa yo* (Dejean , desanm 1993: 277-278).

Malè pandye ki nan nimewo 213 konstitisyon an , se dezagreman moun ak gwoup moun ki konprann se yo ki dwe di lòt moun ki jan pou yo pale lang yo. Nan yon chapit long, Pinker (1995: 370, 372, 403) ekri : « *Pa gen Akademi Lang angle. Sa byen bon kon sa. Wòl Akademi franse, se fè jounalis lòt peyi ri kont ri yo poutèt regleman ki te mennen diskisyon piman bouk, Franse twò kontan pa okipe.* » Blag sa a vin apre yon pawòl serye, ki ranmase anpil lide enpòtan nou li depi premye chapit liv mwen an : « *lè yon savan kalkile tout kalite mekanik mantal wo degre ki nesesè pou mete mo ann òd nan fraz tou senp, regleman moun mete (nan lang) pa plis pase ti dekorasyon ki pa gen enpòtans.* » Pinkè gen rezon kritike grameryen, ekriyen ak entelektyèl ki kwè se yo ki fè lang, se yo ki pou pase lòt moun lòd pale tèl jan, egzante tèl lòt mòd pale. Remake mo dekorasyon an. Nan fen liv Rachevskis (1975: 116) ekri sou Vòltè ak Akademi franse a, li poze tèt li yon keksyon sou wòl li wè Akademi franse a vin genyen? Se yon dekorasyon. Yon gran lengwis franse, yo rele André Martint (1969: chapit 2 : 25-32), ki evite fè chòk ak Akademi franse a, rele moun k ap pwoteje lang franse a, k ap netwaye l, k ap korije l, lèmi lang lan. Li pa manke rekonèt, ann Angletè, « *moun k ap sèvi ak angle a, gen kont libète yo, e sa byen bon pou tout moun.* » Chapit liv Matinè a te parèt nan yon revyèl 3 jen 1963 ak yon lòt non: *Grameryen ap touye lang lan.* Ayiti bezwen tout kalite bon liv an kreyòl, bon pwofesè pou gaye konesans lasyans an kreyòl, bon pwogram radyo ak televizyon an kreyòl. Li pa bezwen okenn Akademi kreyòl pou sèvi l dekorasyon.

Chapit 23

Konkòday Legliz ak Lekòl

Kite m rakonte n kouman mè Jistin, direktris yon lekòl mè, wè 300 kreten tounen 300 kretyen. Annapre n a reflechi ansanm avè m sou rapò Legliz ak sistèm lekòl nou an. Lendi 17 me 1965, vè 7 è edmi di maten kon sa, mwen te youn nan pasajè kamyon Linosans ki te ale vini ant vil Okap la ak ti boug Lakil di Nò a. Wout la pa long. Se yon demiyèdtan. Kire pawas la, defen konfrè m, pè

Lamou, potko retounen sot nan yon chapèl, men, li te anonse m te gen pou m vini jou sa a. Youn nan premye vizit mwen fè, se te nan lekòl mè Lasajès yo. Se yon sè defen doktè Kastr, ki te konn swen tout fanmi manman m ak papa m, ki te siperyè kominote 4 mè ayisyen sa yo. Tout te deja rekonèt mwen. Youn te zanmi yon sè m. Yo byen akeyi m. Lekòl la te gen 300 elèv. Tout tifi sa yo, dapre pawòl direktis lekòl la, twa lòt mè yo ak kèk matmwazèl ki te pwofesè, te sòt, te kreten, pa te konprann anyen. Mwen bay sè siperyè a yon defi : M ap vin wè nou anvan 3 è apre midi a pou m ban nou prèv elèv yo pa pi sòt pase ni mwen ni wou. Li dakò. Li te onz è. Y ap lage timoun yo.

Mwen wè yon gwoup ti medam nan lakou a, chak ak yon liv nan men yo. Sa y ap fè la? Yo kenbe yo lekòl la. Yo an pinisyon. Yo pa konn leson yo. Se bann kreten ki pi kreten nan lekòl la. Se elèv klas elemantè 1. Sou pwen sa a, jèn ti matmwazèl ki pwofesè klas la, dakò nèt ak mè siperyè ki fin granmoun tèt blanch nan redi fè lekòl depi tanndat. Ebyen, se ak klas sa a menm m ap sèvi apre midi a pou sa mwen vle montre a. Annatandan, m pale dirèk ak timoun yo devan mè siperyè a ak matmwazèl la:

- Timoun, nou mè al lakay nou. Mwen vin fè n yon vizit. Nanpwen pinisyon jodi a.

Mè siperyè oblije dakò, men, fòk li montre li te gen rezon di sa l te di a. Li di m:

- Yo pa konprann ou non.

Pa konprann menm? Nanpwen jou ! Si yo potko derape al lakay yo tousuit, se krentif ki te nan kò yo pou mè siperyè ak pwofesè a ki te la. Epi, se premye fwa yo te wè moun sa a ki pase yo lòd al lakay yo kareman.

- Timoun, mwen se pè Dejan. Apre midi a m ap vin wè nou. Kounye a, ann ale. Nanpwen pinisyon.

Se gran kè kontan nèt. Lekòl lage. Tout bann timoun yo suiv mwen al nan baryè a. Yo mache avè m nan lari a. Tout ap soupriye m: pinga m pa vini apre midi a non.

Zewo nan kanè lekòl – Trè byen nan bay bon esplikasyon

Anvan 2 è edmi, mwen nan lekòl la. Se ant 25 ak 30 elèv ki nan klas elemantè 1. Se timoun ki lekòl depi 4 an oubyen 5 an, si yo pa janm double. Siman se yon grenn oswa 2 grenn nan yo ki pa janm double. Nan lekòl frè Twou di Nò, m te vizite 26 avril 1965 la, se 4 elèv sèlman nan klas sètifika ane sa a, ki pa te janm double. E chè frè yo te panse lekòl primè Twou di Nò yo a, ki te gen 300

tigason, se youn nan pi bon lekòl yo. Ann retounen nan klas elemantè 1 lekòl mè Lakil di Nò a. Ni matmwazèl la, ni elèv yo te san souf nan tann vizit la. Mè siperyè tou. Natirèlman, yo te fè lide fè m chita byen rèd nan plas pwofesè a. M pran yon chèz, m chita nan mitan klas la san fason epi, san atann, mwen tire senk bèl kont timtim bwa chèch youn dèyè lòt. Timoun yo pran chenn. Repons pati tankou kout fizi. Epi yo chèche kole m ak kont pa yo (= kina yo, nan mòd pale zòn nan). M mande yo ban m kèk istwa Bouki ak Timalis (yo konn di Bouki ak Lapen lan Nò tou) ak istwa ki gen chante tou. Tout kreten (se pa pawòl pa m non) tounen bèl kontè, bèl mantè. Kont yo tire menm, ta kont pou ni mwen menm, ni elèv parèy yo ret bèbè.

M tonbe mande timoun yo tout kalite keksyon sou bèt, pyebwa, danre, lòt bagay, ki nan peyi yo. M mete pèlen pou yo. M di yo: Poul ranni, se ak farin mayi yo fè kasav. Yo korije m: Poul kakaye, se ak farin manyòk yo fè kasab (yon fòm yo jwenn tou pou koulèb, pou lafyèb). Yo ban m anpil espikasyon klè. Yo mete anpil presizyon. Tanzantan, m poze yon keksyon tou senp an franse. Tout elèv yo pe bouch yo an franse. Franse pa yon lang yo konnen. Se yon lang etranje. Moun pa ta dwe di sa. Se pawòl ki veksan. Tanzantan, m poze yon keksyon tou senp ann angle. Ni elèv, ni mè, ni lòt pwofesè sote, epi yo pe bouch yo ann angle. Angle pa yon lang yo konnen. Se yon lang etranje. Moun gen dwa di sa. Se pa pawòl ki veksan.

Aprè sa, m fè tout moun koute yon anrejistremant m te gen sou bann mayetik nan mayetofòn mwen : « *Yon Ayisyen ki konnen ap espikasyon yon Ayisyen ki pa konnen sa Jezikri ye.* » Tout moun ap koute ak anpil atansyon. Jan yo pale aprè sa, montre jan yo konprann koze a fen, jan yo apresye l. Tank sè siperyè kontan, se tank li etone tou. Sa ki pi frape l, dapre sa l di m, se lè li wè timoun ki dènye nan klas yo, sa yo pi konn rele kreten, se yo ki pale pi alèz, ki pale pi klè, ki espikasyon sa yo konprann pi byen, ki poze pi bon keksyon. Epoutan kanè lekòl yo chaje ak zewo, demi pwen, 1 ak 2 sou 10.

Mè siperyè pèsiste m pou m al montre gran demwazèl kou menaje a kouman yo kapab mete men nan alfabetizasyon, kouman yo ta kapab montre granmoun li ak ekri. Tousuit, m asepte al avè l nan klas sa a. Epi m oblije asepte envitasyon mè yo fè m pou 18 me a, pou m al brase lide ak yo sou wòl kreyòl la nan devlopman konesans elèv yo nan koze relijyon tankou nan tout lòt keksyon. Pawòl yo te anpil. M oblije kontinye reyinyon ak mè yo landemen, 19 me, pandan leta te bay konje jou sa a. Men, pi bèl koze a, se te vizit mè siperyè a mande mwen fè lekòl la jedi 20 me a. Mè yo te tande plizyè anrejistremant mwen te fè ak mayetofòn nan divès kote sou sa anpil fidèl pa konnen nan kwayans enpòtan legliz. Sa te yon ti jan boulvèse yo.

Katechis franse bloke mesaj Legliz Katolik

Anvan 3 è sonnen, mwen te nan klas elemantè 2. Gen 22 elèv. Sa fè yo sis, uit an depi yo lekòl kay mè yo. Rive m rive, m anonse yo pral gen yon ti egzamen ekri tousuit. Mè Lisi bay chak elèv yon fèy papyè. Y ap ekri non yo pandan m ap kopye sèt keksyon sou tablo a:

	Repons elèv yo bay:	WI	NON
1. Èske Jezi se yon kretyen vivan?	kenz	kenz	sèt
2. Èske Jezi se yon gason?	ven	ven	de
3. Èske Papa Jezi se yon gason?	vennde	vennde	zewo
4. Èske Lespri Sen se yon gason?	disèt	disèt	senk
5. Èske anpil moun te wè Jezi ake je yo?	dizuit	dizuit	kat
6. Èske Jezi se yon èspri san kò kounye a?	sèz	sèz	sis
7. Èske Jezi gen tèt, pye, bouch, kounye a?	douz	douz	dis

Mwen di yo gade 7 keksyon ki ekri yo byen gade, pou je yo vin abitye ak ekriti a. Mwen bay kèk ti espikasyon sou 7 keksyon yo an fòm ti keksyon elèv yo prese reponn, san yo pa ezite, san yo pa fè erè:

- Èske mwen menm, mwen se yon kretyen vivan?

Tout moun reponn « wi » an menm tan. Yon lòt bon repons soti nan bouch yo tousuit lè mwen mande yo:

- Èske se sen Jozèf ki papa Jezi toutbon?
- Non. Se Papa Bondye ki Papa Jezi.

Aprè sa, m fè klas la kopye premye keksyon an jan li ekri a. Ansanm ak mè a, mwen kontwòle si yo kopye l byen. Epi m tounen espikasyon yo 2, 3 lòt fwa, se wi sèlman oubyen se non sèlman pou yo ekri kòm repons. Lè fini, m di yo ekri repons pou premye keksyon an pandan m ap konte depi 1 jiska 10, tou dousman. Lè tout elèv yo fin ekri repons premye keksyon an, m fè yo kopye dezyèm nan. Reponn li. Epi twazyèm, eksetera. Annapre, yo ranmase fèy yo. M tap gade kèk repons prese prese, lè mè siperyè ak yon lòt mè ki pwofesè klas sètifika a, rive ak tout elèv sètifika yo. M kite yo gade keksyon ki sou tablo a. Se atò m bay bon repons yo. Pi fò elèv, ata pi gran ki nan klas sètifika, sezi lè yo tande:

- Jezi se yon gason.
- Yo pa te janm di nou sa!

Yo sezi tande:

- Papa Bondye se pa yon gason.

Mè yo pi sezi toujou, lè yo tandè: elèv yo, elèv ka mè, pa konnen verite enpòtan sa yo, verite prensipal sa yo, legliz katolik, legliz pwotestan ap plede preche depi konbyen syèk. Kounye a, se yon egzamen oral lib, mwen tanmen fè ak timoun klas elemantè 2 ki reyini ansanm ak elèv klas sètifika. Mwen voye yon kantik franse tout moun ki la yo konnen: *Notre Dame du perpétuel secours...*

- *Sa Nòtredam vle di? Sa pèpetyèl vle di?*

Elèv yo di tenten. Yo bay tout kalite repons kwochi. Mè siperyè pa kab kenbe ankò. Li panche nan zòrèy yon gran elèv ki te chita pre l: *pèpetyèl = tout tan*. Etan m ap ri, mwen di:

- *Men m bare labòn mè ap bay poul.*

Tout moun pete ri. M kontinye :

- *Notredam di Mon Kamèl – Notredam de Fatima – Notredam d Altigras – Notredam de Loud – Lasent Vyèj Mari – Sen Jak – Sen Pyè. Konbyen non mwen nonmen?*
- *Sèt.*
- *Se byen. Konbyen moun diferan sa fè?*
- *Sèt tou.*

M te pare pou sa. M pa brannen. M rekòmanse kè pòpòz:

- *Labòn mè – pè Dejan – Mè Lisi – Mè Iv – Mè Jistin. Konbyen non m nonmen?*
- *Senk.*
- *Konbyen moun sa fè?*
- *Kat.*

Tout elèv byen konnen : *labòn mè* (jan yo rele mè siperyè nan lekòl mè Lasajès yo) ak *sè Jistin* se menm moun nan. Men, yo kontinye di: *Lasent Vyèj Mari, Notredam de Fatima*, eksetera, se plizyè moun diferan.

Lè nou ranmase tout repons elèv, douz, kenz an sa yo, ki anba bouch mè depi plis pase 6 an, nou kapab imajine 2 deklarasyon sou kwayans relijye ti medam yo ki eretik (sa vle di ki revè sèten kwayans enpòtan, fondamantal, tout moun ki batize nan legliz katolik, tankou tout moun ki batize nan legliz pwotestan, dwe kenbe fèm. Epi deklarasyon yo chaje ak kontradiksyon tou.)

Premye deklarasyon (an sèt fraz):

<i>Jezi se yon moun ki byen vivan.</i>	15	elèv	ki	pale	verite.
<i>Jezi se yon moun ki byen vivan e se yon gason.</i>	20	elèv	ki	pale	verite.
<i>Papa Jezi se yon moun, e se yon gason.</i>	22				eretik.
<i>Lespri Sen se yon moun, e se yon gason.</i>	17				eretik.
<i>Anpil moun te wè Jezi ak pwòp je yo.</i>	18	elèv	ki	pale	verite.
<i>Kounye a Jezi se yon lespri san kò.</i>	16				eretik.
<i>Men, kounye a Jezi gen tèt, pye ak bouch.</i>	12	elèv	ki	pale	verite.

Dezyèm deklarasyon (an sèt fraz):

<i>Jezi pa yon moun byen vivan.</i>	7				eretik.
<i>Jezi se pa yon gason.</i>	2				eretik.
<i>Papa Jezi se yon gason.</i>	22				eretik.
<i>Lespri Sen se pa yon gason.</i>	5	elèv	ki	pale	verite.
<i>Pa te gen anpil moun ki te wè Jezi.</i>	4				eretik.
<i>Jezi pa yon lespri san kò.</i>	6	elèv	ki	pale	verite.
<i>Kounye a Jezi pa gen ni tèt, ni pye, ni bouch.</i>	10				eretik.

Elèv mè yo oblije vin lamès chak dimanch. Yo resite lapriyè plizyè fwa pa jou lè yo lekòl. Yo suiv kou relijyon chak jou lekòl pandan plizyè ane. Pè pawas la vin fè ti pale avèk yo sou pawòl Bondye tanzantan. Moun ki enfòm, pa bezwen reflechi anpil pou yo konprann si se kon sa elèv mè ki elèv mè iyoran nan afè relijyon, pa mande pou pi fò lòt fidèl yo.

Okazyon pa te prezante pou m wè mè Jistin, lòt mè yo ak pwofesè yo apre semèn 18 me 1965 lan. Lè m ale, mwen panse yo pa te wè 300 elèv yo kòm 300 kreten ankò, men, kòm 300 kretyen vivan nòmal ki gen yon lespri/sèvo tankou tout moun, ki konn pale, koute, konprann, reflechi, nan lang pa yo, nan lang kreyòl yo te atrap, depi yo te gen 2, 3 an.

Kwak vizit Lakil di Nò mwen an vanse gen 40 an, sa ki fè mwen kapab bay anpil detay ak anpil presizyon kon sa, se paske mwen te gen tan kouche yo sou papye, nan yon lèt 4 paj alamachin mwen te ekri manman m tousuit apre, nan dat 25 me 1965. Lèt la te anba je m etan mwen tap ekri chapit sa a.

Yon liv katechis ki pa te an franse

Èske moun yo te konnen yon evèk franse, monseyè Kèsizan, ki te deja gen plis pase 20 ane alatèt dyosèz Okap kote pawas Lakil di Nò a ye a, te pibliye yon katechis kreyòl an 1922, 43 an anvan rankont nou an? Nan ki sikonstans, pou ki moun epi pou ki sa? Monseyè Kersuzan (1922: 5) te ankouraje yon gwoup douz demwazèl Okap kòmanse yon travay montre timoun ki pòv, katechis. Se pwòp pawòl li mwen souliyen. Li fè reyinyon avèk ti medam yo yon fwa pa mwa:

« Tousuit, nou te konprann fòk se ak kreyòl pou yo sèvi. M ensiste pou yo pa fè yo aprann anyen an franse. Dapre esperyans mwen, m te sèten yon timoun iyoran vin pa kapab konprann sa yo montre l, poutèt yo foure yon pawòl franse ki pa gen sans pou li, nan tèt li, afòs yo fè l repete l. »

Pandan y ap reyini chak mwa, yo rive wè travay la mande pawòl ki ekri. Genyen ki dekouraje, yo kite sa. Sis lòt kontinye. Yo kòmanse tradui katechis franse dyosèz la an kreyòl, leson pa leson. Sa pran yo twaz an. Apre sa, yo travay ansanm ak monseyè Kèsizan pandan 9 mwa. Epi kèk zotobre Okap, depi anplwaye leta jis komèsan, 6 matmwazèl yo ak kèk lòt ti medam, pase men nan katechis la. 2 oubyen 3 lòt evèk katolik franse ki te ann Ayiti, bay lide pa yo. Dènye moun ki koriye liv la se Jòj Silven, ki te anbasadè an Frans lè a (Kersuzan 1922: 6-8).

Nou sot wè nan ki sikonstans, monseyè Kersuzan mete premye katechis kreyòl legliz katolik ann Ayiti a deyò. Pou ki moun epi pou ki sa liv la te fèt? Repons keksyon sa a pa fin klè nèt. Sanble li di se paske ti medam yo tap travay ak timoun ki pòv epi ki iyoran. Andire pawòl la ta kapab fè moun ki li l, sipoze se pa pi fò katolik ayisyen, granmoun kou timoun (= 97 pou san popilasyon peyi a an 1922) ki te bezwen pase pa chemen kreyòl la pou yo konprann sa legliz katolik te anchaje montre yo nan koze relijyon.

Moun k ap montre timoun katechis an Dominikani, èske se paske yo annafè ak ti pòv malere sèlman epi ak ti iyoran sèlman ki fè se an panyòl yo montre yo katechis? Lè y ap prepare pitit gwo endistriyèl, gwo militè, gwo komèsan, gwo ofisyèl dominiken, pou premye kominyon, yo montre yo katechis an panyòl. Men, moun k ap montre yo katechis, byen konnen: se pitit moun rich yo ye, se pa ti malere. Epi yo pa ti iyoran, nan sans timoun ki pa janm al lekòl, ki pa aprann ni li, ni ekri, ni fè kalkil, eksetera. Okontrè se timoun ki nan pi bon lekòl ak pi bon pwofesè ki an Dominikani.

Se viv an kreyòl ki mande aprann katechis an kreyòl

Nou wè sa fè lontan yo poze sèten pwoblèm mal ann Ayiti. Sa mwen vle di la a: sa fè lontan yo poze pwoblèm ki konsène plis pase 95 pou san popilasyon an, ni timoun ni granmoun, kòm si se pwoblèm yon ti pòsyon moun nan peyi a. Se vre te gen timoun pòv Okap an 1918. Se vre timoun sa yo te iyoran nan sans yo pa te janm al lekòl, yo pa te konn ni li, ni ekri, ni fè adisyon, soustraksyon, multiplikasyon, divizyon nan kaye. Men, ni yo, ni 99 pou san lòt moun nan peyi a, ni granmoun ni timoun, fòk se an kreyòl yo te aprann katechis, paske se kreyòl sèlman ki te lang 99 pou san nan yo, tankou se panyòl ki te lang Dominiken.

Èske monseyè Kersuzan pa te konnen 99 pou san tifi ak tigason, ant 5 an ak 13 an, nan dyosèz Okap, an 1918, pa te gen lòt lang pase kreyòl? Pi fò granmoun te nan menm ka a. Kon sa, ki rezon ki te genyen pou yo prepare yon katechis kreyòl? Se pa te sitiyaasyon yon valè timoun pòv ki pa te pase lekòl sèlman, ki te mande sa. Se sitiyaasyon prèske tout popilasyon an ki te mande katechis an kreyòl paske lafwa fèt pou tout moun e « *lafwa soti nan tandè.* » (Lèt apot Pòl pou moun Wòm yo 10, 17). Epi gen yon lòt pawòl Pòl (premye lèt pou Timote, 2, 4) ki dwe te nan tèt evèk Okap la: « *Bondye sovè nou ki vle tout moun sove, (tout moun) rive konnen laverite.* » Nan lespri yon moun ki te reskonsab prèske yon milyon katolik, pawòl la te vle di: *Bondye vle tout moun dyosèz mwen rive konnen laverite.* Konesans laverite = konnen laverite, se 2 mo Pòl repete 4 fwa (nan dezyèm lèt pou Timote a, 2, 25 – 3, 7, nan lèt pou Tit la, 1, 1, nan lèt pou Ebre yo, 10, 26). Mo grèk pou konesans lan, li sèvi avè l kenz fwa kon sa (Women 1, 28 – 3, 20 – 10, 2, Efezyen 1, 17 – 4, 13, Kolosyen 1, 9, 10 – 2, 2 – 3, 10, Filemon 6). Dapre Bawè (1957: 291), M. Kare (1966: 70), Tradiksyon franse (1988) Labib Alyans bibliik inivèsèl ak Sekretarya women pou kretyen mete tèt yo ansanm, mo grèk pou konnen an, *epignosis*, gen sans konnen byen konnen, konnen toutbon, konnen vre.

Dapre *esperyans* monseyè Kèsizan, selon pwòp pawòl li, nou pa gen okenn bon rezon pou nou ta kwè, li pa te byen konnen se pa te espesyalman pou *timoun pòv ki iyoran*, yon katechis an kreyòl te nesesè, men, prèske tout popilasyon Ayiti a, ki te batize nan katolik, te byen bezwen l. An 1951, yon lòt evèk katolik franse, monseyè Pòl Wobè (1952: 5), evèk Gonayiv, tap prezante « Missel créole » kòm yon devlopman « Manuel Catholique » (1941) yon ti liv pou enstwi « *fidèl ki pa konn franse* ». Pawòl yo yon ti jan woule *m de bò*, yo pa pale verite a kareman. Yo pa di: *Se plis pase 200 ane reta nou genyen nan legliz katolik, pandan nou pa te rekonèt lang tout popilasyon peyi a se kreyòl. Se an kreyòl nou te dwe anonse pawòl Bondye a, si nou pa te pè kontrarye yon ti lelit ki konprann franse tou.* Angiz nou jwenn yon deklarasyon kare kon sa, nou wè monseyè Robert (1952: 5) di: epòk 1941 an, mete yon ti manyèl katolik an kreyòl deyò, te mande kont kouraj. Mwen panse, ni li, ni monseyè Kersuzan, an 1922, te fèmen je yo sou prejije yon swadizan *lelit*, mwens pase 2 pou san popilasyon an, ki te kwè se yo sèlman ki moun, antouka se yo sèlman ki *moun debyen*, paske yo pale franse tou.

Antouka, yon bagay te klè pou monseyè Kersuzan, pou tout evèk, pou tout pè, pou tout frè, pou tout mè, menm jan tou pou tout reskonsab legliz pwotestan yo, pou tout pastè, pou tout predikatè, se premye mo dènye vèsè, dènye chapit evanjil Matye a, 28, 20: montre yo. Plis pase tout lòt patizan Jezi, tout moun ki nan yon pozisyon otorite, lidè, predikatè, reskonsab, òganizatè, nan legliz, se yo ki prensipal sijè vèb montre Matye 28, 20. Konpleman vèb la menm, yo, kenbe plas tout pèp, tout peyi, tout nasyon, sa vle di tou anpil gwoup moun ki pale

plizyè lang diferan. Sans vèb montre a klè. Matye sèvi avè l yon douzèn fwa, egzanp 4, 23 – 5, 2, 19 – 7, 29 – 9, 35 – 11, 1- 13, 54 – 22, 16 – 28, 15. Vèb la mache ak konprann epi ak aprann. Nou jwenn 3 vèb sa yo montre, konprann, aprann nan pawòl monseyè Kersuzan (1922: 5), lè li di yon timoun k ap aprann katechis dwe « *kapab konprann sa yo montre l.* » Vrèman vre, pou ki sa yo montre l katechis? Pou li gen lafwa.

Se yon dezyèm verite ki te klè pou monseyè Kèsizan, dapre yon pawòl apot Pòl (Women 10, 17): « *Lafwa soti nan sa yo tandè.* » Pou ki sa? Paske pou moun ki asepte Bon Nouvèl Jezikri a, gen 3 pwen nan lafwa: konesans, konfyans ak obeyisans.

Pou jan lengwis modèn konsyan *chemen prensipal konesans se pawòl moun pale ak pawòl moun tandè*, yo pap manke trouve pawòl Pòl la enteresan.

Sa ki dwòl, nan sèten epòk epi nan sèten kote, moun k ap preche pawòl Bondye a, moun k ap anonse Bon Nouvèl Jezikri a, sanble pote neglijans nan suiv yon lide klè kon sa, ki alabaz aktivite anseyman legliz. An 813, ane anvan lanmò lanprè Chalmay, yon gran reyinyon evèk nan vil Tou, an Frans, yon konsil, jan yo rele gran reyinyon evèk sa yo, pase pè lòd, lè y ap preche, pou yo sèvi « *ak lang popilè a oubyen woman oubyen alman, pou tout moun kapab konprann sa yo di pi fasil* » (al wè Elcock 1971: 329). Nan kokennchenn zòn lanprè Chalmay te kòmande ann Ewòp la, te gen 2 pati, youn, kote mas pèp la te pale yon fòm lang franse, yon lòt kote mas pèp la te pale yon fòm lang alman. Men, abitud preche an laten, sèl lang pè, jij, avoka, sekretè, kèk pitit gason gran nèg, kèk gran savan, doktè ki swen maladi, te etidye lekòl, te lakòz mas pèp la te vin pa konprann pawòl yo te preche nan legliz.

Se yon move sitiyasyon kon sa nou jwenn Sendomeng, plis pase 800 ane apre konsil Tou a, poutèt lòt rezon. Nan yon liv Hurbon (1989: 51, 153, 155, 171, 175, 174, 176, 188, 189) pibliye, kat otè rekonèt *an jeneral, Legliz pe bouch li sou sèten gwo pwoblèm Ayiti*: Gislè (sou esklavaj ak soufrans yo fè esklav pase nan tan lakoloni), Wilyam Smat, Mezidò, Baje (sou abi gouvènman Divalye fè tout pèp ayisyen an). Epi Baje kritike imajinasyon yo te fè moun kenbe nan tèt yo kòm si relijyon Jezikri te nan pale laten ak franse.

Remake pawòl *an jeneral* la, lè n ap li kritik yo. Tout moun rekonèt gen kèk manm legliz ki montre yo pa dakò ak abi kolon fè esklav yo oubyen ak kraze brize diktati Divalye, anvan 1980. Nou konnen gen kèk misyonè ki fè gwo jefò tou pou yo aprann kèk lang afriken e pou yo sèvi ak yo pou yo preche. Men, se te esepsyon.

Pou Ayiti, dapre 3 pawòl Nouvo Testaman, ann eseye reponn yon keksyon apot Pòl poze nan Women, 10, 18, tousuit apre pawòl 10, 17 la sou lafwa ki soti nan sa yo tandè (an grèk se yon non komen *akôè*). 2 lòt pawòl yo se Matye 28, 19 « batize yo » ak 20 « montre yo » (an grèk, vèb *didaskô*). Keksyon Pòl poze a se: « Èske yo pa tandè? (an grèk, vèb *akoueîn*). Pòl te reponn: « *Men wi !* » Nan keksyon li a, pwonon yo te kenbe plas anpil Jwif nan tan pa l, ant ane 56 ak ane 59, lè li tap ekri lèt pou moun Wòm yo. Sa te fè plis pase 20 ane li te ale vini ap anonse Bon Nouvèl la. Se te kèk ane anvan li mouri, ant ane 64 ak 68, byen petèt an 67 (dapre TOB 1988: 353, 510).

Pwonon yo, nou jwenn nan Matye 28, 19, 20 epi nan keksyon Pòl la, ann fè yo kenbe plas pi fò moun nan mas pèp peyi d Ayiti, pandan prèske 250 ane, sa vle di depi akò vil Rizwik la, lè Espay te bay Lafrans Sendomeng, an 1697, jis an 1942, fen mouvman rejèt la.

Sa ki enpòtan, se konprann oubyen pa konprann

Di jan sa di, rèd jan sa rèd, lèd jan sa lèd, si nou pa nan ipokrit, repons nou oblije bay pou keksyon apot Pòl la, lè pwonon yo a kenbe plas mas pèp ayisyen pandan 250 ane sa yo, se:

Non, yo pa tandè.

Mesaj reprezantan Legliz katolik yo pa te nan yon lang yo te kapab konprann. Ant 1743, ane Tousen Louvèti te fèt la, ak 1943, mas pèp ayisyen te konprann kreyòl. Jis an 1803, ane batay Vètyè a, moun ki te fèt Sendomeng, te pale kreyòl, te konprann kreyòl. Bon valè esklav ki te fèt ann Afrik, se youn, 2 osinon 3 lang afriken yo te konprann, yo te pale. Men, pi fò nan yo vin aprann pale kreyòl, yo vin konprann kreyòl, paske yo te an kontak ak bon valè esklav ki te fèt Sendomeng e ki pa te gen lòt lang pase kreyòl. Kòm lepli souvan yo te tankou grenn degrennen nan mitan lòt esklav ki te fèt nan peyi a oubyen ki te soti nan divès zòn ann Afrik depi lontan, yo te vin benyen nan sèl lang tout lòt kanmarad yo te pale. Se te kreyòl. Yo te rive konprann li, yo te rive pale l malman. Mas esklav yo pa te konprann franse, kwak yo te byen kapab konprann kèk mo franse. Kwak sa, yo te fè yo aprann kèk priyè an franse, kèk kantik tou, *Jekwazandye*, *Onondipèedifisedisentespriensiswatil*. Moun ki te konn koute 200 oubyen 300 san fidèl, ki pa te konn ni li, ni ekri, chante *gloria*, *credo*, *libera me*, *Dies irae*, an laten, nan chapèl katolik nan plenn, nan mòn, anvan 1965, moun ki konn tandè menm fidèl sa yo oubyen fidèl nan legliz pwotestan chante kantik an franse, konn etone pou jan chante yo gen dwa soti anfòm. Se pa etone yo ta etone, se sezi yo ta sezi, si yo te kapab egzamine rezilta bon jan ankèt ta bay sou sa moun k ap chante yo konprann oubyen sa yo pa konprann.

Sa pi fò pè te fè nan katechis pou esklav, se sa monseyè Kèsizan te ensiste pou katechis li yo pa fè an 1918: *Pa fè yo aprann anyen an franse. Yo vin pa kapab*

konprann sa yo montre yo poutèt yo foute yon pawòl franse ki pa gen sans pou yo, nan tèt yo afòs yo fè yo repete l. Se kon sa sa fèt pandan 250 ane, kwak « Gen de lè pè te konn sèvi ak kreyòl nan preche », dapre yon dokiman ki parèt an Frans an 1893 (al wè Barros 1984: 586).

Kanta batize moun, yo batize moun. Men yo pa reyisi montre yo pawòl Jezi a.

Legliz katolik te nan konkòday ak gouvènman Lafrans jis an 1789. Li te sou zòd wa katolik ki te mete pwòp lwa pa yo, pwòp lòd pa yo pi wo pase lòd Bondye. Regleman wa, ki te konsène esklav, depi 1685, te pote non kòd nwa. Sitiyasyon an pa te fasil pou Legliz katolik. Reprezantan leta Sendomeng te toujou ap kontrarye aktivite ki te an rapò ak enterè esklav yo. Yon lòt pwoblèm tou se te jan sitiyasyon lang te konplike pandan dizuityèm syèk la nan koloni an. Te gen 4 gwoup: 1) Moun ki te pale franse depi nan piti. Se te ka Blan ki te sot an Frans yo. 2) Moun ki te pale kreyòl depi nan piti. Se te ka esklav, ansyen esklav, moun lib ki pa Blan, depi epòk 1730 – 1740 kon sa. 3) Moun ki te pale yon lang afriken (oubyen plis pase yon lang afriken) depi nan piti. Se te ka Afriken, bato ki te fè komès esklav, te bwote Sendomeng. 4) Moun ki fè pati youn nan 3 gwoup yo epi ki vin konn pale yon lòt lang Sendomeng. Nou tou wè, ak yon sitiyasyon kon sa, misyonè ki te sot an Frans yo, pa te kapab annik pale franse pou tout moun konprann yo. Ni yo pa te kapab vin konn pale yon lòt lang (oubyen plis pase yon sèl lòt lang) fasil.

1860. Reprezantan Pap la siyen yon kontra ak gouvènman ayisyen

Aprè lagè Endepandans lan fini, nan fen ane 1803 a, jis konkòda gouvènman Jefra siyen ak Vatikan, an 1860, lang afriken moun yo te bwote sot ann Afrik, ant 1783 ak 1793, te fin disparèt ann Ayiti. Tout moun te konn pale kreyòl. Yon ti ponyen moun te konn pale kreyòl ak franse tou. Depi lè sa a, sitiyasyon lang, se pa te menm kalite pwoblèm ki te la nan tan lakoloni. Men, se kèk grenn pè ki te rete ann Ayiti. Yo pa te sou zòd okenn otorite, ki te an rapò ak Pap la ni ak evèk Pap la ta nonmen oubyen li ta rekonèt. Se yon sitiyasyon ki dire swasant ane.

Aprè konkòda 1860 lan (yon konkòda se yon akò, se yon kontra yon gouvènman pase ak Vatikan), yon pwoblèm klas sosyal vin makonnen ak yon pwoblèm misyonè ki sot an Frans. Sitiyasyon lang pa te konplike menm nan peyi a lè sa a. Men, mwen pa kwè pèsonn te analize l. Mwen pa panse pèsonn te kapab analize l kòrèk. Pou ki sa se an Frans, espesyalman an Bretay, Vatikan t al chèche pè, frè ak mè pou Ayiti? An Bretay, se yon kote an Frans ki te gen anpil pè, frè ak mè. Men, ann Itali, ann Espay, te gen anpil pè, frè ak mè tou. Men, pa bliye, sa Domesma Delòm (1870: 182-183) te ekri a: « *Peyi sa a pale franse* » (« *Ce pays parle français*), sa Louis Josèph Janvier (1885: 178) te di a: Ayiti se

« *yon koloni entelektyèl (colonie intellectuelle)* » Lafrans (Barros 1984: 677), se pawòl kon sa reprezantan Vatikan ki tap mennen negosiyasyon ak gouvènman ayisyen, depi sou tan Petyon ak Bwaye jis sou reny Jefra, te tandè nan bouch ofisyèl ayisyen. Epi kreyòl la menm, sa li ye, dapre Barros (1984: 673), ki pase 10 an ann Ayiti e ki te reskonsab Enstiti Franse, sou Divalye? « *yon depo ansyen franse* ». Se manti anpil etranje, ki lwen Ayiti, kapab vale. Ata plizyè Ayisyen enstwi, ki tounen etranje, pou mas pèp pwòp peyi yo, kapab kwè tenten kon sa toujou an 2003! Fòk se misyonè ki deja pale franse, Vatikan ta chwazi pou « *koloni entelektyèl* » Lafrans sa a.

Epi, misyonè franse sa yo debake ann Ayiti. Ti lelit ki pale franse a, akeyi yo a 2 bra. Yo te bezwen lekòl pou pitit yo. Yo jwenn lekòl pè, frè ak mè nan kapital la epi nan kèk vil pwovens: Sen Masyal pè Sentespri, Sent Woz de Lima, mè Sen Jozèf Klini, Lali, 1865, Sen Lwi d Gonzag, frè Enstriksyon Kreyòl, 1890. Yo jwenn pè pou batèm, premyè kominyon, maryaj, lantèman, ni nan kapital la, ni nan kèk vil pwovens. Travay pè franse ki te lavil te pi fasil pase pa konfrè yo ki te *andeyò*. Yo vin wè, kreyòl pa franse. Men, èske se yon lang? Ak prejije yo te deja ranmase nan pwòp peyi yo, yo tounen jwenn nan bouch kèk gran save ak entelektyèl ayisyen, kouman yo ta kapab fè reponn yon keksyon kon sa? Se etranje yo te ye. Yo mande yo preche an franse, fè katechis an franse, mete lekòl an franse. Se kon sa sa te fèt depi Franse te rive nan lòt zile tankou Gwadeloup, Martinik. Epi si yo ta pote franse pou Ayisyen ki pa konn pale franse, se yon byen yo ta fè pou yo. Yo te santi sa pa te kapab fèt fasil. Men, se pa te fèt yo. Dapre kwayans lekòl te foute nan sèvel yo, se paske franse se yon gran lang ki fè li sitelman difisil. Li te rive menm wotè ak laten. Èske anpil ti nèg te kapab aprann franse? Menm jan tou, èske anpil ti nèg te kapab aprann pè? Jis 1924, se 5 grenn Ayisyen ki te pè, sou 200 pè ki te genyen (Barros 1984: 696). Jis 1957, yon ka nan klèje a te ayisyen, men, se 5 evèk etranje, franse, ameriken, kanadyen, ki te alatèt dyosèz yo. An 1953, premye evèk ayisyen an, monseyè Remi Ogisten, te la pou li ede achèvek franse Pòtoprens la.

An 1981, sa vle di 121 ane apre dat konkòda a, Chomsky (2003: 372) kritike vye lide moun gran konnen genyen sou lang. Men sa li ekri: « *o mwen o Zetazini, petèt ann Angletè tou, moun tandè bon valè radòt sou lang oubyen sou dyalèk ki ta ``yon ti jan pòv dapre pwòp òganizasyon anndan yo`` oubyen ki ta ``manke gramè``, eksetera. M sipoze lengwis kapab fè kichòy pou bare lide kwochi, lide malveyans sa yo...* » Lide kon sa soti nan sa Tchomski rele « *eta maladi kwayans kiltirèl mantal nou an* ». Si moun panse mwen sevè lè m pale de « *maladi mantal = anemi lespri oubyen feblès lespri* », nan fen chapit 16, yo wè pawòl Tchomski yo gen lè pi sevè pase pa m. M pa dakò avè l sou yon pwèn: Elas! Se pa o Zetazini oubyen ann Angletè sèlman, moun tandè vye radòt sou lang. Se menm bagay an Frans tou, ann Ayiti ak anpil lòt kote. Sa te pi grav toujou an 1860.

Peyi ann Ewòp tap dechèpiye peyi ann Afrik

Ane sa a, se te kòmansman yon syèk aktivite lagè peyi Ewòp yo pou yo mache pran lòt peyi ann Afrik epi ann Azi pou yo fè yo tounen koloni rèstavèk, yo kapab piye. Lafrans te pi cho devan bann nan, ak yon pawòl kòm kwa *li anchaje sivilize* pèp ``sovaj`` yo. Ant 1830 (Aljeri), 1895 (Senegal, Benen, Mali, Madagaska), 1910 (Tchad, Kongo, Mawòk), 1922 (Nijè), se sou yon douzèn peyi Afrik, Lafrans poze lapat, jistan li vin lage yo an 1960 (Mali, Nijè, Senegal), an 1962 (Aljeri). Misyone franse pye pou pye dèyè lame ap gaye kòz *lekòl an franse, franse kòm kondisyon konesans*.

Ann Ayiti, katechis kreyòl monseyè Kersuzan an parèt 62 an apre siyati konkòda a, san se pa nan kad yon politik jeneral anseyman relijyon an kreyòl pou majorite fidèl batize yo ki pa te gen lòt lang pase kreyòl. Epòk sa a pa te gen yon mouvman jeneral pou pawòl Bondye a rive dirèk, rive fasil, nan zòrèy epi nan sèvo yon mas pèp ki pale kreyòl sèlman, kit se nan lekti labib ki te fèt pandan lamès ak lòt seremoni legliz, kit se nan sèmon pè te preche chak dimanch oubyen nan retrèt, kit se nan chante yo chante nan tout reyinyon fidèl yo, kit se nan katechis. Se epòk 1943, nou kapab di yon mouvman kon sa kòmanse devlope, plizyè kote nan peyi a, espesyalman nan dyosèz Nòdwès, ki te nan men kongregasyon pè Monfòten yo. Pi espesyalman toujou, nan dyosèz Okay, lè yon evèk obla ameriken, ki te fèt an Bèljik, monseyè Koliyon vin alatèt dyosèz la kote li mennen kongregasyon pè Obla yo, kongregasyon Frè Sakrekè yo, ak plizyè kongregasyon mè. Depi dat sa a, sèmon fèt regilyè an kreyòl, nan tout pawas dyosèz la, kou katechis tou, ata nan lekòl mè ak frè yo ak plizyè lekòl leta ak lekòl prive.

Lekòl katolik...an franse

An 1974, dapre Barros (1984: 624), lekòl pè, frè, mè ann Ayiti te gen 60 mil 602 elèv. Ann fè chif la pale. 1) Se sèten tout pwofesè lekòl sa yo te konprann franse, te pale franse. 2) Se sèten se PA tout elèv, se PA mwatye elèv, se PA yon ka elèv nan lekòl sa yo ki te konprann franse, ki te pale franse, lè yo te nan dezyèm ane lekòl primè (lekòl fondamantal kounye a).

Ann pran menm chif swasant mil 602 elèv, menm klas, menm ane 1974 la, nan yon valè lekòl pè, frè, mè, an Frans, epi an Bèljik, epi Kebèk. 1) Se sèten tout pwofesè te konprann franse, te pale franse. 2) Se sèten tout elèv te konprann franse, te pale franse, depi anvan yo te antre nan klas premye ane lekòl. (Mo tout la vo toujou, menm si te gen 2, 3 grenn ti etranje ki te fèk rive nan zòn sa yo san yo pa konn pale franse. Se pa pawòl lojik fòmèl ki la, se pawòl sitiyasyon lavi tou le jou.)

Sa ki enpòtan, se manman diferans ki genyen ant 2 sitiyasyon yo. Pwofesè ki konsyan, ki enfòmè, ki konpetan, e ki serye, pa kapab aji menm jan si yo konnen twa ka elèv yo pa konprann sa k ap pase lekòl, pawòl y ap pale, sa ki ekri nan liv yo, espikasyon y ap bay oubyen si yo konnen timoun yo pa konprann, paske se pa nan yon lang yo konnen, lekòl fèt.

Legliz Pwotestan ann Ayiti

Sendomeng te manke kòmanse kòm yon peyi pwotestan, lè Levasè ki te alatèt yon gwoup pwotestan pran pye Pò Mago, lan Nò. Etan de la yo atake zile Latòti a. Ak konkou kèk Franse ki te abite la, yo pran l nan men Angle yo. Pi devan yo defann moun fè pati legliz katolik epi yo òganize zile a kòm yon zòn pwotestan ki pa sou zòd gouvènman franse. Sitiyasyon sa a dire douz an kon sa, ant 1640 ak 1651 oubyen 1652, jistan 2 manm kominote a, Tibo ak Maten, touye Levasè ki te chèf yo. Annapre, yo pa fè fòs ak otorite Lafrans te voye nan peyi a. Yo remèt yo zile a (Al wè Gérard Lafleur, nan Hurbon 1989: 31).

Sendomeng menm, de, twa grenn kolon pwotestan ki te nan koloni an te oblije mouri poul yo. Apre Endepandans lan, se yon pwotestan franse, Etyèn de Grelè, ki te abite o Zetazini, Petyon te byen akeyi, ki louvri baryè bay misyonè metodis angle, prezidan an te mande l (Barros 1984: 698). An fevriye 1817, 2 misyonè metodis, ki sot a Lonn, rive Pòtoprens. Yo rete ann Ayiti jis an novanm 1818. Lè sa a, te vin gen 30 manm nan kominote metodis la ak 18 lòt moun ki te enterese vin manm tou. Yo te louvri yon lekòl. Zam yo se te Labib (an franse natirèlman) ak kaye kantik (an franse toujou). Yo vwayaje al nan vil nan Sid. Yo preche an franse epi an kreyòl. (Al wè Griffiths, nan Hurbon 1989: 96-99). Se ak ti prekosyon pou moun pran sèten pawòl Griffiths. Ak tout aktivite sa yo, ak tout ale vini sa yo, pandan ennan 9 mwa, ki lè ak ki jan 2 pastè metodis angle yo te gen tan aprann kreyòl jistan pou yo preche an kreyòl?

An 1843, 4 pastè angle ak yon pastè ayisyen, Sendeni Bodui, ale vini nan tout peyi a depi lan Nò jis nan Sid, depi Pòtoprens jis Sanntodomingo (lè sa a Dominikani te fè pati Ayiti jis an 1844). Yo tap preche « *an franse oubyen an kreyòl se selon* », dapre Griffiths (p. 101).

Se an 1839, pastè Mak Bèd te rive Okap. Gwo tranbleman tè 1842, ki kraze vil Okap la, lakòz li rantre Pòtoprens. Li vin ouvri gwo lekòl ki pote non l toujou a. « *Bèd te panse se klas k ap dirije a pou yo te preche levanjil an premye. Al okipe lamas ta pi fasil apre sa. Pou yo aji sou klas k ap dirije a, fòk yo te mete lekòl metodis.* » (Se pawòl kritik Kats Preswa nan Griffith p. 102). An 1869, te gen 2 mil 400 elèv nan lekòl metodis yo, Pòtoprens, Okap, Gonayiv, Jeremi. Pi fò elèv sa yo te katolik.

Dapre Barros (1989: 699-700), sou Jefra te gen 3 mil oswa 4 mil pwotestan, men, an 1920 pou 200 Ayisyen te gen 1 pwotestan, an 1930 te gen 3 pou 200, an 1955 te gen 12, 3 pou san. Se nan kòmansman ventyèm syèk la legliz advantis setyèm jou ak legliz de Dye an Kris antre nan peyi a.

Dapre Fontus (2001: 82) legliz pwotestan yo pa te devlope nan peyi a ant 1804 ak 1915. Dapre Griffiths (nan Hurbon 1989: 95), an 1915, « *divès legliz pwotestan ki te tabli ann Ayiti te gen apeprè 3 mil moun.* » Se an 1927, pastè Eli Mak, ki tap travay Tou di Nò, pibliye premye tradiksyon kreyòl «Evangile à Notre Seigneur Jésus Christ selon saint Jean». Yon pawòl li ekri, lè l ap prezante liv la, montre nou ti prekosyon tout etranje ki te nan pozisyon lidè yon gwoup, tap pran pou yo pa pile pye *ti lelit* ki pale franse a: « *Angiz òtograf kreyòl nou chwazi a kontrarye etid lang franse a, li rann li pi fasil – se nan men mesye F. Dorèt nou prete l, apeprè.* » (Mak 1927, al wè Dejan 1977: 77)

Tradiksyon Eli Mak, an 1927 la, te kòmanse yon seri tradiksyon kreyòl Labib, ki mennen tradiksyon tout Labib la ki parèt an 1985. Nou mèt di depi 1943, efò kèk moun tankou pastè ilandè Òmonn Makonèl te lakòz prèske tout reskonsab legliz pwotestan yo ak legliz episkopal, te ankouraje abitud preche an kreyòl, konpoze chante ak kantik kreyòl, sèvi ak kreyòl nan seremoni legliz. Se poutèt sa Fontus (2001: 187) kapab ekri: « *Anpil Ayisyen tankou anpil misyonè peze sou nesesite sèvi ak kreyòl chak kou sa kapab fèt nan anonse Bon Nouvèl la. Se kichòy tout legliz pwotestan ann Ayiti te konprann byen.* »

Wòl kreyòl nan aktivite Legliz

Sèvi ak kreyòl nesesè nan travay legliz. Se opinyon reskonsab legliz pwotestan yo, jan sa parèt klè nan pawòl pastè Fontus yo. Se opinyon reskonsab legliz katolik yo, jan sa parèt klè nan *Konmisyon Episkopal Litiji* (1965: 1): « *Sèvi ak kreyòl nesesè nan seremoni legliz* » (= litiji katolik). Se premye fraz ti esplikasyon *Soukonmisyon tradiksyon* an mete nan kòmansman MISEL KREOL, ki parèt 25 janvyè 1965, apre yon reyinyon 5-8 janvyè 1965 *Konmisyon Episkopal Nasyonal pou Litiji*. Pandan 35 ane ki pase ant 1965 ak 2000, 3 keksyon ki ta pote plis presizyon sou lide ni katolik, ni pwotestan, asepte kòm kwa kreyòl nesesè pou gaye pawòl Bondye a, ann Ayiti, rete san repons. Men keksyon yo:

- (1) *Èske sa nesesè yon lè kon sa = tanzantan?*
- (2) *Èske sa nesesè souvan?*
- (3) *Èske sa nesesè tout tan?*

Ann sipoze yo ta mande yon ekip 20 moun (espesyalis edikasyon, filozòf, teyolojyen pwotestan ak katolik) chwazi youn nan 3 repons yo, selon konsyans

yo, selon sa yo panse ki pi bon pou byen tout legliz, selon sa yo kwè ki pi konfòme l ak pawòl 1 Timote 2, 4, Matye 28, 20, Women 10, 17.

Se repons tout tan an, yo ta chwazi. Men rezon an: Si moun k ap montre lòt moun yon verite, pa ta enterese pou lòt moun yo toujou konprann sa y ap montre a, yo konsyan se yon mouvman nil yo fè espre. Se ta foli. Se ta yon mank respè pou pawòl Bondye a.

Atansyon! Moun gen dwa konnen, se pa tout tan yo kapab jwenn bon rezilta. Se kapab souvan. Se kapab tanzantan. Se pa foli. Se pa mank dega. Se yon okazyon pou moun rekonèt limit, yo pa bay tèt yo espre e pou yo reflechi sou limit sa yo. Sou latè a, nou fè sa nou kapab, nou pa fè sa nou vle. Men, nou dwe travay pou move rezilta pa soti nan neglijan nou.

Yon fòm neglijan grav, se enkonsyans moun save ki pale 2 lang ann Ayiti, ni kreyòl, ni franse, epi ki fè kòm si pale kreyòl an franse, pale kreyòl nenpòt ki jan, pa bare wout mesaj la pou mas pèp la. Apresye efò premye misyonè ki sèvi ak kreyòl pa vle di aplodi ak fopa oubyen ak erè yo fè. Kèk egzanp kont pou montre: di y ap sèvi ak kreyòl se pa menm afè ak sèvi ak kreyòl toutbon.

Katechis kreyòl monseyè Kèsizan (1922) a chaje ak egzanp nou pa dwe suiv. (Mwen kopye yo nan òtograf ofisyèl 1980 an):

Wi, gen twa pèsòn nan Bondye, Le Pè, Le Fis, Le Sentespri. 2èm leson, 2-6

Wi, Le Pè se Bondye - Wi, Le Fis se Bondye - Wi, Le Sentespri se Bondye

Nòt Seyè Jezikri se le Fis-de-Dye ki tounen moun (6èm leson, 4)

Peche kapito. - Sa yo rele la liksi? (33èm leson, 6)

Nan katechis « kreyòl » 1922 a, tout fòm priyè an franse nèt.

p. 45. *Je crois en Dieu* – paj 52, 54, 83 *Je te baptise au nom du Père, et du Fils et du Saint Esprit*, 95, 96, 97, 102, 115 *Notre Père, qui êtes aux cieux* 117.

Nan Misèl Kreyòl monseyè Wobè (1952) a, nou jwenn:

p. 8 *Dye le-Fis ki fè li moun, nou rele li Jezikri*

p. 200 *E Bondye fè yo kapab vini anfan de Dye - E le-Vèb fè li moun - yon pisans Dye le-Pè sèl kapab bay, e Dye le-Fis sèl kapab resevwa*

p. 230 *Si ou vrèman le-Fis-de-Dye, fè wòch sa yo tounen pen*

Lekòl pwotesan... an franse

Nan Nouvo Tèstaman Sosyete bibliik ameriken, 1960, nou jwenn:

Jan 1, 14 *E la Pawòl te tounen chè* 1, 51 *e zanj Bondye yo ap monte desann sou le Fis de Lòm*

Chonje plis pase 60 mil elèv ki te nan lekòl pè, frè, mè katolik, an 1974. Menm epòk sa a, dapre Fontus (2001: 92) te gen 25 mil 004 elèv nan lekòl primè pwotestan yo. Men, kounye a, nan 3 mil 611 lekòl pwotestan yo, gen 461 mil 725 elèv. Ann fè chif sa a pale. 1) Ann sipoze tout pwofesè lekòl sa yo konprann franse, pale franse. 2) Se sèten se PA tout elèv yo, ni mwaye elèv yo, ni yon ka elèv yo ki te konprann franse, ki te pale franse, lè yo tap kòmanse dezyèm ane fondamantal.

Ann kalkile sitiyasyon 461 mil 725 elèv menm nivo nan yon valè lekòl pwotestan an Frans, an Bèljik, an Suis, Kebèk. 1) Se sèten tout pwofesè yo konprann franse, pale franse. 2) Se sèten tout elèv yo te konprann franse, te pale franse depi anvan yo te antre lekòl primè (nou mèt pa konte kèk grenn ti etranje ki vin antre nan lekòl sa yo).

Si responsab 3611 lekòl sa yo serye ak tèt yo, epi si yo enfòmè, si yo konpetan, èske yo kapab kwè se menm kalite sèvis edikasyon toutbon yo rann ti Ayisyen ki nan lekòl yo, responsab lekòl an Frans, an Bèljik, an Suis, Kebèk, rann timoun peyi pa yo? Sa m ap pale la a, se pa ti pawòl sou kote, koze kòm kwa 3611 lekòl pwotestan ann Ayiti pa gen menm avantaj ak lekòl aletranje yo nan afè lokal, bibliyotèk, teren pou espò ak rekreyasyon, kantin, laboratwa, eksetera. M ap poze pwoblèm prèske yon demi milyon ti Kanadyen, Suis, Bèj, Franse, k ap etidye nan pwòp lang yo konprann, yo pale, paske yo te atrap li depi yo te gen 2, 3 an, paske yo kontinye grandi ladan n, benyen ladan n, pandan fanmi, vwazinaj, pwofesè, elèv parèy yo benyen nan menm lang lan. Epi mwen kale je m sou kokennchenn diferans ki genyen ant sitiyasyon lekòl ak lavi ti etranje yo ak sitiyasyon lekòl ak lavi ti Ayisyen yo. Mwen pa kapab tonbe bat bravo pou gran avantaj lekòl sa yo pote pou peyi a, jan pastè Fontis fè ak tout bon lafwa li.

Pale kreyòl pou tout moun oubyen pale franse pou kèk moun

Dapre Fontus (2001: 187), kèk pastè ayisyen ak kèk misyonè al twò lwen lè yo panse yo pa dwe sèvi ak franse nan preche Bon Nouvèl la ann Ayiti. Pou ki rezon li pa dakò ak yo? Se paske gen Ayisyen ki pap koute yon sèmon an kreyòl. Yo santi se vèkse yo vèkse yo si seremoni maryaj oubyen lantèman fèt an kreyòl, espesyalman, moun *lelit*. E sa vre pou kèk moun lamas tou. Kon sa pou yo pa choke yo epi pou yo rale yo vini, se pou kèk seremoni tankou nòs ak lantèman fèt an franse. Yo kapab « *preche nan nenpòt ki lang, selon sa moun k ap koute yo prefere, depi yo konprann* ». Remak sa a byen kab pa fin kadre ak reyalyte a, lè nou chonje enpòtans « *chèche konnen sa moun k ap koute an*

bezwen, ki konpòtman li genyen, ki sa li bay valè, kòman li wè lavi a » (paj 188). Reyalite a te fòse Fontus (2001: 36) rekonèt lekòl dwe fèt an kreyòl omwen pandan 4 premye ane yo. Nou kapab remake yon ti diferans ant sa ki ekri ann angle ak sa ki ekri an franse (paj 46). Kou li fin di li fè pati moun ki panse « *ti Ayisyen dwe kòmanse lekòl nan sèvi ak kreyòl* », li ajoute yon nòt, nan liv an franse a, pou moun pa kwè li nan rejte franse menm.

Èske nou ta annik di: se opinyon pèsònèl pastè Fontus, nanpwen diskisyon nan sa? Non! Se yon pwoblèm sosyal ki konsène 7 milyon moun ki konprann kreyòl sèlman, ki pale kreyòl sèlman, a kote yon ponyen bileng. E nou pa dwe bliye konbyen milyon timoun ak granmoun ki te viktim sitiyasyon sa a pandan plis pase 200 ane.

Ann pran lide chwazi tèl lang selon sa moun prefere ak sa yo konprann. Li vo pou konvèsasyon prive ant kèk moun. Se pa menm bagay, lè yon moun ki nan sèvis yon kominote pran lapawòl an piblik, sitou lè gen aparèy modèn tankou mikwo nan yon legliz. Èske sitiyasyon piblik sa a bay yon predikatè pouvwa chwazi moun k ap koute l yo? Èske pozisyon yon pastè, yon predikatè oubyen yon reskonsab nenpòt ki legliz ba l dwa ajì yon jan pou sèten moun (an prensip, ann Ayiti, se toujou yon majorite) pa nan koze a? Si sa ta gen dwa fèt kon sa, èske respè pou laverite, respè pou tout pitit Bondye yo, espesyalman pou moun Jezi rele « *pi piti nan frè m sa yo* » pa ta mande pou nou prezante yo eskiz nou? Ala anpil kouraj sa ta mande reskonsab ak manm legliz pou yo ta afiche yon pannkat, pou yo ta voye yon avi nan radyo ki ta deklare: « *Nou avèti pi fò fidèl ki konn pale kreyòl sèlman, tèl dat, tèl lè, n ap fè yon seremoni an franse pou plezi kèk grenn fidèl, ki konn pale ni kreyòl, ni franse. Kòm tout moun bezwen konprann pawòl Bondye ki pale nan legliz, n ap mande tout fidèl yo ede nou peye yon entèprèt ki va tradui tout pawòl ki pale an franse an kreyòl tou.* »

Yon pwofesè alman, Ulrich Fleischman (1984:101-102), te kwè reskonsab tout kalite legliz ann Ayiti, ki te dakò pou yo sèvi ak kreyòl nan seremoni legliz, te gen pwoblèm ak popilasyon *andeyò* a. Paske, dapre li, pou fidèl nan mòn ak nan plenn Ayiti yo, pou yon aktivite legliz bay bon rezilta epi pou yo asepte l, fòk li fèt an franse. « *Si yon sèmon fèt an kreyòl, fidèl sa yo ta panse li pa anfòm paske li manke fòs.* » Lè m te li pawòl sa yo, kèk mwa apre liv la parèt, mwen te pran lapenn pou lektè yo, pandan m chonje anpil ladan yo pral vale gwozè erè sa a. Depi 1943, nan tout plenn, nan tout mòn, nan tout pwovens ann Ayiti pè tap preche an kreyòl nan tout chapèl ak legliz katolik. Pè redanmtoris, pè Monfòten, pè Obla te preche misyon ki te reyini konbyen mil fidèl, ki te pouse rèl afòs kè yo te kontan. Pastè ak predikatè pwotestan tap ale vini tout andeyò ap preche an kreyòl. M pa konn kote Flachmann ranmase lide dwòl li a. Si l te mennen ankèt ak yon ti moso lespri kritik kòm sosyològ, li ta konnen, pandan 40 ane ki separe 1943 ak 1983, se pa te abitud moun ki te mache legliz nan plenn, nan mòn, nan

bouk, ata lavil ann Ayiti, fè wòklò ni ak monpè ni ak pastè pou jan yo pale, pou sa yo di, pou fason yo di sa yo di a!

Kounye a sa fè plis pase 50 an, fidèl tankou moun ki pa fidèl, abitye ak kreyòl nan tout legliz pwotestan, katolik, tout kote ann Ayiti. Pa gen yon moun ki te etone tande gwo seremoni lantèman pè Antwàn Adriyen, ki fèt nan lakou kolèj Sen Masyal, an kreyòl nèt vandredi 23 me 2003, yon lekòl kote pale kreyòl se te peche mòtèl sa gen 50 an!

Se pa ti chanjman ki fèt. Men, èske mouvman chanjman an pa bloke? Monseyè Kèsizan te wè klè lè li te mande katechis li yo: *Pa fè yo aprann anyen an franse. Yo vin pa kapab konprann sa yo montre yo poutèt yo foute yon pawòl franse ki pa gen sans pou yo, nan tèt yo afòs yo fè yo repete l.* E li te bay yon bon rezon pou sa: Yon timoun k ap aprann katechis dwe « *kapab konprann sa yo montre l* » (Kersuzan 1922: 5)

Sou modèl pawòl sa a, mwen kwè tout Katolik ak tout Pwotestan, ki enfòmè, ta dakò pou yo rekonèt valè plizyè lòt pawòl:

Timoun ak granmoun k ap aprann *yon sòm (egzanp: sòm 23),
yon kantik,
yon priyè : Papa nou ki nan syèl la Mt. 6,
istwa Jozèf, Jenèz 44 ak 45,
istwa Moyiz, Egzòd 2, 1-10,
Jezi ak timoun piti, Lik 18, 15-17
Jezi ki montre bèlte l, Matye 17, 1-8,
Premye mirak Jezi, Kana, Jan 2, 1-11,*
dwe kapab konprann sa yo montre yo.

Kounye a, ann tounen reyini ekip 20 espesyalis edikasyon, filozòf, teyolojyen katolik ak pwotestan an pou nou mande opinyon yo kòm lidè entelektyèl nan legliz yo, sou yon seri deklarasyon:

Plis pase demi milyon timoun ki nan lekòl pwotestan yo ak lekòl katolik yo ann Ayiti, èske yo pa dwe kapab konprann sa yo montre yo? *Lekti, ekriti, matematik, jewografi, istwa d Ayiti, syans sosyal, syans esperimantal, eksetera?*

Se yon gwo mank lojik, depi plis pase senkant ane, ki lakòz menm reskonsab legliz ki konnen: sèvi ak kreyòl nesesè pou konesans *lafwa* rive jwenn tout granmoun ak tout timoun ki tande mesaj Bondye a, pa admèt: sèvi ak kreyòl nesesè pou nenpòt ki konesans rive jwenn tout elèv lekòl legliz katolik ak legliz pwotestan dirije nan peyi a. Menm jan *lafwa* pa mare ak franse, *konesans* pa mare ak franse. Si legliz pa vle vin tèt anba, tankou sistèm lekòl tèt anba Ayiti a,

se koupe pou li koupe kòd konkòday ki mare l ak yon sistèm lekòl ki kont enterè mas pèp ayisyen an.

Chapit 24

Èske Ayiti gen yon pè lang?

An desanm 1993, etan m ap vwayaje sot Nouyòk antre Miyami, mwen te chita akote yon gran chantè ayisyen, defen Koupekloure, nan avyon an. Mwen te fèk rankontre l nan sal datant ayewopò a. Msye te pran m pou yon frè m ki te konn jwe foutbòl ansanm avè l nan ekip *Resin*, epòk 1946-1950. Nou bay règ odyans. Mwen pa te kapab ap pale avè l san m pa chonje yon chante kote li rakonte istwa yon nèg tout bagay lakay li *se te an pè, pè kabann, pè frijidè...* Mwen vin poze tèt mwen yon keksyon pou peyi nou: Èske Ayiti gen yon pè lang, ki fè nou ta oblije gen pwogram bileng, sa vle di pwogram nan yon pè lang, nan tout lekòl nou yo?

Mariya de la Luz Reyes (1995: 83), yon pwofesè edikasyon nan yon inivèsite deta an Kalifòni, Etazini, ekri yon pawòl ki ta dwe fè edikatè ayisyen reflechi: « *Pwogram lekòl nan peyi sit te devlope an premye pou moun angle se lang manman yo. Se poutèt sa yo bay angle priyorite kòm lang anseyman an.* » Youn nan rezilta sa mennen, dapre Reyès, se yon erè yon sikològ meksiken-ameriken denonse depi 1932. Li tounen denonse l an 1951: « *premye erè reskonsab lekòl sa yo fè, se yon konfizyon nan lide yo ant 'angle' ak 'edikasyon' – kòm kwa... manman keksyon an se èske tèl timoun oubyen tèl gwoup timoun konn angle oubyen pa konn angle.* »

Yon move kalkil: franse = edikasyon = franse

Nan plas angle, mete franse. Nou ta konprann pawòl la te fèt pou direktè ak direktris lekòl ansanm ak pwofesè lekòl ann Ayiti. *Pwogram lekòl nan peyi sit te devlope an premye pou moun franse se lang manman yo. Se poutèt sa yo bay franse priyorite kòm lang anseyman an. Premye erè reskonsab lekòl sa yo fè, se yon konfizyon nan lide yo ant franse ak edikasyon – kòm kwa... manman keksyon an se èske tèl timoun oubyen tèl gwoup timoun konn franse oubyen pa konn franse.* Poutèt sa, pandan plis pase 100 ane, Ayiti vin bloke nan yon sitiasyon lekòl an franse, lekòl pou franse, egzamen an franse, valè moun se degre franse yo, règ pou mezire etid ak konesans moun se: selon franse w se selon konnen w.

Chapit 14 fini ak 4 pozisyon ki posib, an prensip, ann Ayiti, nan lang ki dwe sèvi lekòl kòm chemen konesans:

1. Premye pozisyon ki la depi sou tan lakoloni jis jodi a, an 2003, se fè lekòl an franse, san nou pa fatige tèt nou ak kreyòl pase sa.
 2. Gen yon dezyèm pozisyon. Se Frédéric Doret (1924: 3) ki prezante li: Se pase nan wout kreyòl pou rive nan franse. Kreyòl ta tankou yon ti kouran dlo pou Ayisyen suiv jouk dlo a rive nan lanmè pou li disparèt nan lanmè franse. Kon sa timoun nou yo « *va prese soti nan kwen ki apa a, kote kreyòl la kenbe entelijans yo.* »
 3. Twazyèm pozisyon an, se Jozèf Bèna ki prensipal reprezantan li depi 1979. Kòmanse ak kreyòl, nan 4 premye ane lekòl. Rive nan franse. Kontinye ni ak kreyòl, ni ak franse. Piti piti kreyòl ak franse ap sou menm pye nèt nan afè konprann, pale, li, ekri. Tout elèv ap vin gen yon pè lang. Epi nan kèk ane, tout Ayisyen ap gen yon pè lang.
 4. Gen yon katriyèm pozisyon, pèsonn pa chwazi, dapre sa m konnen. Se fè lekòl an kreyòl nèt. Depi kòmansman liv la, mwen vin ak anpil egzanp ki montre se fè lekòl an kreyòl nèt ki nan enterè mas pèp ayisyen an. Mwen prezante anpil bon rezon ki apiye pozisyon sa a.
1. Premye pozisyon an, moun ki rive nan chapit 24 sa a dwe deja rejte l. Fòk yo rekonèt: fè lekòl an franse nèt, espesyalman depi vin gen plis pase 10 mil elèv nan lekòl Ayiti yo, apre 1860 (Paul Dejean 1963 : 24-25), pa kapab mennen plis pase 90 pou san elèv lòt kote pase nan rezilta zewo bare.

Enpas Dorèt: franse pran peyi a nèt, kreyòl fin disparèt

2. Dezyèm pozisyon an, yon moun ki ta kenbe l toujou plis pase 100 ane apre dat nesans Frederik Dorèt epi plis pase 50 an apre lanmò li, ta oblije kwè pandan 100 dènye ane ki sot pase yo, lang kreyòl la prèske disparèt nèt ann Ayiti epi lang franse a fin ranplase l nèt. Se ta bèl plezi si moun nan ta mete yon avi ann angle, an franse, an panyòl sou entènèt pou li deklare:

An 2003, mwen pase yon mwa Pòtoprens. Chak jou, mwen fè 2 èdtan ap ale vini a pye sou Gran Ri, ant mache Tèt Bèf ak Pòtay Leyogàn, sòf jou dimanch. Chak dimanch maten, mwen pase inèdtan bò katedral Pòtoprens, lè fidèl ap sot lamès, apre sa inèdtan bò yon gwo legliz pwotestan zòn Site Maglwa ak Dèlma, lè fidèl ap sot nan kil. Dimanch apremidi, mwen pwonmennen inèdtan sou Channmas epi inèdtan bò estad Silvyo Katò a. Mwen pa tandè pawòl an kreyòl nan bouch konbyen mil moun mwen rankontre yo. Tout tap pale franse sèlman. Tanprisouple, voye di m sa nou panse. Men imel mwen: entèlentèl @ aol. com. Moun nan tap resevwa yon sèl repons nan men lòt moun ki pèdi tan yo reponn li: ou fou nèt.

Doret menm te yon ti jan ap reve je klè. Dapre li, nan 2 tan, 3 mouvman franse tap fin pran pye ann Ayiti nèt,
 si chak Ayisyen ki konn pale franse ta fè yon ti efò pou yo pa di:
 chita fèmen goumen konnen mwen renmen vini wè
 men, pou yo pwononse 8 mo sa yo tankou mo franse:
 assied-toi fermer gourmer connaître moi aimer venir voir
 epi si chak Ayisyen ki konn pale franse ta fè yon ti efò pou yo pale franse ak machann chabon, lè y ap achte chabon, ak machann ladouskivyèn kenèp, lè y ap achte kenèp, ak machann griyo, lè y ap achte griyo, eksetera.

Depi dat Dorèt te di sa, si agwonòm nou yo te suiv tras li nan mande chak moun ki pase a pye, sou bèt, nan machin, nan Savann Dezole, bò Gonayiv, krache a tè 3 fwa, dlo ki ta wouze Savann Dezole a ta fè l tounen ti frè forè Amazòn Brezil!

Ti silabè Dorèt la te parèt anvan avril 1905, dat yon dokiman depatman enstriksyon piblik la te adopte l pou lekòl primè Ayiti yo (Doret 1951: 2). Enprimri Dechan te kontinye pibliye li apre 1952. Dorèt panse anpil timoun aprann li ak ti silabè l la. Se sèten anpil ti elèv aprann fè lèt pouse son ak ti liv la. Men, se pa liv sa a ki ede yo aprann « *pale yon ti franse* » (Doret 1924: 3). Dorèt te minis Enstriksyon piblik ki potko tounen Edikasyon nasyonal, ant 1921 ak 1922 (Pamphil 1988: 105-106). Epòk sa a, pou 43 mil 675 grenn elèv ki te enskri nan tout lekòl ann Ayiti, pandan se 29 mil 961 sèlman ki te mache al lekòl regilyè (dapre Pamphil 1988: 111), anbisyon yon gran entelektyèl ayisyen, tankou Frederic Doret, se te « *ede yo pale yon ti franse* » « *les aider à parler un peu français* ». Chemen konnen an rete bloke pou pi fò Ayisyen ak yon baryè ki klete byen klete yo rele: franse.

Yon pè lang lekòl paske yon pè lang pran peyi a nèt

3. Twazyèm solisyon an parèt anpenpan an 1979. Yo pa sèvi avè l serye, yo pa sèvi avè l toutbon, okenn kote ann Ayiti. Èske se sa ki lakòz, jou an jou, lekòl an jeneral bay pi move rezilta? Èske sa yo rele *refòm Bèna* a se yon bon solisyon? Sa l ye egzakteman? Se yon modèl lekòl ki fèt nan 2 lang, sa yo rele lekòl bileng. Gen pwogram bileng oubyen te gen pwogram bileng, kote lekòl fèt nan 2 lang, nan plizyè peyi, tankou: Angletè, Bèljik, Chin, Etazini, Fenlann, Kanada, Risi.

Dapre sa m konnen, okenn moun pa etidye keksyon tankou: Èske lekòl kapab fèt nan 2 lang ann Ayiti? Èske sitiyasyon ekonomik, jewografik, sosyal Ayiti fè yon pwogram bileng pou mas pèp la, posib? Èske li kapab reyisi? Èske li kapab pote bon rezilta?

M pa konn okenn peyi sou latè ki te janm gen pwogram edikasyon bileng pou tout popilasyon l. M pa konn okenn peyi sou latè kote y ap fè edikasyon bileng pou tout popilasyon an kounye a. M pa konn okenn peyi sou latè ki gen anbisyon fè edikasyon bileng pou majorite popilasyon l, anwetan yon valè peyi pòv, ki ansyen koloni Angletè, Bèljik, Lafrans, Pòtigal, espesyalman ann Afrik.

Sa okenn peyi potko fè, potko menm eseye fè, se sa depatman edikasyon nasyonal Ayiti a te anonse li pral fè, an 1979: mete pwogram lekòl kote tout elèv lekòl ann Ayiti pral aprann pale kreyòl, konprann kreyòl, li kreyòl, ekri kreyòl, epi, pale franse, konprann franse, li franse, ekri franse.

Remake yon erè nan pawòl ki konsène pati kreyòl pwogram nan. Yo di: elèv ki nan klas refòm yo, ap aprann pale kreyòl, ap aprann konprann kreyòl. Sa vle di : timoun sa yo pa te konn pale kreyòl, yo pa te konprann kreyòl anvan yo antre lekòl. Yon pawòl kon sa soti nan yon kokennchenn erè kòm kwa timoun piti aprann lang manman yo, menm jan, lè yo gen 5, 6 an, yo aprann li, yo aprann ekri. Natirèlman edikatè k ap okipe timoun nòmal, ki antre nan jaden danfan tou piti, byen konnen timoun 3 an, 4 an, 5 an, ki pa domaje nan sèvo yo, se pa ti bèbè ki soud, ki pa konn okenn lang epi ki vin nan jaden danfan pou yo aprann pale, an panyòl, Sanntodomingo, an franse, a Pari, ann angle a Lonn, ann alman, Bèlen, an japonè Tokyo. Ata moun ki gen foli franse ann Ayiti, men, ki pa fou bon fou, pa kwè yon tifi 4 an ki fèt e ki leve mòn Bourèt, bò Fisi, oubyen Maryanman, bò Petyonvil, oubyen mòn Tapyon, bò Tigwav, oubyen Bèjrak, twazyèm seksyon komin Pòsali, eksepta, pako konn pale kreyòl.

Ki fè la, nou oblije rekonèt fraz diskou 18 me 1979 minis edikasyon nasyonal la ak diskou 17 out 1979 la ki repete menm lide yo, te sou mank tout jan yo vire yo an franse (= « *la formation de générations d'enfants bilingues s'exprimant en créole et en français* »), tout jan yo tradui l an kreyòl (= « *Rèv ak lide ki nan tèt tout Ayisyen se pou tout timoun aprann konprann kreyòl, pale kreyòl, li kreyòl, ekri kreyòl epitou pou yo aprann konprann franse, pale franse, li franse, ekri franse. Kon sa alfabetizasyon mas granmoun yo ap fèt rapid* »). Tout pwogram bileng yo te anonse lè sa a, chita sou yon erè, kòm kwa, ann Ayiti, pou tout timoun oubyen pou pi fò timoun: kreyòl ak franse nan menm sitiyasyon. Pi fò ti Ayisyen ta bezwen aprann pale kreyòl lekòl. Yo ta bezwen aprann konprann kreyòl lekòl, menm jan, se aprann pou yo aprann franse pou yo rive konprann franse, pale franse, yon jou.

Erè mete kreyòl ak franse sou menm pye ann Ayiti kòm 2 lang ki egalego nèt, nan devlopman yo anndan tèt Ayisyen epi nan sèvis yo nan lavi tout Ayisyen, kontinye pete moun ak yon aparans respè pou tou 2 lang yo, respè pou menm valè yo genyen an, respè pou libète moun ki chwazi pale youn oubyen lòt. Se ipokrizi. Se manti. Oubyen se iyorans.

Si mwen di: ti Michlèn ki gen 3 an 6 mwa, gen menm valè, kòm moun, li merite menm respè, kòm moun, ak granpapa l ki gen 70 an, se bon pawòl. Si mwen di: menm ti Michlèn sa a ak menm granpapa l sa a gen menm valè nan konprann, menm valè nan konesans, menm valè nan ladrès, menm valè nan fòs kouraj, se twonpe mwen twonpe.

Dapre mwen, *refòm Bèna* a atake 2 gwo pwoblèm diferan an menm tan, san li pa distenge yo klè, san li pa poze keksyon klè sou enpòtans chak pwoblèm, san li pa egzamine rasin chak pwoblèm, san li pa sonde kè chak pwoblèm.

Yon chemen moun konnen ki deja la

Ki sa premye pwoblèm nan ye? Se keksyon lang ki nòmal, ki nesesè menm, kòm chemen konnen, pou yon mas timoun, nan yon sistèm lekòl ki ta dwe an rapò ak lavi yo, ak sa yo bezwen, ak sa ki itil yo e ki itil fanmi yo ak peyi yo. Pandan 200 ane, nan peyi nou, yo kabre pwoblèm sa a. Yo fè kòm si yon mas timoun ki konn yon sèl grenn lang, yo rele kreyòl, ki konprann kreyòl sèlman, ki pale kreyòl sèlman, kapab suiv bon jan pwogram pou yo aprann lekti, ekriti, kalkil, istwa peyi yo, jewografi peyi yo, eksetera, nan yon lang etranje yo pa konnen: franse.

Tout edikatè konpetan konnen: aprann li toutbon, aprann ekri lide ki nan tèt nou, aprann sèvi ak chif, pandan nou timoun 6 an, 7 an, 8 an, eksetera, se baz tout lòt etid nou pral fè nan vi nou. Jozèf Bèna vin rekonèt yon verite ki ta dwe klè pou tout edikatè: lang timoun deja konnen, se ak mwayen sa a pou timoun aprann lekòl nan sitiasyon nòmal. Se sa ki fèt an Dominikani, an Frans, o Zetazini. Se sa ki dwe fèt ann Ayiti. Tout bon rezon pou sa, deja klè nan yon pati diskou Bèna 16 out 1979 la. Nanpwen repwòch pou rezon solid li bay pou sa, kwak pi fò moun « *enstwi* » pa te pare pou yo te dakò ak bon rezon sa yo an 1979. Sa se pa fòt Bèna. Fòk nou rekonèt: li pa te manke kouraj pou li prezante verite a kanmenm.

Menm jou sa a, si Bèna te deklare: « *Leta dwe respekte lavi, libète ak dwa tout moun* », se ta yon lòt gwo verite. Menm jou a oubyen landemen, li tap pèdi dyòb minis li. Byen petèt makout ta asasinen li anvan ennan fin pase. Verite li pale sou kreyòl kòm lang edikasyon ti Ayisyen, pa tap mennen gwo krim kon sa. Sèten moun ri l. Gen lòt ki rekonèt sa li di a vre, men, nanpwen mwayen chanje sa. Pi fò pwofesè lekòl pa okipe l.

Yon chemen moun swete ki va la

Dezyèm pwoblèm Bèna bòde nan diskou l la, se pwoblèm Demesvar Delorme nan: « *Peyi sa a pale franse* ». Gen diferans ant pozisyon Delorme nan ak pa Bernard a. Vèb fraz Delorme nan te nan tan pase epi nan tan prezan. Vèb pawòl Bèna yo ta nan fiti: « *Peyi sa a gen pou l pale franse* ».

Repons pwoblèm Delorme, jan l poze l la, fasil. Èske se vre? Tout moun kab wè: se pa te vre an 1870. Se pa te vre an 1979. Se pa vre an 2003.

Pou moun rezoud pwoblèm Bernard a, fòk yo egzamine keksyon tankou: *Èske sa kapab fèt? Nan ki kondisyon sa ta kapab fèt?* Lè nou ann afè ak aktivite ki pral fèt, gen keksyon ki poze sou sa ki posib. Èske yon mas moun pral sou lalin an 2013, paske kèk moun t al sou lalin depi 1969? Prese bay yon repons pou dezyèm pwoblèm nan sanble ak yon mannèv, ak yon ladrès, pou fè moun asepte bwè yon metsin anmè. Yo di yo: Asepte kreyòl kòm lang lekòl, kòm zouti pou etidye, sa pral ban nou pouvwa fè popilasyon Ayiti a vin bileng. Sa vle di, prèske tout moun ap konn pale ni kreyòl, ni franse. Yon deklarasyon kon sa te kapab fè tout moun plezi. Se dèyè sa tout edikatè te ye depi tanndat. Se yon senp keksyon metòd dapre yo. Se sa Doret (1924: 18) te di ak egzanp Meristil.

Se te non yon tigason onz an, mòn Bonga nan mòn Lopital, ki te leve la, ki pa te janm sot la. Men, trouve parenn ni se te yon gwo zouzoun Pòtoprens ki te nan gwo plas leta. Epi marenn ni se te madanm nèg la. Mesye dam yo pati ak fiyèl yo al fè kèk tan a Pari. Pwoblèm kay fè yo pa rive abite nan katye gran Blan, ki ta kadre ak pozisyon sosyal yo. Se nan katye pèp, yo sètoblije abite. Sou twa mwa, Meristil, tout moun te rekonèt poutèt koulè li, te tounen lidè bann timoun katye a, espesyalman nan jwèt fè lagè. Sa Dorèt di nan sa?

« *Kòm timoun Pari yo te kapab konprann tigason an, ki sot nan mòn Bonga a, epi ti nèg la te kab konprann yo tou, tout jan tout mannyè, li te pale franse, kat mwa apre li te pati sot ann Ayiti. Men, elèv lekòl primè nasyonal nou yo, pa pale franse, apre twaz an etid. Kon sa, sistèm yo jwenn nan, merite kondane.*

Ki fè, fòk yo chanje metòd. »

Depi dat sa a, gen yon pawòl « *fòk yo chanje metòd* » ki a lamòd nan bouch edikatè ayisyen. Nou jwenn li nan Ponpilis (1973) tankou nan Bernard (18 me 1979). Pito lojik te fè Doret di: *Fòk ti elèv chanje peyi. Se pou yo soti ann Ayiti, kote yo benyen nan kreyòl, pou yo janbe a Pari pou y al benyen nan franse.* Epi se pa *tout jan tout mannyè* (= « *n'importe comment* »), jan Doret te di a, ti Meristil, ki te gen onz an, vin pale franse. Se pa nan chanje metòd li vin pale franse. Sa ki rive l, a Pari, rive nenpòt ki timoun onz an nenpòt ki kote sou latè, lè yo vin benyen nan yon nouvo lang, poutèt jan lespri/sèvo yo òganize a. Se vre *sistèm lekòl Ayiti a merite kondane*, san se pa yon koze move metòd, bon metòd, pou nou kouri met devan. Se paske li vire do bay òganizasyon lespri/sèvo moun.

Yon moun kapab tounen li plizyè paj nan liv la ki bay kèk egzannp sou sa timoun 3, 4 an, ki fèt e ki leve nan plenn, nan mòn, nan bouk, nan vil Ayiti, konnen an kreyòl, nan wòl son, nan lòd mo, nan sans mo ak fraz, chapit 7, (5) – (79). N a wè menm timoun sa yo pa konn anyen kon sa an franse, ann angle, an panyòl. Anpil efò, anpil travay, anpil redi, anpil fo pa, anpil tan, anpil ane menm pare pou yo sou chemen aprann franse, oswa angle, oswa panyòl, etan se ann Ayiti yo rete pandan yo timoun 5-14 an.

Kote dlo pou yo benyen an?

Gen yon kondisyon ki ta ede yo, ki ta soulaje yo, se benyen nan lang etranje a. Men, kote lanmè franse a, kote letan franse a, kote larivyè franse a, kote lapli franse a, ann Ayiti, pou yo ta tranpe ladan n? Men, yo nan mitan lanmè kreyòl la, yo plonje nan letan kreyòl la, yo benyen nan larivyè kreyòl la, yo mouye tranp nan lapli kreyòl la.

Poutèt sa, kreyòl se yon chemen konesans tou pare ki nan lespri/sèvo yo. Yo deja kapab mache ladan n. Yo deja kapab kouri ladan n, pou yo aprann li kreyòl, ekri kreyòl, reflechi sou sa ki pase nan tèt yo lè yo tandè son lang kreyòl la, lè yo rekonèt lòd mo ak sans mo nan yon fraz kreyòl. Menm jan, lè y ap aprann fè adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, divizyon. Menm jan, lè y ap aprann jewografi, istwa d Ayiti, ijyèn, aljèb, an kreyòl. Menm jan tou, lè yo sèvi ak kreyòl yo deja konnen an, pou yo aprann yon lòt lang, kit laten, kit grèk, kit franse, kit angle, kit panyòl. Nan tout aktivite aprann sa yo, depi premye ane lekòl fondamantal jis dènye ane klas segondè, jis dènye ane inivèsite, nanpwen majik kòm kwa tèl lang (kit yo rele l angle, kit yo rele l franse, kit yo rele l laten) gen pouvwa pote konesans otomatik nan branch: agwonomi, astwonomi, biyoloji, chimik, dwa, fizik, fizyoloji, iwoloji, jewoloji, jinekoloji, kadyoloji, optik, eksetera.

Nan tout etid sa yo, nanpwen majik kòm kwa konesans ap antre nan lespri/sèvo yon mas moun, san sa pa mande tan (= plizyè ane), efò, konkou lòt moun ki deja konn branch lan, eksetera.

Nan tout etid sa yo, nanpwen majik kòm kwa konesans ap antre nan lespri/sèvo yon moun ki konn kreyòl depi li gen 3 an, ki benyen nan kreyòl toujou, ki viv an kreyòl, ki renmen an kreyòl, ki reve an kreyòl, ki tris an kreyòl, ki kontan an kreyòl, si li chèche kabre lang kreyòl la, si li chèche lage lang kreyòl la, pandan l ap etidye lasyans oubyen nenpòt ki kalite branch konesans ak teknik, ann Ayiti.

Nanpwen majik kòm kwa, paske yon Ayisyen ki fèt ann Ayiti, ki leve ann Ayiti, ki rete ann Ayiti kòm jenn moun oubyen kòm granmoun, rive konn lang franse

fen, li gen pouvwa fè kòm si sèt milyon moun ki nan peyi a, an 2003, se pa kreyòl sèlman yo konnen, yo konprann, yo pale. Si li fè sanblan kwè sa, se tèt li l ap pete. Se do li li vire ba verite, bon sans, lasyans ak konsyans.

Senk gwo baryè

Pwogram nan 2 lang pou mas popilasyon 7 milyon Ayisyen ki pale kreyòl sèlman, pa posib pou rezon ekonomik, egal rezon lajan.

Sa pa posib pou rezon jewografik. Ayiti pa kole ak peyi ki pale angle oubyen franse, dekwa pou yon bon valè Ayisyen ta annik travèse fontyè pou timoun yo pase 2 mwa vakans chak ane nan yon zòn ki pale franse, kote yo ta benyen nan franse. Alman, Angle (nan tinèl ki pase anba lanmè Lamanch), Dànwa, Italyen, Olandè, Otrichyen, Panyòl, Pòtigè, Suis, annik pran bon wout machin, vwayaje distans Pòtoprens Okap, pou yo janbe an Frans al benyen nan franse, si yo enterese aprann pale franse.

Sa pa posib pou rezon sosyal. Ti ponyen Ayisyen ki deja konn pale franse, pale kreyòl tou. Epi se yon minorite ki gaye nan tout peyi a. *Pise ki gaye pa kimen*. Majorite pa benyen nan minorite, menm jan lanmè Karayib pa anvayi letan Miragwàn. Gen yon kont timtim bwa chèch sou bouchi ak lanmè ki di: *Ti frè al kay gran frè, gran frè pa al kay ti frè* (= larivyè al nan lanmè, (*se bouchi*), lanmè pa al nan larivyè).

Sa pa posib pou rezon pedagogik. (Al wè Devonish (1983: 305) pou ansyen koloni angle nan Karayib la). Twa milyon timoun, 6-18 an, ann Ayiti pa pale franse depi yo gen 3 an. Yo pap jwenn 50 mil pwofesè ki pale franse fen e ki konn teknik montre timoun franse kòm yon lang etranje fen, pandan yo pa benyen nan franse. Si yon pwofesè ki pale franse tankou moun ki natifnatal yon milye ki benyen nan franse, travay 5 èdtan pa jou, pandan 5 jou lekòl, sa fè li 25 èdtan. Li byen kapab travay inè edmi pa jou = 7 è edmi pou 5 jou ak 3 gwoup 20 elèv diferan = 22 è edmi. Nanpwen mwayen fè plis. Grenn pwofesè franse sa a ap travay ak 60 grenn elèv diferan sou 3 milyon. 49999 lòt pwofesè franse nesesè pou tout elèv etidye franse lekòl 7 è edmi pa semenn. Natirèlman yo bezwen 50 mil lòt pwofesè ki pale ni franse, ni kreyòl, e ki konn fè lekòl, k ap travay ak yo nan tout lòt matyè lekòl. Sa pa kapab fèt ann Ayiti. M pa kwè sa kapab fèt nan peyi rich. Antouka nanpwen okenn egzanp bagay ki fèt kon sa nan okenn peyi sou latè.

Sa pa posib pou rezon tan. Tout moun deja ap plenyen pou jan pwogram lekòl chaje ann Ayiti, tankou anpil lòt kote. Se anpil anpil anpil èdtan mas ti Ayisyen ta bezwen pandan anpil ane pou yo aprann franse, ak bon pwofesè, dekwa pou franse yo ta rive konnen an, ta itil yo pou yo devlope divès kalite konesans epi

pou yo gen kontak itil, an franse, ak lòt moun ki pale franse e ki kapab itil yo toutbon. E fòk nou pa bliye: ti gwoup Ayisyen ki benyen nan franse depi yo fèt, ki deja konn pale franse anvan y al lekòl, yo kòm moun k ap fè pledman kous kouri e ki deja gen gabèl sou lòt yo. Lang franse ap kontinye vye travay make distans ant klas sosyal yo ann Ayiti. Gade sa k rive ti Ayisyen lavi mennen o Zetazini nan piti. Yo atrap angle. Angle antre sou yo. Sa ki reyisi byen lekòl, nan yon lang angle ki rele yo chè mèt chè metrès, gen dwa rive nan wo degre konesans teknik oubyen konesans lasyans, nan tout kalite branch. Lè kon sa, nanpwen okenn Ayisyen « *montonsonnosvosleur- pale franse kou rat* » ki kapab pèmèt yo fè radyès ak yo nan konesans.

Espwa yon ale mye

Lè lekòl va fèt an kreyòl nèt ann Ayiti pou tout moun, pandan 20 ane, apre 20 ane sa yo, se sou konesans moun y a gade, se pa sou lang moun pale y a gade. Sa pa vle di distans sosyal ak vye prejije ap disparèt otomatik. Sa vle di ap gen yon ale mye. Konduit yon moun, konesans yon moun ap gen plis enpòtans pase lang.

Malgre pwogram bileng pou tout mas popilasyon Ayiti a pa posib, gen moun ki gen kouraj di se yon pwogram lekòl nan 3 lang (angle, franse, kreyòl) Ayiti ta bezwen. Al wè Yousèf (2002: 191). Fontus (2001: 145) menm menm pa di sa, men, li panse « *Ayiti ta byen kab tounen ... yon peyi twa lang kote popilasyon an ta sèvi ak angle, franse ak kreyòl nan aktivite li mennen chak jou.* » Byen petèt sa kapab rive nan mil ane kon sa. *Lemal egzis !...*

Sa manke serye. Grangou nan kò anpil timoun, anpil granmoun, nou mèt di pi fò moun ann Ayiti. Ki solisyon nou kwè kèk grandizè pote? Yo di: Ann mande abitan sispann plante: abriko, bannann, berejenn, bètwouj, chadèk, chou, diri, doliv, fig , grenad, grenadya, gwayav, jòmou, kacheman, kakawo, kalalou gonbo, kawòt, kaya dou, kayimit, kann, kenèp, kokoye, kowosòl, kreson, labapen, leti, lyann panye, malanga, mayi, mazonbèl, mandarin, mango, manyòk, melon, militon, papay, patat, pistach, pitimi, pòm kajou, pwa, sapoti, seriz, sitwon, tomat, veritab, wowoli, yanm, zaboka, zanmann, zepina, zoranj, zonyon. Ann mande abitan sispann fè gadinaj bèt kouwè bèf, kabrit, kana, kochon, kodenn, mouton, pentad, pìjon, poul. Ann mande pechè sispann peche ti pwason raz bò kòt Ayiti yo. Nou bezwen manje ki sikile nan gran peyi ak pi gran mwayen komès entènasyonal, manje moun kapab achte tou pare, tou garanti, nan bwat konsè: aspèj, aticho, bwokoli, chouflè, frèz, janbon, kònbfif, lèt evapore, oliv, pate fwa gra, poud lèt, sadin, somon, V-8, zuit, oubyen nan sachè plastik: diri, espageti, farin frans, fwomaj, kònflek, makawoni, pizza, òtdòg, pòm de tè frit, vèmisèl, oubyen nan boutèy plastik: ji grenadya, gwayav, kowosòl, mango, pòm, prin, rezen, tomat, zoranj, oubyen nan kès: lanmori, pwason mayami, eksetera.

Blòf lekòl nan yon pè lang

Kòm twazyèm solisyon an chaje ak pwoblèm, men sa nou wè: lekòl ki fèt an franse sèlman, kraze moral majorite popilasyon an epi li nan enterè yon ponyen moun ki rele tèt yo *lelit*. Sistèm lekòl tèt anba sa a, kenbe Ayiti nan plas dènye dènye peyi ann Amerik, ak yon mas granmoun ki pa konn ni li, ni ekri, ak yon mas timoun ki pase plizyè ane lekòl san yo pa devlope okenn konesans serye nan okenn branch ki ta itil yo, itil paran yo, itil peyi a.

Lekòl nan 2 lang ak kreyòl kòm yon esklav k ap travay tankou bourik pandan chwal franse galonnen, pou yon ti ponyen moun kenbe pouvwa lajan, pouvwa konnen ak pouvwa politik, bay menm rezilta ak lekòl an franse sèlman an.

Lekòl nan 2 lang, yo di ki egalego, se blòf. Pou ki sa? Dabò tout Ayisyen egalego vre nan kreyòl, paske tout atrap kreyòl la nan benyen yo benyen ladan n. Jan lespri/sèvo yo fèt, se menm jan lespri/sèvo tout kretyen vivan ki sou latè depi 60 mil an fèt. Òganizasyon sèvo nou tout fèt yon jan ki lakòz nou atrap lang kote nou leve a, li grandi nan lespri/sèvo nou, vle pa vle, menm jan nou vin konn chita, nou vin konn rale, nou vin konn mache, nou vin konn souri, nou vin konn ri, nou vin konn rekonèt figi moun, nou vin konn kouri. Ak lang sa a, se kòm sidire nanpwen limit nan sa nou kapab aprann tankou lòt kretyen vivan. Franse a menm, si se te lang pi fò moun nan peyi a, tout moun ta benyen ladan n tou, tout moun ta atrap li tou. Men, se lang yon ti gwoup moun. Majorite ti Ayisyen pa gen plis fasilite pou yo aprann franse pase majorite ti Dominiken, majorite ti Ameriken, majorite ti Chinwa. Men, chemen nòmal tout konesans pou tout moun ki konn pale kreyòl sèlman, se lang kreyòl yo a. Menm jan, chemen nòmal konesans pou tout moun ki konn pale panyòl sèlman, angle sèlman, chinwa sèlman, se swa panyòl, swa angle, swa chinwa.

Èske, jan Mathelie r (1976 : 36) sanble di a *pa sèvi ak franse kòm lang lekòl ann Ayiti* se ta menm bagay ak *defann montre elèv pale franse*? Si se te vre, sa ta vle di : pa sèvi ak franse oubyen ak angle kòm lang lekòl an Dominikani, men, sèvi ak panyòl kòm lang lekòl nan peyi sa a ki pi pre nou an , se ta menm bagay ak *defann ti Dominiken aprann franse, defann ti Dominiken aprann angle*. Nou ta mèt di menm bagay pou angle ann Angletè oubyen o Zetazini, pou ris an Risi, pou polonè an Polòy, eksetera. Atansyon ak vye rezonman kon s a, ki touble tèt moun ki pa enfòmè.

Sa ki pase tan lontan pa chanje òganizasyon sèvo moun

Nou pa manke jwenn move rezon nan pawòl moun pale, nan pawòl moun ekri, sou keksyon lang ki dwe sèvi pou yo fè lekòl ann Ayiti. Pou yo kenbe franse nan wòl sa a, menm si yo asepte sèvi ak kreyòl tou, yo rive bay yon espplikasyon kòmkiwa franse se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Ayisyen, dapre sa nou ye poutèt sa sikonstans istorik fè nou tounen. Men, kreyòl se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Ayisyen dapre lide, kwayans ak santiman ki antre fon anndan kè nou, ki fè pati nanm nou. Ak gwo kout franse, se sa Mathelier (1976 : 36) rele « *notre être historique* », « *notre être psychologique* » Èske se kon sa vre? Ann chèche konprann pawòl sa yo, nan fè kòm si entelektyèl franse oubyen entelektyèl angle ta sèvi ak yo ak kèk ti chanjman.

Entelektyèl franse ta di: franse se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Franse dapre lide, kwayans ak santiman ki antre fon anndan kè nou, ki fè pati nanm nou. Men, laten se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Franse dapre sa nou ye poutèt sa sikonstans istorik fè nou tounen.

Menm jan tou, lang sèltik se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Franse dapre sa nou ye poutèt sa sikonstans istorik fè nou tounen. Kon sa menm jan sitiwayon an ye ann Ayiti jodi a, mas pèp an Frans, pa te konn li, pa te konn ekri, pa te konprann laten, pa te pale laten. Men, yon ti gwoup entelektyèl ak savan te fè tout etid yo an laten e se an laten yo te ekri pi fò liv yo. Se yon sitiwayon ki dire plis pase 800 ane. Li te deja la sou Chalmay an 800. Li te la toujou an 1600. Lè sa a, pè Jezuit, kongregasyon Iyas de Loyola (1491-1556) te mete sou pye ann Espay an 1534, te gen kolèj an Frans. Regleman prensipal jenn gason grant famiy te gen pou yo suiv nan pansyona sa yo se ak 4 mo laten li te ekri « *latine loqui, pie vivere* ». Men ki jan nou kab tradui yo: « *pale laten, viv nan pye Bondye* » Pawòl regleman sa a nan Watbourg (1969: 147) Depi nou fè laten tounen franse, èske nou pa ta di se regleman lekòl kote timoun tap aprann pè ann Ayiti, epòk 1950-1970? Nou remake rezonman ki te mande laten pou lekòl an Franse jis epòk revolisyon franse 1789 la, te bliye afè lang sèltik. Konprann sa byen: se pa lojik y ap suiv, se enterè gwoup ki sou pouvwa a. Lè sa a se te wa ak gwo zotobre l yo.

Sa entelektyèl angle yo ta di menm? Angle se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Angle dapre lide, kwayans ak santiman ki antre fon anndan kè nou, ki fè pati nanm nou. Men, laten se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Angle dapre sa nou ye poutèt sa sikonstans istorik fè nou tounen. Pa bliye jis jodi a, tout òganizasyon politik peyi nou chita sou yon dokiman laten yo rele *Magna Carta*,wa Jan san tè te ban nou an 1215.

Menm jan tou, fòm lang alman Ang yo te pote ban nou se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Angle dapre sa nou ye poutèt sa sikonstans istorik fè nou tounen.

Menm jan tou, franse Nòman yo te bwote lakay nou lè yo te janbe kannal an 1066 epi pandan 300 ane yo te mèt peyi nou se yon pati yo pa kapab wete nan nou menm Angle dapre sa nou ye poutèt sa sikonstans istorik fè nou tounen. Entelektyèl angle konnen anpil mo angle tou le jou, se mo franse ki janbe kannal ansanm ak Nòman yo. Men kèk egzanp: *animal, blond, car, demand, excuse, face, grand, herb, idiot, jail, lamp, large, long, machine, nun, office, pardon, question, river, second, touch, unique, venue*.

Ann Angletè, tankou ann Ewòp, pandan plizyè syèk, lekòl fèt an laten e se pitit gran nèg ki t al lekòl. Men, se pa te poutèt manman lwa peyi a, *Magna Carta*, te ekri an laten. Epi, yo pa fòse ti Angle epòk sa a etidye ni an franse, ni nan fòm alman lontan gran gran gran paran yo. Lè lekòl kòmanse gaye nan peyi a pou tout moun, pandan dizivyèm syèk la espesyalman, se ann angle lekòl fèt.

Afè lekòl an franse ann Ayiti, mennen sèten sitiyasyon dwòl nan yon peyi kote tout moun atrap lang kreyòl la depi yo tou piti. Gade yon regleman lekòl, nan yon kanè « *Livret de correspondance* » (70 paj enprime, Valcourt Multi-Service, 1998-1999) yo te remèt elèv klas segondè an 1998, nan yon lekòl segondè Wane. Nan sa yo defann elèv fè e ki merite yo blame yo oubyen yo pini yo, gen zak tankou *goumen* lekòl. Gen *derespekte* pwofesè. Men tou, gen *neglije franse* (= « *négligence du français* »), ki sanble yon fòt (« *infraction* ») kont regleman lekòl, nan menm lis la (paj 67). Sa pa serye menm, dabò paske tout paran elèv sa yo, ki redi peye yon sòm lajan chak mwa pou pitit yo, tout pwofesè lekòl sa a, tout moun nan katye a, tout 300 konbyen ti mesye dam sa yo, se kreyòl ki prensipal lang yo konn pale oubyen sèl grenn lang yo konn pale. Anwetan, 2, 3 grenn moun nan tout zòn nan, franse pa rele pi fò moun la chè mètrès. Met sou sa, se yon regleman vag. Ki sa ki rele neglije franse? Ki lè yon moun neglije franse? Lè yon elèv ekri « *mon père prit des chaînes* », nan yon redaksyon, oubyen « *le silence qui règne entre nous prouve une sincérité amicale* », èske se yon neglijan? Lè elèv ap jwe boul pandan rekreyasyon epi yon pwofesè la, youn nan timoun yo di mètrès la « *l'homme a touché le ballon* », èske se yon neglijan? Men, nan kanè sa a, ki jan pou nou rele egzanp paj 5 « *Chers parents, Pétrifiés de la valeur de l'instruction...* » ak paj 7 « *tous les problèmes... doivent être résolus à la Direction de l'école et non nulle part ailleurs* »?

Franse se yon lang, se pa yon ti bondye

Èske solisyon fè lekòl an kreyòl nèt se fè lekòl san franse? Lè yon moun poze keksyon sa a, yo ta gen dwa mande l: Èske ou ta di : an Frans, an Dominikani, ann Itali, o Brezil, kote lekòl fèt an franse nèt, oubyen an panyòl nèt, oubyen ann italyen nèt, oubyen an pòtigè nèt, lekòl fèt san angle, san alman, san ris? Nan yon sans sa vle di lekòl fèt san angle, san alman, san ris. Ki jan? Ebyen, ata elèv klas segondè pa aprann biyoloji, chimik, fizik, aljèb, syans sosyal, ann angle (oubyen ann alman, an ris), ni an Frans, ni nan 3 lòt peyi mwen nonmen yo. Sa pa vle di nan peyi sa yo elèv pa gen dwa suiv yon kou angle (alman oubyen ris) pou yo aprann angle (alman oubyen ris). Solisyon fè lekòl an kreyòl nèt, vle di, se pa an franse elèv ap aprann li, ekri, fè adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, divizyon. Se pa an franse elèv ap etidye istwa d Ayiti, gewografi, istwa ak gewografi lòt peyi sou latè, tout kalite syans, aljèb, jewometri, eksetera. Sa pa vle di, lekòl, espesyalman lekòl segondè, pap bay kou franse, kou angle, kou espayòl.

Matematik apre 8 an lekòl

Ann sipoze lekòl ta fèt an kreyòl nèt. Pi fò elèv, ki pase 8 an lekòl, pa ta fèb jan yo fèb nan matematik. Sitiyasyon nou genyen jodi a pou pi fò elèv uityèm ane fondamantal k ap etidye matematik, an franse, èske nou ta kapab konpare l ak sitiyasyon trèz peyi yo nonmen nan yon ti rapò ki parèt nan jounal Mayami Eral (2 desanm 1993, paj 11A)? Trèz peyi yo se: Ekòs, Esloveni, Etazini, Frans, Ilann, (ansyen) Inyon Sovyetik, Israyèl, Itali, Kanada, Kore di Sid, Ongri, Suis, Taywann. Yon premye remak enteresan, laj elèv ki nan uityèm ane lekòl nan trèz peyi sa yo, se 13 an. Nou deja wè, se pa timoun trèz an ki nan klas uityèm ane fondamantal an jeneral, ann Ayiti. Nou gen yon pakèt elèv 14, 15, 16, 17, 18 an nan klas sa. Nan trèz peyi sa yo, se elèv Taywann ki fè pi gwo nòt nan matematik. Se elèv lekòl piblik o Zetazini ki fè pi piti nòt. Etazini nimewo trèz. Ayiti menm ta kapab nimewo 200. Nan douz peyi ki vin anvan Etazini yo, epi an Jòdani ki katòzyèm, tousuit apre Etazini, timoun trèz an sa yo etidye matematik nan lang manman yo, paske se nan lang manman yo lekòl fèt nèt. Lè nou konte Etazini, men lang nou jwenn: alman (an Suis), angle, arab, chinwa, ebre, eslovèn, franse, italyen, koreyen, ongwa, retowomanch (an Suis), ris. Timoun 13 an ki lekòl nan lang pa yo, kapab rive nan bon degre matematik apre 8 an lekòl.

Ekri fen apre 8 an lekòl

Timoun 13 an ki lekòl nan lang pa yo, kapab rive nan wo degre ekriti apre 8 an lekòl. Kòm literati se yon flè ekriti, bon valè timoun ki vin konn ekri fen, nan pwòp lang pa yo, an kreyòl, ta gen dwa devlope don yo genyen pou yo ekri tout kalite bèl koze tou.

M te fin ekri chapit 24 la, lè mwen jwenn yon liv Edwige Danticat (2002) kay yon zanmi. Mwen kòmanse li Dèyè mòn (se kon sa m ta tradui non angle liv la) a 7 èdmi di maten jou dimanch 8 jen 2003 sa a. Malgre yon ti fèt zanmi m yo te fè depi 10 èdmi di maten pou pitit yo ak lòt timoun, a 5 èdmi lapremidi, m te fin li bèl istwa Selyàn Esperans lan, ki parèt an fòm pawòl li te ekri nan yon kanè madan Ogis, pwofesè lekòl primè li nan mòn Leyogàn, te fè l kado.

Tankou Edwige Danticat, mwen renmen mòn depi m piti, mòn Lopital, mòn Kenskòf, mòn Fisi, mòn Lasèl, epi mòn Briye, mòn Babwa, mòn Sentab, nan zòn Pòsali. Lè m te ann egzil pandan 16 an edmi, m te renmen chonje pawòl yon chante Tino Wosi (an franse: Constantin Rossi, 1907- 1983): « *Remèt mwen mòn mwen yo – Rendez-moi mes montagnes.* »

Menm jou m li « Behind the Mountains », pou jan liv la ekri kòm yon bèl travay atis nan literati, mwen rekòmande senk ou sis moun mwen byen avè yo, li bèl bèl istwa sa a, ki va touche kè yo, ki va mete yo nan yon anbyans lavi yon ti jennfi nan mòn nou yo ki vin abite nan vil Nouyòk. M di yo jan m te kontan li liv la, jan m apresye l, jan mwen bwè pawòl li yo, kòm yon kremas siperyè, m vale ti tak pa ti tak.

M pa di yo si m gen yon ti kritik sou yon pwen, m prèske sèten yo pap menm remake nan istwa a, ata lè yo li yon fraz nan yon ti nòt Edwiy ajoute, nan fen liv la, sou vi pèsònèl li, paj 165: « *Sa ki kapab sanble dwòl, se ann angle kanè pèsònèl sa a ekri, kwak lang prensipal Ayiti a, se kreyòl.* » Se poutèt sa, Edwiy prezante tèt li kòm yon tradiktè ki mete pawòl pèsònèl kanè Selyàn nan, ann angle. Men, nan ki lang pawòl pèsònèl Sese yo te ekri? Pi fò moun pap poze tèt yo keksyon sa a. Yo dwe dakò nèt ak yon fraz Fontus (2001: 79, fen nòt 1): « *yon ekriven se yon temwen tan pa l ak milye pa l.* » = « l'écrivain est un témoin de son temps et de son milieu ».

Mwen menm, menm kalite keksyon m te poze nan fen chapit 9 la, nan tèt mwen: « *Èske Selyàn se yon tifi ki fèt nan mòn Leyogàn, ki leve la, e ki al lekòl la? Oubyen èske se ti Edwiy tou krache, yo mennen ba yon matant li ak yon monnonk li Pòtoprens, lè li te gen 2 an, an 1971, lè manman l al jwenn papa l Nouyòk, epi ki reyisi antre Nouyòk, an 1981?* »

Madan Ogis se te yon peyizan Selyàn. Li te etidye nan kapital la. Li vin pwofesè. Li tounen fè lekòl nan peyi l. Bravo. Men, sistèm lekòl tèt anba Ayiti a te gen tan make l. Se pa fòt li si li pa te rekonèt kichòy mwen te deja konprann, an 1959, apre sis ane travay ak refleksyon nan komin Pòsali, lè m te louvri yon ti lekòl an kreyòl nèt, Wòch Jabwen, tou pre Lan Montany, senkyèm seksyon, Ka Balis, sou limit Sen Jan di Sid ak Pòsali.

Timoun bò la yo te renmen

*Mache lekòl.
Men konnen pa gen lòt chemen
Pase kreyòl.*

*Dirèk la te konn sa lontan
Anvan leta.
Men li te manke enstriman.
Yo fè reta.*

Madan Ogis te fè yon bèl jès ak Selyàn. Li te fè l kado yon ti kanè pou li kopye leson, li te gen pou l resite yo. Sa se reyalite lekòl Ayiti yo: kopye leson, an franse. Men tou, sa k pase nan tèt Sese, an kreyòl, nan kè li, an kreyòl, li te gen pou li ekri l nan kanè a, an franse. Nou soti nan reyalite peyi a. Antouka, se pa yon kanè ki te la pou li te ekri lide ki nan tèt li, an kreyòl. Ki kote yo te montre l ekri kreyòl? Ki lekti, ki redaksyon, ki dikte, ki egzèsis, yo te fè l fè lekòl an kreyòl kon sa pou plim li oubyen kreyon l ta kouri lib sou papye?

Oubyen Sese aprann ekri an kreyòl pou kont li epi li pran abitud ekri lide l an kreyòl, se ta yon ti mirak. Oubyen Sese ekri sa k nan tèt li lib an franse, pandan li aprann franse fen etan li lekòl nan mòn Leyogàn, ann Ayiti, se ta yon gwo mirak. Oubyen Sese vin aprann ekri sa li chonje, ann angle, apre ennan, dez an etid serye, nan etidye di ak anpil kouraj, ak anpil kontak ak angle Nouyòk, se bèl bagay, se pa mirak. Men, lè kon sa, fòm kanè pèsònèl chak jou liv la genyen an, pèdi yon pati nan valè literè li.

Pandan pi fò lektè ayisyen liv la pap menm wè si gen yon pwoblèm la, pandan yo pap kalkile ki jan yon tifi, entelijan kou li entelijan, ki plonje nan milye riral mòn Bosejou, ki dwe pa li dis liv an franse pandan tout ane li pase nan ti lekòl primè zòn nan, ki pa te fouti gen okazyon pale franse pandan 2 èdtan pa semèn ak moun ki pale franse tou senp, kouman li fè rive nan degre franse ki ta fè yon timoun ekri sa li wè, sa li tandè, sa li panse, sa li renmen, sa li santi, sa ki fè l lapenn, sa ki fè l plezi nan yon lang li pa pale lib, nan yon lang li pa tandè pèsonn pale lib? Èske aktivite ekri an franse sa a kadre ak sitiyasyon lavi fanmi ak vwazinaj Selyàn Esperans?

Sa mwen trouve ki enteresan anpil nan ka sa a, tankou nan ka Ilaryon ak Yaya (chapit 9), se jan Ayisyen ki rive nan wo degre etid, ki abitye ak literati franse, sanble pa wè diferans ant sa ki vo pou tout moun sou latè, sa ki vo pou tout sitiyasyon kretyen vivan, ak sa ki espesyal, sa yo jwenn an Frans, ann Ewòp, o Zetazini, men, yo pa jwenn ann Ayiti, sa yo jwenn ann Ayiti, men yo pa jwenn ann Ewòp, o Zetazini, an Chin. Se rezilta sèten lide, sèten ilizyon, sèten prejije, lekòl gaye, san sa pa parèt, nan yon pati sosyete ayisyen an, nan lespri anpil Ayisyen.

Dapre mwen, rasin ilizyon moun ki panse lekòl kapab fèt nan yon pè lang pou tout ti Ayisyen, se rezònman ki kòmanse ak bon pawòl tankou:

Tout moun ki nòmal, gen kont entelijans pou yo aprann yon lang.
Pi fò timoun ki ann Ayiti nòmal.
Kon sa pi fò ti Ayisyen gen kont entelijans pou yo aprann franse.

Oubyen :

Gen timoun ki aprann franse lekòl ann Ayiti.
Pi fò timoun ki ann Ayiti, nòmal.
Kon sa tout timoun ki nòmal, kapab aprann franse lekòl ann Ayiti.

Fòk nou distenge yon bagay ki posib (= ki kapab fèt) ak yon bagay ki pral fèt.
Fòk nou kalkile kondisyon ki dwe egziste pou tèl bagay fèt.
Fòk nou distenge ant sa ki posib pou tèl moun an patikilye ak sa ki posib pou yon mas moun an jeneral.
Fòk nou reflechi pou nou konnen si gen kèk moun ki vin milyonè ann Ayiti, sa pa vle di pi fò moun, oubyen anpil moun kab vin milyonè oubyen kab vin rich.

Gen gwo prensip filozofi dèyè koze sa yo. Lè yon prensip vre, sa pa vle di revè l vre tou.

Kalkile byen:	Tou sa ki la, ki fèt, ki egziste, posib.	Se vre.
	Tou sa ki posib, la, sa fèt, sa egziste.	Se pa vre.

Ann Ayiti nou deja gen 200 ane reta, n ap kontinye pèdi tan pou nou regle pwoblèm sèvi ak sèl chemen konnesans tout moun, lang kreyòl tout moun, pou tout moun rive nan yon sitiyasyon aprann toutbon, aprann selon mezi entelijans yo, aprann anvan 200 lòt ane pase. N ap suiv tras grandizè chante Koupekloure a , ki te nan *pè kabann*, *pè frijidè*, *pè matla*. Nou ta vle nan pè lang lekòl pou tout timoun, pandan nou byen konnen nou pa nan okenn pè lang nan lavi pi fò timoun.

Chapit 25

Lèt ak sitwon

Teyori egalego se revè teyori esepite

Lè savan ap etidye pwoblèm biyoloji, jewoloji, fizik, eksetera, gen yon teyori ki dirije rechèch yo ak metòd yo suiv yo. Se yon teyori egalego, nou ta mèt rele teyori menmman parèyman tou. Sa sa vle di? Lè savan ap egzamine ki sa ki lakòz yon seri selil nan sèvo moun ap depafini, lè yon maladi yo rele *Alzaymè* (dapre non alman doktè «*Alois Alzheimer* », 1864 - 1906 -1915), atake sèvo a, yo konnen rezilta, rezon, esplikasyon yo deja jwenn ak sa yo nan wout jwenn ak sa yo ann espwa jwenn, pou yo devlope remèd pou konbat maladi a, vo pou tout moun sou latè a, kit se savan chinwa, endyen, japonè k ap etidye jan maladi a aji sou moun peyi yo, kit se savan ameriken, angle, brezilyen, izrayelyen, kanadyen, kiben, nòvejyen, otrichyen, k ap travay ak moun peyi pa yo. Kon sa, yon moun k ap li yon atik Vida Foubistè nan magazin Akademi Syans Nouyòk (« Update », nimewo mas 2003: 2-3) sou maladi *Alzaymè* a, pap konprann pawòl ki ladan n regade Ameriken ki rete Nouyòk. Yo pa ta vre ni pou Ayisyen, ni pou lòt moun sou latè, ni yo pa ta konsène yo.

Teyori menmman parèyman an rekonèt sèvo moun, eskelèt moun, vyann moun, je moun, zòrèy moun, trip moun, eksetera, òganize menmman parèyman depi 60 mil ane oubyen pi plis, depi nan pòl nò jis nan pòl sid, depi kote solèy sanble leve jis kote solèy sanble kouche. Kon sa, si yon Ayisyen oubyen yon Kongolè oubyen yon Senegalè oubyen yon Palestinyen jwenn kòz tèl maladi ak remèd ki kapab geri maladi a, sa yo jwenn vo, kit yo se moun nwa, moun wouj, moun blan, kit yo gen 30 an, 50 an, 75 an, kit yo rele Bondye Adonay, Ala, Granmèt, Letènèl, kit yo pa kwè gen Bondye. Sa pa chanje anyen nan sa yo wè, nan sa entelijans yo konprann, nan verite yo rekonèt ki konsène mikwòb, viris, san, zo, wòch, asid, eksetera.

Okenn moun lespri, okenn savan pap di: tèl koze sou lalin, solèy, zetwal, bèt, pyebwa, moun, vre oubyen li pa vre, paske moun ki vini ak pawòl la, se yon Ameriken, oubyen se yon Ewopeyen, oubyen se yon Afriken, eksetera. Ni okenn savan pap di: prensip Achimèd bon pou peyi Sisil kote Achimèd te rete a, li pa bon pou lòt peyi. Yo pap di: Galileyo Galileyi tap pale pou Itali, li pa tap pale pou Lachin lè li te di se latè k ap fè wonn solèy la. Yo pap di: Nyoutonn te yon angle ann Angletè, Aystay te yon alman ann Almay, gwo teyori yo ki boulvèse lasyans, se ann Angletè oubyen ann Almay sèlman yo pote gwo chanjman.

Teyori menmman parèyman an (oubyen egalego) tèlman byen chita depi tanndat nan tèt savan tan modèn, m pa wè ki jan yo ta rive panse: etidyan lekòl metzin divès peyi pa ta dwe derape ak menm prensip epi ak menm baz konesans lasyans sou kò moun, lè y ap etidye dèmatoloji ak po moun, jinekoloji ak pwoblèm fè pitit, gwochè, akouchman, bay tibebe tete, sevre yo, kadyoloji ak pwoblèm kè,

tansyon, newoloji ak òganizasyon sèvo, odyoloji ak anndan zòrèy, optik ak sistèm zye. Savan ta trouve sa dwòl anpil si moun ta di: fòk ta gen yon dèmatoloji espesyal pou Kanada, yon jinekoloji espesyal pou Izrayèl, Risi, Venezwela, yon kadyoloji espesyal pou Meksik, Kore ak Ajantin, yon newoloji espesyal pou Lafrans, Vyetnam ak Kotdivwa, yon odyoloji apa pou Ayisyen ti zòrèy, yon optik apa pou Afganistan. Anfen se kòm si nou ta bezwen yon baz metsin espesyal ak prensip espesyal pou Ayiti epi pou chak peyi. Se lide ridikil ki pap vin nan tèt okenn moun serye.

Men, jan Chomsky () di a, gen lè tout savan ak tout entelektyèl dakò ak pawòl mwen fèk pale yo toutotan y ap etidye tout kò moun depi anba kou desann. Men, pou tèt, sa vle di pou pwoblèm lespri/sèvo, konesans, memwa, konpòtman, lang, sanble gen moun ki tou pare pou yo vire do ba prensip lasyans. Yo tou pare pou yo lage teyori menmman parèyman an pou yo ranmase revè a, sa vle di teyori esepite a, nou ta mèt ba l yon lòt non: teyori se pa menm afè a.

Nou chonje pawòl *Se pa menm afè a*, nan chapit 16. Ti Chinwa ak ti Dominiken, lekòl fèt an chinwa oswa an panyòl pou yo. Pou ki sa? Se chinwa oswa panyòl ki lang yo. Ti Ayisyen, lekòl fèt an franse pou yo. Pou ki sa? Se kreyòl ki lang yo. *Se pa menm afè...*

Yon pwofesè ayisyen nan depatman lengwistik ak filozofi yon gwo inivèsite Kanmbrij, bò Boston, o Zetazini, yo rele Massachusetts Institute of Technology ann angle, Michel Degraff (2003) etidye keksyon sa a fon. Li montre teyori egalego oswa menmman parèyman savan suiv, espesyalman depi sou gran filozòf franse yo rele René Descarte (1596-1650) la, dirije tout rechèch serye nan tout branch lasyans. Men, gen sèten pwoblèm savan ewopeyen vin etidye nan sèten kondisyon malelve, apre Dekat. Èske esklav afriken se moun toutbon menm jan ak mèt blan ki achte yo? Si se bagay yo ye, kouman yo fè moun toutbon. Si se moun toutbon yo ye, kouman yo fè tounen bagay y achte, bagay yo vann? Se pa repons keksyon sa yo ki te difisil pase sa. Se enterè lajan ki kache dèyè yo ki fè yo malelve. Se pa ti lajan komès esklav te rapòte. Se pa ti lajan travay esklav nan jaden kann, kafe, koton te rapòte leta, te rapòte mèt esklav, te rapòte machann esklav. Moun ki te jwi kòb sal sa a, se yo ki te gen lajan pou yo peye entelektyèl ak savan, ki te chita dèyè biwo yo, nan bibliyotèk yo ap ekri liv. Èske Pilat pa t mande Jezi: *Sa ki laverite a?* Pawòl twò fò, machwa gonfle. Je pou wè, zòrèy pou tande, bouch pou pe. Se pa 2 moun lespri ki pe bouch yo. Se pa 2 gran tèt ki pale pawòl kwochi. Se pa 2 gran ekriven, 2 gran filozòf, 2 gran pwofesè ki bay manti.

Yo di: nèg ki sot ann Afrik, se sovaj, yo pi plis pase bèt, men, yo pi mwens pase blan. Se kontak ak blan ki pou fè yo monte ti kras pi wo. Se vin manm legliz, ki

kapab fè yo sove nanm yo, lè yo batize. Si yo pi entelijan pase bèt, Ewopeyen pi entelijan pase yo. Kòm moun, si yo pi enferyè pase Ewopeyen, kouwè blan Franse, sa yo pale a, bri yo fè ak bouch yo, pou nou pa di mo tankou lang, pi enferyè pase lang blan, lang franse, lang angle, lang panyòl. Si lang yo pi enferyè pase franse, yo sou mank. Sa nou pa jwenn ladan, nou jwenn an franse, nou tou kab rele yo mank. Tout kalite lide ak prejije kon sa vin fòme baz etid sou lang esklav rive konn pale Sendomeng ak lòt kote. Enterè Ewopeyen mande pou yo pa rekonèt Afriken egalego ak yo. Enterè kolon ki sot ann Ewòp, mande pou yo pa kwè: Afriken pale lang menm parèy ak lang pa yo. Degraf al fouye liv moun ekri sou tan lakoloni, li fouye pawòl nèg lib ak ansyen esklav ki vin lib ranmase nan bouch blan. Men kèk lide sa yo:

Tout lang kapab pale pawòl teknik ak pawòl lasyans,.....esepte kreyòl
 Tout lang bon pou pwezi,.....esepte kreyòl.
 Tout lang se chemen nouvo konesans,.....esepte kreyòl.
 Tout lang sèvi pou pale tout kalite pawòl,.....esepte kreyòl.
 Tout lang se zouti pou moun panse,.....esepte kreyòl.
 Tout lang suiv lòd ki byen regle,.....esepte kreyòl.
 Tout lang se sistèm ki konplike anpil,esepte kreyòl.

Teyori egalego, ki merite pote non teyori menmman parèyman tou, debarase lespri nou ak vye lide sa yo ki te apiye sou vye prejije ak vye pawòl ras siperyè ak ras enferyè. Pale kreyòl, pale angle, pale franse, pale chinwa, se pa pale menm lang, men, *se menm afè*. Fè lekòl ann angle, an franse, an chinwa, se pa fè lekòl pou menm moun menm peyi, men, *se menm afè*. Se sèvi ak yon chemen konesans ki deja nan sèvo, nan tèt, nan lespri, nan lavi yon valè moun nan tèt zòn, pou moun sa yo, depi yo piti, rive devlope lòt konesans ki fèt pou tout kretyen vivan.

Chapit 26

Nan yon peyi tèt anba

Pou ki rezon sistèm lekòl Ayiti a tèt anba? Anvan moun reponn keksyon an, se pou yo chonje: lekòl fèt pou moun, espesyalman pou timoun. Timoun gen entelijans, tankou yo gen je, tankou yo gen janm, tankou yo gen pye. Pye tout timoun sou latè gen menm wòl. Se kanpe, se mache, se kouri, se sote, se glise. Men, pye ti Ayisyen ki ann Ayiti, pa pile lanèj ak glas, tankou pye ti Inuit ak ti Kebekwa ki o Kanada. Pye ti Kanadyen ki pwonmennen nan bwa, o Kanada, pa

pile po kann, po bannann, fèy veritab, fèy labapen, fèy mango, tach palmis. Je yo pa wè pòpòt bannann, rejim bannann, kokoye, papay, kenèp, pat lalwa, vetivè, zandolit ak mabouya. Se lòt bèt yo wè, se lòt fèy nan bwa yo wè. Men, se menm travay je yo fè ak je ti Ayisyen ann Ayiti.

Tout timoun 3 an jis 13 an kon sa sou latè, depi yo nòm al, atrap tèl lang. Yo pa konn tout lang. Lang yo atrap la, oubyen lang yo atrap yo, se ak li oubyen se ak yo, entelijans yo kapab sèvi pou yo devlope tout kalite konesans, depi non pa yo, non moun nan fanmi yo ak moun nan vwazinaj yo, jis prensip yon konesans yo rele enfòmasyon, (ki etidye òdinatè), yon lòt konesans yo rele jewontoloji, (ki etidye kò moun k ap tounen granmoun aje). Branch konesans sa yo potko prèt pou parèt epòk granpapa m, defen Kamiy Dejan te jij tribinal kasasyon Pòtoprens an 1897. Men, lang kreyòl ak lang franse, jij Dejan te konn pale, se pa yo ki itil jenn ti mesye dam an Chin, lè y ap etidye 2 nouvo syans sa yo. Se an chinwa, yo etidye yo. Se an chinwa, yo t al lekòl nan piti.

Se an chinwa tou mas moun an Chin konn ki lwa ak ki regleman ki nan peyi yo. Se an chinwa, yo tande enfòmasyon sou sa k ap pase nan peyi yo epi lòt kote sou latè, tankou yon nouvo maladi poumon ki parèt nan fen ane 2002 a. Se an chinwa, doktè ak enfimyè ba yo esplikasyon yo bezwen lè y al lopital oubyen nan klinik. Se an chinwa agwonòm mete yo okouran teknik ki kapab fè tè yo donnen pi byen. Se an chinwa, yo regle tout koze nan tribinal. Se an chinwa, non wout pou yo vwayaje nan kokennchenn gwo peyi yo a, ekri. Se an chinwa, tout sèvis leta fonksyone. Pou ki sa? Paske lang chinwa, se chemen konesans nòm al mas pèp chinwa.

Sa m bezwen al lwen kon sa? Distans pou moun ki Pòtoprens, rive an Dominikani pi piti lontan pase distans pou yo rive ni Senmak, ni Miragwàn. Nan biwo leta, nan lekòl, nan inivèsite, nan legliz, nan pòs polis, nan tribinal, ak ki lang yo sèvi an Dominikani? Ak panyòl. Pou ki sa? Paske panyòl se lang mas pèp dominiken an.

An Chin, an Dominikani, epi nan prèske tout peyi sou latè, nan afè lang, moun pa nan yon peyi tè anba. Ann Ayiti, nan afè lang, nou nan yon peyi tè anba, paske, ni nan lekòl, ni nan biwo leta, ni nan sèvis leta, yo kontinye vire do ba kreyòl, yo kontinye vire do bay sèl lang mas pèp la konnen. Lontan, yo pa te antrave ak lalwa pou sa. Kounye a, yo antrave ak lalwa pou sa piske konstitisyon 1987 la deklare kreyòl lang ofisyèl, paske se sèl lang ki mete tout Ayisyen ansanm. Men, yo te deja antrave ak bon sans epi ak lasyans.

Sèvi ak kreyòl ni nan aktivite lekòl ni nan aktivite leta

Nan yon kongrè moun save nan lasyans lang ak edikatè ki te reyini Awouba, nan Karayib la, 16-20 septanm 1980, Devonich te kritike yon mank nan diskisyon ak etid sou kreyòl, lè se pwoblèm edikasyon ak sistèm lekòl sèlman moun okipe. Lè kon sa, se kòm si wòl kreyòl lekòl pa ta mele ni ak lavi yon peyi ni ak aktivite yon sosyete. Nan liv la, sa nou egzamine espesyalman, se rapò lang tout pèp ayisyen an ak tout pwoblèm edikasyon ki konsène tout timoun ak tout granmoun nan peyi a. Men, depi sou dezyèm pati non liv la *nan yon peyi tèt anba*, sa ta dwe klè: tout moun bezwen konprann enpòtans lang kreyòl la nan tout pwoblèm Ayiti. Remak Devonich (1983: 304) fè yo, gen anpil valè pou Ayiti:

Nou dwe sèvi ak lang kreyòl la lekòl kòm yon mwayen pou elèv aprann li, aprann ekri, devlope konsepsyon yo nan divès branch.

Men sa pa kont, « sa pa gen sans si elèv pap kapab sèvi ak kreyòl pou aktivite y ap mennen nan peyi yo, nan sosyete yo, kote kreyòl dwe gen yon plas ofisyèl, sitou nan ekriti. »

Gen 2 pwèn enpòtan nan pawòl Devonich yo.

- (1) *Se sèvi ak kreyòl kòm mwayen prensipal pou elèv lekòl aprann pi byen, sa vle di aprann li an kreyòl, aprann ekri an kreyòl, mennen aktivite lekti ak ekriti an kreyòl, etidye an kreyòl.*
- (2) *Se sèvi ak kreyòl kòm mwayen prensipal pou popilasyon an regle tou sa li gen pou li regle nan tout aktivite l kòm sitwayen ki jwenn papyè leta an kreyòl, sèvis anplwaye biwo leta an kreyòl.*

Asepte (1) san (2), se asepte yon sitiyasyon depaman. Se kòm si nou ta mande pou elèv mache dwat lekòl pandan nou ta dakò pou yo mache kwochi, pou yo mache bwete nan lavi.

Kreyòl ak lalwa

Pou Ayiti mache, fòk lang ki anvayi lavi tout pèp la, fòk lang ki alaparèy nan tout aktivite tout pèp la, jwenn plas li merite pou sèvis tout pèp la. Ann pran lalwa. Tout moun dwe konnen ki dwa yo genyen, ki dwa yo pa genyen. Jiskens, pa gen yon sèl grenn lwa senatè ak depite vote nan peyi a, swadizan pou byen tout pèp la, yo ekri dirèkteman an kreyòl.

Gen moun ki pral di: kit an franse, kit an kreyòl, pi fò moun nan mas pèp la pa konn li. Se vre. Se yon gran wonte pou peyi a. Men, annatandan nou fè sa nou dwe fè pou tout moun nan peyi a konn li, nou kapab fè mwayen posib nou pou tout moun nan peyi a tandè pawòl ki konsène yo. Pale vin anvan lekti. Tout moun konn pale. Ann Ayiti, tout moun konn pale kreyòl.

Gen swasant an, gen moun ki te konn di: nou pa kab ekri kreyòl, pa gen òtograf.

Lè yon pastè ilandè legliz metodis, Ormonde Mc Connell, vin avèk yon òtograf regilyè ki sèvi ak sèten prensip Alfabè Fonetik Entènasyonal, yo te envante ann Ewòp an 1888, gen kèk entelektyèl ki rele: « *Anmwe! Men Ameriken ban nou yon òtograf angle pou kreyòl pou yo wete franse a nan men nou, epi apre sa y a ranplase l ak angle.* » Plis pase senkant an vin pase sou nou, gen direktè ak direktis lekòl, gen pwofesè lekòl ki kontinye di: yo pa kapab sèvi ak kreyòl lekòl, pa gen liv an kreyòl. Angiz yo ta di: Ann prepare bon liv an kreyòl. Gen lòt ki prese di: Twòp depans, pa gen lajan pou ekri tout liv nou ta bezwen an kreyòl. Men, gen lajan pou yon kantite depans initil pou simagre gradiyasyon depi jaden danfan dapre modèl ameriken. Epi genyen ladan yo ki ekri tout kalite liv lekòl ki pa alawotè an franse.

Nan yon liv ki nan enprimri, Michel Degraff fè nou remake: premye dokiman ekri ofisyèl tout sitwayen ayisyen dwe genyen, ekri an franse sèlman. Se ak de nesans, yo rele regis tou, yo pi abitye rele *batistè* toujou. Sa Degraff di a byen montre nou: politik lang ki fè kòm si tout Ayisyen pale franse, kont enterè majorite moun ki pale kreyòl sèlman. Sa pi grav toujou, lè nou kalkile gen yon dekrè 12 me 1995 ki parèt nan Jounal Monitè (nimewo 40, jedi 25 me 1995, paj 529-530) pou li korije yon move ajisman ki te veksan pou mas kiltivatè ayisyen sa vle di majorite popilasyon an. Anvan sa, te gen 2 fòm *batistè*, youn pou *moun lavil*, youn pou *abitan* sa yo rele « paysan » an franse. Dekrè a kraze distenksyon ant moun dapre kote yo fèt oubyen kote yo abite, oubyen si yo travay tè oswa si yo mennen yon aktivite kèlkonk lavil. Chanjman sa a te mande yon nouvo fòm *batistè* ki montre majorite pèp la, 80 pou san moun, respè yo dwe l la. Yo enprime yon nouvo fòm, an franse sèlman, ak menm fòmil lontan franse kenzyèm syèk an Frans. Chanjman ki fèt la te dwe mache ak piblikasyon yon nouvo fòm *batistè* (= *rejis*, = *ak nesans*). Biwo lang kreyòl Sekreteri deta pou alfabetizasyon an te prepare yon dokiman modèn, yon bò kreyòl, yon bò franse pou sa, depi anvan 1997. Yo pa sèvi avè l. (Al wè l nan fen liv la).

Kreyòl kòm lang ofisyèl

Nan yon entèvyou, 21 novanm 1986, yon espikè Radyo Solèy te poze m yon keksyon: « *Dapre wou, sa yon bon konstitisyon pou Ayiti ta dwe di sou koze lang, sou koze lang ofisyèl pou Ayiti?* »

Anvan m reponn keksyon an, mwen te fè espikè a konpliman pou jan li prezante keksyon l lan kòm yon pwoblèm li byen poze ak ti bout fraz yon bon konstitisyon pou Ayiti a.

Nan liv n ap fin li la a, mwen eseye poze anpil pwoblèm ak anpil keksyon epi mwen bay anpil repons ki klè, selon reyalyte Ayiti a, selon verite Ayiti a, selon

sitiyasyon Ayiti a. Repons mwen pa chita sou sa kèk Ayisyen anvi, sou sa kèk Ayisyen dòmi reve.

Nou genyen yon peyi 7 milyon moun kon sa, san nou pa konte tibebe ak timoun alabazaj. Tout moun, ki gen plis pase 10 an, depi yo fèt ann Ayiti, yo leve ann Ayiti, yo abite ann Ayiti, tout konprann kreyòl, tout pale kreyòl. Tout kapab foute bouch yo nan yon diskisyon ki fèt an kreyòl, tout kapab antre nan yon koze ki fèt an kreyòl. Se reyalye sa a ki dwe devan 2 grenn je nou: reyalye yon pèp ki pale yon lang yo rele kreyòl.

Afè lang ofisyèl se pa anyen pase yon deklarasyon ki di ak ki lang leta pral sèvi lè leta ap fè travay leta li. Leta se nou, nou se leta. Sèvitè leta, sèvitè peyi a, manm sèvis leta dwe fè travay yo pou enterè tout sitwayen peyi a. Se pou sa yon gwo travay dwe fèt pou prepare papye leta an kreyòl, sa vle di nan sèl lang tout sitwayen konprann.

Se ak lang sa a pou yo regle deklarasyon lanmò. Yon moun mouri, fanmi l al deklare yon sèvis leta tèl moun mouri, tèl kote, tèl lè, tèl jan, tèl mannyè. Yo fèt pou yo pran deklarasyon an nan lang peyi a e pou yo ekri l nan lang peyi a.

Yon moun al deklare sèvis leta: yon tibebe, yon tifi oubyen yon tigason, fèk fèt tèl lè, tèl kote, tèl jou, li sot nan vant tèl manman, se tèl moun ki papa l. Deklarasyon an dwe fèt nan lang peyi a e yo dwe kouche l sou papye nan lang peyi a pou yo kapab li l ba moun ki pale lang peyi a dekwa pou yo konnen kote tèl timoun fèt, lè timoun nan vin gran, lè li bezwen regle yon afè serye nan vi li. Se dwe kon sa pou papye tè tou. Yon moun ap vann yon tè. Yon moun ap achte yon tè. Se pou regleman yo fè a kouche sou papye leta kòm yon temwen klè pou tout moun. Kat didantite, kat elektoral, pèmi kondi, tout papye leta, tout dokiman leta te dwe ekri an kreyòl ak pawòl klè, pou tout moun kapab li yo oubyen pou tout moun kapab konn sa ki ladan yo, lè yo tandè moun li yo. Nanpwen anyen la, leta pa kapab fè pou sèvis tout moun nan peyi a. Lajan sa mande, se ti depans a kote depans initil peyi a te konn fè depi okipasyon ameriken 1915-1934 pou li kenbe yon lame pou fè popilasyon an abi, pou mete gouvènman li vle, pou jete gouvènman li vle.

Reflechì sou enterè tout yon pèp

Sa ki konte se sèvis ak enterè tout yon pèp. Sa ki konte se bay yon repons ki pa nan ipokrit, ki pa nan koken, lè keksyon ki konsène byen tout yon popilasyon an byen poze: papye leta, koze leta, pawòl anplwaye leta, pawòl moun ki reskonsab nan leta, pou sèvis ki moun yo pale oubyen yo ekri? Repons lan klè: se pou sèvis tout Ayisyen. Nou byen konnen se yon sèl lang tout Ayisyen konprann, se kreyòl. Nou pa dwe nan vye pawòl tankou: « *Ou menm, ou se yon sitwayen*

Ayisyen siperyè. Ou konn pale franse. – Ou menm menm, ou se yon sitwayen ayisyen enferyè, se kreyòl sèlman ou konn pale. Ou pa ka parèt sou moun. Ou pa sosyete. »

Nan premye chapit la, mwen te mande si pi fò pwofesè ayisyen ta mal dekwa pou yo ta kwè: li san konprann, se li toutbon. Menm jan m te reponn mwen pa panse sa, se kon sa, nan fen liv la, fò m di: mwen panse pi fò Ayisyen ki egzamine rezon solid ki nan 26 chapit yo, pap mal pou yo rekonèt plizyè verite rezon sa yo apiye:

1. *Kreyòl se lang tout moun ki fèt e ki leve ann Ayiti depi yo piti jis yo gen 18 an.*
2. *Kreyòl se sèl lang ki rele tout jèn moun sa yo chè mèt chè metrès. Se li yo konprann byen konprann. Se li yo pale toulejou.*
3. *Kreyòl se prensipal chemen konesans pi fò Ayisyen genyen, espesyalman timoun ant 6 an ak 18 an.*
4. *Kreyòl se sèl mwayen pou pi fò elèv ann Ayiti, depi jaden danfan jis dènye klas lekòl segondè, rive aprann tou sa lekòl mande jèn moun ki nòmal, aprann ann Afrik, ann Amerik, ann Azi, ann Ewòp.*
5. *Kreyòl dwe lang lekòl ann Ayiti paske se li ki lang lavi ann Ayiti.*
6. *Se yon sitiyasyon ki pa nòmal ki fè lang lavi tout yon popilasyon 7 milyon moun (oubyen 8 milyon moun) pa lang lekòl pou plis pase 3 milyon moun ant 6 ak 18 an ki fè pati popilasyon sa a.*
7. *Yon sitiyasyon tèt anba kon sa, se chanje pou yo chanje li, san pèdi tan.*

Entelijans pi fò moun ba yo pouvwa admèt verite sa yo byen fasil. Sa ki difisil, se asepte chanjman nou wè ki nesesè yo. Sa mande kouraj ak pasyans. Men, jan pwovèb la di a: *Ak pasyans, ou jwenn tete pis, ou rale 7 galon lèt.* Ann reflechi sou yon bèl pawòl Chomsky (2003: 96): « *Mwen regrèt si konklizyon an sanble rèd anpil. Keksyon pou nou kalkile a se: èske li kòrèk? Mwen panse li kòrèk.* »

Si moun ki te enstwi an laten ann Ewòp, an Frans, ann Angletè, an Olann, ann Almay, ann Espay, o Pòtigal pa te rive ranplase laten ak franse, angle, olandè, alman, espayòl, pòtigè, eksetera, nan sistèm lekòl yo, depi dizuityèm syèk epi pandan diznevyèm syèk, majorite popilasyon peyi sa yo pa ta janm rive devlope bon valè konesans nan tout kalite branch. Pwogrè pa tap pran pye nan peyi sa yo. Yo tap ret dèyè. Ayiti ap ret dèyè ak yon ti ponyen moun k ap grennen bèl franse, toutotan yon majorite moun ap kontinye pa mache nan chemen konesans tout Ayisyen deja genyen an, yo rele lang kreyòl. Sèvi ak chemen konesans sa a, se pa yon remèd otomatik, se pa yon remèd majik, se yon kondisyon ki nesesè pou pwogrè. Se yon pon pou pwogrè pase.

Okenn peyi sou latè pa sèvi ak yon metòd mirak (paske metòd mirak sa a pa egziste) pou li ta reyisi fè yon popilasyon ankè plizyè milyon moun aprann yon lòt lang toutbon, epi pou li tabli yon sistèm edikasyon fòmèl anfòm ki kapab bay bon rezilta pou tout moun nan lòt lang sa a. Se mèvèy sa a sèten moun, Ayisyen kou etranje, ta vle Ayiti fè, angiz yo mande tout peyi a kanpe pou tout moun etidye an kreyòl, sa vle di nan lang yo ak lang yo. Men egzanp kat peyi kote sa deja fèt, kote yon popilasyon ki mwens pase 6 milyon moun, al lekòl primè, lekòl segondè, inivèsite nan pwòp lang pa yo, pandan ventyèm syèk la: Albani (popilasyon 3 milyon 365 mil moun), Danmak (popilasyon 5 milyon 316 mil), Fenlann (popilasyon 5 milyon 167 mil), Islann (popilasyon 272 mil 512). Si Ayiti suiv egzanp ti peyi sa yo, gen espwa pou li pa rete tèt anba ankò apre li fete 200 ane endepandans li.

NÒT

(Remak: 1 vle di se yon nòt ki konsène yon pawòl ki nan paj 1. Menm jan pou paj 2, 3, eksetera jouk nan fen liv la.)

p. 1. Edmond Rostand: *Les innocents, ceux qui ne savent pas
Et que Dieu fit les égaux des prophètes
Tous les petits enfants pressent le pas
Vers la douleur comme vers une fête*

Chapit.2

P. 6. Non angle inivèsite sa a se: *Bank Street College of Education*. Lè lekòl la te kòmanse, an 1916, li te nan yon ti ri anba Mannatann, ki bò gran larivyè ki travèse vil Nouyòk la. Lè lokal la vin chanje, yo bay inivèsite a non ti ri kote li te kòmanse a. Nan non angle a, *Bank* se yon mo angle ki vle di *rebò larivyè*.

P. 6. Biber (1984:130) « *Granted that we are not going to change the basic faults of our elementary school system in a day or a year, can we, in good conscience, perpetuate its faults by accepting its highly questionable criteria of educational success as the standard-setters for early childhood education?* »

P. 7. Biber (1984: 74) « *radically different from traditional education. The child was perceived as an active organism at all stages of development.* » Biber (1984:87) « *these children do not have the language skills expected at their age development.* » Biber (1984:90) « *poverty of language and thought and experience* » (108): « *deficits in language training and exposure* » (247) « *an atmosphere of 'language all around'* »

P. 8. Boegehold (1984: 1) « *Success in school – and later in life – still depends on the ability to read competently. To fully comprehend math, social studies, foreign languages, science, or computer interaction, children have to master reading first.* »

P. 8. Boegehold (1984: 190-191): « *To really read means to really understand, not just decode or figure out words and letters.* »

P. 8. Walcutt, Lamport, McCracken (1974: 87): « *there is no reading comprehension without an understanding of the language.* » 108 « *Throughout the book we refer to the principle that reading for meaning presumes an understanding of language.* »

P. 9. Gibson & Levin (1976 : 227): « *Learning without comprehension is an empty exercise in which we have no interest.* » Gibson & Levin (1976: 400): « *Since reading is a language skill, it seems obvious that a good knowledge of his mother tongue should be at his command when he is about to read and write it.* »

P. 10. Boegehold (1984:18): « *of all species, Humans are the only one who need too teach their young how to speak.* »

P. 10. Carey (1978: 264): « *By age six the average child has learned over 14,000 words.* »

P. 11. Bruner (1968 44): « *Any idea or problem or body of knowledge may be presented in a form simple enough so that any particular learner can understand it in a recognizable form.* » Bruner (1968: 38): « *discovering how to make something comprehensible to the young* ». Bruner (1968:109, 112): « *instruction in one's native language... may also be instruction in the use of the implements of thought.* » Bruner (1968:112): « *two of the major tools of thought – mathematics and the conscious deployment of their native language in its written form, both of them devices for ordering thoughts about things and thoughts about thoughts.* »

P. 11. Bruner (1968: 32): « *the frightening gap between expert knowledge of our technology and public knowledge.* » Chif 7 milyon moun nou jwenn nan liv la pou popilasyon Ayiti a, se pa nan yon dokiman ofisyèl li soti. Se pa rezilta ankèt solid. Lè nou li l, chonje byen kapab gen 8 milyon moun nan peyi a.

P. 12. Bruner (1968: 104) : « *language is a major instrument of thought* ». (105) « *the child acquired not only a way of saying something but a powerful*

instrument for combining experiences, an instrument that can now be used as a tool for organizing thoughts about things ».

P. 12. Bruner (1968:111): *« Why does writing come so hard to the school child? There is often a lag of from six to eight years between his linguistic age in writing and in speaking ».*

P. 12. Buscaglia (1972:2): *« Education should be the process of helping everyone to discover his uniqueness, to teach him how to develop that uniqueness, and then to show him how to share it... »*

P. 12. Buscaglia (1972: 65): *« Language is the main means by which we transfer knowledge, attitudes, prejudices, feelings and those aspects which make personality and culture unique. »*

P. 13. Buscaglia (1972: 190): *« It is the weak who are cruel. Gentleness can only be expected from the strong » - Leo Rosten*

P. 13. 14. Freinet (1977: 26): *« expérience tâtonnée »* 78: *« l'enfant qui laissait naguère à la porte de notre école ses intérêts dominants, son affectivité et le meilleur de sa vitalité »* 92: *« L'école traditionnelle en fermant prudemment sur la vie ambiante les portes de l'école, en réprimant le besoin d'expression de l'enfant, en limitant l'activité – qu'elle soit manuelle ou intellectuelle – aux seuls problèmes plus ou moins arbitrairement schématisés – dont on avait d'avance la solution. »*

P. 14. Goula (an pòtigè *João Goulart*) te prezidan Brezil (1961 -1964).

P. 14. Kabral (an pòtigè *Luis Cabral*) se te frè Amilka (*Amilcar Cabral* 1921-1973), chèf lagè ki te mennen endepandans Ginen Bisao a. Yo te asasinen l. Lwis monte nan plas li kòm prezidan.

P. 14. Kreyòl yo pale Ginen Bisao a, gen menm non ak kreyòl Ayiti a, men, se pa menm lang. Nan keksyon vokabilè, pi fò mo kreyòl Ginen Bisao a soti nan pòtigè, yon lang yo pale Pòtigal, ann Ewòp, epi Brezil, ann Amerik di Sid.

P. 14. Freire (1978: 97-98): *« il y en a une qui nous préoccupe spécialement. C'est la question linguistique. »*

P. 14. Freire (1989: 117): *« I gently insisted again that Portuguese was not the language of the people of Guinea-Bissau. »* 113: *« And this foreign language, Portuguese, is not part of the everyday life of the great mass of the people in Guinea-Bissau. »*

P. 15. Freire (1972: 22): « *l'école primaire, le lycée et l'école technique... anti-démocratique dans ses objectifs, dans son contenu et dans ses méthodes, sans lien avec la réalité du pays, était, pour toutes ces raisons, l'école d'un petit nombre, pour un petit nombre et contre la grande majorité du peuple.* »

P. 16. Abstraksyon, se lè yon moun pa rete sou gou li pran ak lang li, sou sa li wè ak je l, ni sou sa li touche ak kò l, ni sou sa li tandè ak zòrèy li, ni sou sa li santi ak nen li. Depi tibebe kòmanse fè ti pale, lespri yo pa rete sou bagay ki pre yo. Pouvwab abstraksyon an vle di: yo separe tèl lide ak tèl bagay ki mennen lide a nan lespri yo. Ni timoun piti, ni granmoun pa ta kapab pale si chak grenn mo te mare ak yon bagay ki ta anba men yo, anba je yo, pre zòrèy yo, anndan bouch yo, eksetera. Lè yon timoun 2 an, 3 an, 3 an edmi, tandè tèl pawòl oubyen lè li di tèl pawòl tankou «*Timoun nan wè yon chen k ap moulè yon zo* », chak mo kouwè *timoun, chen, zo*, ki nan tèt li, pa kole ak tèl grenn timoun, tèl grenn chen, tèl grenn zo. Nan lide l, se kapab yon tigason tou piti oubyen yon gran gason, yon tifi tou piti oubyen yon gran ti demwazèl, yon bèl tifi oubyen yon tifi ki pa bèl, yon tigason ki malelve oubyen yon ti gason ki janti, yon moun nwa oubyen yon moun wouj, yon chen mèg oubyen yon gwo mal chen, yon femèl chen, yon chen jòn, yon chen nwa, yon zo poul oubyen yon zo bèf oubyen yon zo kabrit, eksetera.

P. 17. Gattegno (1970:99): « *History is full of examples of social or institutional resistance to truth, to the ultimate disadvantage of society or the institution.* »

P. 19. Illich (197: 38): « *Children belong in school. Children learn in school. Children can be taught only in school.* »

P. 20 Horton & Freire (1990: 92): « *the going practice is to fall back on telling people that if they learn to read and write they'll get a job. I said, 'Anybody that's dumb enough to believe that is too dumb to learn to read.'* »

P. 20. Illich (1971 : 18) : « *A second major illusion on which the school system rests is that most learning is the result of teaching.* ».

P. 22. Latortue (1993 : 94) : « *Pour lire couramment le français, un élève dont ce n'est pas la langue maternelle doit en moyenne l'avoir étudié régulièrement pendant six (6) ans, quatre ou cinq fois par semaine, à raison de 40 semaines par an.* »

P. 23. Chomsky (2002 : 234) : « *I'm sure that every one of you has taken any number of courses in school in which you worked, and you did your homework,*

you passed the exam, maybe you even got an « A » - and a week later you couldn't even remember what the course was about. »

Ch. 3.

P. 24. Reuter (1994 : 169) : « *The Supreme Court of the United States in 1974... The court observed that a student who does not understand the English language and is not provided with special instruction is effectively precluded from any meaningful education* ».

Ch. 4,

P. 27. Vànwatou se non yon gwoup 80 zile nan zòn wès lanmè Pasifik. Ewopeyen te rele yo *Nouvo Ebrid* jis an 1980. Se Angletè ak Lafrans ki te dirije peyi a depi 1906. Se 187 mil moun ki sitwayen Repiblik Vànwatou, ki vin endepandan an 1980.

P. 28. Neil Smith (1999: 176): « *trying to reduce the known to the unknown seems a rather perverse strategy.* »

Ch. 6.

P. 36. Se 2 gran filozòf tan lontan Sapi nonmen. Youn se yon Chinwa yo rele *Kong Zi = Konfisiyis* (551-479 anvan Jezi Kri), lòt la se yon Grèk yo rele *Platon* (?427-347 ? anvan Jezi Kri).

P. 35. Moulton (1970 :ix) : «*There is no royal road to language learning. No matter what our background, training, and previous experience, each of us will find that learning a foreign language requires time, effort, patience, and practice, practice, practice.* »

P. 39. Chomsky (1964 : 562-563) : « *It is common observation that a young child of immigrant parents may learn a second language in the streets, from other children, with amazing rapidity, and that his speech may be completely fluent and correct to the last allophone, while the subtleties that become second nature to the child may elude his parents despite high motivation and continued practice.* »

P. 40. McLaughlin (1978 :47) « *the immigrant child who has no difficulty acquiring the language of the new country, whereas the child's parents – in spite of their strong desire and motivation to learn the language – struggle ineffectively with it and impose the phonology and syntax of their first language on the new one.* »

P. 40. McLaughlin (1978 :58) : « *everyone has an accent, depending on the part of the country one comes from.... Without an adequate definition of what it*

means to speak with an accent, it seems doubtful whether this question can be resolved. »

P. 41. Pinker (1994 :290) : *« Everyone knows that it is much more difficult to learn a second language in adulthood than a first language in childhood. Most adults never master a foreign language, especially the phonology – hence the ubiquitous foreign accent. »*

Ch. 7

P. 57. Gopnik, Meltzoff, Kuhl (1999 :101) : *« Potentially, they have to be able to master any one of thousands of different languages. And yet, by the time they are four or five children have figured out precisely which language is spoken in their community. »*

P.58. Gopnik & others (1999 : 100) : *« By the time they are in kindergarten, children have mastered almost all of the complexities of their particular language, with no conscious effort or instruction. »*

Ch. 8

P. 59. Chomsky (2000 : 16, 20) : *« schools, which are institutions for indoctrination and for imposing obedience » - « schools have always, through history, played an institutional role in a system of control and coercion. »*

P. 61. Domond (1989) : *« offerte aux élèves de toutes nos écoles » - « chercher à faire parler spontanément les élèves ».*

P. 61. F.I.C. (1990 :120) : *« la note pédagogique suggère de faire à l'oral la partie des problèmes précédés d'une étoile. » (84) « Cette étape place l'élève dans des conditions réelles de la vie » - « cette partie se fera à l'oral et il faudra laisser l'élève tâtonner pour arriver à une bonne question »*

P. 62. Freire & Faundez (1992 :107): *« Whatever method we used, it was just not possible for us, the IDAC team and myself, to perform the miracle of teaching a people to read and write in a language which was for them a foreign language. »*

P. 63. Ponpilis (1973: V) ki tap fè lekòl Pòtoprens depi 40 an rekonèt majorite elèv ann Ayiti pa rive aprann franse vrèman vre.

Ch.9.

P. 64. Jean-Charles (1993 :84): *« Le jeune prolétaire fréquente alors l'école du soir tenue par les militants du parti. Il réapprend à lire et à écrire et se passionne pour l'étude de l'histoire d'Haïti. »*

P. 64. Alexis(1993 :167): « *Il avait vite repris toutes ces choses qu'il avait si longtemps laissées dans l'oubli, et si pour écrire il avait encore des difficultés, il lisait maintenant parfaitement.* »

P. 64. Alexis (1993 :57): « *A huit ans il allait chercher à l'école les petits Sigord qui en avaient douze!* »

P. 65.Papa Jak Stefèn Aleksi se te yon ekriven ayisyen, Stefèn Aleksi (Stephen Alexis) ki te fèt Gonayiv 29 novanm 1889 e ki mouri Karakas,Venezwela, 15 out 1962. Li te chaje dafè nan anbasad Ayiti a, Brisèl, an Bèljik (1926-1929).

P. 67. Chomsky (2003 :205) : « *One of the central tasks of a successful educational system is to endow its victim with the capacity to observe but not to see, a capacity that is the hallmark of the 'responsible intellectual'.* ».

P. 68. Gattegno (1970 :37): « *one is born in a certain home as much as one is born in a hilly or flat region, without a choice for the composition of one's family, its standards of living, the language spoken, the rites observed, etc. All these circumstances appear to one's senses as if they were given...* »

P. 69. Gopnik, Meltzoff, Kuhl (1999 : 18) : « *Most of Vygotsky's students were imprisoned for conducting 'bourgeois research'.* ».

P. 69. Vygotsky (1962 :109): « *learning a foreign language (is) a process which is conscious and deliberate from start.* »

P. 69. Vygotsky (1962 : 83) « *artificial explanations, compulsive memorizing, and repetition.* ».

P. 69. Vygotsky (1962 :110) : « *comes to him only as the crowning achievement of long, arduous study.* »

P. 69. Spears (1999 :78) : « *Most of us acquire a language naturally – that is, through social interaction in a particular cultural setting. There are only a very few people who have the talent to acquire fluency in a language in an artificial way (e.g. in the classroom or through self-teaching).* »

P. 70. Chomsky (1988 :189-190) : « *but I personally have never understood it.* »

P.70. Moulton (1970 :14): « *To learn a language without writing it is easy ; this is what most of the world does. But to learn a language without speaking it is an enormously difficult, almost inhuman task.* »

P. 71. Moulton (1970 :16): « *Learning to read written French (or Russian or Spanish) is, fortunately, a relatively simple matter once one knows how to speak and understand the language. Learning to write it in its conventional written form, however, is a vastly more complicated process.* »

P. 72. Raymond (1982:14): « *make avid readers of children who see no books at home.* »

Ch. 10

P. 83. Se Lerison (*Justin Lhérisson* 1873-1907) ki ekri pawòl franse im nasyonal Ayiti a yo rele *Ladesalinyèm*.

P.89 Kozol (1978 :54): « *Most of the people represented by this figure are the sick, the aged, and those Cubans whose sole language remains Haitian.* » Sou keksyon non lang kreyòl Ayiti a, al wè Dejan (2001).

P. 84. Kozol (1978 : 55, 56): « *It did enable 707,000 adults to read posters, poems, and songs written and distributed specifically for their use – and to comprehend the rudiments of the front page of a paper geared to their extremely modest competence.* »

P.84. Prieto Morales (1981 :37): « *It possessed a people in revolution full of enthusiasm and with absolute faith in its leaders, a single national language, and a long narrow territory with few inaccessible areas* ».

Ch. 11

P. 90. Nan zòn Latibonit ak Plato Santral, lapli ak lepli se 2 mo kreyòl diferan. Tankou nan tout peyi a, lapli se dlo ki sot nan nway. Men, lepli se dat lapli. Mwen jwenn fòm lepli nan sans epòk lapli nan yon anrejistreman mwen fè Sen Michèl de Latalay, ann avril 1966, nan yon lòt anrejistreman, Doda, yon bitasyon bò Dechapèl, zònVèrèt, 26 jen 1966, epi nan yon anrejistreman Dechapèl, 2 out 1966 « *nan lepli* ».

Ch. 12

P. 94. Fouchard (1988 : 20,21, = Malenfant 1814: 212-214): « *Je reçus une lettre d'un jeune homme nommé Edon, natif d'Etampes: ce jeune homme m'écrivait de l'habitation Leroi. Comme je lisais sa lettre, je surpris le noir commissionnaire qui jetait les yeux sur l'écriture ; une petite glace trahit sa curiosité. Après avoir lu ma lettre, je lui dis: Est-ce que tu sais lire?- Non, Monsieur, me répondit-il.- Pourquoi donc regardais-tu ce que je lisais ? – Je vous demande pardon, je ne sais pas lire le français.- Mais, enfin, tu sais donc lire ? – Oui, Monsieur, et écrire la langue de mon pays, et celle d'une espèce de mulâtres à cheveux longs.- Ecris-moi quelque chose.* » Il prend

une plume et se met à écrire de droite à gauche ; ses caractères étaient très bien peints, et il écrivait avec vitesse. Qu'as-tu mis dans cet écrit ? Je ne connais pas cette langue, je crois que c'est de l'arabe ; est-ce ainsi que tu la nommes ?- Non, me répondit-il » Je lui fis écrire le nom de sa langue ; je l'ai gardé longtemps mais je l'ai oublié ainsi que l'orthographe. La première lettre était, autant que je peux me le rappeler, une espèce de q et la dernière un o. – Eh ! bien, qu'as-tu écrit ? –C'est une prière. » Il y avait plus de vingt lignes. Ce noir se nommait Tamerlan ; il était âgé environ de quarante quatre ans....C'était au mois de juin 1791 qu'il me parla ainsi... »

P. 95. Girod-Chantrons (1785 :167,169): *«L'on porte attention jusqu'à empêcher que les esclaves n'apprennent à lire...Quel danger n'y aurait-il pas, en effet,à éclairer des hommes vexés aussi injustement qu'ils le sont! Ce seroit les aigrir et les porter à la révolte... »*

P. 95-96. Gaillot (1991: 98): *«J'étais surpris du nombre de conscrits qui savaient à peine lire ou écrire, ou même pas du tout. J'ai commencé à m'occuper de leur correspondance, à faire leurs lettres pour leurs fiancées. Pour eux, je devenais une sorte de confident... »*

P. 98. Chéry (paj 1): *« Lire, c'est saisir le sens d'un mot, d'une suite de mots, d'un texte » - « l'acte de lecture doit aller de pair avec la compréhension ».*
(paj 3): *« Youpi! Je sais lire 2 aura, selon nous, atteint sa vocation s'il permet aux petits écoliers de 1^{re} et 2^e année d'apprendre à lire pour savoir bien lire et surtout d'apprendre à lire pour aimer lire. »*

Ch. 13.

P. 103. Youssef (2002 : 185, 188, 191): *« Modern communications have evolved to a level such that we need a language of maximum communicability... » - « The bilingual or trilingual education policy which is needed in Haiti awaits the political reform necessary... »*

P. 105. Youssef (2002 : 192): *« the elite despise persons monolingual in the Creole. Beyond this, some linguists, themselves speakers of both French and Creole as well as English, advocate Creole education for the masses, failing to see that, if this occurs, the Haitian people will continue to be cut off the world and denied the advantages that their own trilingualism has given them. »*

P. 105. Neil Smith (1999 : 8): *« Having a little knowledge of half a dozen languages is less useful than knowing one language with native proficiency. »*

P. 109. Youssef (2002 : 188, 192): *« Monolingual education in the Creole does not seem a viable option given the ease with which children learn two languages*

and the fact that we all need to be bilingual with at least one world language in today's globalising environment. » - « What we should always keep in mind is that children are more than able to acquire three languages at a time... »

P. 109. Chomsky (2001 :121): *« The growth and development of these specialized organs, sometimes called « learning », is the result of internally-directed processes and environmental effects that trigger and shape development. The language organ is one such component of the human brain. »*

P. 110. Gopnik, Meltzoff, Kuhl (1999 :27) : *« babies can discriminate human faces and voices from other sights and sounds, and that they prefer them. »*

P. 110. Gopnik, Meltzoff, Kuhl (1999 :122) : *« Pat estimates that by six months of age, the average American baby has heard hundreds of thousands of instances of the vowel ee (as in the words baby, daddy, mommy, cookie) »*

P. 114. Youssef (2002 :183): *« The incapacity on the part of the concerned populations to recognize the Creoles as languages in their own right and to identify with them has been a particular problem.»*

P. 114. Youssef (2002 :187): *«the difficulty of achieving balanced bilingualism in pupils given the limited competence of their teachers... »*

P. 117. Chomsky (2001: 188): *« Almost all the use of language is to oneself... »*

Ch. 14

P. 122. Freire (1978 : 98): *«parmi les autres questions que nous abordons et dont je n'ai pas parlé dans cette lettre, il y en a une qui nous préoccupe spécialement. C'est la question linguistique. »*

P.115. UNESCO (1953: 68): Summary

- «1.The mother tongue is a person's natural means of self-expression, and one of his first needs is to develop his power of self-expression to the full.*
- 2. Every pupil should begin his formal education in his mother tongue.*
- 3. There is nothing in the structure of any language which precludes it from becoming a vehicle of modern civilization.*
- 4. No language is inadequate to meet the needs of the child's first months in school. »*

Ch. 15

P. 127. Felis Moriso-Lewa mouri Miyami, 5 septanm 1998.

P.128. Miami Herald ,October 13, 2000. « *Three years ago the Miami-Dade County School Board, through the leadership of Dr. Michael Krop, recognized the crucial need for improved reading instruction. The Board initiated and implemented the Comprehensive Reading Plan. The essence of the plan is for students to learn to read and to read to learn. As part of the plan, reading isn't an elective. It's the essential component to be taught to all students in all subjects and at all levels in order to construct meaning..... Every child should be able to read at grade level before entering Grade 3. Toward that end, we say that successful teaching of reading is a mandate to every school, every administrator and every teacher in the system. »*

Ch. 17

P. 142. Di Pietro (1978 :101) : « *the first public announcement of the signing of the Declaration of Independence was in the Staatsbote, a German-language newspaper of Pennsylvania... »*

P. 142. Kloss (1977 :28) : « *According to this legend, Congress – or according to another version, Pennsylvania – during or soon after the War of Independence wanted to abolish English as the official language and to replace it with German ; »*

P.139. Chomsky (2003 :119, 118): « *The scientist has no unique right to ignore the likely consequences of what he does. » - « The scientist, like anyone else, is responsible for the foreseeable consequences of his acts. »*

P. 140. Gouraige (1974 :125): « *La volonté de faire d'Haïti un pays de langue française était évidente dans cette décision de Dessalines.*

P. 140. Mann (2002: 42): « *The problem is that 'you can make the meager evidence from the ethnohistorical record tell you anything you want', he says, 'It's really easy to kid yourself'. ».*

P. 140. Chomsky (1978 : 11): « *We had no choice at all as to the language we acquired ; it simply developed in our minds by virtue of our internal constitution and environment. »*

p. 140. Latortue (1993 : 122) : « *Et d'abord nous pensons que nos valeureux pères qui avaient pris la grave décision de faire du français la seule langue officielle et d'enseignement du pays, en d'autres termes d'assujettir l'accès à la connaissance dans les écoles publiques, pour les Haïtiens, à la possession d'une langue étrangère, n'avaient point, en fait conçu la généralisation de l'éducation à tous les secteurs, urbains et ruraux du pays. »*

Ch. 18.

P. 144. Bébel-Gisler & Hurbon (1975:129): « *c'est que les masses haïtiennes sont analphabètes, ne possèdent pas cet instrument de progrès social et humain: la connaissance et la maîtrise du français... »*

P. 144. Bébel-Gisler & Hurbon (1975 : 125): « *une langue attardée, arriérée »*

P.145. Raspail (1970 : 191): « *leur créole chantant et imagé qui est tout ce qu'on veut, sauf une langue de progrès ».*

P.145. Chomsky (2003 : 341): « *Humboldt, once wrote that a language cannot really be taught, rather, one can present to the child the thread along which he will develop in his own way. »*

P. 148. Fodor (2001: 71): « *Since there is such a lot that we don't know about how the mind works..., it follows that there's a lot we don't know about how selection pressures determined how the mind works. If they did. – Given our staggering ignorance of how, in principle, the cognitive mind might be organized, this observation doesn't help a lot to narrow the field. But maybe it helps a little. »*

Ch. 19

P. 154. Thoby-Marcelin (1939 : 382-383): « *ou bien on arrivera à obtenir que le peuple haïtien parle le français... ou bien on doit instruire le peuple en créole, ... cette dernière solution, ... me paraît la seule possible. »*

Ch. 20

P. 166. Radford (1984 :4): « *he has the ability to make judgements about whether or not a given sequence of words is grammatical in his native language. »*

P. 170 Otero (2003 : xiii): « *arguably the most important intellectual alive* » - possibly « *one of the more powerful thinkers that ever lived »* (New York Times Book Review, February 25, 1979) ».

P. 170. Freire (1978 : 95) : « *ils faisaient des discours aux paysans dans une langue qui n'était pas celle de ces derniers. »*

P. 170. Lahens (1999 : 109) : « *Luc avait désappris à parler aux petites gens au milieu desquelles il était né ».*

Ch.22

P. 181. Wartburg (1969 : 220-221): « ...la langue française n'est point fixée et ne se fixera point. Une langue ne se fixe pas. L'esprit humain est toujours en marche, ou si l'on veut, en mouvement, et la langue avec lui. Les choses sont ainsi... Les langues sont comme la mer, elles oscillent sans cesse... C'est en vain que nos Josués littéraires crient à la langue française de s'arrêter ; les langues ni le soleil ne s'arrêtent plus. Le jour où elles se fixent, c'est qu'elles meurent. »

P. 183. Pinker (1995:372): « There is no English Language Academy, and this is just as well ; the purpose of the Académie Française is to amuse journalists from other countries with bitterly argued decisions that the French gaily ignore. » - « when a scientist considers all the high-tech mental machinery needed to arrange words into ordinary sentences, prescriptive rules are, at best, inconsequential little decorations. »

P.179. Martinet (1969 :25): « Aussi les usagers de l'anglais jouissent-ils d'une grande liberté, et tout le monde s'en trouve fort bien. » -« Les grammairiens tuent la langue ».

Ch. 23

P. 188. An 1970, pè Lwi Pelemann ki tap fè rechèch sou kreyòl zòn Nòdès la espesyalman, depi 15 an, pibliye yon diksyonnè kreyòl-olandè. An 1976, liv la parèt kòm Diksyonnè Kréyòl-Fransé. Nan paj 182, tradiksyon mo soupriye an franse se: « demander une faveur avec respect ou avec instance. »

P. 188. Kersuzan (1922 : 5) : « du premier coup, on avait compris que l'usage du créole s'imposait. J'insistai pour qu'on ne fit rien apprendre en français, convaincu par l'expérience, qu'un enfant ignorant devient incapable de comprendre un enseignement dont on lui a mis dans la tête, à force de la lui répéter, la formule française dont il ignore le sens. »

P. 191. Elcock (1971 : 329) : « the clergy were required to translate their sermons : 'et ut easdem omelias quisque aperte transferre studeat in rusticam romanam linguam aut theotiscam, quo facilius cuncti possint intellegere quae dicuntur'. »

P. 191. Epòk 1942, mouvman ki te fèt nan pawas katolik nan tout peyi a pou moun detwi tout bagay ki te mele ak sèvis lwa, tankou rad penitans, kolye maldyòk, plat marasa, Lanj kondiktè, pyè tonè, lanp etènèl, wogatwa, eksetera, yo te rele l rejèt.

P. 194. Chomsky (2003 : 372) : «*in the United States at least, perhaps in England too, one hears a good deal of nonsense about languages or dialects that are somehow 'inherently impoverished' or that 'lack grammar' and so on. I suppose that linguists can do something to counteract these silly and insidious ideas, but to be honest, no special expert knowledge is required for this perhaps useful task.....*

That has to do with the pathology of our intellectual culture... »

P. 196. Griffiths (1989 : 101) : « *ils prennent la parole partout où ils passent, en français ou en créole, selon les circonstances et attirent parfois des foules assez nombreuses.*

P. 196 Catts Pressoir in Griffiths (1989 : 102) : « *Bird pensait qu'il fallait d'abord évangéliser la classe dirigeante ; il serait alors plus facile d'aller aux masses. Et pour agir sur la classe dirigeante il fallait créer des écoles méthodistes... »*

P. 196. Marc (1927: préface) : “*Loin de décourager l'étude du français, l'orthographe créole que nous adoptons (l'ayant nous-même empruntée, ou à peu près, de M.F.Doret), la facilite.*”

P. 196. Fontus (2001a: 187, 188): “*Many Haitians as well as missionaries insist on the necessity to use Creole as often as possible in the proclamation of the Gospel. This has been well understood by all the Protestant churches in Haiti.*”

Yon pè katolik ki pwofonde nan teyoloji e ki gen anpil esperyans, ak yon pastè pwotesan ki trè konpetan tou, di m menm pawòl la, san youn pa pale sa ak lòt la, lè yo fin li chapit 24 la: *Malerezman, jis kounye a, an 2003, pi fò pè, pastè, predikatè, pa bay kreyòl tout enpòtans li ta dwe genyen nan tout aktivite legliz, nan anonse pawòl Bondye a. Dapre mwen, se paske yo nan “chak kou sa kapab fèt”, angiz yo dakò ak yon egzijans tout tan, tout kote, tout jan.*

P. 200. Fleischman (1984: 101-102):””*Sermon in church, 'is still a problem for clergymen of all religious denominations who support the use of the vernacular during church services. Their rural clientele, however, see the efficiency and legitimacy of religious functions connected to the use of an H-variation and would consider a Creole sermon as inappropriate, because 'it lacks power'”*

Ch. 24

P. 201. Reyes (1995 : 83) : « *School curricula in this country have been developed primarily for native English speakers, thereby according the primacy to English as the language of instruction..... the first error which such school authorities make is to confuse 'English' with 'Education' – that is, it is evident*

that they assume that the entire school policy or program should revolve around the question whether or not a given child or group of children know English. »

P. 206 Doret (1924: 18): « *Je tire de ce fait la conclusion suivante:*

Ce jeune garçon des mornes de Bongars ayant pu être compris des petits Parisiens et les comprendre à son tour, a donc, n'importe comment, parlé français, quatre mois après avoir quitté Haïti. Or les élèves de nos écoles primaires nationales, après trois années d'études, ne parlent point français. Donc le système employé jusqu'ici est jugé.

Il faut par conséquent changer de méthode. »

P. 209 . Devonish (1983:305): « *The task of teaching English to all pupils to an approximate native-speaker level of proficiency becomes impossible when the language being taught is not spoken by most sectors of the community as the language of everyday informal interaction. Related to this is the fact that, in the kind of speech community under consideration, it would be quite difficult to obtain a sufficient number of teachers whose competence in spoken English can be considered adequate. »*

P. 203-204. Fontus (2001b : 145 – 2001a: 151): « *Haiti could become, for example, a trilingual country with English as the third language. »*

P. 204. Mathelier (1976: 36): « *A notre avis, il ne faut rien rejeter de ce qui est désormais nôtre . Le créole est partie intégrante de notre être psychique, comme le français est partie intégrante de notre être historique. »*

P. 224. Danticat (2002 : 165) : « *What might seem odd is that even though the primary language of Haiti is Creole, this diary is written in English. »*

P. 207. Fontus (2001b : 79): « *l'écrivain est un témoin de son temps et de son milieu. »*

Ch. 25.

P. 211. Chomsky () « *above the neck... below the neck »*

Ch. 26.

P. 220. Devonish (1983:304): « *One has to be very critical of the fact that the issue of the expansion of Creole into official functions is raised almost exclusively in relation to the education system. This results in the issue of Creole in the education system being dealt with in a vacuum, as if it had nothing to do with the language policies of the society as a whole. In fact, it makes no sense to use Creole as a medium for teaching literacy and as a medium of written*

instruction in school, unless pupils are going to be able to use it to function in a society where Creole, particularly in its written form, is used officially. »

P. 224. Chomsky (2003: 96): « *I'm sorry if the conclusion sounds harsh ; the question we should consider is whether it is correct. I think it is. »*

Lis non moun
ki ekri sou edikasyon, lang ak lekòl

<i>òtograf kreyòl</i>	<i>lèt òtograf</i>	<i>paj</i>
Aleksi	Alexis, Jacques Stephen	
Baje	Bajeux, Jean-Claude	
Bawòs	Barros, Jacques	
Bawè	Bauer, Walter	
Bolye	Beaulieu, Christian	
Bebèl-Gislè	Bébel-Gisler, Dany	
Belanje	Bellenger, Lionel	
Bèna, Jozèf	Bernard, Joseph	
Baybè	Biber, Barbara	
Bloumfil	Bloomfield, Leonard, 1887-1949	
Bogeol	Boegehold, Betty D.	
Bwounè	Bruner, Jerome	
Bine	Burney, Pierre	
Bouskalya	Buscaglia, Leo	
Bito	Buteau, Emmanuel	
Kadenal	Cardenal & Miller	
Kari	Carey, Susan	
Kare	Carrez, Maurice	
Kazdèn	Cazden, Courtney	
Cheri	Chéry, Leyla	
Tchomski	Chomsky, Noam	
Dantika, Edwij	Danticat, Edwige	
Debyen	Debien, Gabriel	
Degraf, Michèl	DeGraff, Michel	
Dejan, P.	Dejean, Paul	
Dejan, Iv	Dejean, Yves	
Delat	Delattre, Pierre	
Delòm	Delorme, Demesvar (1831-1901)	
Dewoz	Dérose, Rodolphe	
Dewòch	Déròch, Loui	
Dekouti	Descourtilz, Michel-Etienne	
Devonich	Devonish, Hubert	220

Douwi	Dewey, John	
Dorèt	Doret, Frédéric	
Doren	Dorin, Bernard	
Diran, Osval	Durand, Oswald (1840-1906)	
Ditchè	Dutcher, Nadine	
Èlkòk	Elcock, W.D.	
Fèn	Faine, Jules	
Fak	Falk, Julia	
Faoundès	Faundez, Antonio	
Ferè	Férère, Gérard	
Fimen	Firmin, Anténor (1850-1911)	
Flachmann	Fleischman, Ulrich	
Fodò	Fodor, Jerry	
Fontis	Fontus, Fritz	
Foubistè, Vida	Foubister, Vida	214
Foucha	Fouchard, Jean	
Frenè	Freinet, Célestin (1896-1966)	
Frere	Freire, Paulo	
Gayo	Gaillot, Jacques	95-96
Gatenyo	Gattegno, Caleb	
Godèl	Gaudeul, Yves	
Gibsonn	Gibson, Eleanor J.	
Jiwo Chantran	Girod-Chantrans, Justin	
Gislè	Gisler, Antoine	
Glisonn	Gleason, H.A. Jr.	
Gopnik	Gopnik, Alison	
Gourèj	Gouraige, Ghislain	
Grifit	Griffiths, Leslie	
Giya	Guignard, Foucard, Mercedes	
Òl	Hall, Robert, A., Jr.	
Ale	Halle, Morris	
Yèmslèv	Hjelmslev, Louis	
Ouks, bèl	hooks, bell = Gloria Watkins	
Òtonn	Horton, Myles	
Igo	Hugo, Victor	
Ibon	Hurbon, Laënnec	
Jakobsonn	Jakobson, Roman	
Janvyè	Janvier, Louis-Joseph (1855-1911)	
Jan Chal	Jean-Charles, Georges	
Djonns	Jones, Kenneth L.	
Kèsizan, monseyè	Kersuzan, Mgr François-Marie	
Kè, Ennmèch	Kher, Unmesh	
Klos	Kloss, Heinz	

Kozòl	Kozol, Jonathan
Laflè	Lafleur, Gérard
Layens	Lahens, Yanick
Lampòt	Lamport, Joan
Latòti	Latortue, François
Levin	Levin, Harry
Lebèn	Leyburn, James
Lòk	Locke, John
Lofisyal	Lofficial, Frantz
Layonns	Lyons, John
Masedo	Macedo, Donaldo
Malanfan, kolonèl	Malenfant, Colonel
Mann	Mann, Charles C.
Mak, Eli, pastè	Marc, Elie
Matinè	Martinet, André (1908-
Matelye	Mathelier, Georges
Moris	Maurice, Ulrick M.
Makonèl, pastè	McConnell, Ormonde
Makrakèn	McCracken, Glenn
Maklaflin	McLaughlin, Barry
Mezidò	Mésidor, Jacques
Metelis	Métellus, Jean
Mès, Jozèf de	Maistre, Joseph de
Moriso Lewa	Morisseau-Leroy, Félix
Mowoz	Morose, Joseph P.
Moultonn	Moulton, William G. 34
Najak, Sandra	Najac, Sandra
Ogredi	O'Grady, William
Otewo	Otero, Carlos-Peregrín
Panfil	Pamphile, Léon Denius
Paken	Paquin, Lyonel
Paoulesou, Eraldo	Paulesu, Eraldo
Pewo	Perrot, Jean
Pyateli-Palmarini	Piatelli-Palmarini, Massimo
Pyetwo	Pietro di, Robert J.
Pinkè	Pinker, Steven
Ponpilis	Pompilus, Pradel (1914-27/02/2000)
Prieto	Prieto Morales, Abel
Rachevski	Rachevskis, Karlis
Radfòd	Radford, Andrew
Raspay	Raspail, Jean
Remon	Raymond
Retè	Reuter, Edmund, Jr. 24

Reyès	Reyes, de la Luz, Maria
Wobè, monseyè	Robert, Paul Mgr
Wòs	Ros, Martin
Woumè	Roumer, Emile
Sapi	Sapir, Edward
Sosi	Saussure, Ferdinand de 29
Sen	Sen, Amartya
Skinè	Skinner, Burrhus Frederic (1904-1990)
Skitnab Kangas	Skuttnab-Kangas, Tove
Smat, Wilyam, pè	Smarth, William
Smit, F.	Smith, Franck
Smit, N.	Smith, Neil
Spi	Spears, Arthur K.
Tobi-Maslen, Filip	Thoby-Marcelin, Philippe
Ouryagereka	Uriagereka, Juan
Vandriyès	Vendryes, Joseph
Vyat	Viatte, Auguste
Vigostski	Vygotsky, Lev Semenovich
Walkòt	Walcutt, Charles Child
Vatboug	Wartbourg, Walther von
Wilkins	Wilkins,
Wilad	Willard, von Maltitz, Frances
Yousèf	Youssef, Valerie

Yon lis pawòl ki pale nan liv la ak pwoblèm mwen bòde, mwen poze,
m egzamine, m etidye, m esplike

Afrik 15, 27, 29, 67,	194
Ajantin 28	
Akademi franse	
Akademi kreyòl	
Alfabetizasyon 14, 78,	
Aksan etranje 40,	
Amerik Latin 23	
Aparèy pou atrap lang 37, 38, 39, 40,	
Aprann 10, 15, 16, 18, 20, 24, 26, 39, 48, 49, 51, 58, 60, 61, 70,	
Aprann li 7, 8, 9, 10, 16, 17, 18, 47, 48, 67, 68, 69, 70, 72, 75, 76, 78, 79,	
Aprann metye 48,	
Aprann pa kè 9, 12, 13, 16, 25, 27, 28, 51, 64, 71, 73, 80, 82, 84,	
Aprann pale (yon lang) 7, 10, 18, 23, 36, 39, 40, 49, 73,	
Atrap lang 7, 36, 39, 40, 49, 50, 57, 61, 73, 74,	
Azi 29,	194

Andeyò 30, 31, 76,
 Angletè 27, 34, 36, 61, 72,
 Bèljik 27, 48,
 Benyen nan lang 7, 8, 9, 10, 17, 18, 23, 36, 38, 39, 40, 51, 70, 73, 76,
 . 192,
 Bileng 84
 Bon sans, 29, 31, 40, 61, 66,
 Boukante lang
 Brezil 14, 27, 28, 67, 79,
 Byen lèlmi moun piye 31,
 Chanjman nan lang
 Chemen konnen 7, 8, 10, 12, 25, 29, 46, 61, 72, 79,
 Chè mèl chè mètrès 31, 34, 35, 57, 65,
 Chinwa 24, 27, 30, 38, 50, 61, 62,
 Chwa
 Chwazi 12, 61, 72,
 Desalin ak franse
 Devlopman lang 8, 9,
 Done 37, 40,
 Dwa timoun 6, 18, 24, 63,
 Dyalèk 30, 194,
 Edikasyon fòmè 46, l
 Eple 8, 70, 82,
 Esepte 64,
 Esklav 31, 32,
 Etazini 7, 10, 11, 12, 18, 22, 24, 27, 34, 35, 36, 38, 40, 48, 50, 60, 61, 62, 67,
 . 85,
 Etidye 18,
 Endyen 7, 27, 61,
 Enn = Zenn 27, 34,
 Fè lèt pouse son 9, 17, 27, 68, 70, 75,
 Fèy papye blan san trase 61,
 Fikse lang
 Fonetik 36
 Fonèm
 Fonoloji 36
 Frans = Lafrans 15, 27, 31, 32, 33, 35, 48, 65, 68, 69, 72, 84,
 Gwadeloup 31, 69,
 Igo, Viktò
 Im nasyonal 82, 83,
 Islann 28
 Izrayèl
 Jaden danfan 9, 13, 20-21, 22, 23, 35, 62,

Japon 30, 50, 60,
 Kalifòni 12, 24,
 Kanada 27, 29, 34, 48, 61,
 Katechis
 Katolik (lekòl)
 Kanpay alfabetizasyon 14, 78,
 Kebèk
 Kiba 78, 79,
 Klas sètifika 19, 22, 34,
 Klas sosyal 15,
 Kondisyon 36, 78, 79,
 Konn ekri
 Konn li 68,
 Konnen 10, 23, 28, 47, 52, 55, 60, 72, 79,
 Konnen san aprann 39, 57, 60, 61,
 Konprann 24, 28, 47, 68, 71, 81,
 Konprann ak lang 9, 10, 16, 25, 72,
 Konprann ak lekti 8, 9, 80, 81,
 Kontak 35, 39, 40,
 Kreten 81
 Lachin = Chin 7, 12, 38, 50, 60, 62,
 Lasyans 11, 29, 30, 34, 36, 40, 66,
 Lasyans lang = lengwistik 7, 10, 23, 28, 29, 34, 61,
 Laten 8, 30, 64, 84,
 Lang afriken
 Lang etranje 8, 15, 23, 24, 35, 36, 40, 67, 73, 74, 81,
 Lang lekòl 22,
 Lang manman 8, 10,
 Lang ofisyèl
 Lang timoun 7, 8 an 10, 12, 16, 28, 50, 58, 64, 65, 81,
 Lang zouti pou panse 10, 11, 46,
 Lekti ak lang manman 8, 9, 22, 62,
 Lelit 15, 23, 50, 76,
 Li fen = li toutbon 8, 9, 68, 79,
 Li malman 68,
 Li pou konprann 8, 9, 13
 Li san konprann 8, 9, 13,
 Literati 34, 40, 76,
 Mache 11
 Majorite = pi plis 15
 Mas = lamas 15, 22, 23, 27, 32, 71, 76, 78,
 Matematik 8
 Matinik 31

Metye
 Minorite = pi mwens
 Mirak 12, 66, 67, 69, 70, 75, 76, 78,
 Mo teknik 16, 17
 Montre 10, 15, 22, 23, 47, 50, 53, 70, 78,
 Mòn 27, 47, 58, 75, 79, 81,
 Natirèl
 Òganizasyon sèvo, 23, 30, 60,
 Ougarit 62
 Pale franse 32, 33,
 Pe 63,
 Pe bouch an franse 65
 Peryòd kritik 40,
 Plenn 27, 47, 58, 75,
 Posib 23, 66, 71,
 Pòtoprens ak franse
 Prejije 7, 12, 31, 34, 72,
 Premye katechis kreyòl
 Premye tradiksyon bibliik kreyòl
 Prensip Achimèd
 Pwason Mayami 11,
 Pwovens 27,
 Pwotestan (lekòl)
 Rapò mo ak mo 37, 38, 51,
 Repete 7, 13, 16, 21, 49, 54, 73, 84,
 Rezon 39,
 Risi 7,
 Sans 9, 17, 27, 31, 37, 38, 50, 58, 72, 79, 82,
 Sèmon an kreyòl
 Sentaks 38, 50, 54-57, 58
 Sida ak franse
 Sistèm 30, 31, 38, 39, 40, 51, 56, 58, 72,
 Son 31, 36, 37, 38, 40, 53, 56, 58, 72, 80,
 Sovaj 34,
 Tan 35, 36, 39, 48, 73,
 Tande 31, 35, 58.
 Teknoloji, teknik 11, 15, 30, 58, 79
 Tibebe ak konnen
 Tibebe ak lang
 Vle 61, 73,
 Vokabilè 10, 18, 26, 38, 58-60,
 Zansèt 82, 83

Bibliyografi
 Lis lòt liv ki bay divès enfòmasyon ki nan
Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba

- Alexis, Jacques Stephen. 1993. *Compère Général Soleil*. Ed. des Antilles S.A.
- Bajeux, Jean-Claude. 1989. *L'Eglise en un état de dictature*. in L. Hurbon.
- Barros, Jacques. 1984. *HAITI de 1804 à nos jours*. L'Harmattan
- Bauer, Walter. 1957. *A Greek-English Lexicon of the New Testament and Other Early Christian Literature. A Translation and Adaptation by William E. Arndt & F. Wilbur Gingrich*
 The University of Chicago Press
- Beaulieu, Christian. 1939. *Pour écrire le créole*. Les Griots. No. 4, vol. 4.
- Bébel-Gisler, Dany. 1976. *La langue créole force jugulée*. Nouvelle Optique.
 L'Harmattan, Paris
- Bébel-Gisler, Dany & Laënnec Hurbon. 1975. *Culture et pouvoir dans la Caraïbe*. IDOC. L'Harmattan.
- Bellenger, Lionel. 1989. *Les méthodes de lecture*. P.U.F. 4^e édition
- Bernard, Joseph. 1979. *Les grands discours*. In *Le Nouveau Monde*
- Biber, Barbara. 1984. *Early Education and Psychological Development*. Yale University Press. New Haven & London
- Bloomfield, Leonard. 1933. *Language*. Holt. New York
- Boegehold, Betty D. 1984. *Getting Ready To Read*. Bank Street College of Education
- Bruner, Jerome S. 1968. *Toward A Theory of Instruction*. W.W.Norton and Company. Inc. New York
- Bureau du Travail. 1951. *Fixation de l'orthographe créole par une Commission Technique et Plan Wakefield sur l'Alphabétisation et l'Education des adultes*.
 Imprimerie de l'Etat. Port-au-Prince.
- Burney, Pierre. 1970. *L'orthographe*. Presses Universitaires de France
- Buscaglia, Leo. 1972. *Love*. Fawcett Crest Books
- Buteau, Emmanuel. 1996. *Le Nouvelliste*.
- Cardenal, Fernando, S.J., Valerie Miller. 1981. *Nicaragua 1980: The Battle of the ABCs*. Harvard Educational Review. Vol. 51, No 1. February 1981.
- Carey, Susan. 1978. *The Child as Word Learner*. In *Linguistic Theory and Psychological Reality*. Edited by Morris Halle, Joan Bresnan, George A. Miller. The M.I.T. Press.
- Carrez, Maurice. 1966. *Lexique grec-français du Nouveau Testament*
 Delachaux et Niestlé. Paris
- Chéry, Leyla. 2002. *Youpi! Je sais lire 1^{re} et 2^e année livre 2*. avec la collaboration de Frère Hubert Ledeit (F.I.C.) et Nathalie Lemaine. Editions Henri Deschamps. PDL CYJSL2/ 02

- Chomsky, Noam. 1964. *A Review of B.F Skinner's Verbal Behavior* in A. Fodor / Jerrold J. Katz. *The Structure of Language*
- Chomsky, Noam. 1965. *Aspects of the Theory of Syntax*. The M.I.T. Press
- Chomsky, N. 1975. *Reflections on Language*. Pantheon Books.
- Chomsky, N. 1980. *Rules and Representations*. Columbia University Press
New York
- Chomsky, N. 1986. *Knowledge of Language Its Nature, Origin, and Use*
Praeger Publishers
- Chomsky, N. 1992. *Chronicles of Dissent, Interviews with David Barsamian*. Common Courage Press. Monroe, Maine
- Chomsky, N. 1997a. *Chomsky no Brasil. Chomsky in Brazil*. D.E.L.T.A
Vol 13. No Especial
- Chomsky, N. 1997b. *The Minimalist Program*. 3rd printing. M.I.T.
- Chomsky, N. 1998. *Our Knowledge of Human Languages: Current Perspectives*. Ediciones Universidad de Concepcion
& Bravo y Allende Editores
- Chomsky, N. 2000a. *Chomsky on MisEducation*. Edited and introduced
by Donaldo Macedo. Rowman & Littlefield Pub.
- Chomsky, N. 2000b. *New Horizons in the Study of Language and Mind*
Cambridge University Press.
- Chomsky, N. 2001. *On Nature and Language*. Edizioni dell'Università
Degli Studi di Siena
- Chomsky, N. 2002. *Understanding Power The Indispensable Chomsky*
Edited by Peter R. Mitchell and John Schoeffel. The
New Press. New York.
- Chomsky, N. 2003. *Chomsky on Democracy & Education* Edited by C.P.
Otero. RoutledgeFalmer. New York and London
- Commission Episcopale de Liturgie. 1965. *MISEL KREOL*. 3^{ème} fascicule
- Cook, Vivian J. 1989. *Chomsky's Universal Grammar An Introduction*.
Blackwell. Printed in Great Britain by Billing & Sons Ltd.
- Danticat, Edwige. 2002. *Behind the Mountains*. Orchard Books Scholastics
- Debien, Gabriel. 1952. *La Société coloniale aux XVII et XVIII siècles. 1. Les
Engagés pour les Antilles (1634-1715)*. Larose. Paris
- DeGraff, Michel. 1999. *Language Creation & Language Change. Creolization,
Diachrony, and Development*. The MIT Press.
- DeGraff, Michel. 2000. *Morphology in Creole Genesis: Linguistics and
Ideology*. Nan emprimri
- DeGraff, Michel. 2003. *Against Creole Exceptionalism*. In *Language* vol.
79, number 2. June. Published by The Linguistic
Society of America. Baltimore. Maryland
- Dejean, Paul. 1990. *Ki sa gouvènman peyi a janm fè ant 1943 ak 1988
pou l regle koze pa konn li ak pa konn ekri ann
Ayiti*. Le Natal S.A.

- Dejean, Yves. 1975a. *Un livre de Pompilus: une troisième évidence*. In Sèl 20, Janvié 1975, pp. 22-23.
- Dejean, Yves. 1975b. *Fransé sé danjé*. Sèl 23-24. pp. 32-39. New York
- Dejean, Yves. 1975c. Dilemme en Haïti: français en péril ou péril français? Connaissance d'Haïti. New York, NY
- Dejean, Yves. 1977a. Comment écrire le créole d'Haïti Thèse de Doctorat. Indiana University. Bloomington, USA
- Dejean, Yves. 1977b. Èské Bouki ak Malis konn gramè? Collection Toussaint Louverture. New York
- Dejean, Yves. 1980. Comment écrire le créole d'Haïti. Collectif Paroles. Québec
- Dejean, Yves. 1986. Ann aprann òtograf kreyòl la. K.A .P .A .B . N.Y.
- Dejean, Yves. 1993a. *Notre créole à nous*. Chemins critiques. 3: 1-2. Déc.
- Dejean, Yves. 1993b. *Overview of the language situation in Haiti*. International Journal of the Sociology of Language 102. pp. 73-83.
- Dejean, Yves. 1995. Alfabetizasyon ak konsyans kritik *Keksyon ak repons epi* Alfabetizasyon san manti Manti san alfabetizasyon. Enprimri Edisyon dèz Antiy, S.A.
- Dejean, Yves. 1997. Alphabétisation: Mythes et réalités. Port-au-Prince
- Dejean, Yves. 1999a. *L'archipel nous revient créolistes et données*. In Etudes Créoles. Volume XXII, No 2, pp. 85-114
- Dejean, Yves. 1999b. *The Native Language as a Medium of Instruction An Issue Revisited*. In Spears 1999.
- Dejean, Yves. 2001. *Créole, Ecole, Rationalité*. In Chemins critiques
- Dejean, Yves ak lòt moun. 2002. Pen nan boutèy diven nan panyen banbou. 1. 2. FOKAL.
- Delattre, Pierre. 1962. *Le français et les laboratoires de langue*. Esprit. Nov. . . 1962: 597.
- De la Luz Reyes, Maria. 1995. *Challenging Venerable Assumptions: Literacy Instruction for Linguistically Different Students in Shifting Histories: Transforming Education for Social Change*. Edited by Gladys Capella Noya, Kathryn Geismar, and Guitele Nicoleau. Harvard Educational Review.
- Delorme, Demesvar. 1870. Les théoriciens au pouvoir. Plon. Paris
- Déròch, Loui F. san dat. Abréjé istoua D AITI 1492-1945. Comité Protestant D'Alphabétisation. Imprimerie du Nazaréen
- Dérose, Rodolphe. 1956. Caractère, culture, vodou. Imprimerie de l'Etat. . . Port-au-Prince
- Descourtilz, Michel-Etienne. 1809. Voyages d'un naturaliste et ses Observations faites au Continent d'Amérique Septentrionale, à Saint-Yago de Cuba et à Saint-

- Domingue Tomes I, 2, 3. Dufart Père. Paris
- Devonish, Hubert. 1983. *Towards the establishment of an Institute for Creole Language Standardization and Development in the Caribbean*. In *Studies in Caribbean Language* edited by Lawrence D. Carrington in collaboration with Dennis Craig and Ramon Todd Dandaré. Society For Caribbean Linguistics
- Deyita. 1981. Majòdyòl. Septanm 1981. Nouyòk.
- Deyita. 1987. *Esperans Dezire*. No. 1. Editions Henri Deschamps
- Deyita. 1989. *Esperans Dezire*. Editions Henri Deschamps.
- (*Diksyonnè - Dictionaries - Dictionnaires*)
- Freeman, Bryant C. & Jowell C. Laguerre. 1996. *Haitian – English Dictionary*. Institute of Haitian Studies University of Kansas
Lawrence
- Hachette. 1996. *Dictionnaire Hachette encyclopédique illustré*
- Harper Collins Publishers. 2001. *Collins Concise Dictionary*. 5th ed.
- (The) Langenscheidt Editorial Staff. 1971. *Langenscheidt's German-English English-German Dictionary*. 3rd Printing
- Morris, William, Editor. 1970. *The American Heritage Dictionary of the English LANGUAGE*. Fifth Printing
- Ostler, George. 1998. *The Little Oxford Dictionary*. Revised Seventh Edition. Oxford University Press
- Peleman, Louis, C.I.C.M. 1976. *Diksyonnè Kreyòl-Fransé*. Bon Nouvèl.
- Ramondino, Salvatore editor. 1969. *The New World Spanish-English and English-Spanish Dictionary*. New American Library
Times Mirror
- Robert, Paul. 1969. *Dictionnaire alphabétique et analogique de la langue Française*. Société du Nouveau Littré
- Webster, Noah. 1979. *Webster's New Twentieth Century Dictionary* Unabridged. Second edition. William Collins
Publishers Inc.
- Domond, Mme Edouard. 1989. *Ma première grammaire. Nouvelle méthode*. Imprimerie Deschamps
- Doret, Frédéric. 1924. *Pour amuser nos tout petits Initiation aux fables de La Fontaine. Avec une Introduction sur la Prononciation Créole* 1^{er} volume. Bibliothèque du Petit Haïtien. P-au-P
- Doret, Frédéric. 1951. *Le petit Syllabaire Haïtien basé sur la langue populaire d'Haïti ; adopté par le Dépt. De l'Instruction publique pour les écoles primaires*; Edit. No 50. Deschamps 80 p.
- Doret, Frédéric. 1952. *Syllabaire*. Deschamps. Port-au-Prince. 110 p.
- Dorin, Bernard. 1973. *La fausse querelle du français et du créole*. Conjonction. Numéro 130. Juillet 1973. Port-au-Prince.
- Durand, Oswald. 1896. *Rires et Pleurs Poésies*. Kraus Reprint. 1970.

- Dutcher, Nadine. 1995. *The Use of First and Second Languages in Education*. World Bank
- Elcock, W. D. 1971. *The Romance Languages*. Faber & Faber. London.
- Faine, Jules. 1937. *Philologie Créole*. 2^e édition. Imprimerie de l'Etat. P.au.P.
- Falk, Julia S. 1978. *Linguistics and Language*. 2nd Edit. John Wiley & Sons
- Férère, Gérard, 1974. *Haitian Creole Sound-System, Form-Classes*. Texts. Doctoral dissertation. Pennsylvania University
- F.I.C. san dat. *Premières notions de géographie d'Haïti Premières notions d'histoire d'Haïti*. Editions No PDHG 128. H. Deschamps
- F.I.C. 1990. *Réussir les mathématiques*. Editions Deschamps.
- Firmin, Anténor. 1910. *Lettres de Saint-Thomas. Etudes sociologiques, historiques et littéraires*. Paris. V. Giard & E. Briere Libraires-Editeurs. Reproduction. 1976. Port-au-Prince
- Fleischman, Ulrich. 1984. *Language, Literacy, and Underdevelopment*. In Foster & Valdman.
- Fodor, Jerry. 2001. *The Mind Doesn't Work That Way The Scope and Limits of Computational Psychology*. The M.I.T. Press
- Fontus, Fritz. 2001. *Effective Communication of The Gospel in Haiti: its Inculturation*.
- Fontus, Fritz. 2001. *Les Eglises protestantes en Haïti Communication et Inculturation*. L'Harmattan.
- Foster, Charles R., Albert Valdman, editors. 1984. *Haiti Today & Tomorrow*. University Press of America
- Foubister, Vida. 2003. *Researchers Report Progress in Predicting Onset of Alzheimer's*. Update. New York Academy of Sciences Magazine. March 2003
- Fouchard, Jean. 1988. *Les marrons du syllabaire*.
- Freinet, Célestin. 1977. *Pour l'école du peuple. Guide pratique pour l'organisation matérielle, technique et pédagogique de l'école populaire*. François Maspero. Paris
- Freire, Paulo. 1970. *Pedagogy of the Oppressed*. New York. Seabury Press
- Freire, Paulo. 1977. *Pédagogie des opprimés*. François Maspero. Paris
- Freire, Paulo. 1978. *Lettres à la Guinée-Bissau sur l'alphabétisation*. Traduit du portugais par Alfred Hervé-Gruyer. François Maspero. Paris
- Freire, Paulo. 1981. *The People Speak Their Word: Learning to Read and Write in São Tomé and Príncipe*. Harvard Educational Review. Vol. 51, No 1, February 1981.
- Freire, Paulo. 1993. *Pedagogy of the City*. Translated by Donaldo Macedo. Continuum. New York
- Freire, Paulo & Antonio Faundez. 1992. *Learning to question A Pedagogy of Liberation*. Continuum. New York.
- Gaillot, Jacques. 1991. *Lettre ouverte à ceux qui veulent la guerre et qui la*

- font faire aux autres.
- Gattegno, Caleb. 1970. What We Owe Children The Subordination of Teaching To Learning. Outerbridge & Dienstfrey, NY
- Gattegno, Caleb. 1976. The common sense of teaching foreign languages. Educational Solutions. New York City.
- Gattegno, Caleb. 1978. Teaching foreign languages in schools. The Silent Way. Educational Solutions. New York City
- Gaudeul, Yves. 2001. In Le Nouvelliste. 17-19 août 2001, 1^{ère} et 5^e pages.
- Gibson, Eleanor J. & Harry Levin. 1976. The Psychology of Reading. MIT Pr.
- Girod-Chantrons, Justin. 1786. Voyage d'un Suisse dans différentes colonies d'Amérique pendant la dernière guerre avec une table d'observations météorologiques faites à Saint-Domingue. Londres, Paris. Chez Poinçot
- Gisler, Antoine. 1989. *L'Eglise et l'esclavage aux Antilles françaises*. In Hurbon
- Gleason, H.A. Jr. 1955. An Introduction to Descriptive Linguistics. Revised Edition. Holt, Rinehart and Winston. 1961.
- Gopnik,, Alison, Andrew N. Meltzoff, Patricia K. Kuhl. 1999. The Scientist in the Crib. *Minds, Brains, and How Children Learn*. William Morrow and Company, Inc. New York
- Gouraiage, Ghislain. 1974. La Diaspora d'Haïti et l'Afrique .Naaman. Ottawa
- Griffiths, Leslie. 1989. *Le protestantisme en Haïti avant le Concordat*. In Hurbon. Pp. 93-110.
- Hall, Robert A. Jr. 1960. Haitian Creole. Kraus Reprint
- Halle, Morris, Joan Bresnan, George A. Miller. 1978. Linguistic Theory and and Psychological Reality. The M.I.T. Press
- Hjelmslev, Louis. 1963. Le langage. Traduit par Michel Olsen. Les Edition de Minuit.
- hooks, bell (=Gloria Watkins). 1993. *bell hooks speaking about Paulo Freire – . The man, his work in Paulo Freire A Critical Encounter*. Edited by Peter McLaren & Peter Leonard. Routledge. London & New York
- Horton, Myles & Paulo Freire. 1990. We Make the Road by Walking Conversations on Education and Social Change. Edited by Brenda Bell, John Gaventa, and John Peters. Temple University Press. Philadelphia
- Hurbon, Laënnec. 1989. Le phénomène religieux dans la Caraïbe . Guadeloupe, Haiti, Guyane, Martinique. L'Harmattan
- Illich, Ivan. 1971. Celebration of Awareness A Call for Institutional Revolution. Anchor Books. Doubleday & Company, Inc.
- Illich, Ivan. 1972. Deschooling Society. Harrow Books. Harper & Row, Publishers,
- Illich, Ivan. 1980. Toward a History of Needs. Bantam Edition
- Janvier, Louis-Joseph. 1885. Les affaires d'Haïti (1883-1884). Marpon et

- Flammarion. Paris.
- Jean-Charles, Georges. 1993. Jacques Stéphen Alexis combattant et romancier d'avant-garde. Thèse de doctorat mai 1984.
- Jones, Kenneth L., Louis W. Shainberg, Curtis O. Byer. 1978. Health Science. Fourth Edition. Harper & Row, Publishers. New York
- Kersuzan, François-Marie. 1922. Catéchisme Créole. Vannes. Imprimerie Lafolye Frères et Cie.
- Kher, Unmesh. 2001. *Blame It on the Written Word*. In Time March 2001
- Kloss, Heinz. 1977. The American Bilingual Tradition. Newbury House P.
- Kozol, Jonathan. 1978. Children of the Revolution A Yankee Teacher in the Cuban Schools. Delacorte Press/New York
- Kozol, Jonathan. 1985. Illiterate America. Anchor Press/Doubleday. New York
- Lafleur, Gérard. 1989. *L'Eglise dans la société du XVIIe siècle aux Antilles françaises du Vent*. In Hurbon
- Lahens, Yanick. 1999. La petite corruption. *Nouvelles*. Les Editions Mémoire
- Latortue, François. 1993. Système éducatif et développement. Le problème de la langue.
- Lofficial, Frantz. 1979. Créole-Français: une fausse querelle? Bilinguisme et Réforme de l'enseignement en Haïti. Collectif Paroles
- Lyons, John. 1970. Linguistique générale. Traduit par F.Dubois-Charlier, David Robinson. Librairie Larousse
- Macedo, Donaldo. 2000. *Introduction*. In Chomsky. 2000a. Chomsky on MisEducation
- Malenfant, colonel. 1814. Des colonies et particulièrement de celle de Saint-Domingue. Audibert. Paris
- Mann, Charles C. 2002. 1491 by Charles C. Mann. In Atlantic. Vol. 289, No 3. March
- Marc, Elie. 1927. Evangile à Notre Seigneur Jésus Christ selon saint Jean. The Judson Press. Philadelphia
- Martinet, André. 1963. Eléments de linguistique générale. Armand Colin
- Martinet, André. 1969. Le français sans fard. P.U.F.
- Martinet, André. 1968. Le langage (sous la direction d'A. Martinet) La Pléiade Gallimard
- Mathelier, Georges. 1976. *Pédagogie et bilinguisme en Haïti*. Revue de la .. Faculté d'Ethnologie d'Haïti. No 28.
- Maurice, Ulrick M. san dat. Eveil
- McConnell, Ormonde H & Eugen Swan Jr. 1945. You Can Learn Creole. Imprimerie du Sauveur. Petit-Goâve
- McLaughlin, Barry. 1978. *Second-Language Acquisition*. In Childhood. Lawrence Erlbaum Associates, Publishers. Hillsdale, NJ
- Mésidor, Jacques. 1989. *L'Eglise catholique et les droits humains*. in Hurbon
- Métellus, Jean. 1997-1998. *What is an intellectual?* Interview. Haïtiens

- aujourd'hui. 1 déc. 1997 – 2 janvier 1998
- Ministère de l'Education Nationale. 1994. Actes du séminaire d'élaboration de la stratégie du Plan National d'éducation
29-30 avril 1994
- Ministère de l'Education Nationale. Août 1995. Les Cahiers du Groupe de Réflexion Stratégique (GRS) Numéro I:
Projet d'Elaboration du Plan National Education 2004
- Ministère de l'Education Nationale. 1996. Le Plan National d'Education et de Formation. Port-au-Prince
- Morose, Joseph P. 1970. Pour une réforme de l'éducation en Haïti. Thèse de doctorat. Université de Fribourg, Suisse. 13/11/1969
- Moulton, William G. 1970. A Linguistic Guide to Language Learning.
2nd Edition. Modern Language Association of America
- O'Grady, William & Michael Dobrovolsky & Mark Aronoff. 1993.
Contemporary Linguistics. An Introduction. St. Martin's Press
- Otero, Carlos-Peregrín. 2003. *Introduction. Chomsky's education-for-Democracy: enlightening mental growth.* In Chomsky on Democracy & Education 1-23
- Pamphile, Léon Denius. 1988. L'éducation en Haïti sous l'occupation américaine 1915- 1934. Imprimerie des Antilles
- Paquin, Lyonel. 1983. The Haitians *Class and Color Politics*. Multi-Type. N.Y.
- Parizo, Jan. 1972. Mak. Edision Bon Nouvèl.
- Perrot, Jean. 1963. La linguistique. P.U.F.
- Piatelli-Palmarini, Massimo. 1979. Théorie du langage Théorie de l'apprentissage. *Le débat entre Jean Piaget et Noam Chomsky organisé par Piatelli-Palmarini.* Editions du Seuil.
- Pietro, Robert J. Di. 1978. *Bilingual Education: A New Challenge to Old Priorities.* In Aspects of Bilingualism. Edited by Michel Paradis. Hornbeam Press, Inc.
- Pinker, Steven. 1995. The Language Instinct. HarperPerennial
- Pollock, Jean-Yves. 1997. Langage et cognition. Introduction au programme Minimaliste. Presses Universitaires de France.
- Pompilus, Pradel. 1973. Contribution à l'étude comparée du créole et du français à partir du créole haïtien. Editions Caraïbes Port-au-Prince
- Pompilus, Pradel. 1985. Le problème linguistique haïtien. Imp. Deschamps
- Prieto Morales, Abel. 1981. *The Literacy Campaign in Cuba.* Harvard Educational Review. Vol. 51, No 1, February 81.
- Rachevskis, Karlis. 1975 Voltaire and the French Academy. Essays number 4 University of North Carolina at Chapel Hill

- Radford, Andrew. 1984. *Transformational Syntax. A Student's Guide to Chomsky's Extended Standard Theory*. Cambridge University Press.
- Raspail, Jean. 1970. *Punch Caraïbe Secouons le cocotier* /2 Robert Laffont
- Raymond, James C. 1982. *Literacy as a human problem*. Edited by Raymond The University of Alabama Press
- Reuter, Edmund, E., Jr. 1994. *The Law of Public Education*. 4th Edition. The Foundation Press. Inc.
- Robert, Paul. 1952. *Missel créole*. Issy-les-Moulineaux, Paris, France
- Ros, Martin. 1994. *Night of Fire. The Black Napoleon and the Battle for Haiti*. Translated by Karin Ford-Treep. Sarpedon. New York
- Roumer, Emile. 1963. *Le Caïman Etoilé*. Edition Panorama. Port-au-Prince
- Sapir, Edward. 1921. 1949. *Language. Introduction to the study of Speech* Harcourt, Brace and Company
- Saussure, Ferdinand de. 1969. *Cours de linguistique générale*. Payot. Paris
- Sekreteri d Eta pou alfabetizasyon. 1995. *Koute pale li ekri 4 chemen konnen*
- Skutnabb-Kangas, Tove. 1993. *Language and (Demands for) Self-Determination*. Ed. Clark et al.
- Smarth, William. 1989. *L'Eglise sous la dictature des Duvalier en Haïti de 1957 à nos jours*. In Hurbon 1989
- Smith, Frank. 1983. *Essays Into Literacy*. Exeter Heinemann Educational Books. London
- Smith, Neil. 1999. *Chomsky Ideas and Ideals*. Cambridge University Press
- Société Biblique Américaine. 1960. *Nouvo Tèstaman Sègné é Sovè nou Jezu-Kri avèk Sòm yo*.
- Spears, Arthur K. 1999. *Race and Ideology*. Edited by Spears. Wayne State University Press. Detroit.
- Thoby-Marcelin, Philippe. 1939. *Créole ou français*. In *Les griots*. No 3. Vol. 3. 1^{ère} année Janvier-février-mars pp. 381-383
- Trouillot, Michel Rolph. 1977. *Ti difé boulé sou istwa Ayiti. Koléksion Lakansièl. Nouyòk, Nouyòk, 5 jiyè*.
- Sen, Amartya. 2002. *To Build a Country, Build a Schoolhouse*. The New York Times. OP-ED Monday, May 27, 02
- UNESCO. 1953. *Monographs on fundamental education VIII. Vernacular Languages in education Report of meeting of experts*
- UNESCO. 1989. *Les Perspectives de la Planification de l'Education en Haïti*
- UNICEF.. 1994. *Les enfants d'abord*. Deschamps. Port-au-Prince
- Uriagereka, Juan. 1998. *Rhyme and Reason. An Introduction to Minimalist Syntax*. The M.I.T. Press.
- Vendryès, Joseph. 1914. *Le langage. Introduction linguistique à l'histoire* Editions Albin Michel

- Viatte, Auguste. 1969. La francophonie. Librairie Larousse.
- Vygotsky, Lev Semenovich. 1962. Thought and Language. Translated
by Eugenia Hanfmann, Gertrude Valtar
The MIT Press
- Walcutt, Charles Child, Joan Lamport, Glenn McCracken. 1974. Teaching
Reading. Macmillan
- Wartbourg, Walther von. 1969. Evolution et structure de la langue française
9^e éd. Ed. A. Francke S.A. Berne.
- Wilkins, D.A. 1972. Linguistics in Language Teaching. The MIT Press
- Willard, von Maltitz, Frances. 1975. Living and Learning in Two Languages.
McGraw-Hill Book Company. NY.NY.
- Youssef, Valerie. 2002. *Issues of Bilingual Education in the Caribbean: The
case of Haiti, and Trinidad and Tobago*. 182-193. In
. International Journal of Bilingual Education and
Bilingualism. Vol. 5, No 3. 2002